# IУАЩХЬЭМАХУЭ

литературно-художественнэ журнал
1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

ноябрь **6** декабрь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Бещтокъуэ Хьэбас, Гъэунэ Борис (жэуапыхь секретарь), Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэх Сэфарбий

НАЛШЫК
2013

# Псалъащхьэхэр


## Къеблагъэ, ИлъэсыщIэ

Ди зэхуэдэ махуэшхуэ. . . . . . 3
КуэдкIэ дыщогугъ. . . . . . 5
**Бэдрэжуз.** Адыгэ хъыбарыжь. . . . . . 12
**Уэрэзей Афлик.** ИлъэсыщIэ хъуэхъу. Усэ. . . . . . 14
**Тхьэгъэзит Зубер.** ЩIымахуэ. Усэ. . . . . . 14
**Ацкъан Руслан.** «Уэс Iувыр щIылъэм щызэгъащ...» Усэ. . . . . . 15
**Бицу Анатолэ.** «Къосыр уэс...» Усэ. . . . . . 16

## ЖьантIэ

*КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу*

**КIыщокъуэ Алим.** Хъыбархэр. . . . . . 17

## Адыгэ узэщIакIуэхэр

*Тамбий Пагуэ къызэралъхурэ илъэси 140-рэ ирокъу*

**Хьэщхъуэжь Рае.** Тамбий Пагуэ. . . . . . 51

*Дым Iэдэм къызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу*

**Iэщнокъуэ Фозэ.** Дым Iэдэм. . . . . . 55

*Цагъуэ Нурий къызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу*

**ХьэкIуащэ Андрей.** Цагъуэ Нурий. . . . . . 61

*Борыкъуей ТIутIэ къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу*

**ХьэкIуащэ Андрей.** Борыкъуей ТIутIэ. . . . . . 65

## Прозэ

**КIэбышэ Лилэ.** КъэнэкIафIэ. Рассказ. . . . . . 67
**Бэлэтокъуэ Светэ.** ЗэныбжьэгъуитI. Къэмыгупсыса хъыбар. . . . . . 91

## Адыгэ хэхэс литературэ

**Хьэтыкъуэ Умар.** Новеллэхэр. . . . . . 95

## Тхыдэ

**Къэрмокъуэ Хьэмид.** ЛIэщIыгъуэхэм я лъэужь. . . . . . 111

## Культурэ

**ХьэкIуащэ Андрей.** Псэм и пшыналъэхэр. . . . . . 117
**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** ЛъэужьыфIэ. . . . . . 121
**НафIэдз Мухьэмэд.** Зи ролхэр гукъинэж. . . . . . 127
**Тембот Санитэ.** Театрыр зи дуней. . . . . . 131
**Къэжэр Хьэмид.** КъызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэу. . . . . . 135

## Анэдэлъхубзэ

**Уэрэзей Афлик.** Ди бзэкIэ дывгъэгупсысэ. . . . . . 145

## IуэрыIуатэ

Нарт Батрэз и хъыбархэм щыщщ. . . . . . 149

## Фэ фыщыгъуазэ?

**Хьэкъун Барэсбий.** Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр. . . . . . 156

**Мыз Ахьмэд.** Псалъэзэблэдз. . . . . . 158

# Ди зэхуэдэ махуэшхуэ

Дунейм лъэпкъыу тетым къадекIуэкI махуэшхуэхэм ящыщщ ИлъэсыщIэр. Сыт хуэдэ ныбжьым уимытми, нэхъыфIым ущызыгъэгугъ, щIэ гуэркIэ узыгъэхъуапсэ, телъыджэ щыIэу уи фIэщ зыщI махуэщ ар.

Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм хабзэ гъэщIэгъуэн куэд къадокIуэкI ИлъэсыщIэм епхауэ. Адыгэхэм ди ИлъэсыщIэр гъатхэращ къыщихьэр, абы пыщIа Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр иджыри къыздэсым догъэлъапIэ, ауэ европей ИлъэсыщIэ къегъэблэгъэкIэри куэд щIауэ хабзэ тхуэхъуащ. Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм ди ИлъэсыщIэ къегъэблэгъэкIэр куэдкIэ зэтохуэ. ЩхъуэкIэплъыкIэу зэщIэбла псей щхъуантIэхэр сабийхэм яхудогъэув, тыгъэ цIыкIуфэкIухэмкIэ дызэхуоупсэ, гуэгуш гъэвар щыпэрыт Iэнэшхуэр къыдощтэ, зыр адрейм хъуэхъуакIуэ дыхуокIуэ. Инджылызхэм я илъэсыщIэ Iэнэми телъын хуейщ гуэгушыл, ауэ ар зэрыпсоууэ ягъажьэ, шыкIуртIымрэ кIэртIофрэ и гъусэу. ИлъэсыщIэр къызэрихьам и нэщэнэу абыхэм жэщым сыхьэт 12-м тхьэгъуш ягъаджэ, гупэбжэр Iуахри, ИлъэсыщIэр къыщIагъэхьэ, шыгъуэгубжэр Iуахри, илъэсыжьыр ирагъэжьэж. Итальянхэм ИлъэсыщIэм къыхуащтэ гуфIэгъуэ Iэнэм Iэмал имыIэу телъын хуейщ гъащIэ кIыхьым, узыншагъэм, бэвыгъэм я нэщэнэу къалъытэ джэшыр, дэр, жызумыр зыхэлъ шхыныгъуэхэр. ИлъэсыщIэ жэщым абыхэм щхьэгъубжэм къыдадз жьы хъуа хьэпшыпхэр. ЩIышылэм и 1-м пщэдджыжьым жьыуэ псыхьэ макIуэ, псынэпс къабзэ унэм щIэтыныр нэщэнэфIу, насып къызыдэкIуэу ялъытэри. Абыхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ илъэсыщIэм япэу зыIущIэ цIыхум. Адыгэхэм а махуэм ди унэ сабий къихьэну, дунейм къытехьагъащIэ цIыкIу къытхахьэну тфIэфIмэ, итальянхэм угъурлыгъэу къалъытэр лIыжь щIыбышэ хуэзэнырщ. Шотландхэм я хабзэмкIэ, ИлъэсыщIэм япэу я унэ къихьэм елъытащ гъэр зэрекIуэкIынур. Аращ къызэралъытэр вьетнамхэми.

Илъэсыжьым мыхъумыщIэрэ нэщхъеягъуэу хэлъахэр «зэрызыкIэрагъэкI» Iэмалыр Эквадорым щыпсэухэм зыхалъагъуэр псы зэрыт стэчанхэр щхьэгъубжэхэм къыдадзурэ якъутэнырщ. Швецием ИлъэсыщIэ жэщым унэ кIуэцIхэми уэрамхэми уэздыгъэхэр нэху щыху щагъэункIыфIыркъым. Колумбием щыпсэухэм я хабзэмкIэ, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм я «лIыхъужь нэхъыщхьэр» Илъэсыжьырщ. Абы, ажэгъафэ щIыкIэу хуэпауэ, баш кIыхьхэм тету къекIухьри уэ-

рамхэм дэтщ, сабийхэм шыпсэ яжриIэу, балигъхэр игъэдыхьэшхыу.

ИлъэсыщIэр къегъэблэгъэным нэхъ Iэуэлъауэ нэхъыбэ дыдэ езыщIэкIыр Панамэм щыпсэухэрщ. Дуней псом хабзэ щыхъуа хьэрэкIытIэ зэмыфэгъухэр гъэлъэтэным и мызакъуэу, ахэр тхьэгъуш-хэм йоуэ, заводышхуэхэм я уэзджынэхэмрэ автомашинэ сигналхэмрэ ягъаджэ, цIыкIухэри инхэри я макъ къызэрихькIэ мэкIий, къапэщIэхуэу хъуам теуIуэурэ Iэуэлъауэшхуэ къызэщIаIэтэ. Венгрхэр ИлъэсыщIэм и япэ дакъикъэхэм кIэфий йопщэ, зытехьэ гъэщIэми, я псэупIэми ап-хуэдэ щIыкIэкIэ бзаджэнаджэхэр зэран къыхуамыгъэхъун, хъерымрэ гуфIэгъуэмрэ кърашэлIэн я гугъэу. Махуэшхуэ Iэнэр щагъэхьэзыркIи зыщагъэгъупщэркъым ИлъэсыщIэм къыхуащтэ ерыскъым нэщыпхъуэ къару иIэнкIэ зэрыхъунур: джэшым IэпкълъэпкъымрЭ псэмрэ епсыхь, мыIэрысэм дахагъэмрэ лъагъуныгъэмрэ зэтреIыгъэ, дэм шынагъуэм ущехъумэ, бжьыныхум узыншагъэр нэхъ быдэ, фом — гъащIэр нэхъ IэфI ящI.

Японием зэрыщыхабзэмкIэ, илъэсыщIэ пщэдджыжьым цIыхухэр жьыуэ я унэхэм къыщIокI, дыгъэ къыкъуэкIым пежьэн, зыр зым гуа-пэу ехъуэхъун щхьэкIэ.



Сыт хуэдэу щымытми, ИлъэсыщIэр гъэлъэпIэныр зи махуэш-хуэри абы нэхъыбэу игъэгуфIэри сабийхэрщ. ЦIыкIухэм я гуфIэгъуэр тIуащIэ зыщIыр абыхэм я фIэщхъуныгъэр фэрыщIагъ хэмылъу зэ-рыкъабзэрщ. Псоми я фIэщ мэхъу Уае Дадэр зэрыщыIэр. Ар илъэсым зэзакъуэщ къызэрыкъуэкIыр, абы щыгъуэми тыгъэ гъэщIэгъуэнхэр иIыгъыу жумарту цIыхухэм къахохьэ. Дэтхэнэ лъэпкъми иIэжщ езым и Уае Дадэ, псалъэм папщIэ, Австралиемрэ Израилымрэ абы зэре-джэр Сильвестерщ, Албанием — Бабадимрищ, Алыджым — Агиос Василисщ. Славян лъэпкъхэм пэгъунэгъухэм я Уае Дадэр Деда Мразщ, урысым я Дед Морозым хуэдэу. Великобританием — Фазер Кристмас, Индием — Дада, Бразилием — Папай Ноель, Италием — Баббо На-тале, Тыркум — Ноэль Баба. Мыхэр зэщхь икIи гъэщIэгъуэн зыщIхэм ящыщщ я цIэм «адэ», «дадэ» мыхьэнэ зиIэ псалъэхэр зэрыхэтыр.

Дызыщыщ лъэпкъым емылъытауэ, цIыхухэм зэхуэдэ нэщэнэ тхуэ-хъуар ИлъэсыщIэр къызэридгъэхьэм хуэдэу екIуэкIыну къызэрыт-лъытэрщ. Аращи, 2014 гъэм дахэу IущIэфын, ар гуфIэгъуэрэ хъеркIэ езыхьэкIын фыхъуну, ехъулIэныгъэрэ хэхъуэрэ фиIэу етIанэгъэ пIалъэ фынэсыну дынывохъуэхъу!

## КуэдкIэ дыщогугъ

*Илъэсыр и кIэм щынэблагъэкIэ, цIыхухэр зоплъэкIыж, къадэхъуакъадэмыхъуахэмкIэ зыкъапщытэж. Адыгэ щэнхабзэм, гъуазджэм, щIэныгъэм зи зэфIэкI хэзылъхьэу лажьэ ди лъэпкъэгъу зыбжанэм захуэдгъэзащ зи ежьэжыгъуэр къэса 2013 гъэм яхузэфIэкIахэмрэ дяпэкIэ я мурадхэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну.*

**Къумахуэ Мухьэдин, КъБР-м цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр:**



2013 гъэм ди министерствэм Iуэху щхьэпэ куэд къехъулIауэ жыпIэ хъунущ. Телевиденэм и деж къыщыщIэддзэнщи, фщIэжу къыщIэкIынщ, ар сыхьэти 2,5-кIэт зэрылажьэр. Нобэ КъБР-м и къэрал телевиденэр сыхьэти 8-кIэ мэлажьэ. ЩIыпIэ телевиденэр а мардэм тету бгъэлэжьэну хуитыныгъэ къыдэпхыным деж щегъэжьауэ, а сыхьэт бжыгъэр купщIафIэу бгъэнщIын зэрыхуейм деж щиухыжу куэдым улъэIэсын, куэд зэпыпщIэн хуейщ. Ар Iуэхушхуэщ икIи гугъуехь куэд къызэзднэкIын хуей хъуами, зэдгъэхъулIэфащ. Республикэм и дэнэ щIыпIи ди ТВ-р ялъэIэсу, псоми ялъагъуу тщIыну дыхуейщи, хуэмурэ абыи дыхуокIуэ. Сыт щIэхуэмыр жыпIэмэ, техникэ и лъэныкъуэкIэ куэд пыщIащ, мыдрейуэ тхылъымпIэ Iэджэ зэгъэпэщауэ, здынэсынум нэгъэсын хуейщ.

ИгъащIэм къэмыхъуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиор сыхьэт 24-кIэ лажьэу дутIыпщащ. ЗэрыфщIэжщи, ди радиор сыхьэт зытIукIэ «Россия» каналым хэувэу арат. Иджы ди журналистхэм ягъэхьэзыр нэтынхэмкIэ эфирыр дгъэнщIыну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыбзищымкIи псалъэ радиор жэщми махуэми дгъэлэжьэну дыхуитщ. Ар республикэм дежкIэ ехъулIэныгъэшхуэщ. Зи фIыщIэр хэт жыпIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсенщ. Радиом и Iуэхум щыгъуазэ щыхуэтщIым: «Ар диIэн хуейщ!» — жиIэри къыддиIыгъащ икIи нобэ дызыхуэкIуам дынэсыху къыддэIэпыкъуащ. ЩIыпIэ телевиденэм зегъэужьын зэрыхуейм и гугъу щыхуэтщIым, ари къыддиIыгъауэ Iуэхур догъэкIуатэ.

МыдэкIэ зи гугъу сщIынур ди газетхэращи, сэ жызмыIэми, цIыхухэм гу лъатауэ къыщIэкIынщ абыхэм я теплъэм фIыкIэ зэрызихъуэжам, плъыфэбзу къыдэкI зэрыхъуам. УмыцIыху цIыхум и шыфэлIыфэр кърипщIэну япэу нэм къыIуидзэр и зыхуэпэкIэрщ. Абы изогъэщхь газетри. Итыр къэпщIэну ухуеин щхьэкIэ, и теплъэм зэ IуплъэгъуэкIэ удихьэхыу щытыпхъэщ. Иджырей Iуэху щIэкIэу, IэмалыщIэу газет къыдэгъэкIыным къыхыхьэхэр къызэрыдгъэсэбэпыным дыхущIокъу.

# Къеблагъэ, ИлъэсыщIэ!

КъэралыбзищымкIэ тхьэмахуэм тхуэ къыдэкI газетхэм къищынэмыщIауэ, «Горянка», «Советская молодежь» газетхэри ящыщщ ди министерствэм и нэIэ щIэту зызыужьхэм. Абыхэм я теплъэкIэ зэрызахъуэжрэ куэд щIащ, тхыгъэ купщIафIэхэри къытохуэ.

Газетхэм я IуэхукIэ узыфIэмыкIыжыну псори нэгъэсащ жытIэркъым, жытIэнкIи Iэмал иIэкъым, егъэфIэкIуэни узэлэжьыни сыт щыгъуи бгъуэтынущ. Псалъэм папщIэ, критикэ, аналитикэ жыхуэтIэхэм теухуа тхыгъэ нэхъыбэ ди газет напэкIуэцIхэм къытехуамэ нэхъыфIт.

Журналхэм я гугъу пщIымэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкI журналищми зэкIэ я Iуэху Iейкъым. Я теплъэр плъыфэбэщ, къыдэкIыкIэр иджырей IэмалхэмкIэ гъэпсащ, тхылъымпIэ зытрадзэм и фIагъыр зыхыбощIэ журналхэр къыщыпщтэкIэ. Къытехуэ тхыгъэхэри нэхъ купщIафIэ икIи еджэгъуафIэ хъу зэпытщ.

Сабийхэм щхьэкIэ къыдэкI журнал цIыкIуищым — «Нур», «Нюр», «Солнышко» жыхуиIэхэм — дахэу зэрыгъэщIэрэщIам нэмыщI, сабийхэр дэзыхьэх, цIыкIухэр гъэсэныр зи пщэрылъ балигъхэми куэдкIэ къахуэсэбэпын тхыгъэ хьэлэмэтхэр къытохуэ. Апхуэдэу щымытынкIи Iэмал иIэкъым, сыту жыпIэмэ, ахэр щIыщыIэр ди сабийхэращ, а ныбжьым итыр еджэным думыгъэхьэхмэ, балигъ хъумэ, къыпхуешэлIэжынукъым.

Министерствэм и лэжьыгъэр, зэрыфщIэщи, хъыбарегъащIэ IэнатIэм пыщIа IуэхухэмкIэ зэфIэкIыркъым. Дэ ди нэIэ щIэтщ жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Iуэху зегъэкIуэнри. Мыбдежи егъэлеяуэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI. Куэд щIакъым къэрал мылъкум къыхэкI ахъшэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэу 50-м щIигъум зэреттрэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, а ахъшэр етту дымытIысыжу, ар зытрагъэкIуадэмрэ зэрахуэ Iуэхур зыхуэдэмрэ дызэрыкIэлъыплъыр, езыхэми яфIэфIу я зэхыхьэхэм дызэрырагъэблагъэр. Псалъэм папщIэ, и гугъу фхуэсщIыну сыхуейт ЩIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIыу иджыблагъэ дыздэщыIа зэIущIэм. Класс нэхъыжьхэм щеджэ школакIуэхэр зэхуашэсри епсэлъащ хьэрычэтыщIэ Iуэху зэрызэтраухуэнум, а Iуэхум зэрызрагъэужьынум теухуауэ. Уи фIэщ хъункъым а сабийхэм сыщедаIуэм сэ гугъэхъуэу згъуэтар. Мопхуэдэ щIыпIэхэм жыгыщIэхэр щыхэтсэнущ, тутын ефэхэм ар зэрыхыфIедгъэдзэным мыпхуэдэ IэмалхэмкIэ дыхущIэкъунущ, жьы хъуахэм закъуэныгъэр зыхамыщIэу псэун щхьэкIэ дадэлэжьэнущ, жаIэрт а цIыкIухэм. Илъэс 14-16-м ит ди ныбжьыщIэхэм ахэр щыжаIэкIэ, пщэдей абыхэм я дунейр дахэ зэрыхъунум, езыхэм зыхащIэ дахагъэмкIэ адрейхэми зэрадэгуэшэнум сэ шэч къытесхьэркъым.

Дин зэгухьэныгъэхэм дазэрыдэлажьэм и гугъу пщIымэ, дэ абыхэм я Iуэхум кууэ дыхэIэбэркъым, къэралыр хэмыту зэфIэмыкIын гуэр къалъыкъуэкIмэ, тхузэфIэкIымкIэ дадоIэпыкъу.

# Къеблагъэ, ИлъэсыщIэ!

Узытепсэлъыхьыни узэрыгушхуэни ди мащIэкъым, нэхъыбэж ди плъапIэщ. Ди щIэджыкIакIуэхэми, телевизореплъхэми, радиом едаIуэхэми, ди республикэм щыпсэу дэтхэнэми ИлъэсыщIэу дызытехьэм узыншагъэ быдэ яIэну сохъуэхъу. Узыншагъэ диIэмэ, ди акъыли ди щIэныгъи етхьэлIэмэ, сыт хуэдэ Iуэхуми дыпэлъэщынщ, Къэбэрдей-БалъкъэркIэ зэджэ щIыналъэ дахэ зэрыщыIэри, абы и цIыхухэр зэрыгуащIафIэри, зэрынасыпыфIэри, IуэхуфI куэд къазэрыдэхъури дуней псом къедгъэщIэфынщ.

**Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ:**



ЦIыхур дыкъигъэщIу зы щIы хъурей дыкъыщIытригъэхьар насыпыфIэу дыпсэуну арщ. Ауэ ар къыщыдгурымыIуэж куэдрэ къохъу.

Сэ си щхьэм сытепсэлъыхьмэ, гъащIэшхуэ къызэпысчащ. Илъэс 85-м сыхэбэкъуащ. Зы анэрэ зы адэрэ дыкъалъхуауэ зэкъуэщищрэ зэшыпхъуищрэ дохъури, зыри тхэмыщIауэ, ди нэхъыщIэр илъэс 72-м иту допсэу. Сэ жысIэфынукъым псори дыузыншэ защIэу, ауэ жыгъэм къытхудэкIуа узыфэхэр дымытхьэусыхэу дошэч.

Си гъащIэм гуапэ куэди, гуауи хэлъащ. Зи сабиигъуэр, щIалэгъуэр зауэм ипэ дыдэм хиубыдахэм сащыщщ. Тхьэм апхуэдэу иухри, сэ зауэр щыщIидза махуэм лэжьыгъэ IэнатIэ сыпэрыуващ.

Дызыхэт мэкъуауэ бригадэм сригъуэмылэзехьэт. Нобэ хуэдэу си нэгу щIэтщ гъуэмылэр здэсхьа мэкъуауэ пщыIэм сытесу къуажэ парткомыр шэджагъуэм нытхыхьэу: «Зауэ къэхъеящ» къызэрыджиIар. Шэджагъуашхэ ящIри тIэкIурэ загъэпсэхуауэ Iэнащтэ текIыж хъыджэбзхэм яхэтт зи дэлъху, фIыуэ илъагъу щIалэ дзэ къулыкъум щыIэхэр. Я нэпс уэрыр щIалъэщIыкIщ, я бгыр щIакъуззэжри, ахэр я IэнатIэм пэрыувэжащ. КъыпхуэмыIуэтэнщ зауэм насыпыншагъэу къытхудэкIуар. Сэ фIыуэ слъагъу си егъэджакIуэхэри яхэту Зеикъуэм щыщ цIыху куэд зауэм яшэри къагъэзэжакъым. Сэ сахэтащ пэцанкIэ зэджэу жэмкIэ ва нэхъыщIэ дыдэхэм, колхоз гъавэ щIапIэхэр белкIэ къэзытIахэм. Ауэ ди цIыхухэр зэкъуэтт, гуауэр зэдагъэвырти, фIым пэплъэхэрт. ТекIуэныгъэри я нэгу щIэкIащ. Сэ си тхылъхэм абыхэм сащытепсэлъыхьащ. Сыт хуэдэ гугъуехь си нэгу щIэмыкIами, сэ къызэпысча гъащIэмкIэ сыарэзыщ. Уеблэмэ срогушхуэ илъэс 85-м ситу мы гъэм «Лъабжьэжьым и щIэж» тхылъыр къыдэзгъэкIын зэрысхузэфIэкIам.

Сэ къэзгъэщIа гъащIэм къриубыдэу дунейм зэхъуэкIыныгъэ Iэджэ къыщыхъуащ. Компьютерым фIы куэд къыдэкIуащ, ауэ цIыхухэр

тхылъым нэхъ къыбгъэдишащ. Сыти жыIи, цIыхум щIэныгъэ нэхъ куу бгъэдэзылъхьэфыр тхылъырщ. Тхылъ куэд зи Iэдакъэм къыщIэкIа тхакIуэщ мы дызэрыхьэ 2014 гъэм зи ныбжьыр илъэси 100 ирикъу КIыщокъуэ Алим. Жыжьэ плъэфу щыта а тхакIуэ гъуэзэджэм ди адыгэ литературэр, Кавказми Урысейми къыщымынэу, дуней псом къаригъэцIыхуащ. Шэч хэлъкъым КIыщокъуэм къилэжьа пщIэр къылъысыжу а махуэшхуэр зэрагъэлъэпIэнум.

Дызыхыхьэ илъэсым къытпэщыт Iуэхугъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ Сочи къыщызэIуахыну Дунейпсо олимпиадэр. Ди къэралым абы гулъытэ ин хуищIу зыхуигъэхьэзыращ икIи шэч хэлъкъым ар фIым и фIыжу зэрекIуэкIынум. ИлъэсыщIэм куэдкIэ дыщогугъ. Сэ сохъуэхъу ди хэкум ис псоми я мурадхэр къехъулIэну. Ирехъу дэтхэнэ зы цIыхури насыпыфIэ, узыншэ, гъащIэ кIыхь. Ирехъу дэтхэнэ зы унагъуэри быныфIэ, псэукIафIэ, ерыскъыфIэ. Кърырепс ди дыгъэр нэхъри нурыбэу. ЦIыху цIыкIу, уэращ нэхъ лъапIэ дыдэу дунейм тетри, фIыуэ щыIэ псори Тхьэшхуэм къуигъэхъулIэ!

**Къаныкъуэ Заринэ, усакIуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ:**



Мурад Iэджэ сиIами, сигу илъам и нэхъыбапIэр къызэмыхъулIауэ илъэсыр иухащ.

Лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, редактор нэхъыщхьэу сыздэщыIэ газетыр мы едгъэжьэж 2013 гъэм илъэс 20 ирикъуащ. А зэманым къриубыдэу Iуэхугъуэ Iэджэм я щхьэфэ диIэбащ, газетеджэхэм яфIэхьэлэмэтын тхыгъэ куэди къытеддзащ. ЕхъулIэныгъэ гуэрхэр диIэщ жытIэу ди Iэр зэтеддзэу дытIысыж хъунукъым. Зы пIэм уитыныр газетри, журналри, сайтри хэзыгъэкIуэдэжщ. Аращи, Iуэхум щIэ гуэрхэр хэлъхьэн хуейщ. «Горянка»-м и щIэджыкIакIуэхэр тфIэкIуэд хъунукъым.

Литературэ лэжьыгъэм, творчествэм ущIэупщIэмэ… Гъатхэ блэкIам зы усэ пшыхь етщIэкIат си «Адыгэ хьэблэ» тхылъыщIэм. Ар «Гъэм и теплъэгъуэхэр» фIэщыгъэр иIэу едгъэкIуэкI хабзэ усэ пшыхьхэм хедгъэубыдат. ТхылъымкIэ сыарэзыщ, ар зэфIэкIа Iуэхущ, ауэ абы ит усэхэр зэрытхам ещхьу дяпэкIи усэ стхымэ, ар си щхьэ къэзгъэпцIэжу ащ. Сэ а усэхэм сарещхьыжкъым икIи ар нэгъэсауэ зыщIэ зыри щыIэкъым, сэрэ Тхьэмрэ фIэкI…

Си пьесэхэращи, мызэкIэ зыри хуэмейуэ щылъщ… Илъэсым щIигъукIэ си зы пьесэ Адыгэ театрым щелэжьащ, режиссёрми артистхэми я зэман, я къару трагъэкIуэдэу, ауэ спектаклу ягъэлъэгъуакъым. Сэ зэрысщIэмкIэ, спектаклым папщIэ ахъшэ къаутIыпщакъым. Лэ-

жьыгъэр и кӀэм щӀынамыгъэсам театр унафэщӀхэмрэ сэрэ дытепсэлъыхьакъым. Къызэджэмэ сыкӀуэнщ жысӀэри, сигурэ си щхьэрэ зэтелъу сыщысащ, нэхъыфӀым сыщыгугъыу. ФӀыкӀэ сыгугъэуи ИлъэсыщӀэм сыпожьэ. Нэхъыщхьэращи, дыузыншэщ, Тхьэм къытхузэпищэмэ, ди мурадхэр зэдгъэхъулӀэнщ.

**ХьэцӀыкӀу Ӏаисэ, Адыгэбзэ Хасэм и хасащхьэм хэт, адыгэбзэр егъэджынымкӀэ методист икӀи егъэджакӀуэ:**



Илъэс кӀуам адыгэ гъащӀэм зы фӀы гуэрхэр къыщыхъуамэ, абыхэм ящыщщ ХьэтӀохъущокъуэ Къазий и цӀэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэ зэрызэхыхьар. БжыгъэкӀэ мащӀэми, гуащӀэкӀэ узэда ди лъэпкъыр кӀуэдыжынухэм зэрыхабжар зы адыги игу техуэнкӀэ Ӏэмал иӀэкъым, ауэ «дыщыӀэн хуейщ» жыпӀэу узэхэскӀи, щытыкӀэм зихъуэжынукъым. Къэунэхуа Адыгэбзэ Хасэм къалэну зыхуигъэувыжыр ди бзэр ди щӀэблэм яӀурылъынымкӀэ лэжьыгъэ пыухыкӀа егъэкӀуэкӀынырщи, курыт еджапӀэхэм дазэрыдэлэжьэн проект хьэлэмэтхэр дгъэхьэзырауэ КъБӀ-м ЕгъэджэныгъэмрэщӀэныгъэмкӀэ и министерствэм щӀэлъщ, къыддаӀыгъыну дыщыгугъыу. УнафэщӀхэми мызэу дахуэзащ, дытепсэлъыхьащ, Ӏуэхур ежьэным дыпоплъэ. Абы хэтщ гъэ еджэгъуэщӀэ къэс япэ Ӏыхьэ плӀанэм хиубыдэу ӀуэрыӀуатэ фестиваль екӀуэкӀыну. Абы къыкӀэлъыкӀуэнущ адыгэ ныбжьыщӀэхэм я театр зэхэшэныр, «Псом ящхьэжу зыгуэр щыӀэмэ, ар лъэпкъыбзэрщ, фыхуэсакъ» темэмкӀэ еджакӀуэхэри егъэджакӀуэхэри эссе тхынкӀэ зэпедгъэуэнущ. Адыгэбзэм и махуэм ирихьэлӀэу къызэдгъэпэщынущ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкӀуэкӀхэм я зэхыхьэ. Апхуэдэ дыдэ зэхыхьэ екӀуэкӀынущ майм и 21-м ирихьэлӀэу. Абыхэм щытекӀуэ еджакӀуэхэри егъэджакӀуэхэри дгъэлъэпӀэнущ.

Ди мурадщ зэхуэсхэм Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Мэздэгу адыгэхэм я сабийхэмрэ егъэджакӀуэхэмрэ къыхэтшэну, «адыгэ» цӀэр зезыхьэхэр зэхуэзэн, зэрыщӀэн хуейуэ къыдолъытэри.

Адыгэбзэ Хасэр къызэрыунэхурэ илъэси ирикъуакъым, ауэ лэжьыгъэ гуэрхэри зэфӀэха хъуащ. Дэ дыхэтащ адыгэбзэм зегъэужьыным, гъэлэжьэным и Ӏэмалхэм щытепсэлъыхьу Тыркум щекӀуэкӀа ДунейпсощӀэнӀуатэм. Абы кърихьэлӀат адыгэу дэнэкӀэ щыӀэми я лӀыкӀуэхэр. Дэри ди Ӏуэху еплъыкӀэр утыку къитхьащ.

ЕгъэджакӀуэхэм я махуэм ирихьэлӀэу пшыхькӀэ дгъэлъэпӀащ адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ езыгъэджхэр. Адыгэбзэр зи гупсэхэм ЕгъэджэныгъэмрэщӀэныгъэмкӀэ министерствэми Адыгэбзэ Хасэми къабгъэдэкӀ ФӀыщӀэ тхылъхэр еттащ. Апхуэдэуи абыхэм я пащхьэм концерт щатащ ди уэрэджыӀакӀуэ нэхъыфӀхэм. Къыхэзгъэщынут адыгэбзэмкӀэ егъэджакӀуэхэм я щӀыхькӀэ мыпхуэдэ гуфӀэгъуэ пшыхьхэр илъэс къэси къызэдгъэпэщыну зэрыдимурадыр.

# Къеблагъэ, ИлъэсыщIэ!

Дызэрыщыгъуазэщи, дызыхыхьэ 2014 гъэр щэнхабзэм и илъэсу Урысейм щагъэуващ. Адыгэбзэ Хасэм къыхилъхьат а илъэсыр Къэбэрдей-Балъкъэрым ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэкIэ щекIуэкIыну. Ар Правительствэм къыддиIыгъащ. Абы ипкъ иткIэ иджыпсту щегъэжьауэ лэжьыгъэ пыухыкIа йокIуэкI. Къазий и цIэр фIащынущ Налшык, Бахъсэн къалэхэм дэт еджапIэ зырызым, жылагъуэ зыбжанэм я уэрам нэхъ инхэм. ЕджапIэхэм ХьэтIохъущокъуэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуа зэIущIэхэр щекIуэкIынущ. Мы зэманым ирихьэлIэу зэфIэдгъэкIахэм ящыщщ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и Iэдакъэщ|ЭкIхэр зэхуэхьэсыжа зэрыхъуар, зыри зыщымыгъуазэ и сурэт къызэрыдгъуэтыжар.

Куэд щIакъым композитор ХьэIупэ ДжэбрэIил и усэ пшыхь зэредгъэкIуэкIрэ. ЦIыху куэд зэхуэзышэса а пшыхьым щыIуащ адыгэбзэ курыхкIэ тха усэ купщIафIэхэр. Куэдым ХьэIупэр зэрацIыхур и макъамэхэмрэ уэрэдхэмкIэти, ар икIи зэрыусакIуэр къызэхуэсахэм хьэлэмэт ящыхъуащ. КъыщIызгъужынщи, Усыгъэм и пшыхь егъэкIуэкIыныр хабзэу диIэнухэм ящыщщ.

Адыгэбзэ Хасэм сайтитI къызэрегъэпэщ. Зыр хъыбарылъэу, адрейр псалъалъэу щытынущ. Дыщогугъ ар адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэми ди бзэр джыным дихьэххэми къахуэщхьэпэну.

Ди хасащхьэм жыджэру хэтщ Табыщ Мурат, Гъут Ердогъэн, Бозий Астемыр, ХьэкIуащэ Мадинэ, Къып Гупсэ, Аброкъуэ Бэлэ, Ширдий Маринэ, ХьэцIыкIу Рае, Багъ Марьям, Хъуэжэ Жан, Зеущэ Алёнэ сымэ. Ди гуапэ зэрыхъущи, ди деж къекIуалIэхэм къахэхъуэ зэпытщ. Псом хуэмыдэу дыщогуфIыкI хэкупсэ щIалэгъуалэ зэрыдикуэдым. Абыхэм зи нэ къыщхьэрипхъуа яхэткъым, «ди бзэр тхъумэжащэрэт», «дефIэкIуащэрэт» жаIэ мыхъумэ.

Сыт хуэдэ лэжьыгъэ къетхьэжьэми, нэхъыбэу зыхуэгъэзари дызыщыгугъри егъэджакIуэхэрщ. ЩIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ теухуауэ абыхэм я пщэ къалэнышхуэ къыдохуэ. Лъэпкъым ехьэлIауэ ди гум илъыр фIыщи, Тхьэм къыдигъэхъулIэ.



**Иуаз Зубер, шыкIэпшынауэ, адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэр щIынымкIэ IэщIагъэлI:**



ЗэплъэкIыж жыжьаплъэщ, жиIатэкъэ пасэрейм. Сэ сызэплъэкIыжурэ, ипэкIэ лъэбакъуэ соч. Апхуэмыдэмэ, зи яужь уихьа Iуэхур нэсу зэбгъэхъулIэфынукъым. ШыкIэпшынэ, Iэпэпшынэ, пшынэ дыкъуакъуэ, къамыл — ахэр сурэту щыслъагъукIэ, ди адэжьхэр зэдаIуэу, къызыдэфэу щыта макъамэ къабзэхэр зэхэсхыу къысфIощI.

Шэч хэмылъу, иджырей адыгэхэм ди тхьэкIумэр тIэкIу щыужащ а пасэрей макъхэм, дэ нэхъыбэу зэхэтхыр европей макъ гъэIукIэрщ. Ауэ лъэпкъым и

лъыщхьэр къоджэ икIи абы и джэ макъыр зэхэзых адыгэ щIалэгъуалэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Абы и зы щапхъэ: илъэсипщI ипэкIэ зы щIалэт шыкIэпшынэм зыхуигъэсэну хуейуэ си деж къакIуэу щытар. Ар иджы псоми фIыуэ яцIыху, шыкIэпшынауэ Iэзэ Хьэгъур Залымщ. Мы зэманым апхуэдэхэм — лъэпкъ Iэмэпсымэхэм зыхуегъэзыгъэсэну хуей ныбжьыщIэхэм — я бжыгъэм къыхэхъуэ зэпытщ. Псоми къегъэзэж, адыгэр дыкIуэдыпэну Тхьэм иухауэ къыщIэкIынкъыми, лъэпкъым и къудамэхэр щIэрыщIэу къыдожыж.

Мы гъэм къыдэхэъулIахэм ящыщщ Лъэпкъ музейм щахъума сурэтхэм щытлъагъу шыкIэпшынэхэм хуэдэ зэрытщIар. Я теплъэкIэ къамэми пасэрей адыгэ сыныжьхэми изогъэщхь ахэр. Сурэтыжьхэмрэ тхыгъэхэм къазэрыхэщыжымрэ ди тегъэщIапIэу пасэрей Iэпэпшынэри зэфIэдгъэувэжащ си гъэсэнхэмрэ сэрэ, иджыпсту пшынэ дыкъуакъуэм долэжь. Ари макъамэ Iэмэпсымэ гъуэзэджэщ, ауэ и зэфIэгъэувэжыным хуабжьу гугъу сыдехьащ.

Мазэ зыбжанэ хъууэ аращ ди университетым щеджэ зы щIалэщIэ шыкIэпшынэ щIыкIэ зригъэщIэну си деж къызэрыкIуэрэ. ДыщэкIхэ Iэдэм — КъБКъУ-м прикладной искусствэмкIэ и къудамэм и ещанэ курсым щIэсщ, шыкIэпшынэ щIынми хуэIэкIуэлъакIуэу къыщIэкIащ, пыплъхьэн щымыIэу нэгъэсауэ шыкIэпшынэ екIу ищIащ пIалъэ кIэщIым къриубыдэу.

КъызэрыщIэкIымкIэ, пщы-уэркъхэм япхъухэри шыкIэпшынэ еуэу щытащ. Ауэ абыхэм я Iэмэпсымэр и теплъэкIэ мыдрейхэм къащхьэщыкIырт. Ар цIыхубз Iэмэпсымэти, пхъэм и щIыIум дыщэ-дыжьын халъхьэурэ ягъэщIэращIэрт. Ауэ IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжымкIэ, шыкIэпшынэм игъэIу макъым нэхърэ и теплъэр нэхъ дахэу щыт хъунутэкъыми, тхыпхъэщIыпхъэу халъхьэр мащIэ дыдэт. Иджы а Iэмэпсымэр къэдгъэщIэрэщIэжыну ди гугъэу аращ Iэдэмрэ сэрэ, щIалэр дыщэкI IэщIагъэми зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр къэдгъэсэбэпу.

Си деж къекIуалIэ ныбжьыщIэхэр адыгэ уэрэдыжьхэр жыIэнми дехьэх.

Зи гугъу сщIыхэр зэзгъэхъулIэфынтэкъым, лъэщапIэри (мастерской) къысхузэIухынтэкъым, Хъурейхэ Феликсрэ ФатIимэрэ мыхъуатэмэ. Ахэр  пшыналъэхэр, лъэпкъ уэрэдыжьхэр зи псэм хэлъ цIыху телъыджэхэщ.

Феликс, зы пэш фIэкIа сыхуэмейуэ жесIа пэт, зы къат псо къысхуигъуэтащ, иджырей пхъащIэ Iэмэпсымэу дызыхуеинухэри махуищ пIалъэм къытхуригъэшащ.

Абыхэм я фIыщIэкIэ ди лэжьыгъэр нэхъ зэтеубла хъуащ. Ди Iуэхухэр нэхъри зэредгъэфIэкIуэнум шэч хэлъкъым. Ауэ сэ Iуэху зэфIэмыкIам и гугъу сщIыну си жагъуэщи, зэкIэ ди мурадхэм щхьэтечауэ сытепсэлъыхьынкъым.

# Бэдрэжуз

*Адыгэ хъыбарыжь*

Аддэ пасэм щыгъуэ, цIыхухэр фIыуэ щызэрылъагъум, хьэрэмыгъэ яку имылъу, зыр адрейм емыфыгъуэжрэ лажьэрэ шхэжу щыщыта лъэхъэнэм, зы къуажэ гуэрым дэсащ, жи, БэдэкIэ еджэу зы щIалэ ахъырзэман. Ар жылэр зэрагъэлъагъуэ, жылэр зэхъуапсэ щIалэт, ауэ хуэкъулейсызт.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, Бэдэм и къэшэгъуэ хъуащ. Къуажэм хъыджэбз дахэу дэсыр щIалэм къехъуапсэрт. Ар жылэм зэлъащIысащ. Пщым и дежи щынэсым, пщыр дыхьэшхащ, жаIэ:

— Хэт мыгъуэ а факъырэм къыдэкIуэнур?!

А псалъэмакъыр Бэдэм лъагъэIэсыжащ. ЩылъагъэIэсыжым, Бэдэм жылэр зэхэту тхьэ иIуащ, жи: «Сэ сыпсэууэ мы дунеишхуэм сытетынкъым а пщым зезмыгъэщIыхужауэ», — жиIэри. А псалъэхэр пщым деж щынэсыжым, мор аргуэру дыхьэшхащ, жи: «Сыт мыгъуэ а факъырэм сэ къызищIэфынур?» — жиIэри.



А псалъэхэри жылэм дэз хъуащ икIи цIыхухэм щхьэж езым къызэрыфIэщIым хуэдэу яIуатэу щIадзащ. Зым жиIэрт:

— Уэлэхьир Алыхьым и цIэщ, Бэдэ жиIамэ, ищIэнукIэ!

Адрейхэми жаIэрт:

— Си щхьэуз ищIэнщ абы, мы ди пщышхуэм пэувыфар хэт?

Ауэрэ зэманыр екIуэкIыурэ, зы гъэмахуэ гуэрым Бэдэ еувалIэри, и мыхабзэххэу, мэкъу куэд пиупщIащ. ПиупщIри, еплъыр ехъуапсэу Iэтэу зэтрилъхьэжащ.

ЦIыхухэм ягъэщIагъуэрт: «Ярэби, мы Бэдэ зы лъэпхъуамбыщIэ нэхъ мыхъуми иIэкъым, сыту пIэрэ мы мэкъу къомыр зэрищIынур?!»

Ауэрэ щIымахуэр къэсащ. Зэманри макIуэ. ЩIымахуэми, икIыжыну и пщIыхьэпIэ къыхэмыхуэххэ хуэдэ, кIыхьлIыхь зищIащ. ЦIыху цIыкIум я мэкъумылэр къаIэщIэухащи, гузэвэгъуэр ятелъщ. А гузэвэгъуэр къуажэпщми къылъэIэсащ. КъыщылъэIэсым, Бэдэр къриджэри еупщIащ:

— Уэ, щIалэ, мэкъу уи куэду жаIэри, пэж?

— Пэжщ…

— Къызэщэ, си Iэщыр зэтолIэ.

— СщIэркъым, мурад гуэр хузиIэщ.

ТIэкIу дэкIри, аргуэру къриджащ:

— Къызумыщэнумэ, IэщкIэ къызэхъуэж…

— Хьэуэ, мурад гуэр хузиIэщ.

Псалъэмакъыр аргуэру абдеж щаухащ. Пщыр къэгубжьащ:

— Мы щIалэм и мурадыр къафщIэ, — унафэ яхуищIащ абы и блыгущIэтхэм. БлыгущIэтхэр кIуащ Бэдэ деж. КIуэри еупщIащ:

— Сыт мы уи мэкъум хуимурадыр?

— Си ныбжь нэсащ, унагъуэ зэзгъэпэщын хуейщ, уасэу стынущ, — жиIащ Бэдэ. Ар пщым жраIэжащ, щыжраIэжым нэхъри къэгубжьащ, ауэ щIыIэ-щIыIэу и гум зыгуэрхэр къэкIащ. КъэкIри щIэщтэжащ. «Ялыхь, мы си гум къэкIар мы щIалэм мурад къысхуищIауэ къыщIумыгъэкI», — тхьэ елъэIуащ пщыр. Аргуэру и блыгущIэтхэр Бэдэ деж иутIыпщащ:

— КъафщIэ мыбы нэ зыхурищар, уасэ хуэттынци къыхуэтшэнщ.

Пщым и мурадыр Бэдэ деж нагъэсыжащ.

— Дэгъуэщ, — къэгуфIащ Бэдэ, — сэ къэсшэнур пщым ипхъу Жузщ, езыри къыздэкIуэну хьэзырыпсщ.

БлыгущIэтхэр къэкIуэжу Бэдэм и жэуапыр щыжраIэжым, къэмэхащ, жаIэ, зи щIыхь иныр. Жэщ псом жеякъым, хэлъащ гурыгъузым ихьу. Куэд щызэригъэзэхуащ абы и щхьэм, ауэ хэкIыпIэ лъэпкъ къыхуэгъуэтакъым. ЩIыIэр къыщIикъузэ мыхъумэ, зи къиутIыпщыртэкъым. Пщым и былымыр фIызэтелIапэ щыхъум, унафэ ищIащ и хъыджэбз тхьэIухуд Жузыр Бэдэ иритыну. ХьэгъуэлIыгъуэр жэщибл-махуиблкIэ зэхэтащ, жаIэ, абы къримыхьэлIауи жылэ псом псэ зыIут къыдэнакъым.

Абы иужькIэ, щIымахуэм и уэлиигъуэр къэсамэ, Бэдрэ Жузрэ я зэманыр къиихьащ жаIэрт. Нэхъ иужьыIуэкIэ, а псори ящыгъупщэжри, щIымахуэм и ткIиигъуэм БэдрэжузкIэ еджэу щIадзащ, жаIэ, адыгэхэм.

УЭРЭЗЕЙ Афлик

## ИЛЪЭСЫЩIЭ ХЪУЭХЪУ

**Аргуэру зы илъэс ноблагъэ и кIэм,**
**Аргуэру къытхуоблагъэ зы илъэс.**
**Илъэсхэр зэхуэгуапэу щызэблэкIым**
**И деж гуфIэгъуэ тIуащIэр хэти лъос.**

**ГуфIэгъуэр ялъоIэсыр цIыкIуи ини,**
**ГуфIэгъуэр щIы хъурейм щызэдаIэт.**
**ГуфIэжу кIэрэхъуэну илъэс минрэ**
**Мин куэдкIэ, щIым хъуэхъубжьэр хуэдвгъэIэт.**

**Дыхьэшхыу къыхреплъ сабийр и гущэм,**
**КъыпыгуфIыкIыу нанэ дрырес**
**Жьэгу мафIэм нуру къигъэнэху жьэгу пащхьэм,**
**Къырырепщэ жьыбгъэр, уэсри къырырес.**

**ПсэкIэ щыбауэу тетыр дунеишхуэм,**
**Фэладжэ хъуауэ, щIыIэм иремыс.**
**Дыгъэ пIыщIар, пыкIами и фэр шэхуу,**
**И гъуэгу темыкIыу махуэ къэс къырырепс.**

**Зэнзэныпс къабзэу къыщIреж псынэпсыр, —**
**Мыл джанэр псынэм хэт щитIэгъэфын?!**
**Уэс джэдыгу хуабэм щIэжеикI жыг къуэпсыр**
**Ирехъу псэ быдэу гъатхэм техьэфын.**

**И IитI къилэжьым цIыхур щыгугъыжу,**
**И гугъэр дахэу, дахэу ирепсэу.**
**Iей зи гум илъым и гурыгъ ижыныр**
**Хабзэ гъэжа щрехъу мы дуней псом!**

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

## ЩIЫМАХУЭ

**Дыгъуасэ щхьэгум къита уэсым**
**СрокIуэ нобэ и гущIыIум.**

**Ауэ ар бзаджэщ:**
**Пытыху и псэр,**
**Уригъэсыну хэтщ и щIыIэм.**

**Иплъэт ди хадэм –**
**Жыг хэтсахэр**
**ЗэфIэдыкъауэ къэнащ щыму.**
**Ди уэрам пкъохэм пыщIа кIапсэр**
**Игъэдияуэ мэгурымыр.**

**КIэ хьэлыгъуанэу Мыщэ цIыкIуи**
**КъыщIэкIыжыфкъым и хьэщ тIэкIум.**
**Сэр дыдэм си гур иубыдауэ,**
**СлъэмыкIыу дзитIыр сфIызэтоуэ.**

**ЛъокI уаем куэди –**
**ЗещIыр щIагъуэ:**
**Ди псыжьхэм я жьэр мылкIэ Iуещ Iэ.**
**... ИхъуреягъкIи сэ щыслъагъукъым**
**Си гугъэм фIэкI хуэмыгъэпIыщIэ.**

АЦКЪАН Руслан



* * *

**Уэс Iувыр щIылъэм щызэгъащ,**
**хуэпабгъэ нэр щигъэункIыфIыкIыу.**
**Уэгу дыгъэм батэр фIощI игъэш,**
**зыщIиухыжым зы къимыкIыу.**

**Уэс щIыIэм щIыфэр егъэтхытх,**
**щытати хуабэу ар къыщесым.**
**ЗыщыдмыгъэнщIу кърипхъыхт,**
**къыщыщIыжар сыт, щIым къыщысым?**

**И налъэ къэскIэ хоцIуукI,**
**къэзыгъэщIами епэгэкIыу.**
**Хаутэжыну игу къэмыкI,**
**цIыху гумызагъэхэр къыщIэкIым.**

**Мес, япэ лъагъуэр пщIантIэм даш,**
**къэуIэбжьа уэсыр ягъэлъейуэ.**

**Зызыгъэз щIыIэр пIейтеящ,**
**дзэкъэн хьэзыру, къыдэпхъуейуэ.**

**Хуабэ мылъыхъуэ щымыIэж,**
**хощтыхь лъыхъуэн зылъэмыкIыжыр.**
**Гъущ I кIапэр къыкIэропщIэ Iэм,**
**лыр докIуэ жыпIэу кIэрыпчыжу...**

БИЦУ Анатолэ

* * *

**Къосыр уэс...**
**Къос жьыбгъэм кърихьэкIыу,**
**ПIащэу, щабэу...**
**ЩIылъэ псор еуфэбгъу.**
**Сэ уэращ,**
**Уэ зырщ сигу нобэ къэкIыр –**
**Уэ къыщесыр уэсыр**
**ФIыуэ плъагъут.**

**Къосыр уэс...**
**Къыстосэ ар си закъуэу,**
**Уэ нэгъуэщIым**
**Иджы удэщIыгъущ.**
**Фыхэт хъунщ мы уэсым**
**Фи щIэщыгъуэу...**
**Уэ къыщесыр уэсыр**
**ФIыуэ плъагъут.**

**Къосыр уэс...**
**Уэ си гум укъэкIауэ,**
**Гурыгъу мафIэ щэхум**
**Си бгъэр ес.**
**Сэ уизгъэхужынут сигу**
**Куэд щIауэ,**
**Сэ уизгъэхужынут си гум,**
**Ауэ,**
**Къосыр уэс...**
**Къос пIащэу, щабэу уэс...**

*КIыщокъуэ Алим къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихъэлIэу*

*Хъыбархэр* КIЫЩОКЪУЭ Алим

# ГущIэгъу



Дахэуэс и сабиитIыр дешыжри и дыщым мэкIуэж, жаIэу хьэблэм хахьати, зыми ягъэщIэгъуакъым, и гуащэ тхьэмыщкIэр хэту пIэрэ къызыхуигъанэр жаIэу щIэупщIа фIэкIа. И гуащэм нысэ бзаджэр зэрыхуэмейм гу лъызымытаи хьэблэм цIыхубз дэстэкъым. Нэхъыбэу ар гукIи псэкIи зыхэзыщIэр езы Дахэуэсщ. Хьэблэ зыхэсым нэмыплъ кърагри, хьэдагъи ирекIуэ, нысаши ирехъу, псэ зыIут нэкIэ къеплъыркъым, «дауэ ущыт?» жаIэу зыри къыщIэупщIэркъым, дунейм тетми темытми, зыуи къраздзэркъым, и Iэ къудей къэзыубыд щыIэкъым. Апхуэдизу цIыхум Iумпэм къащIын щIэхъуар езым ещIэж, арщхьэкIэ хущIегъуэжа фэр зытригъауэркъым.

– Дапщэщ дэкIыжыну пIэрэ? – жаIэу гъунэгъу фызхэр къуэгъэнапIэ къыкъуэплъ щхьэкIэ, сэлам кърахыжыну, псалъэ дахэ къыжраIэну зи гум илъ яхэткъым. И гуащэ ныкъуэдыкъуэ мыгъуэр унэ нэщIым къыщIинэну пIэрэ, жыхуаIэу аращ зытегузэвыхьыр.

Дисэ мыгъуэри ныкъуэдыкъуэ зытехъухьар и нысэ бзаджэм щысхьа мыгъуэти, аратэкъэ. Си нысэр уэндэгъущи, хьэлъэ къебгъэIэт хъунукъым, жиIэри езым унэр ятIэ зэрихьэну и ужь ихьат. КъэпкIэ ятIагъуэ и щIыбым илъу къихьурэ, хукхъуэри, вэнвейри, псыри лъащхьэ дэхьеяуэ ятIэр зэхиутащ. Унэм пкIэлъей иридзри ятIэ зэрихьэурэ здытетым е ешат, е къецIэнтхъуэха – пхэщIкIэ щIым къытехуэри къэмытэджыжыфу тхыцIэкIэ мащIэри щылъа. Къуэрылъху хъыджэбз цIыкIуитIым япэ къалъагъури зэрыгъэкIиящ:

– Нанэ къэтэджыжыфыркъым! Нанэ пкIэлъейм къехуэхащ! Магъри щылъщ, – жаIэу. Езы цIыкIуитIым къагъэтэджыжыну хуежьати, яхузэфIэкIакъым. Я анэр хадэм итти, жэри щыжраIэм, Дахэуэс къакIуэри и гуащэ гурыму щылъ ятIэ защIэр согъэкъэбзэжи сыти жимыIэу дурэшым дэлъ уэншэкужьым трилъхьэжащ, ипхъу цIыкIуитIыр зыдигъэIэпыкъуурэ. ШхыIэн фIеижьри трипхъуэжри емышхыдэу къэнакъым:

– Емынэм узэрихуэрэт, ятIэ пэгунитI зэуэ дэплъэфейуэ ар зи лъагагъым щхьэ удэпщея? – жиIэри.

ПэгунитIыр пкIэлъейм тегъэувэгъуейт, абы елIалIэурэ къытриупцIэжат, арыншэми и бостеижь тIэкIур зэхэфыщIат, иджы хьэлэчу ятIэ защIэ хъуащи, уеIусэмэ, зэпкърыхунущ.

– ПэгунитI мыгъуэр схуэIыгъакъым, – жиIэу Диси и щхьэм мыгъуагъэ хуехьыжыр, къуаншагъэшхуэ IэщIэщIыхьа хуэдэу, езыр ягъэудэIуным и пIэкIэ, и нысэм и гур дахэ хуищIыну и ужь итщ. – Умыгузавэ сэр щхьэкIэ. ТIэкIу сыщылъмэ, сыхъужынщи, къэнэжар нэзгъэсыжынщ. ЯтIэр умыгъэгъуу псы тIэкIу схутекIэ. Абы нэхъей пэгуныкъур дахэ-дахэу иIыгъмэ, зыгуэрти, умыщIэххэу къоцIэфтри убэ-

лэрыгъ хъунукъым. КъимыцIэфтатэмэ, Iэ лъэныкъуэмкIэ пэгунитIыр сIыгъынурэ Iэ лъэныкъуэмкIэ хъарзынэу ятIэр зесхьэнут.

Дахэуэс имыдэххэр арат:

– Пэгуныкъум трелъхьэ иджы. Зырызурэ дэпхьеямэ хъунутэкъэ, лъэбакъуэ лей къепчыхын ущхьэхати, пхуэфащэр къыпщыщIащ.

Дисэ ятIэ шыкъыр къызыкIэрихыжыр и бацэ уэншэкужьым пэмыжыжьэу игъэтIылъурэ щылът:

– Iэзэ гуэр мыгъуэ къызэплъатэмэ, нэхъ къэтэджыжыгъуафIэу сыкъэтэджыжынт, ди нысэ цIыкIу, къупщхьэ имыкъутауэ си фIэщ хъуркъым, зызгъэхъеймэ, си псэм хегъэщI.

– Дэнэ Iэзэ къыпхуисхын? УелъэIукIэ къэкIуэнукъым, уэ укIуэфынукъыми, пыпхыжащ. Щылъ, тхьэм гущIэгъу къыпхуищIмэ, плъагъункъэ.

Диси къыгурыIуэжырт Алыхьым фIэкIа зыщыгугъын зэрыщымыIэри, зиущэхужащ. Лъэрымыхь дыдэу, Iэрыгъашхэу пIэм къыхэнэжыпэмэ, псы шынакъи къезытын имыгъуэту унэм къыщIэнэж нэхърэ лIэрэ зэгъэжмэ, нэхъыфIщ. Ар и гум къэкIмэ, и нэпситIыр къолъэлъэх, и къугъ макъыр и нысэм зэхригъэхын шынэу. И къуэ закъуэ мыгъуэри иIэжатэмэ, и насыптэкъэ, къыхуищIэшхуэ щымыIэми, гущIэгъу къыхуищIынт, «си анэ» жиIэнти, арщхьэкIэ и къару илъыгъуэу, и дуней тетыгъуэу хьэм яшхам хуэдэу кIуэдащ, илъэсым щIегъу щагъэкIуэда щIыпIэм «лIащ» жаIэу хъыбар къызэрикIрэ. Пэжи мыпэжи, «выщIэ» хъуауи тхьэм жимыIэкIэ...

Гъунэгъу фызхэм ящыщу Дисэ япэ къылъэIэсар Гунэуэст. ПкIэлъейм къехуэхауэ щылъщ, жаIэу зэрызэхихыу, мыбы и нысэ бзаджэр и гуащэм щхьэкIэ гузэвэнукъым, жиIэри щIэупщIакIуэ къакIуэ къудей мыхъуу, шхыни хущхъуэ гуэрхэри къыздихьащ. Езым бынибл иIэу фызабэу, джэдкъурт анэ жыхуэпIэну и сабийм ящхьэщыту къулейсыз дыдэу псэу щхьэкIэ, гущIэгъушхуэ хэлът, езыр хуэныкъуэ пэтми, псапэ ищIэмэ фIэфIт, лъэрызехьэт, цIыху мышынэт, жьакIуэт. Хьэблэ фызыр ялIхэм едэIуэжыртэкъым, Гунэуэс къызэредаIуэм хуэдэу. Хьэдагъэ кIуауэ зэхэтIысхьэмэ, псоми заущэхут: «Гунэуэс сыт жиIэну пIэрэ?» – жаIэу.

Дисэ и закъуэпцIийуэ унэм щIэлът, фIейуэ кIэрылъар кIэрыгъуэжауэ, псы зэфэн къудей имыIэу.

– А тхьэмыщкIэжь мыгъуэ, уи закъуэ дыдэ мыгъуи, зи закъуэр Алыхьыращ, – жиIэу Гунэуэс бжьэщхьэIум зэребакъуэу, Дисэ и гур къызэфIэнэри къэгъащ, гущIэгъу къыхуэзыщIын къэкIуауэ илъагъути.

– Ди нысэ цIыкIур... ди нысэр дыгъуасэ дэкIащ... сабий цIыкIуитIри и гъусэу... Тхьэ, ныжэбэ жэщым нэху сыкъекIын си мыгугъа. СолIэри хьэдэ къуаншэ мыгъуэу сыкъонэ, жысIэурэ сыгужьеят.

– Дэнэ здэкIуар уи нысэ ябгэр?

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ. ДэкIащ.

– ЗдэкIуэри жимыIэуи?

– И дыщым мыкIуэжамэ, сщIэркъым. Сыту фIыт, ярэби, укъызэрыкIуар, Алыхь псапэшхуэ пщIамэ. Тхьэм къыпхуищIэж, сэ пхуэзмыщIэжыфми. Тхьэр арэзы къыпхухъу, Гунэуэс. Уи быным я хьер улъагъу.

– Ушха мыгъуэуи къыщIэкIынкъым. Хьэлывэ, кхъуей дэлъу си быным яхуэсщIати, уэри къыпхуэсхьащ, – жиIэри чэтэн тIэкIум кIуэцIылъа хьэлывэ IыхьэфI сымаджэм и Iэ гъур къиишиям IэщIилъхьащ. – СщIа мыгъуэтэмэ, къэрэкъурэ шеи къыпхуэсхьынт.

– Хэт мыгъуэм сигъэшхэн? Псы щхьэкIэ сымэхыу дыгъуасэ лъандэрэ сыхэлъщ.

Дисэ зэрымэжэлIар нэрылъагъут, хьэлывэм и ныкъуэр зэ дзэкъэгъуэу къыщыгуичам. Ари мэжалIэ къудейт, пIэм къыхэнэжар гъэкъэбзэн хуейт, щыгъын щыгъыр къыщыхауэ. ПIэ зыхэлъри хьэлэчт, фызыр къыхэпхрэ нэгъуэщI щIыпIэ щыбгъэгъуэлъу зыхэлъар умыгъэкъабзэу хъунутэкъым. Ар зыщIапхъэр и нысэрами, Гунэуэс хуэшэчакъым гъунэгъу фыз сымаджэр зыхуэзапхъэ хуимыгъазэу.

– Ан-а-а, пшхын тIэкIу пхуигъэхьэзыру щхьэ емыжьарэ щежьэм щыгъуэ? – жиIэу Дисэ и нысэр хуегъэкъуаншэ. – Аращ, гущIэгъуншэ хъуащ цIыхур. НыбафэкIэ утелъу ущылъми, къолъэпауэу ежьэжынкIэ мэхъу. Псапэ жыхуаIэр ящыгъупщэжащ, мылIэжыну дунейм къытехьа хуэдэщ. Диныр зи IэщIыбым гущIэгъу къыпхуищIын? ГущIэгъуншэщи, уи лъым ефэнущ.

– Тэмэм дыдэр жыпIащ, Гунэуэс. Тэмэм дыдэр, си псэр зышхын. Сыту Iуэхутхьэбзэшхуэ къысхуэпщIа, зи уз кIуэдын, – жиIащ Дисэ, хьэлывэ тIэкIур зыIуридзэщ, псы тефыхьыжри и гур къызэрыгъуэтыжауэ. – ГуащIэрэ гущIэгъурэ зимыIэр цIыхуу убж хъунукъым.

Ар Дисэ щIыжиIэм Гунэуэс гу лъитэххэртэкъым, и гъунэгъум щхьэкIэ жиIэу и гугъэт, ауэ Дисэ зытрижыIыхьыр нэгъуэщIт: и къуэ ягъэкIуэдам игъэхъыбару и анэм къыжриIэжауэ щытащ здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ ягъэтIысахэу лагерхэм щаIыгъ гуэрхэр зэрыс Iуэм къикIуэсыкIыну мурад ящIмэ, нэхъапэ щIыкIэ «выщIэ» ягъашхэ, жери. Хэт иджы ар? Нэхъ щIалэщIэхэм ящыщу я нэм къыфIэнэращ. Езыхэм хуэдэу лагерым къадыдис щIалэм хуэгумащIэ хуэдэу защIурэ и фэр къихьэжыху ягъашхэ. Сыт ищIыс лъэныкъуэкIи загъэхьэзырри «выщIэри» ирашажьэ къэкIуэсэжыну щыхуежьэм деж. КъакIуэурэ-къакIуэурэ, я гъуэмылэр яухмэ, йоуэри «выщIэ» жыхуаIэ щIалэр яукIри абы гъуэмылэу ирокъу здэкIуэнум нэсыху. Дисэ и щхьэфэцым зиIэтат ар щызэхихым. Ноби мэгузавэ, си къуэр «выщIэ» ямыщIауэ пIэрэ, жиIэу. ЦIыхум апхуэдэр щащIэфкIэ, къуамыщIэну сыт къэнэжа? Дунейм и къутэжыгъуэ мыхъуауэ си фIэщ хъуркъым, апхуэдизу цIыхур гущIэгъуншэ щыхъуакIэ – арат Дисэ жэщкIэ гъуэлъыжамэ, жейм емызэгъыу зэгупсысыр.

Иджыри аращ. И нысэм Дисэ и закъуэу къегъанэри, дэнэ хуейми макIуэ. «Уи гуащэр сыт хуэдэ, Дахэуэс?» – жаIэу къеупщIамэ, къыщIэупщIар щIрегъэгъуэж: «А зи гугъу пщIыр Алыхьым дихыжауэ слъэгъуащэрэт», – жеIэри.

Дисэ и къупщхьэ узар хъужу къэтэджыжын и гугъа щхьэкIэ, зепщыпщэу унэм къыщIэнэжащ, и нэхъыбитIым къыкIэлъыплъыни зыгъэшхэни имыIэу. Зэзэмызэ гъунэгъу фызхэр къакIуэрэ Iуэхутхьэбзэ къыхуащIэмэ, насыпышхуэр иIэщ. Езыми и щхьэр иужэгъуауэ, «зэ мыгъуи сылIащэрэт, мыбы хуэдэу сыкъанэ нэхърэ», жиIэу Алыхьым йолъэIу, дунейкIэ кIэ зимыIэ хьэзабыр ахърэт хьэзабым къыпищэну. АрщхьэкIэ Дисэ зыщIэлъэIур къемыхъулIэурэ нобэри макIуэ, ныжэбэри макIуэ. Дахэуэси хуэшэчыжыркъым.

Пщыхьэщхьэ гуэрым Гунэуэс и хъыджэбз цIыкIухэр зэрыгъэкIийуэ пщIантIэм къыдэлъэдэжащ:

– Дисэхэ я унэр мафIэм ес! Дисэхэ я унэм мафIэ къыщIэнащ! – жаIэу.

Гунэуэс унэм къыщIэжрэ плъэмэ – я гъунэгъум я унэр мафIэмрэ

Iугъуэмрэ уагъэлъагъуэжыркъым, хъуаскIэр уафэм дрехуей. Гъунэгъухэр зэрызехьэу мажэ. Гунэуэси, и сабий быныр и гъусэу, нэхъыжь дыдэр япэ иту, нэхъыщIэ цIыкIур джалэм къэтэджыжурэ якIэлъыжэу, мафIэм ис унэмкIэ мажэ. Дунейр бжьыхьэхуегъэзэкIти, цIыхухъуу къуажэм дэсыр губгъуэм щыIэт, гъавэ Iуахыжу. Хьэблэм къыдэнар сабий быным яхэс цIыхубзти, мафIэр зыгъэункIыфIын щыIэтэкъым, хьэпшып тIэкIу яIэр ирамыгъэсу къыщIалъэфауэ пщIантIэм дэлъщ, къыщIэзыхар умыщIэу. Хьэпшыпуи унэм щIэлъа щIагъуэ щымыIауэ, зылъэкIым пэгункIэ псы къахьыр. ЩIалэ цIыкIухэр мывэкIэ мафIэм хоуэ, хъуаскуэ къыдрихуейр яфIэгъэщIэгъуэну, хъыджэбз цIыкIухэм зэрыгъэкIийуэ къажыхь. Дахэуэс и быныр мафIэм бгъэдимыгъэхьэу унэм къыщIихащ. УнэлъащIэр нэхъ Iулъэфа зэрыхъунум гъунэгъу фызхэр и ужь итт, Гунэуэс къыщысам. ПэгункIэ псы къэзыхьа гъунэгъу фызхэр мафIэм бгъэдэмыхьэфу псыр жыжьэу иракIутырти, къыIужыжырт, мафIэр къытщIэмынащэрэт, жаIэу.

Гунэуэс зиплъыхьщ-зыкъиплъыхьри хьэпшыпыр зэтелъу щилъагъум, щIэупщIащ:

– Алыхьыр къызэуи, Дисэ дэнэ щыIэ? – жиIэри. ЗэупщIын хуейр Дисэ и нысэрати, зэхимых хуэдэу зыщищIым, фызым къыгурыIуащ абы зыщIиущэхуар. Iэбэри зыгуэрым къихьа псы пэгуныр Гунэуэс зытрикIэу щилъагъум, Дисэ и нысэр къэуIэбжьащ:

– Сыт уи гугъэр, цIыхубз? МафIэм зебгъэсыжыну ара узыхуейр? Алыхьыр си бийщ, узгъакIуэм, – жиIэри гъунэгъу фызым и Iэблэм епхъуащ.

Гунэуэс и бын цIыкIухэри гужьеяуэ зэщIэкъугъащ:

– Нанэ, зумыгъэс. Нанэ, ухэмыхьэ мафIэм!

Гунэуэс къыпхуэгъэувыIэнутэкъым, заIэщIиудщ псоми, псыр къыпыжу, щхьэхьу, лъакъуэкIэ бжэр Iуиудри, унэм щIэлъэдащ. Iугъуэм занщIэу и тэмакъыр щиубыдыкIа щхьэкIэ къэмынэу, Дисэ зыдэлъу щыта дурэшыр тыншу ищIэрти, зидзащ, унэ лъэгум илъ мафIэм ебакъуэри. Уи нэр зэтепхми, мафIэмрэ Iугъуэмрэ уагъаплъэртэкъым. «Дисэ» жиIэу джэнути, мафIэм уигъэбауэртэкъым. Iэбэрабэурэ физ ныкъуэдыкъуэр къигъуэтащ. Дисэ пщыхьэщхьэм тIэкIу Iурихауэ къызэщыужмэ – унэр мафIэм ес. ТхьэмыщкIэм къэхъуар имыщIэу и макъым къызэрихькIэ мащIэри кIия. Щымыхъужым бжэмкIэ пщащ, унэм сыщIесхьэ, жиIэу гужьеяуэ. Бжэм къеIэмэ – гъэбыдат. Абдежым и гур кIуэдыпауэ гъыуэ къыщIидзащ: «Ей, Iиман зиIэ, гущIэгъу фиIэххэмэ, бжэр къыIуфх!» – жиIэу. Щымыхъум хьэлъакъуиплIу щыту бжэм натIэкIэ къеуэурэ гъырт, и щхьэм лъыр къежэхми, цIыхубзыр гужьеяти, зыхищIакъым. Бгыкъум мафIэр къыпылъэлъу къыщехуэхым, Дисэ къикIуэтыжащ. Щхьэгъуббжэ закъуэри гъэбыдауэ къыщIэкIащ, и щхьэр дигъэжу кIиин и гугъати, щымыхъужым зыхэлъа пIэмкIэ пщыжри бацэ уэншэкур зытрипIэри зиудыгъуауэ дурэшым дэсурэ къэмэхащ...

И насыпти, иджы Гунэуэс къыхуэзащ, бацэ уэншэкум мафIэр къызэрыпылъэлъу пIэм хэлъ фызыр къызэщIикъуэри, и IэплIэм илъу бжэмкIэ къеIащ, и щыгъыным мафIэ бзийр дарий лентI плъыжьым ещхьу пылъэлъу. Гунэуэс псэууэ мафIэм къелауэ хьэблэ фызым щалъагъум, гуфIащ:

– Ан-а-а-а! Сыту гуфI уиIэ!

– Дауэ укъела мафIэм?

– Дисэ! Ис пэтащ, на-а!

– Мащэм къипхыжащ, мафIэм къебгъэлащ цIыхубзыр.

Дахэуэси зыщIыпIэкIэ къыкъуэжащ:

– А си гуащэ дахэ! Дауэ мыгъуэ укъыщIэнат унэм? Хьэпшыпыр къыщыщIэсхым уэри укъыщIэпща си гугъати! Дауэ ущыт? Уи псэр пыт? Алыхь, си напэр текI пэтам. Дисэ! Къызэтехыт уи нэр? Дисэ...

Нысэм, гузавэ хуэдэу зищI щхьэкIэ, и гуащэр къэмыхъужмэ нэхъ къызэрищтэр белджылыт, арщхьэкIэ езым и IэкIэ унэм мафIэ иридзауэ зыми и жьэ къекIуэртэкъым. Сабийхэм ялъэгъуат Дахэуэс унэм хьэпшыпыр къыщIихыу щыхуежьам унэм мафIэ къыщIэнауэ зэрыщымытар, арщхьэкIэ цIыкIухэм уапкърыупщIыхьрэ жаIэм тепщIыхьIамэ, зыми щыщтэкъым. Хьэблэ фызхэм зэхахат Дахэуэс унэри щIапIэри ищэу и дыщым я деж кIуэжыну мурад зэрищIар. Здихьын имыщIэр и гуащэ тхьэмыщкIэрати, мес иджыри къэс зыкъимыщIэжу пщIантIэм дэлъщ, и нэкIу гъур фагъуэм мафIэ бзийр теджэгухьу.

Гъунэгъу фызхэм мафIэр яфIэIуэхужтэкъым, мафIэм исынри исат, унащхьэр къеухри мафIэри, Iугъуэри, хъуаскуэри зэхэту дрихуеят, цIыхур къигъащтэу, мафIэ бзийм хьэблэр къагъэнэху жыпIэнт, къуалэбзу зи тIысыжыгъуэ хъуар гузавэу зэрызехьэрт. Губгъуэм къикIыжа цIыхухъу зырызхэр гур къагъэувыIэрэ пщIантIэм къыдэлъадэ щхьэкIэ, сыт пщIэн – къэхъунур къэхъуащ.

– КъелыкIафIэу къелащ Диси. Еууей, сыту Iисраф хъуа, ярэби. МафIэм нэхъ Iей сыт щыIэ – пэщIэхуэр IэщIокIуадэ, – жаIэрт.

Дахэуэс игу дахэ хуэзыщIын къахэкIащ:

– Умыгузавэ, ди шыпхъу. Дызэхыхьэнщи, зы тхьэмахуэкIэ унэ тIэкIуи пхузэрытхъэнщ, – жаIэу.

– Хабзэри аращ, губгъуэм укъиднэнкъым.

Дахэуэс къегъыхырт:

– Фэра мыгъуэщ сызыщыгугъыр. Алыхьым сыщогугъ, Алыхьым иужькIэ фэращ. Си сабиитIри мо ныкъуэдыкъуэри жьэгуншэу губгъуэм дыкъинащ...

Гунэуэси къызэфIэувэжащ, Дисэ щхьэщысти. Нысэ ябгэм жиIа псори зэхимыхами, унэр мафIэм иса зэрыхъуам гу лъитат:

– НтIэ аращ, угущIэгъуншэмэ. ДунейкIэ цIыхум жыхьэнмэкIэ хуэупсам и гъуэгу дахэ хъунукъым, лъэпэрапэ защIэу, и кIэтIийр и вакъэ лъэпсу, и дунейр дэгъэзеигъуэ защIэу Алыхьым къыхуиуха дыдэм «шокъу» жиIэу хуэзэнущ. – Апхуэдэу Гунэуэс зэгийр нэгъуэщIтэкъым, нысэ бзаджэм гуригъэIуэн и гугъэт. Псоми гу лъатат и гуащэр мафIэм хригъасхьэу къуажэм дэкIыжыну нысэм зэримурадым.

– Пэж дыдэ мыгъуэщ, Гунэуэс, – жиIащ фызыжь гуэрым.

– ЦIыху гущIэгъуншэр цIыху сурэту плъагъуми, хьэкIэкхъуэкIэр нэхъыфIщ. – Фызхэми Гунэуэс жиIэр даIыгът, ар абы щIыжиIэми зриIуэкIми тэмэму гу лъамыта пэтми.

А жэщым зэгъунэгъухэр зэчэнджэщри, зи унэ мафIэм иса унагъуэм увыIэпIэ къыхуагъуэтащ. Диси гуцIыкIум илъу пщIантIэм дашащ, тIэкIу зыкъищIэж хуэдэу хъуауэ. ЕтIуанэрей махуэм хьэблэм дэс лIыхэр зэхуэсри, я Iуэху къагъанэми, щхьэж сэбэп зэрыхъунымкIэ зэгурыIуэри, хэт мэзым кIуэри чы-бжэгъу къишащ, хэти пхъащхьэ хъун къигъуэтащ, хэти мывэ къишэри зэрыжаIэм хуэдэу, чы-бжэгъу унэ ящIри и щхьэри ябгъэжащ. ЦIыхубзхэри Iуэхуншэу щысакъым, щIыхьэху ящIурэ унэр ятIэ зэрахьащ, уеблэмэ ятIэху тIэкIуи зыгуэрым къишати, тракIэжащ. Мазэ дэкIами арат, Дисэ аргуэру гуцIыкIукIэ я пщIантIэм щыдашэжам,

нысэри и къуэрылъху хъыджэбз цIыкIуитIри и гъусэу.

Дахэуэс унэщIэ хуащIам щIэсыфынутэкъым. Дисэ игу къыдэмыжу къыдинэри ипхъу цIыкIуитIыр и гъусэу и дыщым кIуэжащ, аргуэру унэбжэр къигъэбыдэри. Дахэуэс и хъыджэбз цIыкIуитIым я хабзэт: Гунэуэсхэ деж къэкIуэнти, бжэщхьэIум къытетIысхьэурэ бынунэр мырамысэ зытелъ Iэнэм къетIысэкIауэ щышхэкIэ къенэцIу. Гунэуэси ар и гум темыхуэу хъыджэбз цIыкIуитIым яритырт и быным яшх мырамысэмрэ кхъуей тыкъыр зырызрэ. Ар яшхмэ, псы ефэжырти, я ныбэ из хъуауэ, джэгуу, зэрыгъэкIийуэ уэрамым дэлъадэрт.

Иджы махуэ зыбжанэ мэхъури зэшыпхъу цIыкIуитIыр къакIуэркъым. Гунэуэс абы гу щылъитэм, и хъыджэбз цIыкIухэм еупщIащ Дисэхэ дежкIэ фыкIуагъэххи, жиIэри. Абы кIуэгъуейт – нэсмэ, бжэр гъэбыдащ, унэм гурым макъ къыщIоIукI. Гунэуэс занщIэу гу лъитащ аргуэру бэлыхьлажьэ къэмыхъуауэ узиIэ, жиIэу. Езыр макIуэри – фыз ныкъуэдыкъуэр унэ нэщIым мэгызри щIэлъщ. Зепщыпщэурэ, хьэлэчыр и махуэу зиуцIэпIыжащ, ишхыни псы зэфэни имыIэу.

– А Дисэ, а Алыхьыр зэуа мыгъуэ, куэд лъандэрэ уи закъуэ?

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ. Мащэм силъ хуэдэщ. Бжэр гъэбыдащ, щхьэгъубжэри аращ. Дунейм сытетми сытемытыжми, тIури зыщ. Си ахърэт щIэупщIакIуэ укъысхуэкIуэ хуэдэщ.

– Дахэуэс и дыщыра здэкIуэжар?

– НэгъуэщI дэнэ кIуэн? Зигъэбзэхмэ, гущIэгъуншэр здэкIуэр и дыщырщ. ТIэкIу си гур къекIуауэ сыхэлъти, тхьэм ещIэ и гугъэр... Си лъэр къыщIэмыувэ мыгъуэми, сыпсэ быдэщ. НтIэ сыт сщIэн? Уи IэкIэ уи псэр пхухэхыжрэ?



Гунэуэс и хъыджэбз цIыкIухэр игъакIуэри хьэблэ фызыр къызэхуишэсащ. Псори къэмыкIуа щхьэкIэ, къэкIуат зыкъоми, зэгурыIуащ гущIэгъу сиIэщ жызыIэм Дисэ Iуэхутхьэбзэ къыхуищIэну. Тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ махуиблри зэхуагуэшащ, физитIым блыщхьэр ялъысу, адрей тIум гъубжыр, адрейхэми махуэ зырыз ялъысу. ИкIи щIэупщIащ:

– ГущIэгъуншэ фхэт – иджыпсту жыфIэ, пщIэншэу дыфщымыгугъын щхьэкIэ, – жиIат Гунэуэси, зырыз фIэкIа гущIэгъуншэу къахэкIакъым.

# ХьэщIэ лъапIэ

ЛIитIым жаIэр зэтемыхуэу хъыбар мыфэмыц гуэрхэр къэсащи, дегъэгузавэ, тщIэнур дымыщIэу, Iуэхум и пэжыпIэр къэпщIэн щхьэкIэ, укIуэу уплъэн хуейщ. Инэралым жесIати: «Гъусэ къащти, уи щхьэкIэ кIуэи зыплъыхь, нэгъуэщI бгъакIуэмэ, щIалэ гъакIуи кIэлъыкIуэж жыхуаIэм хуэдэ ухъунщ», – жиIэри къыстрикъузащ. Сэри ар нэхъыфIу къызолъытэ, арщхьэкIэ махуэ зыбжанэкIэ си батальоныр къэзгъанэрэ сежьэмэ, зыгуэр къэхъункIи мэхъу, жызоIэри си дзэр мэш. ЫздэкIуэнум лъэсу фIэкIаи укIуэ хъунукъыми, гъуэгур фIыуэ зыцIыху уи гъусэн хуейщ.

Къумым димыкIуадэу дизышу дыкъэзышэжын, жысIэу адэкIэмыдэкIэ сыщIэупщIати, щIалэ фIыцIэшхуэ къысхуагъэкIуащ, къызэрыхъурэ губгъуэрысу мы щIыналъэм исщ, жаIэри. Абы нэмыщI, нэгъуэщI щIалиплI хуэдизи зэхуэсшэсащ, зы махъши ди хьэлъэ тетлъхьэну къыс-

хуашащ, гъуэмылэри псынщIэ-псынщIэу ягъэхьэзыращ, фэндми псыр из ящIри, Iэщэу тIыгъыр хъуржыным итлъхьэри, и щIыIум апельсин теткIутэжын хуейти, ари зэфIэдгъэкIащ. ЩыгъынкIи губгъуэрысхэм я зыхуэпэкIэу зытхуэпэну арат, дзэм дызэрыщыщым, дызыхуэзэIамэ, гу лъедмыгъэтэну. Гъуэгу дэзыгъэлъагъунур згъэунэхуну сеупщIащ:

– Махъшэхъумрэ махъшэбзымрэ пхузэхэгъэкIыфрэ? – жысIэри.

ЩIалэ фIыцIэр махъшэм тесу къэхъуамэ, имыщIэу къэнэнт?

Хьэлъэр махъшэм тетлъхьэри, ахъшэм хъуакъэ иджы щыжыпIэм хуэзэу, щIалитхур си гъусэу гъуэгу дытеуващ. Сэ сщIэххэртэкъым мыбы ягъэкIуэну я гугъар инджылыз офицеру КлобкIэ еджэу, етIуанэрей батальоныр зи IэмыщIэ илъыр арауэ. Инджылыз офицерыр сэ схуэдэу капитант икIи лIышхуэт. Сырыхуфэт, сэ схуэдабзэу, арщхьэкIэ сэ сыздэкIуэм мыкIуэн щхьэкIэ, сымаджэ нэпцI зищIри яхуэкIуакъым. Клоб ягъакIуэмэ, нэхъ щIафIэфIам сэри гу лъыстащ: инджылызщ, ехудийм* япэщIэхуэ хъумэ, нэхъ къыфIэлIыкIынщ, къыщысхьынщ жаIэу арат, Клоб нэхърэ мынэхъ Iейуэ сэ инджылызыбзэ сщIэ пэтми. Пэжыр жыпIэмэ, сэ къыздагъуэн гуэри щыIэт.

Дзэм сызэрыхэтым хуэдэурэ, зэзэмызэ къэзгъэзэжурэ унэ езгъэщIырт, унащIэм сагурыIуауэ. Унэм халъхьэнур ерагъпсэрагъкIэ къэзгъуэтурэ къезгъашэрт. Махуэ къэс сакIэлъыплъу щыттэкъыми, унэр зыщIым унащхьэр пхъэ факIэ яIэтащ, сэ еста пхъэфIыр ящэри. СыкъэкIуэжрэ сеплъмэ – зы уафэгъуагъуэ уэшхыфI къешхмэ, унащхьэр иуэнущ. Унэр зыщIари къысщIонакIэ:

– Дахэу теслъхьащ унащхьэр, уасэм тIэкIу къыщIыбгъужын? – жеIэри.

– Мыр узотри къомэщIэкIмэ, щIызгъунщ, – жысIэри, пхъэтыку щылъыр къасщтэщ, сеуэри унащIэм и щхьэр зэгуэзудащ, лъыкъуалэр къежэхыу. Iуэхур судым нэсри сигъэтIысыну къадыр си ужь къихьащ. Сэри сыкъэгузэвэжри си инэралым деж икIэщIыпIэкIэ сынэсри сIэщIэщIыхьар жесIащ. Езыри Лондон къикIыжа къудейуэ жэщым жеятэкъыми, куэдыщэрэ къызэлIэлIэну фIэфIтэкъым, ешауэ зыгъэпсэхугъуэ имыхуэу арат.

– Узэуар псэу хьэмэ сымаджэу хэлъ?

– Псэущ. И щхьэр си анэм хуипхэри дигъэкIыжащ.

– НтIэ, зегъэхь адэ – кIуэж.

– Дэнэ? Дзэм сыкIуэжын хьэмэ унэра?

– Дзэм кIуэжи, уи IэнатIэ Iуувэж.

Сэри занщIэу си къулыкъу здэщыIэм сокIуэж, суд сытхэр зэрызехьэу си ужьым ит щхьэкIэ къэзмыгъанэу. Ди адэ-анэри гузэвауэ, ящIэнур ящIэркъым. Къадым судыр щызэхуишэса махуэм хъыбар сагъэщIати, сымыкIуэу хъунутэкъым, инэралым сыщыгъупща е сыкъигъэпщIа си гугъэми, сыщIэупщIэн ескуркъым. Абдеж мотоциклым тесу щIалэ къосри пакет къызет. Сыту пIэрэ иджы мыбы итыр? Къысхуатхари зымащIэ дыдэщ:

«Си ныбжьэгъу лъапIэу БырмамытI, къэхъуар къэмыхъуатэмэ, нэхъыфIт, итIани абы щхьэкIэ умыгузавэ», – жиIэу арат инэралым къитхыр. Зи щхьэм сеуа унащIэр дохутырым деж кIуэуэ лIэ нэпцI зищIа щхьэкIэ, зыри къикIакъым. Сэри мы сыздэкIуэм псэууэ къэзгъэзэжмэ, унащIэр згъэфIэжынщ, жысIэри си гум изубыдауэ сокIуэ.

Дыгъэр зэрыкъухьэу жэщыр кIыфI хъуащ, нэм щIэIэбэр умылъагъу жыхуаIэм хуэдэу. Компас сIыгъщи, зэзэмызэ соплъ, дыгъуащэу къалэм-

* Ехудий – Израилым щыщ.

кIэ дымыкIуащцэрэт, жысIэу. А къалэр си батальоным яхъумэу мащIэрэ дыдэса – къыдэхъулIакъым. Ехудийр къыттезэрыхь щыхъум, Iэщэри цIыхури къыдэмэщIэкIырти, унафэ къысхуащIат: «ФхуэмыIыгъынумэ, къалэм фыкъыдэкIи, мыдэкIэ фыкъэкIуатэ», – жаIэри. Сэ си Iумэт офицерхэр зэхуэсшэсри сеупщIат: «Мыращ Iэтащхьэм я унафэр, дауэ тщIымэ, нэхъыфI?» НэхъыбитIым унафэм ипкъ иту къалэм дэкIын хуейуэ абы нэхъ трагъащIэрт, арщхьэкIэ сэ здакъым: «Фи пашэр сэращ, сэ сыхьэрыпу щытамэ, зыми гурыщхъуэ къытхуищIынутэкъым, ауэ сэ сыадыгэщи, жаIэнур фощIэ – мы къалэм бегъымбар къыщалъхуащ, хьэрып бегъымбарыр ехудийм хаутэ щхьэкIэ, адыгэ гузэвэн жаIэнщи, псори дыкъэрабгъэу ди цIэ ягъэIунщ». Ар щыжысIэм, зауэлIхэу аскэр ахъырзэманхэр сиIэти, си псалъэр къабыл ящIащ. АтIэ дауэ?

– Дызэуэнщ. ДыкъикIуэтынкъым.

– Ехудийр куэдыIуэщ, дапэлъэщын?

– Бегъымбарыр къыддэIэпыкъунщ. Бийр нэхъыбэмэ, нэхъыбэ хэкIуэдэнщ, дэ дынэхъ мащIэмэ, нэхъ мащIэ хэкIуэдэнщ. – А псалъэ дыдэр адыгэм жаIэу инджылызхэм я дзэм адыгэр щапэува лъэхъэни щыIащ. Сэри си гуапэт си гум къишхыдыкIыу си Iумэтым жаIэри, дызэуащ, ди IэнатIэм ехудийр къемызэгъыу, дэри мыхьыр едгъэхьу. Иджы къалэр бийм яубыдами, ди зэранкъым, ауэ ар зыубыдам дапэщIэхуэмэ, ди цыр ящынущи, дыхуэсакъын хуейщ.

ПшахъуэщIым и щхьэфэр вэгъум ещхьу тегъукIа хуэдэу къыпфIэщIими, утеувэмэ, мэщащэ, шыгъу куэдыщэ хэлъщи. ИтIани еплъ, къэрэкъурэ, пабжьэ тIэкIухэм, удз гъэужь гуэрхэм уахуэзэрэ ухэувэмэ, зэтолъалъэ, гъэужь гъужам хуэдэу. Уэшхыпс ина ухуэзэмэ, уефэ хъуну Iэмал зимыIэщ, уи Iэр хэплъхьэрэ къыхэпхыжмэ, тIэкIу дэкIмэ, Iэлъэ хужь мэхъу, шыгъу трещIэри. «Насим» жыхуаIэ жьыбгъэ тIэкIур къыкъуоури мэкIуэдыж.

Дэджэхъу пашэм ещхьу япэ иту кIуэр зэзэмызэ йотIысэхри пшахъуэ IэшкIэ къещтэ, и Iэгум иреIуэтыхьри, пшахъуэмкIэ къещIэ дэнэкIэ дунэтIауэ дыкIуэми, уеблэмэ къэткIуар зыхуэдизри къыбжиIэнущ. Жэщыбгым деж псынэ тIэкIу иIэу дыносри дотIысэх зыдгъэпсэхуну. Псынэм уефэ хъунущ, шыугъэщ, дыджщ жумыIэ закъуэмэ. Уи псыхуэлIэ иригъэкIынущ. Куэдрэ дыщыси хъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мы щIыпIэм жэщу фIэкIа ущызекIуэ хъунукъым, нэхущым дыгъэр къыщыщIэкIым деж увыIэпIэ къэгъуэтын хуейщ – пщыхьэщхьэ хъухукIэ уздэщысын.

Гъуэгур зыщIыхуу тхэтыр зыщ – Шамум и цIэу, ухуэбэлэрыгъмэ, умысакъмэ, къумым укъринэу ежьэжын тIэу еплъынукъым, ди къупщхьэлъапщхьэр хьэIуцыдзым зэбграхыжмэ, укIуэдыпащи, дунейр къутэжыху укъэзыщIэн щыIэкъым. Махъшэм пщIэхэлъ нахъутэм и кIапэр Шамум иIыгъыу ешэ, дэ махъшэ лъэужьым дитщ. УзэщIэдэIукIмэ, хьэIуцыдзым я къугъ макъ зэхыбох, уеблэмэ зыгуэрхэр къыдбгъэдыхьэу къыдэIэн къыдамыкуу щыIукIыжкIэ я лъэ макъ зэхыдох. Дэри ди Iэщэр тIыгъыжамэ нэхъыфI щхьэкIэ, хьэIуцыдзым нэхърэ нэхъ бзаджэ дахуэзэнкIэ хъунущи, хъуржыным илъыр къитхыркъым. Нэхулъэ къызэрищIу дыкъоувыIэ, зыдоплъыхь, хэщIапIэ хъун къэтлъагъун ди гугъэу.

Абдежым «шокъу» жиIэу щIалэ гуп дахуозэ, IэщэкIэ къызыхуэт щымыIэу зэщIэузэдауэ. Дауэ иджы? Ахэр щэщI мэхъу, дэ тхущ дызэрыхъур, ди Iэщэри хъуржыным илъу махъшэм телъщ. Дэ

дыкъызыбгъэдэкIыжа псынэм ахэр кIуэуэ ди пщIыхьэпIэм къыхэхуэххакъым. Алыхьым ещIэ: пшахъуэм зыщIахъумауэ нэху ягъэща? Ди псалъэмакъ щызэхахым, гъунэгъуу дызрагъэкIуалIэри, щIым къыщIэпщам хуэдэу ди пащхьэм къыхутащ, я автоматхэр къыттраубыдауэ. Я нэхъыжьым и унафэкIэ дыкъащ, арщхьэкIэ зыри ткIэрахын къагъуэтакъым. Гъуэгу мыгъуэ емыжьэн Шамум и жыпым хьэлывэ ныкъуэшх илъу нэхъыжьым щрагъэлъагъум, сэ къызоупщI:

– Уехудий? – жеIэри.

– Хьэуэ.

– ДыкъыбогъапцIэ! Мыбы хуэдэ хьэлывэ зышхыр ехудийщ.

– Хьэуэ. Дэри дошх абы хуэдэ хьэлывэ.

– Дэнэ фыкъикIрэ? Дэнэ фыкIуэрэ?

Абы я жэуапымкIэ дыкъыщежьэм дызэгурыIуати, зедгъэумысакъым, псоми жытIэр зыт, арщхьэкIэ я фIэщ дыхъуртэкъыми, нэхъыжьым зыхуэзгъэзащ:

– Фи фIэщ дымыхъумэ, гъуэншэдж щхьэпсыр ттIэтэнщи, фыкъыдэплъ, – жысIэри.

– Щхьэр умыгъэуз, ехудийми прагъэупщI. – ЩIалэм гурыщхъуэ езыгъэщIыр си дежкIэ гурыIуэгъуэт: сысырыхущи, аращ, губгъуэрыс Шамум срещхьу сыфIыцIэтэмэ, даутIыпщыжри дежьэжат. Ар арамэ, КъурIэным щыщ сурэ сыкъыфхуеджэнщ жысIэнути, псалъэр къызжьэдэмыкI щIыкIэ вертолет макъ къэIуащ.

– Сэ сыехудийкъым. Ехудийр мо къакIуэращ, – щыжысIэм, дызыубыдахэр къэгузэващ, псынщIэу зэбгрыжри пшахъуэм зыхадзэжауэ зыщIахъумэ. Дэри зыщIэтхъумэн хуейщ, ауэ нэхъапэ щIыкIэ махъшэр гъэтIысауэ пшахъуафэ брезентыр тепхъуэн хуейщ. Шамум вертолет макъ щызэхихым, и нэр къихуу, пщыIэ зэгуэтым ещхь и пэщхъыным зэрыбауэ хьэуар къемэщIэкIыу гужьеяти, ар щалъагъум, дызыубыдахэм нэхъ я фIэщ хъуащ сэ жысIэм нэхърэ.

Ехудий хабзэт: пщэдджыжь къэси пщыхьэщхьэ къэси вертолеткIэ къумым къыщхьэщыхьэрэ, махъшэ дапщэрэ ялъэгъуами, къетIысэхрэ махъшэм тесыр зрагъащIэу. УапэщIэхуамэ, уисыкIауэ арати, ди махъшэр дгъэтIысри брезент тетпхъуащ, дэри пшахъуэр къиттхъуурэ дыхэгъуэлъхьащ, ди нэкIум фIэкIа къыхэмыщу. Модрей тIасхъэщIэхыу къэзыкIухьхэри къыткIэлъоплъ, дэри тщIэнур тщIэркъым: хъуржыным илъ ди Iэщэхэр къитхыу дыкъалъагъумэ, тIэу емыплъу даукIынущ, къидмыхщи, ди махъшэр къызэралъагъуу вертолетыр къемытIысэхыну Iэмал иIэкъым. ТIасхъэщIэхыу къэзыкIухьхэм дэ къыдащIэ дыдэр етщIэж хъунут, зэкъуэхуауэ дапэщIэмыхуатэмэ.

Шамум кIэлъыкIуэ щIалэри фIыцIэщ, лъагъугъуафIэщ, нэжэгужэщ, псэлъэрейщ жумыIэмэ, дэбгъуэн щыIэкъым. Джихьадщ и цIэр. Мычэму хъыбар жеIэ, и жьэр зэтримылъхьэу, дыхьэшхэн жиIэмэ, езыр мэдыхьэшхыж, къедаIуэми къемыдаIуэми, фIэIуэхукъым. Абы къыкIэлъыкIуэр Iэхьмэдщ, щхьэц фIыцIэщ, и адэр хьэрыпщ, и анэр адыгэщ, ауэ адыгэбзэкIэ къыпыпхын щIагъуэ щыIэкъым, зыгуэркIэ уеупщIмэ, хьэрыпыбзэкIэ жэуапыр къует, адыгэбзэр къызэрыгурыIуам гу лъыуигъатэу. IэщэкIэ IэкIуэлъакIуэщ, нэхъ зыхуэIэзэжыр хьэпщхупщырщ. Псынэм деж дыщетIысэхам мафIэ тIэкIу тщIат, хьэлывэ къыздетхьэжьар дгъэхуэбэжынуи, Алыхьым ещIэ Шамум къызэрилъэгъуар: ашыч хыфIадзэжа гуэрым и щIагъым скорпион щIэсу къилъэгъуащ. ЩIалэхэм «еуи, укI» жаIа щхьэкIэ губгъуэрысым идакъым, «сыт

щIэзукIыр, езым зезгъэукIыжынщ» жиIэри. Шамум скорпионыр пшахъуэм тригъэтIысхьэри ихъуреягъкIэ мафIэ дэп кърегъэтIылъэкIащ, дэри детIысылIащ тфIэгъэщIэгъуэнуи, доплъ. Скорпионыр адэкIэ еIащ, мыдэкIэ еIащ, кIуапIэ имыIэу къыщищIэм, и шэрэзыр и щхьэм хиукIэжри кIэзызу асыхьэту лIащ.

– Хьэпщхупщым я пIалъэр уощIэ, – жиIэри етхуанэу къытхэту иджыри къэс псалъэ жызымыIар къыщытхъури дежьэжауэ дыздэкIуэм, вертолети дыхуэзэну хэт и гугъэнт? Дыбэлэрыгъат. Ар къетIысэх хъумэ, дызэреуэн тIыгъкъым. Модрей дызыубыдахэм зыдгъэпщкIуу щалъагъум, я фIэщ дыхъуауэ къыщIэкIынти, къэтэджри езыхэри ежьэжащ, псынэмкIэ яунэтIри. Дэри ди гъуэгу дытеувэжащ, вертолетыр тщхьэщыкIа нэужь.

Мэкъумылэр мащIэмэ, шкIащIэр шхэрей мэхъу жыхуаIэрати, дэри дыгузэвэщауэ ара – псы ефэрей дыхъури фэндыр къэдунэщIыным нэсащ. Псынэ аргуэру дыхуэзэну Шамум жиIа щхьэкIэ, жыхуиIа къуэм дынэсмэ – псынэр гъужащ. Псы димыIэу адэкIэ хъунутэкъым, диувыкIри псынэ гъужар зэрытхуэщIкIэ нэхъ куу щытщIым, псы кIэнтхъ тIэкIу къыщIэжу къэтлъагъури нэхъри нэхъ кууж тщIащ. Псы къыщIэжар жэбзэху дыщысщ, псыр фэндым из тщIыри махъшэм тетлъхьэжащ. Сэри унафэ сощI си Iизыныншэу зылI зы Iубыгъуэ емыфэну. СыхьэтитI хуэдизкIэ дыкIуауэ уриудыным хуэдэу жьыбгъэ хуабэ къепщэу къыщыщIидзэм, Шамум къызэплъэкIащ, и нитIыр къихуу.

– Бад-и-къэсиф къопщэ, къуэгъэнапIэ дывгъакIуэ, – жьапщэр зэрышынагъуэр губгъуэрысым ищIэу къыщIэкIынт.

– Мо сэтей къыхэщым дынэвгъэс, мыбдеж дэнэ зыщыбгъэпщкIун? – жысIэри нэхъ депIэщIэкIыу зыщитчым, е жьым къридзыха, е езыр къехуэха: махъшэм телъа фэндыр «быф» жиIэу къехуэхри зэгуэудащ. Шамум зигъэщхьауэ кIуэрти, къызэплъэкIыхукIэ фэндым ткIуэпс къимынэу псыр ижащ.

– Iы-Iы-хьы! КIэфий епщэ иджы.

Псы уимыIэу адэкIэ укIуэну Iэмал зимыIэщ. Къыбогъэзэжри – дэ къиттхъуа псынэм нэс сыхьэтитIкIэ укIуэн хуейщ, сыхьэтитIкIи укъокIуэж. Псоми ди пэр къыпыхуащ. Шамум уешхыдэ щхьэкIэ, къыпыпхын щыIэкъым, псыхьэ уогъакIуэри – къигъэзэжыни. Жьапщэм пшахъуэр щIэIущащэу егъэIэпхъуэ, псы къиуа ежэхым ещхьу. ЛIищыр дыздэщытым къэзгъанэри, Шамум гъусэ сщIыри къэзгъэзэжащ, ди лъэужьыр пшахъуэм щIамыгъэнэж щIыкIэ псынэм дынэсыным сыхущIэкъуу. АрщхьэкIэ дэнэ – сыхьэт ныкъуэ нэхъыбэ дэмыкIыу ди махъшэм и лъэужьым щыщ щымыIэжу пшахъуэм щIахъумэжащи, Шамум псынэр къигъуэтыжмэ, Алыхьым дыкъихъумащ, къыхуэмыгъуэтрэ – къарууншэ дыхъуауэ хьэIуцыдзым дапэщIэхуэмэ, скорпионым ищIар дэ зэтщIэжын хуейщ, армыхъумэ цырыцу дафыщIынщ, е ехудийм даубыдынщи, ди анэр тхуагъагъынщ.

Дыщхьэрыуэу къумым диту зыкъомрэ къэдджэдыхьауэ, псынэ тIэкIум дыхуэзэжащ. Зы сыхьэт ныкъуэкIэ дыкъэгуватэмэ, ари, махъшэ лъэужьым хуэдабзэу, пшахъуэм Iуаенут. Дэри ди гур къызэрыгъуэтыжауэ, фэндым псыр из тщIыжри къэдгъэзэжащ адрей щIалищыр къыздиднам. Жьыр нэхъ иныжу къепщэрэ пшахъуэр пшагъуэ гуэрэным нэхърэ нэхъ Iувыжу, плъапIэ къуимыт хъумэ, щIалэхэр чэзууэ къугъыну дагурыIуати, я къугъ макъыр щызэхэтхым, ди гур къызэрыгъуэтыжат. Дызэрыгъуэтыжри, ди гъуэгу дытеувэжащ.

# ЖьантӀэ

Пшахъуэр къиӀэту дунейр кӀыфӀ зыщӀа борэныр нэхъ кӀащхъэ зэрыхъуу, бгышхуэ дыздэкӀуэр къэтлъэгъуащ. Иджы аргуэру пшахъуэм зыхэдгъапщкӀуэу пщыхьэщхьэ пщӀондэ дыхэлъын хуейщ, дыкъамылъагъун щхьэкӀэ. Пшапэр зэхэуэмэ, къуршым дихьэнщи, увыпӀэ дыщылъыхъуэнщ икӀи зыдгъэпсэхунщ, махъшэри дгъэхъуэкӀуэнщ, и фэр тӀэкӀу къихьэжын хуэдэу.

Къуршым уихьэмэ, дэтхэнэ джабэри къащтэ – фэрэкӀнапэм ещхьу гъуанэпщӀанэщ, бгъуэнщӀагъыу иӀэр мин бжыгъэкӀэ ябж. Къалэу мы Ӏэшэлъашэм щыӀэм унэу дащӀыхьар къызыхащӀыкӀар мыбы ираша мывэращ. Дэ дыздэкӀуэ къалэри бгым япэмыжыжьэу, сэтейм утетмэ, уолъагъу. Къалэ гъунэм пщыӀэр къещӀэкӀауэ Ӏутщ, къалэм нэхърэ зэрынэхъ мащӀэ щымыӀэу. ПщыӀэ къалэ хъужыр палестин къэӀэпхъуахэр аращ. Къалэм дэсымрэ абырэ зызэраупсейри бжьэцу зэрызехьащи, я гум кърихур зэгъэщӀэн хуейщ.

Хьэрып къомыр зэакъылэгъу хъурэ ехудийм езэуатэмэ, лъабжьэкӀэ ирахри дунейр зэӀубз хъужат, арщхьэкӀэ дэнэ – я къурмакъейр зэроубыдри зым зыр итхьэлэну и ужь итщ. Ди деж хъыбар къызэрысар зауэ къэхъеяуэ арат, дзэри полицэри Ӏэжьэгъуу ежьа пэтми, япэмылъэщу. Арат бгъуэнщӀагъ гуэр дитӀысхьэрэ нэхъапэ щӀыкӀэ дакӀэлъыплъмэ, нэхъ сфӀэигъуэу къуршымкӀэ щӀэзунэтӀар.

Дешхэ-дефэу, фӀыуи дыжея нэужь, зытплъыхьщ-зыкъэтплъыхьри ущӀэгузэвэн щӀагъуэ щыӀэу гу лъыттакъым. ПщыӀэ къалэм хьэдэ щӀэзылъхьэр щыкуэдт. Алыхьым ещӀэ, зэзауэм хэкӀуэда къомыр щӀалъхьэу къыщӀэкӀынт. Пшапэр зэхэуэу палестин губгъуэрыс къомыр зэгъэжыху бгъуэнщӀагъым дисащ, нэрыплъэкӀэ дыкъаплъэмэ, пщыӀэм щӀэсым ящӀэри адэкӀэ-мыдэкӀэ кӀуэри къэкӀуэжри тлъагъуу, уеблэмэ пщыӀэ къомым уащхьэпрыплъмэ, къалэри уолъагъу, пщыӀэ къомри ягъэуващ, уэрамхэр яӀэу, дыхьэпӀэ-дэкӀыпӀэр къалэм хуэгъэзауэ. ПщыӀэ къомым дыдыхьэри дыщӀэупщӀащ: «Хэт фи шейхъ тхьэмадэу фи Ӏэтащхьэр?» – жытӀэурэ. ПщыӀэ дагъэлъэгъуам дынэсри дыкъэувыӀащ.

– Ей, щӀэсӀа мыбы?

– Хэт фыхуей? – цӀыхухъу макъ къоӀу.

– Шейхъ тхьэмадэм и пщыӀэр мырмырауэ пӀэрэ?

– Фыхэт фэ езыр? – жиӀэу зыгуэр къыдбгъэдохьэ.

– Ди дзэпщым дрилӀыкӀуэщ. Шейхъ тхьэмадэм зыхуэдгъэзэну арат.

КъыдэупщӀа лӀыр пщыӀэм щӀохьэжри дызыпегъаплъэ. Куэд дэмыкӀыу къегъэзэжри дрегъэблагъэ. Махъшэм Шамумрэ зы щӀалэрэ къыбгъэдызонэри, щӀалитӀ си гъусэу цей пщыӀэшхуэм сыщӀохьэ. ЩӀалитӀым, я автоматыр япщӀэхэлъу, щӀыхьэпӀэм деж къыщоувыӀэ, сэ жьантӀэмкӀэ сашэри сагъэтӀыс.

– Сыт фхуэсщӀэну хьэщӀэ лъапӀэм?

– ЗэтевгъэувыӀэ зэуэныр.

– Дэра зауэр? Дэ къыдэзауэм дозэуэж, ди гугъу къамыщӀмэ, зыми и гугъу тщӀынукъым, – жеӀэ шейхъым. Езыр дахэ-дахэу слъагъуркъым, уэздыгъэнэф тӀэкӀу тегъэувапӀэм тетщи, пщыӀэр щӀагъуэу къигъэнэхуркъым. Шейхъым и лӀы гъусэхэри къеувэкӀауэ щытщ, Ӏэщэ зэраӀыгъым шэч хэлъкъым, и Ӏэтащхьэм и Ӏэр иӀэтмэ, занщӀэу зыкъуадзыну хьэзырыпсщ. Къэхъуа-къэщӀам и хъыбарым кӀэщӀу драгъэдэӀуащ: губгъуэрысхэм псы щамыгъуэтым, я Ӏэщым ирагъэшхыну удзыр щыгъум, къалэм къетӀысылӀащ, палестин къэӀэпхъуахэм къабгъэдэтӀысхьэу. Зыкъомри зэхэсащ къайгъэ къамыгъэхъейуэ, къалэм кӀуэрэ псы къашэу,

бэзэрым зыхуейр къыщащэхуу, лэжьапIэ зыгъуэтри IэнатIэм Iуувауэ, зымыгъуэтым хьэрычэт ищIэу, мэжджытым кIуэнури кIуэуэ. Уеблэмэ къалэм мэру тетым къигъэгугъат пщыIэм щIэс къомыр зэкIэлъхьэужьу махуэ къэс псыхьэ къалэм мыкIуэу, бжьамийкIэ псыр губгъуэрысым къахуригъэшэну, электричествэри къахуригъашэу, пщыIэ къэс уэздыгъэ зырыз щIигъэувэну. Ауэрэ бэзэрым дыгъу къыщаубыдати, яукIыну ерагъыу кърагъэлащ, абы ирихьэлIэу наркотик ищэу нэгъуэщI зыгуэри полицэм щаубыдым, ар кърагъэутIыпщыжыну щIалэ зыкъом зэрыгъэIущу полицэм ятеуа, зыгуэрхэри къауIа – зэрызехьэ хъури, къалэм дэсхэмрэ губгъуэрысхэмрэ зызэраупсеящ. КъалэдэсыIр зэрогъэкIий: мо пщыIэ къомыр Iуфху жаIэри, губгъуэрысхэми я лъабжьэр фIагъэнащ: дэри дыцIыхущ, губгъуэм дихьэу щхьэ зыдгъалIэрэ, жаIэри. Танкым ису дзэри къахэлъэда щхьэкIэ, цIыхур яхуэшынакъым, нэхъ ерыщ екIуа фIэкIа. МахуитIкIэ зэрызехьэу уэрамым дэтат цIыхури, лажьэ зиIи зимыIи Iэджэ хэкIуэдащ – къалэдэсым щыщи губгъуэрысым щыщи. Нобэ хьэдэр щIалъхьэжащи, аргуэру зэхаублэжынщ.

Шейхъым жиIэм седаIуэу сыщысурэ, зы план бэлыхь си гум къэкIащ.

– АтIэ, тхьэмадэ, сэ жысIэм къедаIуэ.

– СынодаIуэ.

– Нэхъапэ щIыкIэ дэ тIум ди закъуэ фIэкI къэмынэу, псори щIэдгъэкIмэ, нэхъ къезэгъ си гугъэщ.

– ФыкIуэ, фыщIэкI, – жиIэри тхьэмадэр и щхьэгъэрытхэми си гъуситIми ящIэгубжьащ, сэри си щхьэм къихьар жызоIэ:

– Сэбэп къыпхуэхъунур ныщхьэбэ къызэхуегъэшэс, пщыIэ къалэм фыдэкIи, фызэуэн хуэдэу зывгъэлъагъуэ. Фи хьэдэр щIэфлъхьэжащ, цIыхур я пщыIэ екIуэлIэжащи, филъ фхуэщIэжынумэ, и пIалъэр къэсащ...

Тхьэмадэр дгъэгузэвауэ, си псалъэр къызэпеуд:

– Дыбгъэзэуэнуи?

– Хьэуэ. Фызгъэзэуэнукъым. Мыдэ къедаIуэ: фызэуэн хуэдэу зывгъэлъагъуэ, фэ зытевгъэауэ, къуажэ щIыбым мафIэ щыфщI, фызэщIэкъугъэ, фоч вгъэауэ, бэрэбан феуэ, фызэрыгъэкIий, сэ сщIэ мыгъуэрэ: мыбыхэм зы бэлыхьлажьэр къыдащIэнущ жевгъэIэ.

– Къалэм танк дэтщ, дзэ дэсщ. Мэру абы тетыр зинэкIэ къалъхуауэ емынэунэщ. Аращ вэсэмахуэ хьэлэч дызыщIар. Уи фэр IэбжьанэкIэ тезыхын гуэрщ, къытщысхьынукъым. Къалэм дыдимыгъэхьэну тхьэ иIуащ, дыгъуасэ джэбыныпхъэ къащэхуну бэзэрым кIуар игъэтIысащ. Псы къудей къыдитыркъым а гъуамэм.

– Зэ умыпIащIэ. ЖысIэнур жысIакъым иджыри. Фи цIыхум хьэргъэшыргъэ къаIэту, зэрыгъэкIий сыту зэхэтыху, сэ гъусэ къысхуэщI нэхъ уи дзыхь зэбгъэзым ящыщу зыплIытху хуэдиз, я нэкIур пхауэ. Сэ сшэнщ ахэр зи гугъу пщIым дежи, сеплъынщ, Iуэхур зэрыхъур уэ нэбгъакIуэм къыбжаIэжынщ.

Тхьэмадэр гупсысащ:

– Хъуну пIэрэ ар иджы?

– Хъумэ, хъуащ, мыхъумэ, сыт хэкIуадэр?

Ти, шейхъыр лIыжь Iущти, къыгурыIуащ. ЩIихужауэ щыта щхьэгъэрытхэр къыщIишэжри, тIур си гъусэу нэкIуэну унафэ ищIри, адрейхэр зэбгригъэкIащ, пщыIэ къалэр къызэщIаIэтэу сэ зэрыжысIам хуэдэу зэрызехьэну, мафIэшхуэхэр лъагапIэхэм тращIыхьыну, къалэм

дэсхэм къалъагъун хуэдэу. Дызыхуэныкъуэр машинэ дызэрыкIуэнти, ари шейхъым къытхуигъуэтащи, дэри зыдогъэхьэзыр, щхьэж и къалэныр яжыдоIэ. Жасы нэмэз щIыгъуэ хъуауэ къыщIэкIынтэкъым хьэргъэшыргъэшхуэ къыщаIэтам. ПщыIэ мин хъурт губгъуэрысу, палестин къэIэпхъуауэ къалэ гъунэм щысыр – цIыкIуи ини къызэрыIэтащ, мацIэ къатеуа хуэдэу. Дэри зиддзэщ машинэми, къалэм дыдэлъэдащ. Мэру дэсыр я унэм кIуэжат. И унэр хъумакIуэм къаувыхьауэ яхъумэ, губгъуэрыс зэрызехьэр къалэм къатеуэу ялъ ящIэжыну аращ зыхуейр, жаIэри. Къалэм и тетыр унэм къыщIэплъын шынэу щIэсщ, мэкIэзызри. Дэри машинэкIэ дыщежалIэм, хъумакIуэхэр къытпэуващ, дыщIагъэхьэн ямыдэу, арщхьэкIэ сэ тхылъ сIыгът дзэпщым и Iэ телъу, сащIэкIиещ, сепщэдыкъауэри унэм сыщIэуащ, си гъусэхэр зэрызигъусэу. Мэру плъагъур къэпщIэнтIащ, саукIыну къэкIуащ жиIэри, и фэр пыкIауэ бзагуэ хъуным нэсащ.

– Къалэм и мэрыр уэра, тхьэмадэ? – жысIэу сыщеупщIым, «тхьэмадэ» зыфIэсщар сэ нэхърэ куэдкIэ мынэхъыжьу арат. Езыри зэIынауэ, «тIыс» жиIэу дригъэблэгъэфыркъым. Мэрым и пIэкIэ нэгъуэщI гуэр къэпсэлъащ:

– Аращ, Хьэрун Ар-Рашид нэгъабэ лъандэрэ мэр угъурлы дыдэу тетщ ди къалэм, – жиIэри.

– Уи угъурлыгъэр ара яукIа къомыр зытраукIар, Хьэрун Ар-Рашид? Иджыпсту мухъутару къалэм дэсыр къызэхуэшэс. Сэ дзэпщым срилIыкIуэщ, еплъ си тхылъым, – жысIэу си хьэфэ тхылъыр къиспхъуэта щхьэкIэ, хьэрф дэнэ къэна, сэ дахэ-дахэу и нэм сыкъыIуидзэркъым, Iэпэлъапэсыс хъуащи.

– Жэщыбгми?!

Сэри мэрым сыжьэхолъэ:

– Жэщыбгым! Дакъикъэ пщыкIутху пIалъэу узот: къызэхуэсрэ – уи насыпщ, къызэхуэмысрэ – уи фызыр уи нэкIэ плъагъуу IуспIэнщи, уэри абы укIэлъызгъэкIуэнщ. Дзэ къебджэу апхуэдиз цIыху зэтепIущIэну лъэкIыныгъэ къозытар хэт?

Мэрыр IумпIафэ къэхъуащ:

– Къызэхуэсшэсынщ, сахьиб. Къызэхуэсшэсынщ. ИIэт, гъакIуэт бжэIупэм Iут щIалэхэр, – жиIэу Хьэрун Ар-Рашид плъагъум къэуIэбжьауэ унэм щIэт щхьэгъэрытым унафэ хуищIащ. – Уэри дзэм я пашэр къысхуэшэ, икIэщIыпIэкIэ къэсыну жеIэ. А угъурсызыракъэ бэзэрым тет цIыхур зэхэзыIущIар. Алыхьым къыхуигъэгъункъым. Сэри жейм сезэгъыжыркъым, палестинхэмрэ губгъуэрысхэмрэ дауэ дгъэфIэжа хъуну жызоIэри.

– Мухъутархэр къызэхуэсмэ, абы я унафэр тщIынщ. Аращ сэ сыкъыщIагъэкIуар.

Куэд дэмыкIыу зыгуэрхэр къызэхуос, пIэм хэлъу къагъэтэджыжащи, я гум темыхуэу, иныкъуэми дыхьэшх нэпцI защI, дафIэауану. Сэ зэхызагъэхыну езыр-езыру ину зопсалъэ: «Хэту пIэрэ жейм емызэгъ емынэ шырыр?»

– СщIэркъым: Хьэрун къоджэ жаIэри сыкъалъэфащ.

– Хэтми щыкIа гуэрщ.

Зы гуп унэм къыщIохьэ папщэу, зэрызэгуэпыр IупщIу.

– Мэрыр жейм емызэгъмэ, дэра зи лажьэр? – жиIэу япэ итам къыщыжьэдэкIым, адэкIэ жиIэнум нэзмыгъэсу сеуэщ, сыкIуэцIыпкIэри къизудащ, и пщампIэр субыдщ, къыщыслъэфыжри сыщIэкIиящ:

– Зи уни зи жьэгуи зыфIэкIуэда цIыхур хьэдэлъэмыж пщIыри уи фызым и гупэ угъуэлъыжауэ укъагъэтэджыжа? Щхьэ укъыщхьэщилъэфрэ: иджыпсту фIэкIа пIалъэ имыIэу уссэкIынщ, уи фызыр къыпхуэмеижын хуэдэу. – ЗэрыслъэкIкIэ сеуэри и нэпкъпэпкъри зэхэскъутащ.

Мэрыр къэлъэIуащ, и къуэдзэр сIэщIэкIуадэ и гугъэри: «Дызэвгъэпсалъэ, си хьэщIэ лъапIэ. Нэхъапэ щIыкIэ дызэвгъэпсалъэ. Абыи хъарзынэу къыгурыIуащ, дызэпсэлъэнщи, нэхъыфIщ. Ар къэпщт щхьэкIэ, Iуэхукъым. Къуэнша щыIэми мыкъуэншаи щыIэщ. ЗэхэдгъэкIмэ, хэт дежкIи нэхъыфIщ».

Къизудар къыщIизудар сэри сощIэж: цIыхур езыгъэукIар армырами, яхэтащ. Абы нэмыщIу, сызыхэтым я пIалъэ сощIэ: пхуэгъэшынэмэ, къодэIуэнущ, пхуэмыгъэшынэрэ – уи пщэм къыдэтIысхьэнущ, бэуапIэ къуамыту. Ящыщ къизудащи, адрейхэм я фIэщ хъунущ сазэрыщымысхьынур, нэхъ IумпIафIи хъунущ, езы мэрыр яхэту. Сэри сыувыIэркъым.

– Мо палестинрэ губгъуэрысу зыкъэзыIэтар къэсмэ, хеймрэ мысэмрэ зэхагъэкIыу зэхэтIысхьэн фи гугъэ? Мыбы къызэрыхьыну къэзмыгъакIуэу ерагъыу зэтесIыгъэщ. – Си удыным нэхърэ жысIам къызэхуэсар нэхъ игъэгупсысауэ къыщIэкIынут.

– А зэрыгъэкIий къомыр мыбыкIэ къэкIуэнуи?!

– ЛъабжьэкIэ драхынщ.

– ЗэрыгъэкIийр щIызэрыгъэкIийр ялъ ящIэжыну я Iэпэлъапэ машхэри аращ. МыбыкIэ къэмыкIуэн щхьэкIэ, мыбдеж кърихьэлIар дызэгурыIуэн хуейщ унафэ дыгъэлкIэ.

Мэрыр къызоубзэ:

– ЖыIэ, си хьэщIэшхуэ, уэ жыпIэр ди унафэщ. УкъэзыгъэкIуа дзэпщми жеIэж...

Сэри сыкъызэрыкIащ:

– АтIэ унафэр мыращ: пщэдей фIэкIа пIалъэ имыIэу пщыIэ къэс уэздыгъэ зырыз ялъысу электричествэ яхуевгъэшэнщ. Ар зы. ЕтIуанэу: кIэнауэ дэфтIыкIынщи, бжьамийкIэ псы яхуевгъэшэнщ. Ещанэу: палестинхэри губгъуэрысхэри хуиту къалэм къыдыхьэ хъууэ, дэкIыж хъууэ, лэжьапIэ къэзыгъуэту IэнатIэ Iуувэми зылI зэран хуэмыхъуу, фызэзэгъыу фызэдэпсэунщ.

– Гын ящэми хъуну?

– Зыщэр къэвубыд. ДыгъуэгъуакIуэри къэвубыди, хабзэм ефт. Фыарэзы абыкIэ? – жысIэу сащеупщIым, иджыри къэс сымылъэгъуа телефоныр си нэм къыфIэуащ. ЗанщIэу секIуалIэри унэр зейм семыупщIу трубкэр къасщтэри мыбы дыкъэзыгъэкIуа дзэпщым и унэм сыпсэлъащ. Мо къызбгъэдэтхэми зэхахын хуэдэу ину сыпсалъэрт, инэралым сыщIэупщIэу. Абдежым кърихьэлIэу дзэр зезышэри къэсащ, мафIэр и жьэм къыжьэдэлъэлъу, арщхьэкIэ псори зи IэмыщIэ дилъ инэралым и цIэр исIуэурэ сепсалъэу щызэхихым, зиущэхужащ. Сызэпсалъэ дзэпщыр къызоупщI:

– Сыт хъыбар, Фэуаз?

– Хъерщ, зи уз кIуэдын. ЗэкIужауэ я псэр зы чысэм илъщ.

– ЖыпIэр сыт? ЦIыхур зэтраукIэу къалэр ягъэсауэ хъыбарщ. Иджыпсту къэпсэлъами аращ жиIэр: губгъуэрысыр къалэм теуэну зэрызехьэу.

– Къатеуэнукъым. Зыри къатеуэнкъым, тхьэм жиIэмэ. Уи фIэщ мыхъумэ, къалэм я мухъутарыр мыбдеж щытщ, трубкэр естынщи, еупщI.

– Сыт сыщIеупщIыр? СынэкIуэнщи, жыпIэр пцIырэ пэжрэ

зэхэзгъэкIынщ, хьукумэтым яжетIэжын хуэдэу.

– УкъакIуэми, тхьэм фIыкIэ укъихь, дыппежьэнщ, уи нэкIэ уэдгъэлъагъунщ, зи уз кIуэдын.

– ТIэяркIэ сынолъатэ.

– Къэлъатэ. Хъарзынэкъэ. Мис, псоми зэхах.

– Пщэдей сыхьэтибгъум сынокIуэ.

– Дыппежьэнщ, дэгъуэщ.

Трубкэр тызолъхьэжри, унэм щIэтым сакъыхэплъэмэ, я пэр къыпыхуащ, мэрым и жьафэр къыIуролэл. Сэри соупщI:

– НтIэ, дызэгурыIуа?

– ДызэгурыIуащ, си хьэщIэшхуэ.

– Сэракъым хьэщIэшхуэр, хьэщIэшхуэр пщэдей сыхьэтибгъум мыбы къэсри, дыпежьэнщ жызыIэр фынакIуэ. ГурыIуэгъуэ, сахьиб?

– ГурыIуэгъуэщ, си хьэщIэшхуэ.

Абдежым си къулыкъум хуабжьу зиIэтащ. «Фэуаз» жиIэмэ, «текIуэныгъэ» жиIэу къокIри, а цIэр пхуэмыфащэу къыпфIаща уи гугъэ жиIэу къыздэгушыIаи щыIащ.

# Анка*

Пщыхьэщхьэм пшапэр зэхэуауэ инэралыр къэпсэлъащ, пщэдей жьыуэ си деж къэс, жиIэри. Дауэ иджы сызэрыкIуэнур? Машинэ сиIэххэкъым, зиIэм селъэIурэ къэзгъуэтми, къумыр зэпычын хуейщи, машинэр пшахъуэм хэнэнущ, махъшэм уошэсри – зы жэщым абы хуэдиз гъуэгу пхузэпычынукъым. ЛIищ дохъу ираджэри, шы-уанэ зэтелъу щы димыIэну Iэмал иIэкъым. Ди инэралым аращ и унафэр: ди щIыбагъым зы къуажэ цIыкIу къыдэсщи, вгъэкIуи, хэт ейми, къеIыфх, жи.

Дэри зыдгъэхьэзырыху-сытыху, къуажэм дгъэкIуам шищ уанэ телъу къашэри дежьащ. Сэ тIэкIу зислъэфыхьыху, си гъуситIыр шы нэхъыфIыIуитIым шэсащ, зи джабэ иуэжауэ уэдыр сэ къысхуагъанэри. Шы пцIэгъуэплъым сыкъыщилъагъум къыхэщтыкIа хуэдэу зегъэджэрэз, бгъукIэ йокIуэт, йотхауэ симыгъэшэсу, арщхьэкIэ фIыуэ сыжьэдэуэри сышэса нэужь, щIопщымкIэ и джабэр зэпрысхулыкIащ, нэхъ IумпIафIэ сщIын си хьисэпу. Шым къызэдзэкъэн хуэдэу зещI, сэри хуэзмыдэххэнурати, фIыуэ селъэдэкъэуащ, сяпэ ища си гъуситIым сакIэлъыпIащIэу. Си гъусэри къызоплъэкI, къысщIэнакIэу:

– Фэуаз, хамэш тесым и пхэр щIиудыркъым, жи. Ущымысхь уи шым, – жиIэу.

– Мы сызытесыр шы уи гугъэ? НысхуэкIуэркъым, хьэм хуэдэу мэдзакъэ. Мышы емылыджмэ, сщIэркъым.

– Къэгъэущ, армырмэ, инэрал плъыжьым дигъэлъэнщ ХьэфIыцIэ и къыдыру.

Дзэпщым и щхьэцыр плъыжьти, «инэрал плъыжькIэ» еджэрт, и щхьэцыр икIарэ пащIэм фIэкIа цы плъыжь темытыж пэтми. Сэри си шым сеныкъуэкъуурэ си уанэр еутэхыным нэсащ, шыр апхуэдизкIэ ерыщ екIуащи, сепсыхрэ шыныбэпхыр щIэскъузэну сыхуежьэмэ, и ныбэр къегъэпщ, сышэсыжмэ, аргуэру шыныбэпхыр къолэлэжри, згъэущмэ, сыкъещэтэхынкIэ мэхъу. А жэщ закъуэм шым и фэм сэ исхам нэхърэ нэхъыбэж си фэм ирихащ. Нэху щыным куэд къэмынэжауэ, моуэ нэхулъэ къещI щыжысIэм, псынэ тIэкIу иIэти, дыхуозэ. Псы уемыфэу

* Шыпсэм хэт дыщэ бзум и цIэщ.

ублэкIыну Iэмал зимыIэт, адэкIэ къум защIэщи, псы щхьэкIэ умэхами, ткIуэпс бгъуэтынукъым. Си гъусэхэр къепсыхри занщIэу я шыр псынэм яшащ, сэри сыкъепсыха щхьэкIэ, си шыр и пIэм схуикIыркъым.

– А, емынэ унэу хьэм яшхыжын, накIуи, псы ефэ, иужькIэ бгъуэтыжынукъым, – жызоIэри, дэнэ: сэ шхуэмылакIэм сыкъоIэ, езыр пхэщIкIэ йокIуэт, псы зэрыхуэлIэр нэрылъагъу пэтрэ.

ТIэкIу нэхъ нэху къэхъурэ, шым сеплъмэ – тобэ Iистофрилэхь, си шым и нэпситIыр къелъэлъэхыу магъ. Дыгъуэпшыхь сэ къэзмыцIыхужу езым сыкъицIыхужауэ арат ныжэбэ псом бэлыхьлажьэм сыщIыхэтар. Еплъ иджы абы – хьеуанщ, итIани телъыджащэу гурыхуэщ, сыкъызэрилъагъуу щIетхэуар гу зылъызигъэтэну арат, арщхьэкIэ кIыфI хъуауэ къашати, си пщIыхьэпIэм къыхэхуатэкъым мы сэ къыслъагъэса шыр щэ лъхуэгъуэ лъхуауэ, шы жэр ахъырзэман хъуа хакIуитIымрэ къунажыну къигъэна шыбзымрэ къилъхуа нэужь, тщэжауэ щытар арауэ. Шым уеплъ щхьэкIи къыпхуэцIыхуну Iэмал иIэтэкъым, зыщэхуам и фэр ирихат, хьэлэчу ягъэгъуат, фэрэ къупщхьэрэ фIэкIа къэмынэу.

– Анка, Анка! СокъуэншэкIащ, къысхуэгъэгъу, Анка, – жысIэу шым седэхащIэу щызэхихым, арэзы къысхуэхъужауэ и щхьэр иутхыпщIу, нэгъуэщI зыгуэр къэхъужащ, и нэпситIыр къызэрелъэлъэхыу си Iэм къепэщэщыну хуожьэ, мэщатэ, мэпапщэ, и щхьэр си дамэм къытрелъхьэ, и кIэр егъэкIэрахъуэ, лъэм тепыIэркъым, мэщыщ, и макъыр зэкIуэкIауэ.

Сэри шыр сфIэгуэныхь хъужауэ, сыхущIогъуэж, ныжэбэ жэщым седжэбауэ защIэурэ къэсхуащи.

Абы сэ дэслъэгъуари си гум къэмыкIыжу хъунт? Си щIалэгъуэу, си къару илъыгъуэу Анка си адэм къищэхугъащ, шыфIым я щылъхущ, лъхуэмэ, къыщIэхъуэм дигъэунэнкIэ хъунщ, жиIэри. Езыри мыр сыту псэущхьэ дахэу Алыхьу тэхьалам къигъэхъуа жыпIэу къабзэт, удимыхьэхыну Iэмал имыIэу. Дэри тлъэкI къэдмыгъанэу шым дегугъурт, Iуси, мэкъуи, шыудзи щыдмыгъащIэу. Шым кIэлъыплъыныр зи пщэ нэхъ дэлъыр сэрати, нэхъыбэу и ужь ситт, зэзэмызэ сышэсрэ къэскIухьмэ, сыкъэзылъагъур къызэхъуапсэрт. Шыбзыр псэф хъури нэхъыбэжу дегугъу хъуащ. ЗыщIэт бор къабзэт, пщыхьэщхьэ къэс IэщIэлъын щIэтлъхьэрт, мэкъумрэ Iусымрэ ящIыIужкIэ удз хьэжыгъэ хузэхэтщIэурэ едгъэшхырт. ЩIыIэ хъуамэ, уэншэку зыщыплI схьырти, шэщым щIэслъхьэрт, шыр нэхъ тыншын щхьэкIэ. Псы иредгъэфыр псы къабзэ дыдэт, псынэм дыкIуэрэ къатшэу. Анка фIэзыщари сэращ. Шыр апхуэдизкIэ къызэсати, зыщIыпIэкIэ сыщыIауэ унэм къэзгъэзэжамэ, япэ гу къыслъызытэр Анкэт, щыщмэ, унэм щIэсхэр бжэщхьэIум къытеуврт, Фэуаз къэсыжащ, жаIэрти. Сэри унэм сыщIыхьэжыным и пэкIэ шэщым сыщIыхьэрти, шы псэфым сытелъэщIыхьырт, и сокур, и шыкIэр хуэзгъэкъабзэт, кIэрымылъын кIэрылъмэ, шытхъунщI сытхэр сиIэт. Езы шыми и щхьэр си дамэм къытрилъхьэрти, щатэрт е си Iэм къепэщэщырт, зыкъысщихъуэрт, къызэIусэмэ, фIэфIу.

Анка лъхуэри шыщIэ хъарзынэ цIыкIу къилъхуащ. Илъэсищ докIри, шыщIэр хакIуэ бэлыхь мэхъу, шыгъажэм тшэмэ, псоми къатожри ди адэм зэрыжиIа дыдэм тохуэ – шым дегъэунэ. ИужькIэ лъхуэми, аращ. Анка цIэрыIуэ мэхъури, абы и щылъхум къыщIэупщIэу, шыр зыщэхунум зэныкъуэкъуу къаублэ. ПлIэ лъхуэгъуэм шыбзым къыщIэхъуэм дагъэгуфIэурэ здекIуэкIым, сэри дзэм сыкIуэн хуей щыхъум, шым якIэлъыплъын, зезыхьэн унэм щIэсыжтэкъыми, ди адэм шыбзыр ищащ. Абы лъандэрэ мащIэ щIа, иджы зи ныбэ иуэжа шы пцIэгъуэплъым

соплъри, щIымахуэр къихьэмэ, уэншэку шэщым хущIэтлъхьэу тIыгъа шыбзыр арауэ пщIэжынкъым. Тхьэм ещIэ, езыр щIэгъри арагъэнщ, сыкъыщилъагъум сэ зэрызгъэтыншу щытар и гум къэкIыжауэ. Шым и нэпс къелъэлъэхыр слъагъумэ, сэри си гур къызэфIонэ, сыкъыщиуду сыгъыну, шым сигъэкъуаншэ къысфIощI: «Сыт мыгъуэр фэсщIат, щхьэ сыфщэу си фэр иревгъэха, си щылъхуу шы жэр дапщэм фи фIыцIэ ягъэIуа», – жиIэ хуэдэу. Сэри сигукIэ жызоIэ: «Сэра мыгъуэкъым узыгъэунэхъуар, Анка. Узезыхьэн щимыIэжым, си адэ лъэрымыхь хъуам уищэжащ». Си гум илъым шым гу лъита хуэдэу, езы Анка нэхъ къэбэдзэуэжа къысфIощI, и нэпсым пичауэ и тхыцIэр егъэш, фIалъэкIэ щIым йоуэ, къызопэщэщ, и кIэр еутхыпщI, къэшэси, япэм дызэребгъажьэу щытам хуэдэу иджыри цIыхум дахэгъэхьэ жиIэ къысфIощI.

– Фэуаз, щхьэ умышэсрэ? Уи шыр увыIа? – жеIэри си гъуситIым я зыр къызоупщI. КъызэупщIыр си къуэдзэу дзэм къыздыхэтщ. Инэралым тIури зэуэ дыщIриджар къытхуэщIэркъым. Адрей фIамыщIым хуэдэу фIыцIэр шу лIы гъусэу здызошэ, ди шыр ихъумэну.

– Шыр ара уи гугъэ увыIар? Сэращ!

– Гуэбэн уигъэщIа?

ДыздэкIуэнум дынос и пIалъэ дрихьэлIэу. Дынэмысуи хъунт: Анка псы езгъафэу сызэрышэсыжу, сыкъицIыхужащ жыхуиIэу, и гур къызэрыгъуэтыжа хъунти, япэм салъэщIэмыхьэу къэкIуа си гъуситIыр иджы си ужь ит защIэурэ къэкIуащ, мы шым епщIар сыт жаIэу зыхуахынур ямыщIэу. Инэралым и унафэри кIэщIт: си гъуситIыр егъэкIуэж, си пщэ дэлъа Iуэхур си къуэдзэм и пщэ делъхьэри, сэ езым деж сыкъегъанэ. Сызытеса шыр Iэдэжу яшэжри, къызыIаха феллахым иратыж. Сэри сежьэн хуейуэ къыщIэкIащи, хьэфэ тхылъи сыти схузэрагъэпэщ, нэгъуэщI къэралым Iуэхутхьэбзэ гуэркIэ сагъэкIуэну. Си унафэр нэгъуэщI къэралым сыкIуэу Iэщэ къыдатынур къэсшэн хуейуэ арат – сэ схузэфIэмыкIын хэлътэкъым, итIани нэхъ сытригъэгушхуэну дзэпщым сыкъегъэгугъэ:

– Къэбгъэзэжмэ, тхьэмахуитIкIэ фи унэ узгъэкIуэжынщ, – жеIэри.

ЖыхуаIа къэралым сокIуэри Iэщэр къыщызатыну кхъухь тедзапIэм сынэсмэ, Iэщэр иджыри къэсакъым, нобэ-пщэдей жаIэурэ зыкъомрэ сыдэсщ, сщIэи сыти щымыIэу. Ауэрэ дызыпэплъа кхъухьхэри къосри, сыщIэкIуа Iэщэр къаIызох. Iэщэр зэмылIэужьыгъуэу икIи куэд мэхъури зыщыбгъэуэну Iэмал зимыIэщ, Iуэхур зэфIэгъэкIыгъуафIэу щытатэмэ, сэрауэ къыщIэкIынтэкъым мыбы къагъэкIуэнур жызоIэри согугъу. Абыи сесэжауэ, къеIысхыр мыдэкIэ къэзутIыпщым, къеIысхыр Iэщэм къыкIэлъагъакIуэм естыжурэ мащIэри сыдэса. ИкIэм-икIэжым псори зэфIокIри къызогъэзэж, инэралым жызоIэ:

– ЗэфIэкIащ. Къанэ щымыIэу дэфтэрым итар къезгъэшащ.

Дзэпщри къысщыгуфIыкIащ:

– ДызэрыпщыгугъауэукъыщIэкIащ, лIы ухуэдэлIщ, – жиIэри.

– НтIэ, сыкъызэрыбгъэгугъар пщымыгъупщэжауэ пIэрэ?

– Сщыгъупщэж хъурэ! ТхьэмахуитIкIэ хуит усщIыну жысIащи, еуи, кIуэж. Уи адэ, уи анэми схуажеIэж дызэрыпхуэарэзыр. Гъуэгу махуэ! Къэбгъэзэжмэ, уи къулыкъум и унафэр сщIынщ.

Зы махуэли сымыщIу къытызодзэри ди унэ сыкъокIуэж. Куэбжэм сынэблагъэрэ сызыщIэдэIукIмэ, япэм хуэдэу Анка и щыщ макъ щызэхэзмыхым, си гум щIыхьауэ унэмкIэ сымыкIуэу шэщым сыщIохьэ. АрщхьэкIэ сыт пщIэн – шыр щIэтыжкъым. СыкъэкIуэжауэ щызэха-



3 Заказ № 189

хым, си адэ-анэри си шыпхъухэри гуфІауэ унэм къызэрыщІох. Си адэм егъэщІагъуэ шэщымкІэ сызэрыкІуар, шыр зэрыщІэмытыжыр сщІэ пэтрэ.

Унэм дыщІыхьэмэ – япэу зи гугъу къэзгъэхъеяр шы пцІэгъуэплъыр арат: Анка сэ къэзмыцІыхужу езым сыкъызэрицІыхужар, сыкъыщилъагъум и нэпситІыр къелъэлъэхыу зэрыгъар. Абы и гум къэкІыжар ди унагъуэм ямыщІэу къэнэнт, Іэджи жаІэжащ, шыр зэращам хущІегъуэжауэ, яфІэгуэныхьи хъуащ. Абы хуэдэу и фэр зэрырахар щажесІэжым, ди адэм унафэ къысхуищІащ:

– КІуэи, Анка щхьэкІэ къыдатам хуэдэу тІу ети, имыдэмэ – щы, шыр къэщэхуж, – жиІэри. Сэри си нэт, си псэт шыр къэсшэжу шэщым щІэзгъэувэжыну.

Махуэл фІэкІ сымыщІу ахъшэ къасщтэри шыр зыщэхуам деж сыкІуащ. Ари сыту къэгъуэтыгъуейуэ къэзгъуэтат. СыздэкІуам пщІэншэу сыкІуауэ къыщІэкІащ: Анка и фэр якъуауэ пщІантІэм дэлът, лІэри и фэр трахыжауэ. Шыр зейм зэрыжиІэмкІэ, Анка нэ техуауэ арат, зэкІуэцІыгъуарэ фаджэу щыта пэтми, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ зауэлІхэр тесу махуитІкІэ ягъэхьэулеяуэ Анка къашэжа нэужь, епэзэзэхыу, мычэму и нэпсыр къежэхыу, яхуэмышхэу, псы къудеи яхуемыфэу шэщым щІэтащ, мыбы зигъэлІэжыну и мурад, жаІэу. Иужьым укІурия пэтми, зыми нэкІэ къеплъакъым, Іус хуахьами епэмыххакъым. Жэщ гуэрым, куэд щІакъым, лІауэ нэху къекІати, мес, и фэр ямыгъэкІуэдыну якъуащ.

Иджы гуауэщхьэуэ хэхуар сэращ. А шым къыщыщІар сэ нэхърэ нэхъыфІу хэт ищІэнт? Дэ тІур дызэрыгъуэтыжа нэужь, и гугъа хъунт дяпэкІи дызэгъусэну, ди унэ сшэжрэ зы зэман мэкъу хьэжыгъэрэ хуэнщІейрэ зэхэтпщэу Іус хуэтщІу, щІыІэ хъумэ, шэщым уэншэку хущІэтлъхьэу, псынэм къитшрэ псы едгъафэу зэрыщытам хуэдэу а махуэр къыхуихуэну. АрщхьэкІэ къыздрашам аргуэру щашэжым, дуней зытетыр фІэмыдэхэж, фІэмыІэфІыж хъури, яхуэмышхэурэ зигъэлІэжащ.

– Анка и гуэныхь къэсхьащ, – жиІэри ди адэр абы сымаджэ ихъукІауэ зыкъомрэ игъэгузэващ, гуэныхьыр сэ къэсхьауэ къэлъытэ, жысІэ щхьэкІэ сыгурымыІуэу.



# Аргъуей

Іурдан Іуфэм Іус къуажэм къады къыдэтІысхьат, ткІиищэрэ и пэм кърихy мафІэм пэцыр игъэлыгъуэу. Къуажэдэсыр зэхэзехуэн ищІащи, къыпэщІэхуэр ХьэфІыцІэ и къыдыру егъэлъей. Мэжджытым кІуэхэр молэм хуэтхьэусыха щхьэкІэ, зыри къикІакъым. Къадым дэтхэнэ феллахьми зыгуэр пеубыд: зым и хьэр банэурэ игъэжейркъым, зым адакъэ куэдыщэ иІэщи, мычэму маІуэ, зым и шыдыр и хадэм йохьэри зэхеутэ. Дагъуэ зыхуимыщІу къуажэм дэсыр жьы дыдэ хъуауэ и закъуэпцІийуэ псэу лІыжь Шаукэтщ, зэзэмызэ мэжджытым къакІуэрэ нэмэз ящІа нэужь, блынджабэм кІэрысу лІыжьхэм ягъэхъыбарым щІэдэІурэ и унэм екІуэлІэжыфмэ, фІэнасыпу дунейм тету. Жылэр зыгъэгумэщІ къадыр къуажэ гъунэм щопсэу, унэ хьарзыни щІапІи иджыблагъэ къищэхуауэ. Шаукэт и щІы Іыхьэр къадым и щІапІэм пэмыжыжьэу щылъщ, Іурданыпсым и Іуфэм Іулъу. ЩІыхум я тхьэусыхафэм едэІуа нэужь, лІыжь кхъахэм мурад гуэр ещІ.

ПщыхьэщхьэкІэ Шаукэт плъэмэ, тыншу елъагъу и гъунэгъуу псэу

къадыр щыгъуэлъыжынум деж я унэ щхьэгуэшхуэу жьыщIэхум деж пIэ зэрыхуащIыр. ЖэщкIэ уэмщ, унэм ущIэлъмэ, ужеифыркъым. Шаукэт щетIысэхым щыщхьэукъуэми, жэщкIэ жейм езэгъыжыркъыми, нэхущым къотэдж, мэжджытым кIуэну ежьэмэ, къадыр зыхэлъа пIэ щабэу унащхьэм телъыр елъагъу.

ВакIуэ дэкIыгъуэр къэсри феллахь и цIыхугъэ гуэр къэкIуат:

– Дызэгъэдзей мы гъэм, Шаукэт, – жиIэри.

– Мы гъэм си щIым зезгъэгъэпсэхунущ, – жиIэри лIыжьым абы къыфIигъэкIакъым. Пэжыр жыпIэмэ, езым хьисэп зэрищIаращ: мы гъэм сылIэну къыщIэкIынщ, гъавэ щIэсщIэн щыIэкъым, сымылIэу сыкъанэмэ, щIым зы гъэ зигъэпсэхумэ, къыкIэлъыкIуэ гъэм дынэсмэ, тхьэм фIыкIэ дынигъэс, гъавэ бэв къытесхынщ, жиIэу. Шаукэт щIыфI иIэт, зищI къызэмэщIэкI гуэри къакIуэри къелъэIуащ «бэджэнду къызэт, къытетхыр ди зэхуэдитIу», жиIэри, ари лIыжьым идакъым, зрикъун гъавэ и гуэным илъу къыщIэкIынти. Езыри губгъуэмкIэ дэкIри псы Iуфэм Iутурэ здэкIуэм, щIалэ гуэр хуэзати, елъэIуащ псыр къыдигъэуэхыу щIы мывам ириутIыпщхьэну. Псыр IущIати, къыдэгъэуэхыгъуейтэкъым, езыри псым еплъу зыкъомрэ щытащ, иджыри къэс сызыгъашхэ си щIыр зигъэнщIу псы езгъафэмэ, псапэ хъункIэ хъунщ, жиIэу.

Куэд дэмыкIыу Шаукэт и щIыр псы шэдышхуэ хъуащ. Псыр щIэлъадэ защIэу щытщи, блэкI-къыблэкIыжым ягъэщIагъуэ: ярэби, прунж химысэну пIэрэ мы щIыр зейм, жаIэу. ЛIыжьым псыр къызэрыдигъэуэхар куэд лъандэрэ щыгъупщэжауэ и унэм щIэсщ, зэзэмызэ фIэкIа уэрамым къыдэмыхьэу. А гъэм гъавэ хъарзынэ къэкIауэ цIыхур щогуфIыкI, дадэр тIэкIуи щIегъуэжа хуэдэщ и щIыр бэджэнду зэримытам щхьэкIэ, итIани щIэгузэвэн щыIэкъым, нэгъабэрей гъавэм щыщ иIэщи.

– Иджыуэ къыщIэкIынщ си лIэгъуэр къыщысар, – жиIэу Шаукэт зигъэгукъыдэмыжу бжэIупэм Iусу, къадым лIы къыхуегъакIуэ:

– Къыпхуейщи, накIуэ.

– Дауэ сынэкIуэн, сылъэрымыхьщи, мэжджытым сынэсыфыркъым. Къадым и ныбжьыр дэнэ нэсрэ?

– Щэ ныкъуэм щIегъу.

– АтIэ сэ си ныбжьыр щэм щыщIигъуа гъэр сщыгъупщэжащ. Къысхуеймэ, езыр си деж кърекIуэ. Си сэджыт къэткъым, си бытыр къэткъым, си унэ сыщIэсыжщ. Сэр фIэкIа зэджэн игъуэтыркъэ?

– Уэращ зыхуейр.

– Сыт къыскIэригъуэтар? И танэ сшхакъым, иш къэздыгъуакъым. КъыщIысхуейр щхьэ жимыIэрэ?

– Езым къыбжиIэнщ.

– Шыд къэпшамэ, сытетIысхьэнт, лъэсу сынэкIуэфынукъым. – Шаукэт и гугъат къадым зыгуэркIэ гулъытэ къыхуищIыну къигъэкIуауэ, армыратэмэ, и дыкъуэнагъ башыжьыр игъэдалъэу къэкIуар дихужынкIэ хъунт. КъэкIуар дэкIыжа нэужьи хущIегъуэжат: къуажэм нэхъыжь дыдэу къыдэнэжа лIыжьыр къезгъэблэгъэнщи, игу дахэ хуэсщIынщ, зыхуэныкъуэ щыIэми, сыдэIэпыкъунщ, жиIэрэ лIы къигъэкIуамэ, емыкIу къэсхьакъэ, жиIэу. Арауи къыщIэкIынт, лIы къэкIуам шыд пэху ныбэф цIыкIу къиишэу къыщигъэзэжым, тIэкIу сабэ зыпыухьу щIытетIысхьэжар. Хуабэ дыдэу щыта махуэри пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуащи, цIыхур дунейм къытехьэжащ. Дадэр шыд шууэ здэкIуэм Iэджэм йогупсыс, къадыр абы къыщIыхуейр къыхуэмыщIэу. И жьыщхьэм и щхьэ закъуэ-и

лъакъуитӀу унэ нэщӀым къыщыщӀэнакӀэ, сыт къыхуащӀэми, хуэфащэщ, игъащӀэм лажьэ-шхэжу мэпсэу, хьэрэм лъэпкъ ишхакъым, Ӏэбэлъабэми ящыщакъым. Щхьэгъусэ иӀар лӀэри щӀилъхьэжащ, бын Алыхьым къритакъым, хьэжы ищӀыну мурад иӀати, хьэжыщӀ кӀуэгъуэ къэсыху сымаджэ хъуурэ щэ къэнэжыгъуэ къэнэжати, къызэхъулӀэну Алыхьым иухауэ къыщӀэкӀынкъым, жиӀэри щигъэтыжащ.

– Уэ къеблагъэ, тхьэмадэ. Къеблагъэ, сыгузэват, лъэрымыхь дыдэу пӀэрэ, и гъунэгъум деж лъэсу къыщымыкӀуэфкӀэ, жысӀэри. – Къадыр лӀы щэджащэжьу джанэ кӀыхьыжьыр и лъэдакъэпэм нэсу, и щхьэм теп-хъуа бэлътоку къуэлэныр уэрдыхъум ещхьу къытриӀыгъэу лӀыжьым къыпежьэри, хуэсакъыпэу и блыгур иӀыгъыурэ шыдым къригъэпсыхащ. – НакӀуэ, неблагъэ унэмкӀэ. Сыту фӀыуэ укъэкӀуа, ярэби.

– НтӀэ, къоджэр нэхъыжьщ. Уэ къэбгъэщӀам хуэдэу тӀу къэзгъэщӀами.

– Уи жагъуэ умыщӀ, тхьэмадэ. Сэрат нэкӀуэну зыхуэфащэр, лӀыкӀуэ нэзмыгъакӀуэу. АрщхьэкӀэ сегупсысыжри сынэкӀуакъым: цӀыхур бзаджэщ, уи дей сынэкӀуауэ гъунэгъум сыкъалъагъумэ, нэгъуэщӀми уеджэкӀэ къэмыкӀуэнкӀэ мэхъу, «езыр кърекӀуэ» жаӀэу. НакӀуэ хадэмкӀи, тӀэкӀу дыщыгъэс. – И макъым зрегъэӀэтри къыпещэ. – Ей! Къэхьэуэ сыт зыгуэр къэфхьыт. ХьэщӀэ сиӀэщ!

«Мыбы жылэр игъэтхьэусыхэу жаӀэ щхьэкӀэ, цӀыху Ӏейуэ къыщӀэкӀынкъым, хабзэ хэлъи хуэдэщ, къысхуэгумащӀэ хуэдэуи щытщ», – жиӀэу Шаукъэт и гум къэкӀащ. Нэхъ нэжэгужэ къэхъужауэ хадэм здисым зиплъыхьмэ, унэ зэтетыр къабзэу зэлъыӀухащ, ӀэхуитӀлъэхуитщ, щхьэгъубжэр зэщӀолыдэ, щхьэгуэуи щӀащи, унащхьэм джэгу щыпщӀ хъун хуэдизу инщ, пщӀантӀэ кӀуэцӀым жыг хьарзынэхэр зэмылӀэужьыгъуэу дэтщ, жыг щӀагъыр жьыщӀэхущ, бассейн тӀэкӀуми псы къабзабзэ, щхъуантӀэ хъужауэ, изу итщ. Бассейным и курыкупсэм фонтан цӀыкӀуи хэщӀыхьат, псыхэуэ сурэту щӀам и жьэм псы къыжьэдиутхыкӀыу. Къадым къеубзэ хуэдэу зищӀ щхьэкӀэ, дзыхь хуэпщӀ хъунутэкъым, и бзэр ӀэфӀми, ткӀийщ, зэ уи ужьым къихьамэ, икӀыжынукъым, зыхуейр ӀэщӀэмыхьауэ.

– ЦӀыхум жаӀэн жыхуэпӀэм щӀэ щӀэткъым. Уи Ӏупэм тесмэ, аращ зыхуейр, – жиӀэу Шаукъэт къадым зыдищӀ хуэдэу зещӀ.

– Дауэ ущыт, тхьэмадэ? Уи закъуэ дыдэу упсэу си гугъэщ? Ара мыгъуэуи къыщӀэкӀынщ уи щӀыр мы гъэм умывэу къыщӀэнар.

ЦӀыхухъу гуэрым подноскӀэ псы щӀыӀэ, къэхьэуэ, ӀэфӀыкӀэ гуэрхэр щӀыгъуэжу къехьри мраморым къыхэщӀыкӀа Ӏэнэ цӀыкӀум къытрегъэувэ, езым зы псалъи жимыӀэу йокӀуэтыж.

– Си закъуэщ, къады, зи закъуэр Алыхьырщ. Сыт мыгъуэр пщӀэн? СищӀри звакъым, мы гъэм сылӀэн си гугъэри.

– Ӏэу! Усымаджэ, тхьэмадэ?

– Жьы ущыхъукӀэ, усымаджэ зэпыткъэ? Пщыхьэщхьэм ущыгъуэлъыжкӀэ нэху щымэ, укъэтэджыни укъэмытэджыни – Алыхьым фӀэкӀа зыщӀэ щыӀэкъым. Си щӀыр бэджэнду сты си хабзэти, мы гъэм стакъым... Зы гъэ зигъэпсэхумэ, уэшхым и лъагъуэу, бэвым и гъуэгуу хъунщи, нэхъ дигъэгуфӀэжынкъэ.

Шаукъэт гурыщхъуэ ищӀащ, си щӀыр бэджэнду сӀихыну ара хъунщ щӀым щӀыщӀэупщӀэр, жиӀэу, арщхьэкӀэ Ӏуэхур здэщыӀэр аратэкъым.

– СынызщӀоджар, тхьэмадэ, сынолъэӀуну аращ.

«УкъызэлъэӀунумэ, щхьэ сыкъебджа, си деж унэмыкӀуэу», – жиӀэу

дадэм и гум къэкIат, жиIар нэгъуэщIми:

– Къадыр къызэлъэIу щыхъуакIэ, иджыри куэдрэ сыпсэуну къыщIэкIынщ, – жиIэри дадэм дыхьэшх хуэдэу зищIащ.

– Тхьэм уи гъащIэм къыпищэ. Уэ си щIым зигъэпсэхумэ, жыпIэу уи псалъэм къыдэбгъакIуэу жыпIащ. Псалъэ тэмэмщ. Сэри зызгъэпсэхун мыгъуэу арт сызыхуейр, си нэм щIы сызытетыр имылъагъужу сыкъэнащ, жейм сезэгъыркъым...

– Iэзэ хъарзынэ къуажэм дэсу жаIэ – ущIэупщIа?

– Iэзэкъым сэ сэбэп къысхуэхъунур. Уэращ.

– Дауэ?

– Уи аргъуейм сагъэжейркъым, къыбгурыIуа? Уи щIыр псы шэд защIэщ, псы итыр щхъуантIэ хъужауэ аргъуей тIысыпIэщ, сыкIуэри сеплъащ: аргъуейр пшэ Iэрамэу щхьэщытщ, пщыхьэщхьэкIэ зэбгрокIри къуажэмкIэ зрат. Сэ унащхьэм сытелъщ жэщкIэ. Нэху щыхукIэ самыгъэжейуэ сезауэу пIэм сыхэлъщ. Пщэдджыжьым сызэщIэбэгауэ сыкъотэдж...

– НтIэ сыт мыгъуэр тщIэн? Аргъуейри Алыхь IэмыркIэ дунейм тетщ.

Къадыр къэпщту хуежьащ:

– ПщIэнур пщIэркъэ? Уи щIым хуэзэ псыIур гъэкъабзэ, кIэнауитIщы дэтIыкIи, псы инар игъэкI. Псыр икIмэ, аргъуейри кIуэдыжынущ. Абы нэхъей, уи щIыр си щIапIэм къемыуалIэу щытами, зыгуэрти. Жьы тIэкIу къыкъуэуамэ, аргъуейр си дежкIэ къехь.

Шаукэт къэнэщхъеящ. Хэт и гугъэнт, аргъуейм абы хуэдиз бэлыхь къадыр хигъэтыну. «Гъунэгъурэ гъуэншэджрэ» жиIащ пасэрейм, уи гъунэгъу бгъэгумэщIыныр гуэныхьу къыщIэкIынщ.

– Хъунщ, къады. Мы гъэр икIащи, сыт пщIэжын. ЕтIанэгъэ Тхьэм фIыкIэ дынигъэс, дынэсмэ, Iэмал имыIэу щIыр звэнщи, мэш тессэнщ.

– КIэнауэр-щэ?

– КIэнауэри? КIэнауэ жыпIэу щIыр зэхэбуцIапIэмэ, иужькIэ пхуэвэжрэ? – щыжиIэм, къадыр къызэрыкIыпэрэ зыгуэр къызищIэмэ, жиIэу шынэжауэ и псалъэм къыпищащ. – Хъунщ, къады, кIэнауэми зыгуэр есщIэнщ.

ЕтIуанэ махуэм Шаукэт мэжджытымкIэ кIуащ, жэщым гупсысэм ямыгъэжейуэ гугъу ехьа пэтрэ. Къадым къыжриIа илъэпкъыр нэмэзыщI къэкIуам яжриIэжащ. ЛIыжьхэм яхэттэкъым къадым хузэгуэмыпи, псори зэакъылэгъут: «Зы кIэнауи умытI, псыIури умыгъэкъабзэ. Аргъуейри къадым деж кIуэмэ, езым и зэранщ, пцIанабзэу унащхьэм телъщ, шхыIэн зытрипIэмэ, зэфIэкIащ», – жаIэу.

Къадыр Шаукэт дежкIэ Iэджэрэ къэплъащ, зыгуэр ищIэу пIэрэ, жиIэу. Дадэр пщIантIэм дэтуи губгъуэм ихьэуи плъагъуртэкъым. Аргъуейри нэхъ мащIэ хъуртэкъым. Щымыхъужым, езы къадыр и гъунэгъум деж унажэ кIуэмэ – лIыжьыр лIэри хьэдэ къуаншэ хъуауэ къыщIэкIащ.

# Лыгъэ

А емынэунэм и гугъу фымыщI, пщIыхьэпIэ Iей флъагъунщ, жаIэу цIыхур щымэхъашэт Къэрэмырзэ, имыгъэшынэ щымыIэу. Езыр щыпсэур Алыхьым фIэкIа зыщIэ щыIэтэкъым. Нэхъыбэм я гугъэт хьэпсым

ис защIэу и дунейр ихьу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зыгуэр IэщIэщIыхьыху, ягъэтIысырт, IэщIэмыщIыхьIауи куэд дигъэкIыртэкъым. Зэгуэр, хьэпсым къикIыжа къудейуэ уэрамым къыдыхьат, ишхын дэнэ къэна, тутын къудей имыIэу. Уэрам еуэкIыпIэм деж увауэ бэзэрым кIуэ-къэкIуэжым еплъу щытт, ахъшэ зи куэду зи гуфIакIэ хуабэмрэ зыщыгугъ мыхъунумрэ зэхигъэкIыу. Ауэрэ зыгуэрым гу лъитащ и фэмкIэ, и зыщIыкIэмкIэ, и кIуэкIэмкIэ ахъшэфI иIыгъыу.

– КъэувыIэт, си къуэш, – жиIэри Къэрэмырзэ и нэм къыфIэнар къегъэувыIэ. – КъэрэмырзэкIэ зэджэр сэращ: къащтэ сом мин.

– Сом мин сиIатэмэ, лъэслъэбыкъыу уэрамым сыдэтрэт.

– Къащтэ тумэнипщI.

– ТумэнипщIи Алыхьым къызимытамэ, дэнэ къисхын?

– Тумэн! Ухэныпэ нэхърэ – лъэпхъуамбыщIэ жаIащ.

Куэдрэ зримылъэфыхьу Къэрэмырзэ кIэригъэху защIэу лIым гу щылъитэм, мыр Къэрэмырзэу цIыхур зыгъэшынэр арауэ къыщIэкIынкъым, къэрабгъафэ къызэзыплъа бзаджэнаджэ гуэрщ, жыхуиIэу зыIуригъэхын и гугъащ:

– Сызыхуэзэм тумэн есту щытатэмэ, си дзэлыфэр тIауэ уэрамым сыдэлътэкъэ, – жиIэри.

Модрейм аргуэру кIэрегъэху:

– Сом, тутын кърисщэхуну, къызэт, – жеIэри, арщхьэкIэ гурыIуэркъым:

– Сомри си дежкIэ ахъшэщ.

Ахъшэ хуэныкъуэм афIэкIа хуэхьыжакъым:

– АтIэ апхуэдизу уахъшэншэу ущIэпсэуни щыIэкъым, – жиIэри зыкъызэкъуихащ, къеуэри зи гуфIакIэ хуабэу зыхуигъэфэщар пIэтIауэу, лъэкъуауэу ежьэжащ.



Ти, аргуэру Къэрэмырзэу плъагъур хьэпсым ирадзэжащ. Абы и хъыбар уэ зэхэпха, сэ зэхэсха – хэIущIыIу хъуауэ къыщIэкIынти, зауэ къыщыхъейм, Iэтащхьэхэм я унафэкIэ хьэпсым ис лIыр ираджащ, абы хуэдэ лIы ахъырзэманкъэ дызыхуэныкъуэр, зауэ-банэу дунейр щихькIэ, дзэм къыхэдвгъаши, ирезауэ жыхуаIэу. Къэрэмырзэр хьэпсым изэшыхьауэ «Iы-Iы» щыжимыIэм, къэрэгъул и гъусэу штабым ирагъэшащ, зэрыщысыну хуеяри хуагъэгъури. ЗдэкIуар къыхуэнэщхъыфIащ, Iэджэм щагъэгугъыу къепсэлъащ, зыхуей илъэпкъыр къыхуащIэну къагъэгугъащ: улIы пхъашэщ, уябгэщ, лIыгъэшхуэ пхэлъщ, уэ пхуэдэращ дзэ зешэн хуейр, жаIэурэ щытхъупсыр кърагъэжэхати, езыри къэгумэщIауи къыщIэкIынт, щIэупщIащ:

– Сыт хуэдэ къулыкъу къысхуэвгъэфащэрэ?

– Шу бригадэ удотри зешэ, Iэщэу узыхуейм хуэдизыр къащтэ.

Къэрэмырзэ дежкIэ бригадэр куэдыщэт, улахуэ къыхуагъэлъэгъуар и пщIыхьэпIэм къыхэмыхуауэ улахуэшхуэщ, нэхъыбэ ущIэупщIэну емыкIущ. Пэжт, дзэуэ кърататар бригадэ дыди хъунутэкъым, итIани дзэпщу ущагъэувкIэ, узыхуэчэмыр уэ къэгъуэтыж, улIрэ пащIэ птетмэ. Къэрэмырзэ арыншэми и пащIэм нэхъ зэлIалIэ щыIэкъым. ПащIэр фIыцIэщ, Iувщ, кIырщ, жыжьэу уеплъмэ, япэ уи нэм къыщIидзэр и пащIэращ, абы къыкIэлъыкIуэу фэ вакъэ фIыцIэм ещхь и пэр, лъы къытелъэдэжауэ и нэшхуитIыр, тепщэч ныкъуэ хуэдиз хъу и тхьэкIумэр. Езыри нэпкъпэпкъышхуэ хъужауэ, лIы Iэпщацэжьт, къыпэщIэхуэр зэпкъриуду, дзэм ящыгъ фащэкIэ зихуэпа нэужь, нэхъ лIы бжьыфIэж хъуащ, пыIэ плъыжь щхьэритIэгъам фIэкIа игу иримыхь щымыIэу. Къамэ, сэшхуэ,

кIэрахъуэ сытхэри зыкIэримыхыу кърехьэкI, къемыхьэлъэкIыу. Ауэрэ дзэм яхэзэгъа нэужь, Къэрэмырзэр штабым ираджэри я мурадым щыгъуазэ къащI, щызэуэну щIыналъэм и картэшхуэр унэ лъэгум ираубгъуауэ, дзэпщхэр къеувэкIауэ зэхэтщи, кърагъэлъагъу хэт дэнэ деж зыщричу бийм иубыда къалэм теуэнуми. Баш кIыхь зыIыгъым картэм теIэбэурэ къарегъэлъагъу:

– Мис мы къуэладжэм деж танкыр жэщым щызэхуосри заущэхуауэ дэсщ, сигналым къыпэплъэу. Топу диIэр мо къуэгъэнапIэм къыкъуэукIыурэ бийм я топыр, я пулеметыр зэхагъэщащэ, ерплану диIэри мы щIыпIэм къолъэтыкIри къалэ гъунэм деж екIуэкIыу щIытI защIэщи, бийм быдапIэу яIэр аращ. ЩIытIым итри исри бомбэкIэ хьэбэсабэ ящIа нэужь, Къэрэмырзэ и дзэр шым епсыхщ, я къамэ, я сэшхуэ, нэгъуэщI къехьэлъэкIын илъэпкъыр зыкIэрахауэ, ныбапхъэкIэ пщыуэрэ, бий ундэрэщхъуам гу къылъамытэу, йопщылIэри, сигнал зэредгъэлъагъуу, зыкъаIэтри зы напIэзыпIэм бийм я быдапIэм тоуэри, топышэмрэ бомбэмрэ къелар зэтраукIэри, къалэр къащтэ. ГурыIуэгъуэ? – жиIэри штабыр зезыхьэ инэралыр офицер зэхэтхэм къеупщIащ, Къэрэмырзэ нэхъ зыкъыхуигъазэу. Къэрэмырзэ тхылъ ищIэртэкъыми, картэм итри исри – зыри къыгурыIуэртэкъым, ауэ ар абы тегузэвыхьакъым:

– Догуэ, шындырхъуо дыхъуа, ныбапхъэкIэ щхьэ дыпщын хуей? – жиIэри.

– НыбапхъэкIэ умыпщмэ, узыбгъэдагъэхьэрэ? Я щIыгу унэмысу укъытрагъэбагэркъэ?

– Дыкъытрагъэбагэ дэнэ къэна, дыкъракъухьауи щIы – хъунукъым ар.

– НтIэ дауэ?

– Мо картэм сэ хэсщIыкI щыIэкъым. Сыгъэлъагъу бийр здыдэсри, шым дызэрытесу датеуэнщ, бомбэмрэ топышэмрэ къагъэхъея сабэр мытIысыж щIыкIэ дынэсынщи, бийм зедупсея нэужь, текIуэр плъагъунщ.

– Ара?

– Аращ.

– АтIэ, хьарзынэщ: къалэр къапщтэрэ – къалэ щIыбагъым щIыуэ дэлъыр къалэр къэзыщтам ялъос. Зауэр зэфIэкIмэ, фызэрыхуейуэ вгуэшыж.

Дзэм ар зэхегъэхи, сыкъыкIэрохури Iыхьэншэ сохъу, жиIэу пIащIэтхъытхъыу цIыхур зэрыхьу кIуэнущ. Къэрэмырзэ щIы сиIащэрэт жиIэу щIэмыхъуэпсми, щIы хуэмейуэ дзэм зырызыххэ хэтми аращ. Къалэм дэсари дэкIри ежьэжат дзэм фIэкIа къыдэмынэу, я хьэпи-шыпи дашри нэгъуэщI щIыналъэ итIысхьат, къэралитI зэзауэм я кум дыдэмыкIуадэ щIыкIэ, жаIэри.

Зауэр и пIалъэм хуэмызэу ирагъэжьэри топ зыгъауэм ялъэкI къагъэнакъым, ерпланри бийм ящхьэщымыкIыу бомбэкIэ мыхьыр ирагъэхьурэ уи къали сыти умылъагъужу Iугъуэмрэ сабэмрэ зэщIащтауэ Къэрэмырзэ щилъагъум, къэсащ ди пIалъэр, жиIэри инэралым епсэлъащ. Иужьым и шуудзэ къуэгъэнапIэ къуэтыр иришажьэри топышэмрэ бомбэмрэ ягъэундэрэщхъуа бийм «уэхьэхьей-уэтэтей» жаIэу ятеуащ. СэшхуэкIи, фочкIи, лагъымкIи яхуэщIэр ящIащ. Къалэм щыдэлъадэм бийм я танкым, бронетранспортерым хьэлэч къащIу щыхуежьэми къикIуэтакъым. Езы Къэрэмырзэр япэм иту зауэм Iухьат. Огнемет жыхуаIэр а махуэм къащIащ, огнеметым мафIэ бзийр псыутхым ещхьу къиутхмэ, шыри

шым тесри мафIэу къызэщIэлыдэурэ щхьэпридзырти, шыр щхьэхуэу, лIыр щхьэхуэу тIури щIыдагъэм хуэдэу исырт, итIани Къэрэмырзэ шыщхьэмыгъазэти, и дзэм къалэр къащташ.

ЛIыгъэ зезыхьа псоми орден къыщратым тхьэ зэхуаIуащ, я ордену хъуар я бгъэм хамылъхьэу я бэракъым хаIуу, а бэракъыр яIыгъыу адэкIи зэуэну. Къалэ къащтар «фIыгъ» жаIэри дзэм иратри, езыхэр нэгъуэщI IэнатIэ Iуувати, къалэр къызыхуагъэнам яхуэIыгъакъым. Куэд дэмыкIыу Къэрэмырзэ къигъэзэжу жэщтеуэ имыщIу хъуакъым. Аргуэру бийм и къарур къызэрогъуэтыж. «Iыгъ» жаIэу къызыхуагъэна щтэрыкхъу къомым яхуэмыIыгъыу иратыжри, езы дыдэхэр бгъуэтым къащтэ. Къэрэмырзэ и къару хэщI фIэкIа хэхъуэркъым, итIани унафэ хуащI: иджыри зэ къатетхыжынщ щыблэр зыдэуэн къалэр, жаIэри. Къэрэмырзи ещIэж ещанэу къатехыжыгъуей зэрыхъунур, бийм кIуэ пэтми нэхъ зегъэбыдэ, къару нэхъыбэ зэщIегъэуIуэ, IэщэкIи нэхъ хуэщIащ, итIани Iэпщацагъэкlэ ятекIуэн и гугъэу дзэпщым къегъэзэжри зегъэхьэзыр.

Къэрэмырзэ и дзэм ятрекъузэ:

– Е къыдамытыну дызыщагъэгугъ щIыр къатетхыжынщ, е а щIым дытекIуэдэнщ, – жиIэу. – Зауэм хэкIуэдами къелами я орден къомыр зыхэIуа бэракъыр къалэм дэдмыхьауэ щыдгъэтынкъым, зауэм хэкIуэдам я быныр псэууэ къанэм япIыжынщ. Алыхьым къытхуиухам дыхуэзэнщ.

Шуудзэр ещанэу зауэм щыIухьэм, зыкъомрэ кIуащ, къеуэ щымыIэу. Гурыщхъуэ зыщIаи щыIэт: бийр шынэжауэ къалэм дэкIуэсыкIыжауэ пIэрэ, жиIэу. Пщэдджыжь нэмэзт, дунейр бзыгъэт, махуэр хуабэ зэрыхъунум гу лъыуигъатэу. Къалэжь цIыкIу щIызэрыукIыр тыншу плъагъурт, дэтхэнэ унэм щхьэгъубжэ дапщэ хэлъми. Жьыр ди щIыбагъымкIэ къепщэрти, шу къомым къагъэхъея сабэр пшагъуэ гуэрэным хуэдэу япэм ит защIэщи, нэхъ дыкъамылъагъуурэ гъунэгъу захуэтщIынщ, жиIэу Къэрэмырзэ ар и гурыфIыгъуэщ, щIэгузавэ куэд щыIэ пэтми.

Шу къомыр зэрыIыгъыу губгъуэм иту здэкIуэм, мо къалэ гъунэм нэблэгъауэ сэшхуэм и пIалъэр къэсакъэ жаIэу зыщрачым, лэгъупыкъуищэ зэхэзэрыхьа хуэдэу огнемет къомым къариху мафIэр, лыгъэ зэдза мэз я пащхьэм къихутыкIа хуэдэу, дзэм къажьэхэуащ. Абы ищIыIужкIэ Iэщэу яIэ псомкIи къауэу. Дзэр жыхьэнмэм и курыкупсэм щихуэкIэ, псэ зыIутыр мыгужьейуэ къэнэнт? Шыр яхуэмыкIуэу зыкъратIэмэ, я сокур къызэщIэлыдэрэ мафIэр къапылъэлъу бгъукIэ еIэрти, е щхьэпредз, и ужь итми къакIэлъыкIуэ щыIэщи, ягъазэ хъуркъыми, шур зэтрехьэ. МафIэ къыщIэнар игъэункIыфIын и гугъэу ныбапхъэкIэ зыхэзыдзэр япIытI е мафIэ къыпихым шыр егъащтэ. Шы щыщ макъри цIыхум я кIий макъри зэхыхьэжауэ дунейм тетыр зэщIэкъугъэ, зэщIэкIие хуэдэщ. МафIэр къэзыутIыпщхэр тыншу плъагъу щхьэкIэ уалъэIэсынукъым, щIытIым уелъэн хуейщи, абы нэмыщIыжу огнеметыр зэрыт танкыр хэтIащ, лагъым сыткIэ упэмылъэщыну. Нэхъ гъунэгъуу уекIуэлIэху, шуудзэр нэхъ зэтощахэ, жьэрымэм бэуапIэ къуитыркъым, губгъуэм гъуэзыр итщ, Iугъуэри сабэри зэхыхьэжауэ. Нэвгъази, къуэгъэнапIэм зефт, жиIэу Къэрэмырзэ къигъэзэжыну и гум къэкIа щхьэкIэ, дэнэ укIуэн, губгъуэр джафэщи, топышэмрэ пулеметышэмрэ уэм хуэдэу къатолъалъэ. Мыра мыгъуэти ныбапхъэкIэ фыпщ щIыжиIар жиIэри, дзэпщым имыдар и гум къэкIыжа щхьэкIэ, щIегъуэжакъым. Шындырхъуом хуэдэу ныбапхъэкIэ упщми, мафIэм сыткIэ укъелынт? УкIиин

къудейр уи тэмакъым къикIыркъым, лы гъэлынцIам и мэм уигъэбауэркъым, цIыхури шыри мафIэр къапылъэлъу щIэпхъуэми, куэд ямыкIуу къытохуэри пIэтIауэ-лъэкъуауэу, къадэIэпыкъуни щымыIэу мэкIуэд. Уи пIэм уитыну Iэмал иIэкъым, уи къарум къихьыху, здэбунэтIамкIэ кIуэ, укъелмэ, укъелащ, ухэкIуадэмэ, Алыхь унафэщ. МафIэм ихьыр умыщIэу, шэм иукIри мафIэм исыжу, япэ ита шу гупыр кIуэдыкIейуэ напIэзыпIэм кIуэдащ, сэшхуэ къихыгъуэ имыхуэу. Я ужь итам щтэуэ ямыгъэзэжу, я шым епсыхри зэрахузэфIэкIкIэрэ къалэм дыхьащ, нэхъыбэр къратыну зыщыгугъа губгъуэм ирисхьащ е илIыхьащ. Къэрэмырзэ лъэс зищIри къалэмкIэ еIати, лъэмыжыжь цIыкIу щикIым, мафIэр къыжьэхэуэри и щхьэци и пащIи илыгъуащ, и щыгъыным мафIэр къыщыщIэнэм, и насыпти, и шу лIы гъусэм игъэункIыфIыжащ, ауэ и щхьэ джабэр пыIэ щхьэрыптIагъэ мыхъужу хьэлэчу щхьэ къупщхьэр плъагъуу исащ, и блатхьэри илынцIащ. Губгъуэм къина шы къомыр фочышэмрэ топышэмрэ яхьащ е шы уанэ зытелъхэм къажыхьурэ зэуапIэм здитым мафIэм ирагъэсащ.

– ДунейкIэ жыхьэнмэр ди фэм икIащи, ахърэткIэ жэнэтыр къытлъысынущ, – жиIэурэ Къэрэмырзэ цIыху зигу кIуэда хуэзэмэ, и гур фIы хуищIыжырт, зауэр яухыу къалэр аргуэру къащтэжа нэужь. Бригадэм щыщу псэууэ къэнар мащIэ тIэкIут, нэхъыбэр ныкъуэс хъуат, уIэгъэт. Езыр госпиталым ягъэкIуэну щыхуежьэм, идакъым, си пащIэр ягъэлыгъуа щхьэкIэ, си гъусэ хыфIэздзэнукъым, жиIэри.

Къалэм Къэрэмырзэр къыданащ, нэгъуэщI дэбгъэтIысхьэмэ, яхуэIыгъынукъым жаIэри. Орден къомыр зыхэIуа бэракъым хъумакIуэ бгъэдигъэуващ, цIыхури гъущIри зыхьа мафIэм къызэрелар фIэгъэщIэгъуэну. А дзэпщ ябгэр къалэм дэсыхукIэ зыкърапщытакъым, къалэр къытетхыжынщ, жаIэу. Къэрэмырзэ и дзэм щыщу къелам я лъэ къыщIэувэу щилъагъум, къалэ щIыбагъым дэлъ щIыр ягуэшыну хуежьащ. Абы и хъыбар щIыр зейуэ щытахэм щызэхахым къызэрыхьащ, щIыр бгуэшу ддэнукъым, ди мылъкущ, жаIэу. Зи щIи зи къали зыхуэмыхъумахэр губгъуэм дишри Къэрэмырзэ жиIащ:

– Мы губгъуэм илъ мывэ къомыр флъагъурэ? Зы мывэ илъкъым, мывэр къэпIэтмэ, зы щхьэ плъыжь дэ тщыщу щIэмылъу. ЩIыр зэттым лъырэ лIыгъэкIэ къахьащ я щIы Iыхьэр. Зы бжьиз а щIым щыщу фэттынукъым. IэщэкIэ ттефхыну фыхуежьэрэ – мывэ къэс щхьэ зырыз щIэдмылъхьауэ ди Iэщэр дгъэтIылъынукъым.

КъэкIуахэр зэчэнджэщыжри:

– Банэ Iураулъэф мы лIы ябгэм, – жаIэри къыздикIам ягъэзэжащ.

Къэрэмырзэ щIыр игуэшри, езым къаIих щымыIэу, дзэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьати, хэкIыжащ. Шуудзэ хъарзынэр дунейкIэ жыхьэнмэ мафIэм хэзгъэкIуэдащ, гуэныхь ин къэсхьащ жиIэри, тридзэри хьэжыщI кIуэгъуэм зригъэхьэлIэри хьэж ищIыну ежьащ, зэрежьари адрейхэр зэрежьам хуэдэт? Iихьрэм сыт жиIэу зыхэмытын хэмыту, фащэ къекIу щыгъыу, къамэ кIэрыщIауэ, сэшхуэр гуэлъу, маузерыр гуэлэлу, маузерышэри куэду иIыгъыу гъуэгум теуващ. «Мыр дэнэ – аргуэру зауэм укIуэрэ?» – жаIэрти, къэзылъагъур къыщIэупщIэрт, арщхьэкIэ Къэрэмырзэ зэуэныр зыбжанэ лъандэрэ пичат, дауи пимычынрэ – иджыри къэс и щхьэр мыхъужа дэнэ къэна, и набдзэр, и нэбжьыцыр къэкIыжакъым, и пащIэ Iувышхуэм щыщ къэнамэ, имыупсыжу хъуакъым. И насыпыжьти, и нэшхуитIым лажьи-хъати яIэкъым – хъарзынэу ялъагъу. ОрденитI и лIыгъэм къыпэкIуащи, бригадэм я бэракъым хиIуауэ хэлъщ,

лIыгъэм и дамыгъэм дежкIэ ар нэхъ къекIуу къилъытати.

Жылэр хьэжыщI кIуэмэ, япэрауэ, Чэбэм къыщыщIадзэри тхьэмахуэ енкIэ хабзэм къигъэлъагъуэр ящIэ, андез ящтар мыкъутащэрэт, жаIэу тегузэвыхьу. Къэрэмырзэ япэ здэкIуар Мадинэщ. Мухьэмэд бегъымбарым и кхъэр зыщIэт мэжджытым нэсати, хъумакIуэ Iутхэм къагъэувыIэ:

– Мыр дауэ: сэшхуэкIэ узэщIэузэдащ, хьэжыщI укъэкIуа хьэмэ зэуакIуэ укъэкIуа? – жаIэри.

– ХьэжыщI сыкъэкIуащ, гуэныхь къэсхьар згъэгъуну.

– АтIэ зыкIэрых уи Iэщэр, андез щтэ, Iихьрэм зыщытIагъи, ущIэдгъэхьэнщ.

– Хьэуэ, IэщэкIэ сыкъызыхуэт щымыIэу Мухьэмэд бегъымбарым зыкъезгъэлъагъумэ, и гуапэ хъунщ, лIы хуэдэлI си пащхьэм къиуващ, жиIэнщи.

ХъумакIуэхэм захъунщIащ, адэкIэ жащ, мыдэкIэ жащ, зыгуэрхэри къашащ, арщхьэкIэ Къэрэмырзэ заIэщIиудщ псоми, мэжджытым яфIыщIыхьащ, хъумакIуэхэм ящIэнур ямыщIэу къызэхинэри. Мухьэмэд бегъымбарым и сыным теIэбэри и щхьэ хужиIэж хуэдэу:

– Ей, си ныбжьэгъуфI, уэ мыбы ущIэзыхуам сэри мафIэ къызадзу сагъэс пэтащ, – жиIащ. Дзэпщым абы кърригъэкIыр: дэ тIум ди натIэ илъари ди насыпри зыщ.

Къэрэмырзэ Мадинэ къалэм фIэмыкIыу къигъэзэжри къэкIуэжащ, Мухьэмэд бегъымбарым и гукъеуэ жриIэри и бампIэр игъэтIысауэ.

# ВитI



И фыз нэхъыжьым игъэхьэзыра гъуэмылэр и фыз нэхъыщIэм къихьри, вэуэ губгъуэм ит Дуду игъэтхъэжащ. Езыри ешат, махуэр шэджагъуэ нэужьым нэсати, витIыр щIигъэхури вытIощыщIэр ярылъу иутIыпщат, тIэкIу загъэпсэхумэ, щIэсщIэжынщи, къэнэжар нобэ сымыухми, пщэдей сыухынщ, жиIэу. ФIыуэ шха нэужь, жьауапIэм здыщIэсым жейр къытеуащ. И фызыр иутIыпщыжри, тIэкIу зигъэпсэхумэ фIэигъуэу, Дуду зигъэукIуриящ, витIым гъэужь къалъыхъуэу губгъуэм иту.

Куэдрэ жея, мащIэрэ жея, Дуду къызэщыурэ зиплъыхьмэ – витIыр бгъуэтым къащтэ. Iуащхьэ тIэкIу илъэгъуати, кIуэри дэкIуеяуэ зиплъыхьа щхьэкIэ, витIыр илъагъуркъым, узэупщIыни Iэшэлъашэм щыIэкъым. Псы хуэлIамэ, псымкIэ кIуагъэнщ жиIэри псы цIыкIу ежэхымкIэ кIуащ – щыIэкъым, къуакIэбгыкIэ гуэрхэм хъуакIуэу дэмыту узиIэ жиIэри зиплъыхьа щхьэкIэ, витIыр кIуэцIрыхуам хуэдэщ. Унэм кIуэжа и гугъэу, къуажэм къигъазэмэ, «тлъэгъуакъым» жаIэу фызитIри мэгузавэ, губгъуэмкIэ къакIуэмэ, пхъэIэщэр здэщылъам деж щылъщ, и хьэпшып тIэкIури аращ. Мо къуажэ гъунэгъум мыкIуауэ узиIэ, жиIэри Дуду къуажэ мыжыжьащэмкIэ иунэтIащ, куэд мыщIауэ а къуажэм я щхьэлым ху иригъэужьгъыну ишати, витIым фIыуэ зыщагъэпсэхуауэ щытащи, тхьэм ещIэ аргуэру щхьэлымкIэ кIуа? ВитIыр щхьэлымкIи мыкIуауэ къыщIэкIащ. Азэн джапIэм къехыжа къудейуэ ефэнды гуэр щыхуэзэм емыупщIу хъунт?

– Уа, ефэнды, азэн джапIэм утету азэн ущыджэм лъэныкъуитIымкIи зыбгъазэурэ уджащ, си витIыр умылъэгъуауэ пIэрэ? – жиIэри Дуду ефэндыр къигъэувыIащ.

– Хьэуэ, слъэгъуакъым. – МуIэзинми имылъэгъуауэ къыщы-

щIэкIым, Дуду и гур кIуэдыпащ, езыри ешащи, къару къыхуэнэжакъым. Иджы хэти уеупщIыну, дэни укIуэну? Пшапэри зэхэуащи, тIэкIу дэкIмэ, кIыфI хъунущ, улъыхъуэу къэпкIухь щхьэкIэ мыхьэнэ иIэкъым. Ауэрэ жэщ къыщытехъуапэм, гуэщыжь уэрамым къытету щилъагъум, «хамэ къуажэ къэзджэдыхьу сыдэмыту, мы гуэщым нэху щызгъэщынщи, пщэдей жыыуэ аргуэру сылъыхъуэнщ», жиIэри Дуду гуэщым щIыхьэри, плIанэпэм деж хьэуазэ тIэкIу зыгуэр тепхъуауэ дэлъу гу щылъитэм, кIуэри гъуэлъащ.

– ХьэIуцыдзым яшхын си витIыр дэнэ кIуа? – жиIэу Дуду куэдрэ щылъа щхьэкIэ, жейм хилъафэу щыхуежьэм, гуэщым зыгуэр къыщIыхьауэ Iэуэлъауэ и тхьэкIумэм щицырхъэм, къызэщыури къэгузэващ, гуэщыр зейм сыщIихужыну армырауэ пIэрэ, жыхуиIэу. АрщхьэкIэ къыщIыхьар цIыхубзт, щабэрыкIуэт, шхыни узэфэн тIэкIуи иIыгъыу. «Ярэби, сыту цIыхуфIыщэм я гуэщ сыкъыщыхута, сагъэхьэщIэну шхын къысхуахьащ», – жиIэу и гурыIупсыр къэжа щхьэкIэ, цIыхубз къыщIыхьар къыбгъэдэтIысхьэри зиущэхуауэ къеIущэщащ:

– Уэра ар?

– Сэращ, – Дуду дыхумэ дахэр къыщIихьащи, зыхуихьынур ищIэркъым.

– НтIэ нэхъапэ щIыкIэ дыджэгун хьэмэ ушхэну? – жиIэу къыщеупщIым, Дуду цIыхубзым зыдищIу щэхуу жиIащ:

– Дыджэгунщ. – Иджыт Дуду къыщыгурыIуар хьэуазэ IэплIэм зыгуэр тепхъуауэ плIанэпэм щIыдэлъыр. Дыджэгуа нэужь сигъэшхэнущ, жиIэу арат Дуду и гурыфIыгъуэр.

ЛIым иригъэлеяуи къыщIэкIынтэкъым, цIыхубзыр зэрыщыуам гу щылъитэм, къэтэджыжри тепщэчым илъ шхынри ипхъуатэри макIуэмэлъей, кIэбгъу ищIри пIащIэ-тхъытхъыу гуэщым щIэбзэхыкIыжащ, зив кIуэдар здэщылъым къыщинэри. Жэщыр дэнэ нэсами пщIэнукъым, зэзэмызэ хьэ банэ макъ къоIу армыхъу, Iэуэлъауэ лъэпкъ щыIэкъым. ЦIыхубзым къызэщIигъэплъа лIыр жейм емызэгъыжу щылъти, сытэджу щхьэ ди унэ сымыкIуэжрэ, жиIэрт, къаруи псэруи къыхуэмынэжауэ.

Бжэр къыIуех зыгуэрым. ЦIыхубзым къигъэзэжа и гугъэу, Дуду и Iупэм къэсат: «ВакIуэ сыздитым си витIыр кIуэдри сылъыхъуэурэ жэщ къыщыстехъуэм мыбдеж зызгъэукIурият», – жиIэу къригъэкIуэкIыну, арщхьэкIэ Дуду къэпсэлъэным нэмысу лIы гуэр къыбгъэдыхьэри, къызэрыгубжьар IупщIу, къеупщIащ:

– Хэт мыбдеж щылъыр? Ы-ы!

Зив кIуэдар «сархъ» жиIэу къызэфIэтIысхьэри, цIыхубзым жриIэну и гугъар цIыхухъум жриIащ, тIэкIуи къыщIигъури:

– Нэху зэрыщу сытэджынурэ сежьэжынущ, си витIыр къэзмыгъуэтыжыну Iэмал иIэкъым, вэныр пщэдей сухынурэ жылэр ссэнущ, вагъэр мыгъуж щIыкIэ.

Гуэщым къыщIыхьа лIыми хабзэшхуэ хэлъщ:

– Iэу, зиунагъуэрэ, мыбдеж ущылъ хъун? Неблагъэ унэмкIэ, удгъэхьэщIэнщ. Дэри хабзэ тхэлъщ, емыкIущ, хьэдэгъуэдахэщ. Ди хьэщIэ гуэщым щIэдгъэлъу цIыхум дызэхахмэ, дагъэемыкIунщ. НакIуэ, тхьэм щхьэкIэ. Махуэ псом къэпкIухьамэ, умэжэлIауэ къыщIэкIынщ, – жиIэу.

– Ягъэ кIынкъым. ХьэщIапIэуи сыкъэкIуакъым, тхьэм фи хьэщIэ куэд ищI. Сежьэжми, хъуну къыщIэкIынщ. Джэд дапщэрэ Iуауэ пIэрэ?

– жиIэ щхьэкIэ, Дуду хьилэкIэ зэлIзэфызыр и ужь къиувауэ, бзаджагъэ гуэр я мурад къыфIэщIу шынэрт.

– Уэлэхьи, мыхъун. Жэщыбг хъуари аращ. Дауэ удэдгъэкIыжын ди шыгъупIастэ уэдмыгъэшхыу, удэтхужа хуэдэ? НакIуэ. Сэри жьыуэ сыкъотэджри мэжджытым сокIуэ, зэгъусэу дыкъэтэджынщ.

ХьэщIагъэ кърахым Дуду елъэпэуэфакъым. Гурыщхъуэ ищIми, унэм щIыхьащ, щтэIэщтаблэу зиплъыхьати, нэгъуэщI щIэсу щимылъагъум, лIым и закъуэу псэу и гугъащ. Бысымым и гъуэлъыпIэм иришалIэу «хьэщIэр» щигъэгъуэлъым, занщIэу гу лъитащ бысымыр зыхэлъа пIэ хуабэм къызэрыхэхутам, арщхьэкIэ ирикуакъым еупщIын: «Уи закъуэу упсэурэ?» – жиIэу. Арыншами езы бысымыр мэгъумэтIымэ: «Мыр дэнэ кIуа жэщыбгым, витIым ещхьу бзэхаи». «Мыр» жыхуиIэр, дауи, и фызыр аращ, тхьэм ещIэ, гуэщым ныщыщIыхьам ар зыхуэзэн и гугъар нэгъуэщIу къыщIэкIынт, иджы жэщ кIыфIым абы зыщигъэпщкIу къуэгъэнапIэр хьэпщIэу уимыIэу бгъуэтыххэнкъым. ЛIыр унэм щIэкIащ, и фызыр къигъуэтыжыну, хьэщIэр мэгузавэри пIэм хэзагъэркъым.

Куэд дэмыкIыу фызыр къыщIохьэжри зиудыгъупэурэ гъуэлъыпIэм къокIуалIэри къогъуэлъыж, пIэм хэлъыр и лIыр ара и гугъэу. АрщхьэкIэ, жэщ хьэщIэр зэлIзэфызыр зыхэлъа пIэм къыхэхута зэрыхъуар къыхуэмыщIэу, къоуIэбжь:

– Аргуэру уэра?

– ВакIуэ сыздитым си витIыр кIуэдри... – жиIэу Дуду гуэщым щыжиIэну и мурадар къыщригъажьэм, фызыр емыдаIуэу къыщолъэт, цыджаным хуэдэу къызэкIуэкIауэ:

– Алыхьым дихыжын, уи витIыр си щIыбым илъу къесхьэкI уи гугъэ? СкIэрыкI.

Дуду къотэджыжри хьэм ирахужьам ещхьу дожыж, лIым сыкъимылъагъуу саIэщIэкI закъуэмэ, си витIыр зэпытрэ зэкIэсу укIуэ, си унэ си псэр схьыжмэ аращ, жыхуиIэу. КъэкIуэжмэ, и витIыр къэкIуэжауэ бэкхъым щIэтщ, фызитIри гузавэу жейм емызэгъыу унэм щIэлъщ.

# Кхъэлэгъунэ

– Нэбгъэса уи мэжджытыр? – жаIэу къеупщIмэ, Абу-Деруиш мычэму жиIэр зыт:

– И щхьэр сIэтащ, къэмыуэжмэ. Къэуэжмэ, Алыхь Iэмырщи, сыт сщIэн?

Абы къикIыр жимыIэми, гурыIуэгъуэт: бегъымбарым иригъэщIа мэжджытым и щхьэр иIэта нэужь, къауэ зэпыт щыхъум, и къуэр къурмэн ищIри Алыхьу тэхьэлам и нэфI зыщригъэхуэну щIалэ цIыкIур иришэжьати, къурмэн щIыпIэм нэсауэ къыздикIар имыщIэххэу гъэлъэхъу къыхуашэри, и къуэр псэууэ къелащ. Абу-Деруиш бын иIэтэкъыми, тхьэ зэрелъэIуни щыIэтэкъыми, унэр къауэмэ, Iэмалыншэщ. Ауэ къалэм дэсу хъуам къалъагъу тхьэмадэр зэрегугъур, пщэдджыжьым нэмэз ищIамэ, занщIэу макIуэри унэр зыщIым къахэмыкIыу гъуэлъыжыгъуэ хъухукIэ яхэтщ, и унэгуащэ Шыкъымхэ я пхъур къыхуэгузавэрэ гъуэмылэ къихьмэ, къыдэлажьэхэр кърегъэблагъэри зэдошхэ. И фызым ар ещIэри, къыхуэхьыр къехьыр, псоми загъэнщIын хуэдэу, езы цIыхубзыр мыщIалэжми, щIакхъуэ гъэжьа хуэдэ уцэрэфыжауэ берычэтыфэщ, хьэ-

лэлщи, лъагъугъуафІэщ.

Абу-Деруиш игъащІэми лэжьэрейщ. Нобэ ахъшэ мелуан игъуэтами, къимылэжьауэ сом хэлъкъым. ЩІалэу, къиша къудейуэ къалэм япэ дыдэ къыщыдыхьам зы джыдэ жан Іэрыхуэу къэпым кІуэцІылъу – аращ мылъкуу иІар. А джыдэмрэ и ІитІымрэт зыщыгугъ хъунур. Кавказым къикІыурэ Тыркум къакІуэурэ, Тыркуми къиІэпхъукІыурэ Иорданым къэкІуа адыгэр аргуэру хэкужьым къихьат. Къалэми еплъ: илъэс мин Іэджэ нэхъапэ ящІа мывэ унэрэ псэуалъэрэ бгъуэт щхьэкІэ, бжэи щхьэгъубжи хэмылъу, бгъуэнщІагъым къызэрыгуэкІ щыІэкъым. Я насыпти, къалэ зыдэтІысхьам псы тІэкІуи ежэхырт, къабзэ дыдэу, гъэмахуэм щыгъуж щыІэ пэтми. Къалэр джабэм кІэрыст. Бжэрэ щхьэгъубжэрэ, унэлъащІэ хуэмей унагъуэ бгъуэтынукъым.

Абу-Деруиш жэщи махуи жей жыхуаІэр имыщІэу лажьэрт, Іуэхуншэу къанэртэкъым. И джыдэ жаныр имыгъэтІылъу ІэпщІэлъапщІэ пэтми, къелъэІур нэхъыбэжт, щІымахуэр къихьамэ, жэщкІэ къагъэтэджыжурэ я унэ яшэрт: «НэгъуэщІ тхуумыщІми, бжэ закъуэ ди унэм тхухэлъхьэ, сабийр Іисраф мэхъу», – жаІэурэ. Езыми къелъэІур игъэщІэхъун и дзэ шырт. Дауи бгъэщІэхъун, мывэ унэм щІэсрэ бжэм и пІэкІэ арджэн Іупхъуамэ?

И лІыр здашар имыщІэу и унэгуащэ Шыкъымхэ я пхъур мащІэрэ гузэва, и закъуэпцІий унэ ныкъуэщІым къыщІэнауэ. «Уэ зым фІэкІа мы къалэшхуэм бжэ-щхьэгъубжэ зыщІыфын дэмысу пІэрэ?» – жиІэу и лІым щешхыди къэхъуащ, арщхьэкІэ пхъащІэр ешаелІауэ ерагъыу и щхьэр къихьыжу къыщІыхьэжамэ, фІэгуэныхь хъужырти, едэхащІэрт, нэхъ гумащІэ хъуауэ.

– Бын диІами, зыгуэрт. Дэ тІу мыгъуэращ дызэрыхъур. Сыт абы хуэдизу зыщІэбукІыжыр? Зы махуэ ныкъуэм къэблэжьым тхьэмахуэкІэ дрикъунущ. ТІэкІу зыгъэпсэху, жэщкІэ нэхъ мыхъуми, – жиІэрт унэгуащэм.

– ДызэгурыІуащ, Шыкъымхэ япхъу. Пщэдейризэм мыдрисэм я унэм щхьэгъубжэ хэслъхьэжынщи, зэфІэкІащ. Тхьэмахуэ енкІэ дызэбгъэдэсынщ, зэгъусэу сукъым дыкІуэнщи, дызыхуей щыІэмэ, къэтщэхунщ.

АрщхьэкІэ хъуртэкъым. Аргуэру Абу-Деруиш зы щІыпІэм ирашым, нэгъуэщІ щІыпІэ яшэурэ Іэдэхьеигъуэ имыІэу лъэкІ къигъанэртэкъым. Бжэ-щхьэгъубжэ, унэлъащІэ и Іэдакъэм щІэкІым, унащхьэу иІэтым къыпэкІуэм къыхигъэкІыу унэ ищІыну и ужь щихьэм, Шыкъымхэ я пхъум и гум жьы дихужащ, и лІым лІыщІэ къищтэу унэ щІыным и ужь ихьэри, здэкІуи сыти щымыІэу и фызым и нэІэ къытетти. Зэзэмызэ Абу-Деруиш мрамор щыхахым кІуэрти, езыр зыхуей мывэр къыхихын хуей хъумэ, и унэгуащэр щыздишэ щыІэт, мывэ нэхъ дахэр къыщыхихкІэ ечэнджэщмэ фІэфІу. Къырым Шыкъымхэ я пхъур ихьэмэ, мрамор зэмыфэгъухэр зэбгъэдилъхьэурэ я дахагъэ хъур фІэгъэщІэгъуэнт, псом хуэмыдэу мрамор мывэ фІыцІафэмрэ тхьэмбылыфэмрэ нэхъ зэкІуу къилъытэрт, арщхьэкІэ унэ узыщІэсынур мывэ зэмыфэгъум къыхэпщІыкІынумэ, лъапІэІуэ хъунущ, жиІэрти и лІым идэртэкъым. А лъэхъэнэм ахъшэшхуэ яІэтэкъым, итІани куэдыщэ темыкІуадэу унэ хъарзынэ ящІри щІэтІысхьэжащ.

Абу-Деруиш унащІэм яхэт зэпытт.

– Къалэр илъэс мин ІэджэкІэ хэкужьу щытауэ жаІэ, цІыху къихьэн дзыхь ямыщІу, уэ псэ хэплъхьэжыну и ужь уитщ. Тырку дыдэхэр мыбы щисам къалэм къыдыхьэн шынэу щытауэ арац зэхэтхыр, – жиІэрт унэ-

гуащэм, зэзэмызэ зэдэшхэу пщыхьэщхьэкIэ зэхуэзэмэ.

И щхьэгъусэр зэгупсысыр аратэкъым:

– Дунейр Iэджэми къащIэныжащ. Гуэныхь птемылъу Алыхьым и пащхьэм уихьэжрэ напэ къабзэкIэ уIущIэжмэ, Тхьэр зэтар уэращ. ЦIыхур къытхуейщи, насыпщ, Шыкъымхэ япхъу. Къыпхуей щымыIэу уэ псоми уенэцIмэ, щIыхуэ къэпщтэну дунейм укъытехьауэ аращи, уи щIыхуэ пхуэмытыжу дунейм уехыжмэ, уи псэр тыншынукъым. Дунейр нэпцIщ, укъэзыгъапцIэщ...

– Пхуэмытыжын щIыхуэ Алыхьым къыдимыгъащтэкIэ. Гугъущэ зыбогъэхь мыгъуэри аращ.

– Лэжьыгъэм игъэлIа щыIэкъым. Сэ сщIэфыр нэгъуэщIым щахуэмыщIэкIэ Iуэхуншэу ущысын? Ай, бетэмал, Кавказым дисыжу, ди адэжь я лъахэ дисыжатэмэ, ди лэжьыгъэри къыдэмыхьэлъэкIыу ди щIыналъэ дгъэщIэращIэмэ, арати...

– Ара мыгъуэт, арщхьэкIэ ди натIэ илъым дыхуэзащ, утхьэусыхэу Алыхьым и гур зумыгъабгъэ, – жиIэрт Шыкъымхэ япхъуми, псалъэмакъыр абдеж щаухырт. Езы цIыхубзыр щIыналъэ къыибгынам гукIи псэкIи щыIэ хуэдэт, уеблэмэ адэжьхэм я щIыпIэм сыкIуэу семыплъауэ си псэр мыбы щыпыIэнукъым жиIэри Кавказым яфIэкIуэжауэ щыташ.

Шыкъым Нэху къэкIуэжащ жаIэу и Iыхьлыи и благъи къызэхуэмысу къэнэнт – къуажэм зы бэлыхьлажьэ къыщыхъуа хуэдэу, къэбырсеят, хьэщIэр мычэму къакIуэрт, къакIуэ къэсыхуи фадэ къаIэтырт. «Нэху и узыншагъэкIэ» жаIэурэ езыхэм я узыншагъэр псыхэкIуадэ ящIырт, псыхэкIуадэ мыхъуу, аркъэ хэкIуадэ жыпIэ хъунут.

Нэху куэдрэ якIэлъыплъащ къызыхэкIа лъэпкъым, ирагъэблагъэурэ Iэджэм я дежи щыIащ. ДэнэкIи гъазэ – псоми я псэукIэр зэтехуэрт, хабзэу адыгэм яхэмылъаи къащтауэ гу лъитащ. Зызымыхъуэжыр сытыт? ЩIыналъэр зэрыщытауэ дахащэт, гъавэр уэшхым я кIуапIэщ, къызэщIэрыуащи, нэр егъэджылыр, хъупIэм Iэщу итыр абы хуэдабзэщ. Мэзым ущIыхьэмэ, жэнэт хадэр уи гум къегъэкI, жэнэтбзур нэхъыбэжщ. Арауэ къыщIэкIынт Нэху фадэм дихьэхам щIегияр: «Губгъуэм уихьэмэ, къэкIыгъэм я мэ IэфIым чэф уещI, къуэм удыхьэмэ, псым нэжэгужэ уащIауэ къыбогъэзэж, бгым уихьэмэ, дахагъэм псэр ятхьэкъу, хьэуам щыщ здэсхьащэрэт жыбоIэ, дэни плъэ – дунейм уи гур хегъахъуэ. Сыт мыгъуэ итIани а псом ищIыIужкIэ фадэ дефащэрэт жыфIэу аркъэм зыщIевгъэтхьэлэр?» – жиIэри. Я благъэхэм Нэху жиIар иджыри къэс ящыгъупщакъым.

Абу-Деруиш ар идакъым:

– Абы нэс гиякIуэ укIуат, щхьэ жыпIа? Хэкур дбгынащи, дэнэ увыIэпIэ тхуэхъуну пIэрэ жыдоIэри дуней хъурейр къыдоджэдыхь. Мы щIыналъэм тыркур имыкIыжатэмэ, хэкужь тIэкIури къытлъысрэт? – жиIэри.

Ауэрэ и лIым и дуней тетыкIэм Шыкъымхэ япхъури есэжащ. Ежьэрэ дапщэрэ къэтми, узыншэу къигъэзэжмэ, нэгъуэщI зыхуей щыIэкъым. ПэшиплIрэ пщэфIапIэрэ хэту ящIа унэр зы пэшым къыщIэкIрэ адрейм щIыхьэурэ зэлъыIуех, егъэкъабзэ, мэжьыщIэ, мэпщафIэ, и лIым и щыгъын къабзэу, и шхын хьэзыру сыт щыгъуи къърырегъэхьэлIэж. Зэнэзэпсэу Iэджэрэ зэлIзэфызыр зэдэпсэуащ, зыхуэныкъуэ щымыIэу, ахъшэфIи яугъуеящи, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу хохъуэ.

Къадэхуэр банкым хилъхьэурэ Абу-Деруиш мелуаным нигъэсащ. Дэнэ ихьыну иджы апхуэдиз ахъшэр? Бын яIэххэкъым, тIуми

я Iыхьлы-лыджанэр къыздикIа щIыналъэм къэнащи, къащыгугъ щыIэкъым. НтIэ? Абу-Деруиш: «Мэжджыт езгъэщIынщ, мыдрисэри, библиотекэри пыту», – жиIэри абы триухуащ. Фызым щыжриIэм, абыи къабыл ищIати, къалэм я мухъутарым деж кIуэри елъэIуащ: «Мэжджыт щысщIыну щIапIэ къызэфт», – жиIэри. Унэ узыщIэсынур къалэбгъум щыпщIми мэхъу, мэжджытыр къалэм дэтын хуейт, къалэ кIуэцIым пты хъун щIапIэ нэщI щыIэххэкъым, къытекIи сыти щымыIэу мывэ джафэу зы Iуащхьэжь къалэм къыдэпIиикIыу дэтщи, абы тумыщIыхьмэ.

Мухъутарым занщIэу къыжриIащ:

– Дэнэ деж щостын, мо Iуащхьэжьыр узот, ухуеймэ. – Езым и гугъакъым Абу-Деруиш абы еувэлIэну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абдеж унэшхуэ тепщIыхьын щхьэкIэ, кубометр мин Iэджэ мывэ защIэу текъутыкIын хуейщ.

– Хъунщ, – жиIэу Абу-Деруиш и жьэм къыщыжьэдэкIым, мухъутарым и фIэщ хъуакъым:

– «Хъунщ» жыпIа? – жиIэри.

Модрейми зи гугъу ящI Iуащхьэр тыншу ецIыху. Абы утету зуплъыхьмэ, къалэр зэрыкъалэу плъагъу дэнэ къэна, пащтыхьыр зыдэс пщIантIэшхуэм удоплъэ. Мэжджыт абдеж щыпщIмэ, зымылъагъу къалэм дэмысу, псоми я нэгум щIэтынущ.

– ЖысIащ, тхьэмадэ, жысIащ. ТескъутыкIынщ и щхьэри, и лъабжьэм тесщIыхьыжынщ.

– ПхутекъутыкIыну пIэрэ?

– Алыхьыр къыздэIэпыкъунщ. СщIыр мэжджытщ, диным лъабжьэ хуэхъунщ.

Арати, зэрызэгурыIуэу, къуршыр якъутэу и ужь ихьащ, езы Абу-Деруиш яхэту. IуэхуфI епхьэжьэмэ, къыбдэIэпыкъуни мащIэ: лэжьэну зыфIэфIыр апхуэдизкIэ куэдти, пщIэншэу лэжьэни бгъуэтынут, арщхьэкIэ Абу-Деруиш лэжьапщIэ зримыт яхэтакъым. Мывэ Iуащхьэшхуэм и пIэкIэ мэжджыт ящIынущ жаIэу зэхэзыхри Абу-Деруиш къехъуэхъуурт. Мывэ къутахуэ къомри къалэм дамышу Iуащхьэ джабэм кIэракIутэрт, мэжджыт унэшхуэр ящIмэ, пщIантIэ иIэу ящIын я хьисэпу. Езы Абу-Деруиши и унэгуащэм мрамор фIыцIафэмрэ мрамор тхьэмбылыфэмрэ я дахагъэм дихьэхыу зэрыщытар и гум къэкIыжати, щыгуфIыкIащ: «А мывэ зэмыфэгъуитIыр зэхэлъу зы сатырыр фIыцIэу, зы сатырыр тхьэмбылыфэу мэжджытыр езгъэщIмэ, дахащэ мыхъун уи гугъэ?» – жиIэри. Шыкъымхэ я пхъум щызэхихым, и гуапэ дыдэ хъуащ ар.

Ар къабыл зымыщIа щыIэми, Абу-Деруиш и унэгуащэм фIэфIыр нэхъ къищтащи, унэр еуэиригъэшхыу ящI. Мэжджытым мыдрисэмрэ библиотекэмрэ нэмыщI, кхъэлэгъунэ щIигъэувэнущ: «МылIэжын щыIэкъым, дунейм дехыжмэ, зэлIзэфызри зы кхъэлэгъунэм дилъынщ», – жыхуаIэу. Абы ирихьэлIэу ахъшэр зэрылъ банкым я тхьэмадэр телефонкIэ къэпсэлъащ:

– Абу-Деруиш, къакIуи, уи дэфтэрым уи мелуаным гъэм и кIуэцIкIэ къыпэкIуа процентыр идгъатхэ, – жиIэри.

– Сыт процент?

– Уи ахъшэм къилэжьащ фэрэтI – тхылъымпIэ мин щэщI. ПфIэмащIэ?

– СфIэмащIэкъым, тхьэмадэ. Ахъшэшхуэщ. Ауэ ар сэ къэзлэжьакъым. ФэрэтIуи щIы, пщIэнтIэпскIэ къэзмылэжьар сыту сщIын?

– Дауэ къыумылэжьу: уи мелуаным къилэжьащ.

– Къэзылэжьар си мелуанырами, сэ къэзмылэжьа сыхуейкъым. Сэ мэжджыт сощI, Алыхьу дыкъэзыгъэщIам си къарум къимыхьа ахъшэкIэ мэжджыт хуэпщIмэ, къабыл ищIынукъым. КъэуэжынкIэ хъунущ. ФэрэтIкIэ мэжджыт ящI хабзэкъым.

– НтIэ дэнэ тхьыну?

– Дэни фхьы. Къулейсыз мащIэ?

И лIым телефонкIэ жиIэм Шыкъымхэ я пхъур едаIуэрти: «Ахъшэр сэ къызегъэт», – жиIэу и жьэм къыжьэдэкIакъым. Ахъшэр здихьын къимыгъуэтынуи аратэкъым: фызым нэхърэ нэхъыфIу хэт ищIэнт и лIым езым и пщIэнтIэпскIэ къимыхьауэ зы тхылъымпIэ я IэмыщIэ къызэримыхьар? ЦIыхум и гуащIэдэкIкIэ и щхьэр игъэпсэужын хуейщ жиIэу, арт и лIыр къызытемыкIыр.

ЦIыху хьэрэмыншэ дыдэм и гугъу ящIу, «Абу-Деруиш ещхьщ» жаIэмэ, ар зэхэзыхым щытхъушхуэу ялъытэрт. Мэжджытыр къуэлэн дахэу, мрамор фIыцIафэмрэ тхьэмбылыфэмрэ сатыр-сатыркIэ зэгъэкIущауэ, и азэн джапIэри дахащэу Iуащхьэ лъагэм къыщытехутэм, япэ къэгузэвар щIапIэ къезыта къалэ мухьъутарыращ:

– Пащтыхь къалэм нэхърэ нэхъ лъагэ хъуащ. Ар дауэ? – жиIэри.

– Пащтыхьым нэхърэ нэхъ лъагэр Алыхьу дыкъэзыгъэщIар аращ. Мэжджытыр Алыхьым къыщимыгъауэкIэ, къабыл ищIащ. – Аращ езы Абу-Деруиш яжриIар. АрщхьэкIэ уи гур зэрыгъум дыгъур ирокIуэ жыхуаIэрати, къалэ мухьъутарыр зытегузэвыхьам IэкIэ теIэбащ, ямыщIэххэу зэрызехьэшхуэ къэхъури.

Хэт ищIэнт «сентябрь фIыцIэкIэ» иужьым зэджэжа мазэр къихьэну? Губгъуэрысхэмрэ къалэдэсхэмрэ бжьэцу зэрызехьэу, пащIэгъэлыгъуэ джэгу хэлъ жыхуаIэу, лъэныкъуитIым зызэраупсеят, я къурмакъейр зэрыубыдауэ. Абу-Деруиш и мэжджытыр яуха къудейуэ арат. ЗыкъэзыIэтауэ диным икIа къомым мэжджытым щIэзу щIагуэщ цIыхубзымрэ сабиймри, топыр пщIантIэм дагъэлъадэщ, пулеметри азэн джапIэм трагъэувэжри, пащтыхьым и унэр уи IэмыщIэм илъым хуэдэу плъагъурти, уеуэнумэ, къеблагъэ. Езы мэжджытри абы хуэдэ гуэрым хуащIа хуэдэт, лъагэу тетти, дэнэ хэт щызекIуэми IупщIу плъагъурт. Езы мэжджытыр дахащэу ящIа къудейт, и дзэ мышу хэт къеуэфынт, уеуэу пкъути хъунутэкъым. ЦIыхубзымрэ сабиймрэ щIэзу зэщIэгъуагэрт, щысыр щысу, щытыр щыту, уIэгъэ хъуари абы къашэурэ къыщIалъхьэрт. Губгъуэрысхэмрэ къалэдэсхэмрэ зызэраупсея щхьэкIэ, зэхэлъадэри зэхэгъуэщэжауэ яукIри умыщIэу зэзауэрт.

– Дзэр къалэм къыдэшэ! – жаIэу пащтыхьым щелъэIум – идакъым:

– Дзэр абы къахыхьэмэ, лъы ямыгъэжэнкIэ Iэмал иIэкъым, – жиIэри.

Къалэм щызэрызехьэм я хъыбар танк бригадэу гъунэгъуу щытым нэсри я пашэхэри къэлъэIуащ, хуит дыкъэфщIи, щхьэж хуэфащэ хуэдгъэзэнщ, жыхуаIэу. Дзэр къалэм къыдамыгъэхьэу щызэхахым, зэрызехьэхэр нэхъ къызэрыкIри зыщышынэ щымыIэу батэкъутэр ягъэшырт, пащтыхьыр нэхъ IумпIафIэ ящIу зыхуейр ирагъэщIэну. Уеблэмэ пащтыхьыр зыдэс къалэмкIэ еIар куэдт, пащтыхьыр яубыдын я гугъэу, арщхьэкIэ къехъулIакъым...

А махуэм ичынды нэмэзым и пIалъэр къэмысыпауэ, Абу-Деруиш хэт къыпэувами яхуэмыубыду и мэжджытым къафIэкIуащ мегафон иIыгъыу. Iэщэ гуэр иIыгъыу къафIэщIри азэн джапIэм ямыгъакIуэу

яфІыдэпщеящ. ТеувапІэм деж нэсри лъагапІэм тету къалэм къыдэплъащ. ЦІыхур зэрызехьэрт, зэзауэрт, тыкуэн сытхэр ягъэсырт, унэ щхьэгъубжэр хьэбэсабэу зэхакъутэрт, автомобилхэм мафІэ ирадзырти, къалэр Іугъуэ фІыцІэм уигъэлъагъуртэкъым, фызхэр, сабийхэр зэщІэкъугъэрт, топ уэ макъым тхьэкІумэІупсыр Іуауд жыпІэнт.

Абу-Деруиш мегафоныр зыІуилъхьэри азэн джащ, адэ-мыдэкІэ зигъазэурэ.

– Алла-хьу-акба-а-а-ар! Ла-илла-а-хьу-илэл-а-а-ах!

Азэн джэм и макъыр жыжьэ нэсырт уафэм къеха хуэдэу икІи абы хуэдизкІэ дахэти, пулемет зыгъауэ аскэрхэм тхьэмадэр япэм кърахухыжыну я мурадами, иджы сабырыжауэ къедаІуэрт. Абу-Деруиш и азэным кърригъэкІт: дунейм къытехьауэ тетыр зэдэпсэун хуейщ, жыгымрэ удзымрэ, псымрэ мафІэмрэ, хуабэмрэ щІыІэмрэ зэран зэхуэмыхъуу зэрызэзэгъым хуэдэу, зи пІалъэ къэсым и чэзууэ. Езым КъурІэн ищІэ къудейтэкъым, щІэныгъэ бгъэдэлът, куэдым гу лъитэрт. Псыдзэм лъапсэм псы иригъэжыхьыжу псы Іуфэм Іусым ятеуэми, цІыхум зыкъаІэтрэ зызэраупсейми – тІуми зыкъезыгъэІэтыр уафэм къех къарущ. Лъэпкъышхуэми лъэпкъ цІыкІуми зэрагъэхь щыІэкъым, я чэзур зы лъэхъэнэм темыхуэу аркъудейщ. ЛъэпкъыщІэ къыкІэрыхуаи лъэпкъыжь зызыужьаи щыІэкъым, бжьыпэр зыІэрыхьам и татуугъуэщи, зэгуэр къемыпсыхыну Іэмал зимыІэщ. Къэралхэм я гъунапкъэракъым бзэм и гъунапкъэр – а тІур зэтемыхуэмэ, ущІызэныкъуэкъун щыІэкъым, дуней дызытетым цІыхур зэхегъэпшахъуэ, зэхегъэкІыж, щызэхигъэкІыжкІэ, хьэдзитІ зэмылІэужьыгъуэр зы нэм исынкІэ мэхъу Іэджэри. ЦІыхуу щыІэри зэхуэдэ пхуэщІынукъым е «сэ сэщхьу псори сщІынущ» жыпІэмэ, къомыхъулІэн Іуэхущ, дэтхэнэ псэущхьэми къэкІыгъэми я пІэм иту я гъащІэ Іыхьэр яхьынущ, езыхэм нэхърэ нэхъ лъэщ щыІэу гу лъатэми.

Абы елъытауэ, бжьыпэр зэпаубыду губгъуэрысымрэ къалэдэсымрэ зызэраупсеиныр сытым ещхь? Уи напэр къабзэу дунейм уехыжыным нэхъ насыпышхуэ цІыхум къалъысынукъым, ди татуугъуэр къэдгъэсынщ жыфІэу фызэрымыукІ... «Аллахьу акбар» жиІэмэ, дэ къытщхьэщыт къару щыІэу къокІри, абы зыпэщІэвмысэ.

Абу-Деруиш и гум илъар цІыхум я деж нэсащ жаІэурэ, зэрызехьэр кІащхъэ хъууэрэ, пшапэр щызэхэуэм, цІыхур зэгъэжыпащ.

Зы махуэ дэкІрэ псори мамыр щыхъум, Абу-Деруиш мыващІэхэр ишэри мэжджытым кІуащ, кхъэлэгъунэр къиуІукІын хуейти. Ар зыщІищІыхь унэр библиотекэм пыту пэшышхуэт. Мэжджыт дахэм нэмэз щащІырт, и щІыбагъым къыдэт мыдрисэми сохъустэр щІэзт, библиотекэми КъурІэнри, чытапхэри, Іэрытххэри зэгъэзэхуауэ щІэлът, къыщІэупщІэм къагъуэта зэрыхъунум хуэдэу. Мыхьэзырыр кхъэлэгъунэ закъуэрати, мыващІэхэр мывэм еуІуу щІэст, кхъэлэгъунэр кърауду. Арщынищ и кууагъыу ящІа пэтми, яфІэмащІэт, и щхьэм плита зэрамыщІэж и къуапиплІым тхьэгъушхуиплІ илъу тралъхьэн хуейти. Абу-Деруиш шэч лъэпкъ къытрихьэртэкъым и фызыр къанэу езыр япэ дунейм зэрехыжынум. ИужькІэ Шыкъымхэ я пхъум и пІалъэр къэсмэ, кхъэлэгъунэм и щхьэр къаІэтынщи, хьэдэр ирагъэтІылъэхынщ – арат зэрегупсысар.

Езы Абу-Деруиш лІы лъахъшэ гъурщ, лІы есщ, ІэпсынщІэлъэпсынщІэщи, мащэм ехыурэ мэгъуэлъри йоплъ тыншрэ мытыншрэ.

Унафэ ещІ:

– Мыбдеж тІэкІу фытеІэзэщІыхьыж, щхьэр тыншын хуэдэу, –



4 Заказ № 189

жеIэри. Щхьэр зытелъынур кумб хуэдэу къраудамэ, аргуэру йохри мэгъуэлъ. И блэгъукIэр зытелъынур нэхъ кусуIуэ ирегъэщI. Абу-Деруиш здэщылъынумкIэ и гур щызагъэм, и унэгуащэми жриIащ ари къакIуэу еплъыну. А тIур зэбгъурылъу – и лIыр сэмэгурабгъумкIэ, и фызыр ижьырабгъумкIэ щылъу зэдыщIэлъын я гугъэщ, дуней IуэхукIэ зэнэзэпсэу зэрызэдэпсэуам хуэдэу ахърэтми зэгъусэну.

ЦIыхубзыр япэм къэскIами, иужьым игурэ и псэрэ зэрыгъуэтыжри и лIым и ужь иту мэжджытым кIуэри кхъэлэгъунэм, и лIыр къыдэIэпыкъуурэ, зэи, тIэуи ехащ, зэрыхуей дыдэм хуэдэу щылъыпIэри иригъэщIащ. ЗэлIзэфызым уеплъмэ, къыздикIа щIыналъэм кIуэжыну загъэхьэзыр хуэдэт.

– ТIури дыгъэгъуэлъыт, Шыкъымхэ япхъу. – Абу-Деруиш мывашIэхэм закъыхуигъазэри къелъэIуащ. – Ей, фыкъыдэплъыт. Ещхь дыхъурэ? Тхьэ, тыншу дилъынукъэ! ЗэтепIэт уи нэр, Шыкъымхэ япхъу. Алыхьым и пащхьэ дихьэжа хуэдэу къызыфIэгъэщIыт.

ЗэлIзэфызыр зэгъунэгъубзэу тIэкIу щылъащ. ЦIыхубзым хуэмышэчу занщIэу къипкIыжри шхын игъэхьэзырыну унэм пIащIэтхъытхъыу кIуэжащ. И лIыр кхъэлэгъунэм къимыкIыжу илът, ахърэтым кIуэжа къыфIэщIыжауэ. И псэри тыншыжат, мы дунейм зигу хэщI темытыжу, дыгъуасэ лъы зыгъэжахэр, бжьэцу зэрызехьар зэкIужарэ я Iэпэр зэрыIыгъыу зэщыгуфIыкIыу къеуджэкIыу, зэкъуэш-зэшыпхъущ жыпIэну зэхуэгумащIэу, мэзым щIэт жыг зэмылIэужьыгъуэхэр зэрызэзэгъым хуэдэу зым и зэран адрейм емыкIыу, къуалэбзухэм ещхьыркъабзэу, щхьэж и бзэмкIэ езым фIэфI уэрэдыр жиIэмэ, я бзэ зэрыщIэ къыфIэщIу. Абу-Деруиш ящогуфIыкIыр: армыраи хабзэр! ЦIыхур лъэпкъ-лъэпкъкIэ гуэшами, гурэ псэкIэ зэрощIэ, гъащIэм пэпщIын насып зыми къыщемыхъулIэнукIэ, а насып закъуэр зымыхъумэфыр насып и уасэкъым, жиIэу.

МывашIэхэр Шыкъымхэ я пхъум и гъусэу Абу-Деруиш и унэм кIуащи, унэр зейм къыпоплъэ: къэсыжмэ, мэжджытыр дыухыпащи, тхьэ делъэIунщ, жаIэу. Унэгуащэми лъэкI къимыгъанэу шхыныгъуэ Iэджэ ипщэфIащи, Iэнэм къытригъэувам мэ IэфI къапихым уи гурыIупсыр къагъажэ, пщыхьэщхьэри хэкIуэтауэ жасы нэмэзым нэблэгъащ.

МывашIэхэм я нэхъыщIэр мэжджытым макIуэ, Абу-Деруиш къишэжыну. ЩIалэр асыхьэту къосыж, зыри къимышэжауэ.

– Абу-Деруиш къэкIуэжынукъым. – А псалъитIым фIэкIа щIалэм жиIэфакъым.

– Сыт къэхъуар? КъыщыщIаIа?

– ЛIащ. Кхъэлэгъунэр игу ирихьыжа хъунт.

– Iау! Ар дауэ хъунт? ФынакIуэркъэ-тIэ. Къэтхьыжынщ и унэми, зэдгъэзэхуэжынщ...

МывашIэхэр мэжджытымкIэ зэрыхьащ, къэхъуар зыхуахьынур ямыщIэу.

*Тамбий Пагуэ къызэральхурэ ильэси 140-рэ ирокъу*



# Тамбий Пагуэ



XIX лIэщIыгъуэм и кIэхэм – XX лIэщIыгъуэм и пэхэм псэуа жылагъуэ-политикэ лэжьакIуэшхуэхэм ящыщщ Тамбий Пагуэ. Адыгэ лъэпкъыр щIэныгъэм япэ дыдэ къыхуезыджа Тамбийм и гуащIэшхуэ хилъхьащ Октябрь революцэ иным и ужь лъэхъэнэм ди щIыпIэм щэнхабзэм зыщегъэужьыным.

Тамбийр Кубань областым хыхьэ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм 1873 гъэм къыщалъхуащ. 1888 гъэм пэщIэдзэ еджапIэр къиухри, и щIэныгъэм адэкIи хигъэхъуэну, Гори куржы къалэм егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру дэт семинарием щIэтIысхьащ. А илъэсхэм абы щеджэрт Азербайджаным и къэрал узэщIакIуэ, публицист икIи егъэджакIуэ цIэрыIуэ Нариманов Нариман. Гупсысэ пэрытхэр зи гум илъ бгырыс щIалэр абы ныбжьэгъу хуэхъуащ икIи и дуней еплъыкIэм нэхъри зиужьащ. Пагуэ егупсысу щIидзащ адыгэбзэм и хьэрфылъэ зэхэлъхьэным. Наримановыр сыт и лъэныкъуэкIи унэтIакIуэ, чэнджэщэгъу къыхуэхъурт абы.

Щеджэм Тамбийм нэIуасэ хуэхъуащ Лопатинскэр. Абы Тифлис къыщыдигъэкIырт «Кавказ щIыналъэмрэ абы щыпсэу цIыхухэмрэ ятеухуа тхыгъэхэр» журнал цIэрыIуэр. ЩIэныгъэм зи гур хузэIуха щIалэщIэм щIэгъэкъуэн хуэхъун мурадкIэ, Лопатинскэр арэзы мэхъу и журналым Тамбийм и тхыгъэхэр къытридзэну икIи куэд мыщIэу адыгэ щIалэм лъэпкъ IуэрыIуатэм теухуа и IэдакъэщIэкI зыбжанэ дунейм къытохьэ.

1892 гъэм Тамбийм семинариер ехъулIэныгъэкIэ къеухри, Мейкъуа-

пэ дэт бгырыс еджапIэм лэжьэн щыщIедзэ. И дуней еплъыкIэкIэ адрейхэм къахэщу и IэнатIэр ирихьэкIырт Пагуэ. Абы ныбжьэгъу къыхуохъу къыдэлажьэ егъэджакIуэ Iэзэ Эльдархъан Таштемыр. ЕгъэджакIуэ пэрытхэм я гъэсэнхэр щIагъэдэIурт псэукIэщIэм, зэхэтыкIэщIэм теухуа хъыбархэм, арщхьэкIэ школ унафэщIхэм ар яфIэфI хъуртэкъым икIи куэд дэмыкIыу Таштемыри Пагуи лэжьапIэм къыIуагъэкI. Апхуэдэу щыхъум, Пагуэ и унэтIакIуэ Лопатинскэм и деж Тифлис егъэзэж икIи Кавказ еджапIэ округым Iуэху зезыхьэ и секретарь нэхъыжьу мэув.

IэнатIэ хъарзынэ иIэми, егъэджакIуэныр зи псэм хэлъ Тамбийм и нэ къыхуикIырт и IэщIагъэм, и зэфIэкIым адэкIи хигъэхъуэну хуейт. 1899 гъэм Пагуэ и хъуэпсапIэр зрегъэхъулIэ. Тифлис дэт Александровскэ институтым и къэпщытэныгъэхэм ехъулIэныгъэкIэ пхокIри, реальнэ училищэм и егъэджакIуэ мэхъу. АрщхьэкIэ, Пагуэ и блэкIам фIыуэ щыгъуазэ унафэщIхэм ар, япэми хуэдэу, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм пэрыувэну хуит ящIыркъым. И псэм фIэфI Iуэхум и насып зэрыхэмылъыр хьэкъыу зыпхыкIа Тамбийр 1900 гъэм Ригэ макIуэ, политехникэ институтым щIэтIысхьэну. Пагуэ абы щыхуозэ иужькIэ революционер цIэрыIуэ хъуа Шаумян Степан. Адыгэ щIэныгъэлIымрэ критик, литератор IэкIуэлъакIуэмрэ ныбжьэгъу пэж зэхуохъу. ИужькIэ, 1918 гъэм, Шаумян дунейм ехыжа нэужьи, абы и унагъуэм Тамбийм сыт и лъэныкъуэкIи зыщIегъакъуэ.

1904 гъэм политехникэ институтыр къеухри, Пагуэ Баку макIуэ. Ар азербайджан промышленник, мелуанрыбжэ Тагиев Гаджи-Зейнал зи унафэщI фабрикэм инженеру ягъэув. Адыгэ щIалэм и зэфIэкIхэр къелъытэри, и щIэныгъэхэм нэхъри хригъэгъэхъуэну Тагиевым ар а гъэ дыдэм и бжьыхьэм Германием егъакIуэ. Пагуэ а къэралым куэдым зыщыхуегъасэ икIи къигъэзэжа нэужь, фабрикэм и лэжьыгъэм щыпещэж. 1908 гъэм «Нобель зэкъуэшхэм я щIыдагъэ компанием» ирагъэблэгъащ Тамбийр. Абы илъэсийкIэ щылэжьауэ «Бенкендорф сату унэм» щIыдагъэр щэнымкIэ Iуэхур зезыгъакIуэ и IэщIагъэлI мэхъу.

Сыт хуэдэ IэнатIэ дэнэ щримыхьэкIами, Тамбийр сыт щыгъуи и лъахэм и цIыху пэрытхэм япыщIауэ къекIуэкIащ. Абы и гупсысэхэм зэи хэкIыртэкъым и лъэпкъэгъухэр еджэн зэрыхуейр. И ныбжьэгъухэм щIэх-щIэхыурэ къахуитх письмохэм итт: «СызыщIэхъуэпсыр зыщ: си лъэпкъыр, си къуэшхэр щIэныгъэм дезгъэхьэхынырщ, гъуазджэм и нурыр абыхэм къатезгъэпсэнырщ». А IуэхугъуэхэмтещIыхьа и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр Пагуэ къахуигъэхьырт Къэбэрдейм егъэджэныгъэр щыукъуэдиинымкIэ зэгухьэныгъэм хэтхэм, и лъахэм еджапIэхэр къыщызэIухыным, абы цIыхухэр къешэлIэным, еджакIуэхэр стипендиекIэ къызэгъэпэщыным теухуа Iуэху куэд зэфIигъэкIырт.

Революционер цIэрыIуэхэу Наримановыр, Шаумяныр Тамбийм и ныбжьэгъу дыдэу щыта пэтми, куэдрэ къэхъурт абыхэм я Iуэху еплъыкIэхэр щызэтемыхуэ. Псалъэм папщIэ, абы фIэтэмэмтэкъым жылагъуэм революцэкIэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн, псэукIэ хабзэхэр апхуэдэ щIыкIэкIэ хъуэжын хуейуэ. ХэкIыпIэу къилъытэр зыт: цIыхубэм щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэн, адэкIэ демократием и IэмалхэмкIэ

гъащIэр зэтеухуэн, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн. «Апхуэдэ щIыкIэкIэ гъащIэм хэлъ социальнэ зэщхьэщыкIыныгъэр гъэкIуэда хъунущ, лъэпкъ хабзэхэм, щэнхабзэм зыужьыныгъэ ягъуэтынущ, цIыхубэр зэгурыIуэнри абы къыдэкIуэнущ», – жиIэрт Тамбийм. Абы и псалъэхэм куэд щIэдэIурт – щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ цIыху губзыгъэм, IэщIагъэлI Iэзэм жылагъуэм пщIэшхуэ щиIэт.

1917 гъэм Тамбийм и унагъуэр и гъусэу Налшык къегъэзэж, мыбы щыIэуи Октябрь революцэр къохъей.

1918 гъэм Тамбийр щIыналъэм щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и комиссар мэхъу, абы и щхьэгъусэ Абдрахмановэ Зейнаб, Санкт-Петербург дэт медицинэ институтыр къэзыухар, Налшык сымаджэщым дохутыру лэжьэн щыщIедзэ. Апхуэдэу екIуэкIыурэ граждан зауэри еух, совет властри ди щIыпIэм лъэ быдэкIэ щоув. Инженер IэщIагъэм хуэIэижь Тамбийр Совнархозым лэжьапIэ яшэ, иужькIэ абы и тхьэмадэуи ягъэув. А къалэныр дагъуэншэу ирихьэкIкIэрэ, ар жыджэру хэтщ щIыналъэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэр автономнэ областыр къызэгъэпэщыным теухуауэ Москва ягъэкIуауэ щыта лIыкIуэхэм яхэтащ Пагуэ. Апхуэдэу абы и фIыщIэ куэд хэлъщ Налшык краеведческэ музей къызэрыщызэIуахами. Абы щIэплъхьэ хъун сурэт зыбжанэ Пагуэ Москва къришауэ щытащ.

1922 гъэм Пагуэ пцIы къытралъхьэу, тутнакъэщым ирадзэну хэтащ, арщхьэкIэ Азербайджаным и Совнаркомым и тхьэмадэ Наримановымрэ Дагъыстаным и Совнархозым и тхьэмадэ Коркмасовымрэ абы къыщхьэщож икIи мыхъумыщIагъэ зэрыкъуэмылъымкIэ къэрал унафэщIхэм тхылъ хуагъэхь. Тамбийм теухуауэ къэхъея псалъэмакъ мышыухэр революционер цIэрыIуэхэм я фIыгъэкIэ ужьыхыж хуэдэу мэхъу, арщхьэкIэ тыншыгъуэ иджыри къратыркъым. Зэман докIри, Наримановым и лъэIукIэ, Тамбийр Азербайджан Республикэм Москва щиIэ посольствэм экономикэмкIэ и къудамэм и унафэщIу ягъэув, иужькIэ Баку ираджэри, Наркомпромторгым IэщIагъэлIу къащтэ. 1925 гъэм, Наримановыр дунейм ехыжа нэужь, Коркмасовым Пагуэ ирегъэблагъэри, Дагъыстаным и Совнархозым и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIу егъэув. АрщхьэкIэ, Тамбийр Налшык щыщылэжьа илъэсхэм абы и Iей зезыхуэу щыта, областым и ГъэзэщIакIуэ комитетым и тхьэмадэ Къалмыкъ БетIал хузэфIокI Тамбийм и Iуэхур щIэрыщIэу къригъэIэтыжын икIи лажьэншэу зэхэзехуэн ящIауэ щыта цIыху минхэми хуэдэу, Пагуи ягъэтIыс. «Революцэм и бий лъэпкъ зэгухьэныгъэм» хэтауэ пцIы зытралъхьа Тамбийм суд тращIыхьыну хунэскъым. 1928 гъэм и гъатхэпэ мазэм ар жьэн узым йолIыкI. Дунейм ехыжа нэужькIэ, «Политикэ щIэпхъаджагъэ зыкIэлъызэрахьахэр хейуэ зэрыщытар наIуэ щIыжыным теухуауэ» РСФСР-м и законым ипкъ иткIэ Тамбийр хей ящIыж.

И гъащIэ кIэщIым къриубыдэу Тамбийм куэд хуилэжьащ адыгэ лъэпкъым. Абы и гуащIэшхуэ хилъхьащ адыгэ IуэрыIуатэр джыным. ЖыпIэ хъунущ Пагуэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэмкIэ Нэгумэ Шорэ и IэдакъэщIэкIхэм пищауэ. ЩIэныгъэлI щыпкъэм и лэжьыгъэхэм къыщигъэлъэгъуащ IуэрыIуатэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэр, апхуэдэуи

адыгэбзэм и диалектхэр абы нэсу къыхощ. Лопатинскэм щыдэлэжьа илъэсхэм дунейм къытехьауэ щытащ «Гуащэгъагъ», «Редадэ» хъыбархэр, адыгэ уэрэдыжьу 28-рэ, таурыхъыу 21-рэ, псалъэжьу 893-рэ, псынщIэрыпсалъэхэр, нэгъуэщI куэди.

Тамбийм и IуэхущIафэ нэхъ ин дыдэхэм хабжэ «Къэбэрдей хьэрфылъэ» зэхилъхьауэ зэрыщытар. Ар 1906 гъэм Тифлис къыщыдэкIауэ щытащ икIи Налшык и еджапIэхэм къыщагъэсэбэпащ. ХьэтIохъущокъуэ Къазий къыдигъэкIам и ужькIэ мыр етIуанэт, Октябрь революцэм и пэкIэ нэхъыбэу къагъэсэбэпа тхылъхэми ящыщщ.

Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа Тамбий Пагуэ и цIэр мыкIуэдэжынщ.

**ХЬЭЩХЪУЭЖЬ Рае,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*
*2006*

*Дым Iэдэм къызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу*



# Дым Iэдэм



ТхакIуэ, журналист, япэ лъэпкъ типографием, адыгэ газетым я къызэгъэпэщакIуэ Дым Iэдэм Бахъсэн куейм хыхьэ Кушмэзыкъуей къуажэм 1878 гъэм къыщалъхуащ. Бахъсэн дэт мыдрисэм щеджащ. А еджапIэрщ Елбэд Хьэсэн, Къатхъэн Назир, Фэнзий Мэжид, республикэм и щэнхабзэм, щIэныгъэм зи цIэр фIыкIэ къыхэна нэгъуэщI куэдми иужькIэ къаухауэ щытар.

Мыдрисэ нэужьым Каир дэт аль-Азхъар университетым и щIэныгъэм щыпищэну Дым Iэдэм Мысырым (Египет) кIуащ. Гъуэгу здытетым ар къыщызэтеувыIа къуэкIыпIэ къэрал зыбжанэм ящыщщ Сириемрэ Тыркумрэ. Мы къэралхэм Iэдэм и нэгу щыщIэкIащ гъэпцIагъэкIэ, шынагъэкIэ зи хэкур зрагъэбгына ди лъэпкъэгъухэм ятелъ бэлыхьыр. Абдежым абы фIы дыдэу къыщыгурыIуащ зи хэку имысыж цIыхур зэи насыпыфIэ зэрымыхъунур.

Хамэ щIыналъэм щигъэкIуа илъэсхэм мыхьэнэшхуэ яIэт щIэныгъэлI, публицист хъуну щIалэм и дуней еплъыкIэм зиужьынымкIэ, и акъылым зиузэщIынымкIэ. Каир университетым Iэдэм щиджащ философиер, цIыхухэм я хуитыныгъэр, логикэр, физикэр, математикэр, къуэкIыпIэм щыпсэуа цIыху Iущ цIэрыIуэхэм я тхыгъэхэмрэ гупсысэкIэмрэ щыгъуазэ зыхуищIащ.

Еджэныр фIы дыдэу къызэхъулIэ щIалэм зригъэгъуэт IэщIагъэм и мызакъуэу, нэгъуэщI лъэныкъуэ куэдкIи и щIэныгъэм зригъэужьт. Псом хуэмыдэу ар дихьэхырт хьэрыпыбзэмрэ литературэмрэ. «Уеблэмэ Дымым еджапIэр къиухыу илъэс зыбжанэ дэкIыжа нэужьи, иужь-

рей курсыр къыщиухым абы итха рефератыр егъэджакIуэхэм я дерсхэм къыщагъэсэбэпащ, балигъыпIэ иува цIыхум и гупсысэ куу къызыхэщ тхыгъэр щапхъэу къагъэлъагъуэу», – игу къигъэкIыжащ ЛIыгъур Ибрэхьим, Iэдэм езым и мылъкукIэ Мысырым ишэу, аль-Азхъарым щIигъэтIысхьауэ щыта щIалиплIым ящыщ зым.

Университетыр фIы дыдэу къиухауэ, щIэныгъэм и магистр дипломыр иIыгъыу, Дым Iэдэм хэкум къигъэзэжащ. Студенту щыщыта илъэсхэм абы мурад ищIат Кушмэзыкъуей еджапIэ къыщызэIуихыну икIи къызэригъэзэжу а Iуэхур псынщIэу зэтриублащ.

Къуажэдэсхэр япэщIыкIэ щтэIэщтаблэу а Iуэхум бгъэдыхьащ: «Сыт хьэжы къудейм и къуэм тхьэмыщкIэхэр тхэкIэ-еджэкIэм пщIэншэу щIыхуригъэджэнур? МыгурыIуэгъуэ гуэр хэлъщ Каир къикIыжа щIэныгъэлI ныбжьыщIэм къиIэта Iуэхум. Хэт а еджапIэм хуейр, Гугу Мыхьмуд и мыдрисэр щыIэу?» – жаIэрт абыхэм.

А зэманым мащIэщ къызыгурыIуар Iэдэм зи яужь ит Iуэхум и мыхьэнэр. А мащIэхэм яхэтащ ЩоджэнцIыкIу Алий и адэ Iэсхьэд. Ар ящыщт япэ дыдэу зи сабий еджапIэм къезышэлIахэм. «Гупым я бжыгъэр 23-м нэсыныр псынщIэ дыдэуи къайхъулIатэкъым абыхэм, – щитхыжащ иужькIэ Къурашэ Мухьэмэд и гукъэкIыжхэм. – Сабийхэм нэхъыжьу яхэтыр ШыкIэбахъуэ Абдулыхьт, ар илъэс 15 хъуат, нэхъыщIэ дыдэр ЩоджэнцIыкIу Алийрэ сэрэт – дэ илъэс 12 дыхъурт».

Езым фIэкIа, нэгъуэщI егъэджакIуэ зэрыщымыIэм къыхэкIыу, Iэдэм иригъэджащ есэпымкIи, географиемкIи, тхыдэмкIи, адыгэбзэмкIи. А лъэхъэнэм ирихьэлIэу адыгэхэм иджыри яIэтэкъым тхыбзэ тэрэз. Адыгэбзэ зэрадж тхылъ зэрамыIэм хуэдабзэу, анэдэлъхубзэкIэ тха литератури щыIэтэкъым. Абы къыхэкIыу Iэдэм, гугъуехь куэд пылъу, нэгъуэщIыбзэ тхылъхэр зэридзэкIырт. ЯпэщIыкIэ хьэрыпыбзэ ищIт, итIанэ адыгэбзэкIэ итхыжырт, абы щыгъуэми къигъэсэбэпыр адыгэбзэм къригъэзэгъа хьэрып хьэрфхэрт. Iэдэм и дерсхэр зытриухуэнур егупсысауэ къыхихырт икIи ахэр сыт щыгъуи лъэпкъым и гъащIэм, и псэукIэм епха щапхъэхэмкIэ щIигъэбыдэжырт.

ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, егъэджакIуэ Iэзэ Дым Iэдэм къехъулIащ езым и еджапIэм творческэ лэжьыгъэр къыщызэригъэпэщын, щIэныгъэ гъуэгум ухуэзышэ лъагъуныгъэ уэздыгъэр ныбжьыщIэхэм я гум щыпигъэнэн.

Нэгумэ Шорэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, лъэпкъ узэщIакIуэ нэгъуэщI куэдми зэращIам хуэдэу, еджапIэм зэрыщригъаджэ Iэмал псори къигъэсэбэпурэ, 1913 гъэм Дым Iэдэм адыгэбзэ хьэрфылъэ зэхигъэуващ. Абы лъабжьэ хуэхъуат хьэрып графикэр. А гъэ дыдэм Мавраев Мухьэмэдмырзэ и типографиеу Темырхъан-Шурэ къалэм (иджы Буйнакск) дэтым и бжыгъэкIэ мин хъууэ ар щытрадзащ.

ЩIэныгъэ лэжьыгъэхэм, библиографие справочникхэм Дымым зэридзэкIа лэжьыгъэу «Алыфбейр» куэдрэ къыщагъэлъагъуэу щытащ. Ауэ а тхылъым къеIуатэ ар Дымым зэрызэримыдзэкIар, атIэ езым зэрызэхигъэувар.

Куэд дэмыкIыу а типографие дыдэм къыщыдэкIащ Iэдэм зэхилъхьа хьэрфылъэмкIэ зэридзэкIахэри: «Сабийхэм яхуэгъэза IункIыбзэIух», «Фыз хъыбар» (тхьэлъэIухэр). Дымым зэридзэкIа тхылъитIри хьэрыпыбзэм къррихащ.

Iэдэм щIэхъуэпсырт езым и алыфбеймкIэ сабий псори ирагъэджэ-

ну, Къэбэрдейм и еджапIэхэм ар къызэрыщагъэсэбэпыным хущIэкъурт. Апхуэдэ мурад иIэу, Бахъсэн мыдрисэм езым и «Алыфбейм» щыщ экземпляр зыбжанэ яритат. Ауэ а Iуэхум гъуэгу игъуэтакъым.

ЛIэщIыгъуэкIэрэ ди лъэпкъым пэжыжьэу щыта тхэкIэ-еджэкIэр цIыхубэм егъэщIэным Iэдэм зэрыхущIэкъум щыхьэт техъуэрт абы и лъэныкъуэкIэ еджагъэшхуэм къыпкърыкI къару мыкIуэщIыр, мыщхьэхыу и лэжьыгъэм зэрыпэрытыр. Езым и закъуэ фIэкIа еджапIэм зэрыщымылажьэм щхьэкIэ къэмынэу, щIэныгъэ лэжьыгъэ Iуэхухэри хъарзынэу къехъулIэрт Дымым. Нэхъыбэм щыгъуазэ зэрызыхуищIыным хущIэкъурт, езым и Iэдакъэми тхыгъэ куэд къыщIэкIырт.

Лъэпкъ щхьэхуэхэм я тхыдэр, хъыбарыжьхэр, IуэрыIуатэр, и лъэпкъэгъухэм я щIэныгъэм хэзыгъэхъуэн тхыгъэхэр зэридзэкIырт Iэдэм. Абы къыдигъэкIахэм ящыщу 1917 гъэм Къэзан дунейм къыщытехьа «ПсалъэфI» тхылъыр нобэр къыздэсым хъума хъуащ. Дым Iэдэм ипхъу Раисэ къызэриIуэтэжамкIэ, и адэм усэ куэд зэридзэкIащ, ауэ политикэ залымыгъэхэр щекIуэкIа гъэхэм, адрей и лэжьыгъэ куэдми хуэдэу, ахэри кIуэдащ.

Iэдэм и IэдакъэщIэкIхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэ дыдэ хъуа икIи нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ «Щэнгъасэ» тхылъыр Iыхьищ хъууэ къыдэкIащ. 1918 гъэм абы и япэ IыхьитIыр Дымым къызэIуиха тедзапIэрщ щытрадзар. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, абы къыкIэлъыкIуауэ къыщIэкIынущ тхылъым и ещанэ Iыхьэри. Апхуэдэ гугъэ дэзыгъэщIыр етIуанэ Iыхьэм хуитха кIэух псалъэрщ: «Щэнгъасэм» и етIуанэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ, Тхьэм жиIэмэ, ещанэри абы къыкIэлъыкIуэнщ. Зытхар Дым Iэдэмщ». Тхылъыр гурыIуэгъуафIэу тхащ, упщIэрэ жэуапу зэхэлъщ.



ТхакIуэ икIи зэдзэкIакIуэ Дым Iэдэм, куэдым зэрамыгугъауэ, зыIэзыбжьэу журналистикэм зритащ. Абы тхэным зэрызыпищIар цIыхухэр зыпэмыплъат, ауэ езыр куэдрэ зэгупсыса, зыхущIэкъуа Iуэхут. Ари и щыхьэтщ Дымыр лъэпкъым и гъащIэм епхауэ, зэманым декIуу зэрыпсэуам.

1917 гъэм Урысейм щекIуэкI революцэ зэщIэхъееныгъэр адыгэ лъэпкъыми, Кавказым щыпсэу адрей бгырысхэми зэхуэдэу къажьэхэуат. А зэманырщ газет къыдигъэкIыну Дымым мурад щищIар. АбыкIэ ар адыгэхэм ядэIэпыкъуфынут дунейм щекIуэкIхэм щыгъуазэ защIынымкIэ, Iуэхур зыIутыр къагурыIуэнымкIэ.

Лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу зэтриублэн папщIэ, Iэдэм Iэрылажьэ станокыр Къэзан къыщищэхуа типографие IэмэпсымэкIэ зэрехъуэкI. Бахъсэн къыщызэIуаха тхылъ тедзапIэр «Дым зэкъуэшхэм я типографие» жиIэу тхыдэм къыхэнащ.

Типографием мыхьэнэ ин дыдэ иIэт – абы адыгэхэм Iэмал яритырт цIыху цIэрыIуэхэм я тхыгъэхэм езыхэм я анэдэлъхубзэмкIэ еджэну. Ар лъэпкъыр щIэныгъэм хуэшэным и япэ лъэбакъуэт. Ди адыгэ щIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэхэр япэм гугъуехьышхуэ пылъу Тбилиси, Къэзан, Темырхъан-Шурэ щытрадзэу щытамэ, иджы Iэмал ягъуэтат анэдэлъхубзэкIэ тхыгъэхэр я хэкум къыщыдагъэкIыжыну.

Дымхэ я типографиерщ Къэбэрдейм тхылъ къыщыдэкIыным щIэдзапIэ хуэхъуар. Абы цIыху цIэрыIуэ куэдым я тхылъхэр къыщыдэкIащ, апхуэдэуи Iэдэм и ныбжьэгъухэм я IэдакъэщIэкI куэди щытрадзащ. Иджыпсту къызэрабжымкIэ, тхылъ 20-м нэблагъэ къыщыдэкIащ. Абы яхэтщ езы Дымым и лэжьыгъэхэу тхылъ

къыдэгъэкIын Iуэхум и фIыпIэ хъуахэри: «Щэнгъасэ», «ПсалъэфI», «Сабийхэм я тхыгъэ» жыхуиIэхэр.

Iэдэм типографием и къызэгъэпэщакIуэ къудейтэкъым, атIэ Къэбэрдейм тхылъ тедзэн щызэтезыублари аращ. Япэ дыдэ адыгэбзэкIэ газет къыдэзыгъэкIари, адыгэ журналистикэм и лъабжьэр зыгъэтIылъари Дым Iэдэмщ.

1917 гъэм и кIэхэм а тхылъ тедзапIэм дунейм къыщытехьащ Къэбэрдейм и япэ газетыр, адыгэ журналистикэм и тхыдэм пэублэ хуэхъуар.

Газетыр щIынри къыдэгъэкIынри зи пщэ дэлъыр езы Iэдэмт. Абы къытехуэ тхыгъэхэм я нэхъыбэр зытхри, зэзыдзэкIри, ахэр хьэрф зырызурэ къэзыщыпыжри, зэзыгъэзэхуэжри Дымырт.

«Адыгэ макъ» газетыр тхьэмахуэм тIэу къыдэкIырт. И инагъкIэ «Адыгэ макъыр» Урысейм къыщыдэкI «Правда» газетым хуэдэт. Ар и щыхьэтт Дымыр урысей газетхэм я къыдэкIыкIэм фIыуэ зэрыщыгъуазэм. Газетыр напэкIуэцIи 4 хъурт. Мазэм абы и уасэр соми 2-т. А бжыгъэм зыщихъуэж куэдрэ къэхъуащ, ауэ соми 2-м щхьэдэхакъым.

Газетым и япэ номерхэм ящыщ зым цIыхухэм зэрызыхуагъазэ мыпхуэдэ псалъэхэр тетащ: «Гонорар е нэгъуэщI мылъку щхьэкIэ мыхъуу, газетым дыщыгуфIыкIыу теддзэнущ лъэпкъым, ди адэжь хэкум сэбэп хуэхъуну къэфлъытэу къытхуевгъэхь тхыгъэ псори».

А псалъэхэр цIыхухэм я деж зэрынэсам и щыхьэтт абы куэд къыхуэкIуэу, къыхуэтхэу, зэрыщытар. Апхуэдэу Дымыр хущIэкъурт, Къэбэрдейм и мызакъуэу Адыгейми Шэрджэсми къикI тхыгъэ псори къызэрытридзэным. Куэд дэмыкIыу «Адыгэ макъым» и корреспондент жыджэр хъуахэщ Гуанэ Зулъкъарней, ГъукIэжь Кърым-СулътIан, Гухьэж Исмэхьил, Къаздэхъу Къетыкъуэ, КIурашын Мухьэмэд, Молэ Токъан, Тхьэмокъуэ Хьэбас, ФIэщмыхъу Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри.



Лъэпкъ журналистикэм и къежьапIэ хъуа газетым щыщу къызэтенар номер 20-м нэблагъэ къудейщ. Ауэ ахэр я щыхьэт нэсщ Дым Iэдэм лъэпкъым и егъэджакIуэу, узэщIакIуэ Iущу зэрыщытам.

Газетыр адыгэм и макъ лъэщу щытащ. Абы къиIэтащ Къэбэрдейм и Iуэху нэхъыщхьэхэр. Лъэпкъ интеллигенцэр «Адыгэ макъым» гуапэу IущIащ икIи жыджэру дэлэжьащ. Газетым и псалъэр Налшык округым икIри жыжьэ щыIуат икIи пщIэшхуэ иIэ хъуат. Абы и щапхъэщ Адыгейм къыщыдэкIа «Красная Кубань» газетым и япэ редактору щыта ЛIыцIэрыIуэ Хьэрун и тхыгъэр. Ар ехъуэхъуурт «Адыгэ макъыр» къыдэзыгъэкIахэм. Апхуэдэуи Хьэрун къыхигъэщырт лъэпкъ щэнхабзэр къэIэтыжынымкIэ газетым мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

«Адыгэ макъым» и къызэгъэпэщакIуэ, щIэныгъэлI, лъэпкъ узэщIакIуэ, егъэджакIуэ Дым Iэдэм и гъащIэри гъэщIэгъуэну къекIуэкIащ. Абы къызэринэкIащ фIыри Iейри щызэдэгъуэгурыкIуэ гъащIэ дахэ икIи гугъу.

Дым Iэдэм къыщалъхуащ Къэбэрдей псом щыцIэрыIуэ, щIэныгъэм пщIэ хуэзыщI Дым Гъэфар-хьэжы и унагъуэ къулейм. Iэдэм и адэр ящыщт лъэхъэнэм и цIыху еджагъэшхуэхэм. Абы бзэ зыбжанэ ищIэрт, и къалэмри шэрыуэт. Дым Гъэфар и Iэдакъэ къыщIэкIащ усэ зыбжанэ, апхуэдэу прози итхырт. ИужькIэ ар жыджэру дэлэжьащ «Адыгэ макъми». Абы щыхьэт тохъуэ хъума хъуа экземплярхэм абы и цIэр щIэту тет тхыгъэхэр. Гъэфар езым бгъэдэлъыр хьэрып щIэныгъэми, и бынхэр урысыбзэм хуригъэджащ. Абыхэм псоми щIэныгъэ нэхъыщхьэ яри-

гъэгъуэтащ. И къуэ курыт Iэдэм аль-Азхъар университетым кIуэным тезыгъэгушхуари аращ.

Iэдэм зэгурыIуэ зэрылъ унагъуэ дахэу псэуащ: и щхьэгъусэ Нэгъуей ТIатIэ, и къуэхэу Мухьэмэд (1942 гъэм Москва деж щекIуэкIа зауэм хэкIуэдащ), Сулеймэн, Уэсмэн, ипхъухэу Зейнабрэ Раисэрэ.

Дымым и гъащIэр щIэныгъэм щIэбэнущ зэригъэкIуар, ар большевикыуи, меньшевикыуи, революционеруи, контрреволюционеруи зэи щытакъым. Ауэ 1928 гъэм екIуэкIа Бахъсэн зэщIэхъееныгъэм хэтауэ пцIы къытралъхьэщ, ягъэтIысри, Соловки лъэхъуэщым ирагъэшащ.

Абы илъэсищкIэ исауэ, Дымым и хэкум къигъэзэжащ, ауэ 1937 гъэм щыIа репрессиехэм аргуэру хэхуащ. Ар щIагъэтIысам щхьэусыгъуэ хуащIащ Дымым уней щхьэл игъэлажьэу, типографие иIэу, апхуэдэуи РКП(б)-м, Совет властым ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм я бийуэ щыт хуэдэу хужаIа псалъэхэр.

1937 гъэм щэкIуэгъуэм и 26-м «тройкэм» унафэ ищIащ Дымыр яукIын хуейуэ, икIи, и Iуэхум хэмыплъэххэу, суди трамыщIыхьу, етIуанэ махуэм унафэр ягъэзэщIащ.

А Iуэхум къыдэкIуэу, ягъэкIуэдауэ щыташ Iэдэм и тхылъхэм я мызакъуэу, Дым зэкъуэшхэм я типографием къыщыдагъэкIа литературэри, Iэрытххэри, и кIэм намыгъэса тхыгъэхэри, зэридзэкIа усэхэри. Абы къыкIэлъыкIуа илъэс 30-м къриубыдэу зыри тетхыхьакъым Iэдэм и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ.

60-70 гъэхэрщ Дымым и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ къэлъыхъуэн, къэхутэн, хэплъэн щыщIадзар.

Iэдэм и еджакIуэхэм, Iыхьлыхэм, и къуажэгъухэм къахуэна тхыгъэ цIыкIуфэкIухэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и къыдэкIыгъуэ зыбжанэмрэ я фIыгъэкIэ тхыдэджхэм ялъэкIащ цIыхубэр щIэныгъэншагъэм къыхэшыным зи гъащIэр хуэзыгъэпса адыгэлIым и лэжьыгъэ гъуэгуанэр зэфIагъэувэжын.

**IЭЩНОКЪУЭ Фозэ,**
*тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат*
*2006*



*Цагъуэ Нурий, ЩоджэнцIыкIу Алий, Цагъуэ Мухьэмэд. 1928*

*Цагъуэ Нурий къызэральхурэ ильэси 130-рэ ирокъу*



# Цагъуэ Нурий



Дэтхэнэ лъэпкъми лъэхъэнэ гуэрым къыгуроIуэж зыхэт кIыфIыгъэр гъэкIуэдын зэрыхуейр, зэрылъэпкъ щхьэхуэр зыхещIэж, гъунэгъухэм, нэгъуэщIхэм ядоплъейри, щапхъэ ятрихыу щIедзэ. Ар гупсысэ зыщымыгъуазэхэм, Iуэху еплъыкIэщIэхэм къахуоуш. Адыгэхэр апхуэдэ щытыкIэ щиувар епщыкIуиянэ лIэщIыгъуэм и кIэух, епщыкIубгъуанэм и пэщIэдзэхэрщ.

Лъэпкъым и цIыху нэхъыфIхэр – Нэгумэ Шорэ и деж къыщыщIэдзауэ ПащIэ Бэчмырзэ, Фэнзий Мэжид сымэ къэсыху – илъэсищэм щIигъукIэ телэжьащ щIэныгъэм и нэхур адыгэм къащхьэщыхьэным. ЯхузэфIэкIари мащIэкъым. Зауэ нэужь лъэхъэнэхэм адыгэ тхыдэм, культурэм елэжьхэм ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэшхуэхэм я фIыгъэкIэ абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми хуэфащэ увыпIэ тхыдэм щылъагъэсыжащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, жыпIэ хъуну къыщIэкIынкъым адыгэ культурэм, щIэныгъэм блэкIа лIэщIыгъуэхэм къакIуа гъуэгуанэ гугъур нэсу, ныкъусаныгъэншэу зэфIэугъэвэжа ноби хъуауэ.

Гулъытэ зыхуамыщIыщэу къэгъуэгурыкIуа адыгэ еджагъэшхуэхэу иужь зэманым тхыгъэ нэхъыбэ щIэныгъэлIхэм зытраухуэхэм ящыщщ Цагъуэ Нурий. Адыгэ тхыдэм, щIэныгъэм абы щиубыд щIыпIэм иужьрей зэманым лъэпкъ тхылъеджэхэр нэхъ щыгъуазэ хъуащ. Ауэ абы къыдэкIуэуи жыIэпхъэщ: нэхъ пасэIуэм ар къызэрацIыхуар, и пщIэр къызэралъытар ЩоджэнцIыкIу Алий и егъэджакIуэу зэрыщыта къудейрт. Ари щIыхь мащIэтэкъым, ауэ абы къыкъуэщыртэкъым езы щIэныгъэлIым хузэфIэкIар, лъэпкъ щIэныгъэмрэ культурэмрэ яхуищIа хэлъхьэныгъэ хьэлэмэтыр.

Цагъуэр дунейм зэрехыжрэ зыкъом щIащ. Ауэ ар яцIыхуу, абы иригъэджауэ, дэлэжьауэ щытахэм я гукъэкIыжхэр Iуэху ищIу иджыри къыздэсым зыми зэхуихьэсыжакъым. Апхуэдэ емыгугъуныгъэм

зэранығъэ къытхуешэ, дыIэбэм дылъэмыIэсыжыну лъэпкъ фIыгъуэ тфIегъэкIуэд. А емыгугъуныгъэм кърита гукъеуэмрэ Цагъуэ Нурий лъэпкъ културэм щыхуэфащэ щIыпIэмрэ тепсэлъыхьыжурэ, адыгэ тхакIуэ Шортэн Аскэрбий и лэжьыгъэхэм ящыщ зым щитхыжыгъащ: «Цагъуэ Нурий илъэгъуамрэ ищIамрэ, и дуней еплъыкIамрэ и дуней тетыкIамрэ етауэ зы тхыгъэ гуэри къытхуигъэнакъым. Ар апхуэдизкIэ нэмысышхуэ зыхэлъ цIыхути, и псэ ирипэсакъым и щхьэ тепсэлъыхьыжыну. Иджы абы и лъэужьыр къэдулъэпхъэщ пэтми, къытIэрыхьэхэр мащIэщ...

Цагъуэ Нурий и Iуэхур лъэпкъ Iуэху щIын хуейщ. Абы и гъащIэр, и гуащIэр ди щIэблэм фIыуэ ящIэу, щапхъэ гъуэзэджэу гъэнэхуэн хуейщ. А къалэныр зи пащхьэ изыгъэувэжым, езы Нурии зэрыжиIащи, «пщэрыдзэн зыщIым» щытхъу хуэфащэщ».

Япэ адыгэ газетым Цагъуэ Нурий къытридза и тхыгъэхэмрэ къыдигъэкIа и тхылъхэмрэ зыубгъуауэ топсэлъыхь лэжьыгъитI – Нало З. итха «Бахъсэн щIэныгъэм и литературэ», IэщнокъуэФ. и IэдакъэщIэкI «Къэбэрдей литературэм и тхыдэм щыщ Iыхьэ» жыхуиIэхэр.

Цагъуэ Нурий и псэукIамрэ и лэжьыгъэхэмрэ ятеухуауэ тхыгъэ зыщыплI къыдэкIа щхьэкIэ, иджыри къыздэсым щIэныгъэм и хабзэ ткIийхэм тету зэфIэгъэувэжакъым абы и гъащIэм и къекIуэкIыкIар. Тхыгъэ щыIэхэм ар зым щытеубыдакъым, зэщхьэщыкIыныгъэшхуэхэр яIэщ. Цагъуэр къыщалъхуауэ щIэныгъэлIхэм нэхъ зытраубыдэр 1893 гъэрщ. Аращ къыщыхьар «Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очерххэм», Шортэн А., КъардэнгъущI З., КхъуэIуфэ Хь. сымэ я лэжьыгъэхэм. «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и тхыдэм» нэхъ фIэкъабылыр 1890 гъэрщ. Нало З. фIэтэмэмыр 1885 гъэрщ, Гъут I., Турчанинов Г. сымэ илъэситIым – е 1883, е 1884-м я цIэ кърaIуэ. ДызэреплъымкIэ, нэхъ тэмэмыр 1883 гъэр арагъэнущ.



Архивым къыщIэна тхыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуакъым Цагъуэ Нурий къыщалъхуа щIыпIэри. ЩIэныгъэлIым теухуа лэжьыгъэхэми ар иджыкIэ щыубзыхуакъым. ЯзынықъуэхэмзэрыхуагъэфащэмкIэ, ар къыщалъхуар Тыркурщ (Шортэн А. Цагъуэ Нурий. «Iуащхьэмахуэ», 1968, №5), адрейхэм нэхъ яфIэтэмэмыр Сириерщ. Дэ нэхъ зытедубыдэр етIуанэрщ. Абы и тегъэщIапIэуи иджыкIэ щыIэхэр мыращ. Елбэд Хьэсэн деж щыттхыжа гукъэкIыжхэм къазэрыхэщыжымкIэ, Цагъуэр къыщалъхуар Сириерщ. Елбэдым и псалъэхэм дзыхь щIахуумыщIын щхьэусыгъуэ щыIэкъым – а тIур, езы щIэныгъэлIым къызэриIутэжамкIэ, 1912 гъэм къыщызэщIэдзауэ зэрыцIыхуу щытащ, куэдрэ зэдэлэжьащ, зэныбжьэгъуу, зэкIэлъыкIуэу псэуащ, тхылъ, ЩоджэнцIыкIу Алий ящIыгъуу, зэдатхащ, а зэманышхуэм къриубыдэу ахэр а Iуэхум мызэ-мытIэу зэрытепсэлъыхьами шэч хэлъкъым. Ар егъэбыдэ езы щIэныгъэлIым и Iэдакъэ къыщIэкIа нэгъуэщI зы тхыгъэми. Ар «Гъуазэм» 1913 гъэм къытехуэгъащ. И сабиигъуэр игу къигъэкIыжурэ, Цагъуэм абы щитхыгъащ: «Дэ Щам лъэныкъуэкIэ КъунейтIэрэкIэ еджэу зы щIыпIэ дыщыIащ... Къуажэ цIыкIу-цIыкIуу къуажэ пщыкIутI дохъур. ДыкъызэрытIысрэ илъэс плIыщI нэхъыбэ мэхъури, алъандэрэ сэ сызыдэс къуажэр унэ пщIейм фIэкIауэ сщIэркъым. АхэрикI зырыз дыдэщ. Адрей жылэхэрикI ди къуажэм ещхьыркъабзэщ».

IупщI щIауэ, нэсу зэхэгъэкIауэ щыткъым Цагъуэ Нурий зыщеджа еджапIэри. И сабиигъуэр Сирием щрихьэкIамэ, нэхъ зытепщIыхь хъу-

нур абы хьэрып еджапIэ къиухауэ къэлъытэнырщ. Ауэ фIэщ щIыгъуейщ хьэрыпыбзэ фIэкI зымыщIэ щIалэр иужькIэ ехъулIэныгъэфIхэр иIэу Истамбыл университетым щеджэфауэ. Лэжьыгъэ щхьэхуэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, юридическэ факультетыр фIы дыдэу къызэриухам щхьэкIэ абы дыщэ сыхьэт саугъэту къыхуагъэфэщауэ щытащ. Пэжщ, а лъэхъэнэм Сириер Тыркум и блыгум щIэтащ, абы щыIэ еджапIэхэми, ехьэжьэща мыхъуми, тыркубзэр щаджу щытагъэнущ. Ауэ а Iуэхум и пэжыпIэр сэтей къищIу зы тхылъымпIэ архивым щIэлъщ. Ар щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, Цагъуэм курыт еджапIэр къыщиухар Истамбылщ. Хьэрып пэщIэдзэ еджапIэм иужькIэ Тырку курыт еджапIэр къыщиухыжакIэ, университетым щIэтIысхьэным и пэ къихуэу абы тыркубзэр нэсу зэрызригъэщIам шэч хэлъкъым.

Къыхиха IэщIагъэм тепщIыхьмэ, Цагъуэр иужькIэ зыхыхьа Iуэхугъуэхэм – хамэ щIыпIэ къыщыхута къыдалъхуахэм я бзэр, я хабзэр, я хьэл-щэнхэр хъумэным, я зэхэщIыкIыр, щIэныгъэр къэIэтыным, я тхыдэр джыным – хыхьэн хуеятэкъым. Ар зыхуеджар, къалэну и пщэ къыдэхуар Тырку къэралыгъуэм и хабзэхэр сэкъатыншэу хъумэнырт е, езым къыхихмэ, нэхъ фIэкъабылмэ, уэчылу лэжьэнырт, лей зрах, зылъыс и хэкуэгъухэр а къэралыгъуэм щызекIуэ хабзэ ткIийхэм ящихъумэнырт. И щхьэ закъуэм Iуэхур трищIыхьамэ, зыхуеджа IэщIагъэм, шэч хэмылъу, ар зыхуей хуэмыныкъуэу, тхъэжу ирипсэуфынут. А къулыкъум а лъэхъэнэм КъуэкIыпIэ лъэныкъуэм щыIэ къэралыгъуэхэм пщIэ лей щыхуащIу щытащ. Ауэ Цагъуэм и гур пасэу зыхуэушар щхьэ закъуэ псэуныгъэркъым, и щIалэгъуэм къыщыщIэдзауэ абы зыхуегъэхьэзыр къыдалъхуахэм къалэн зэрахуищIэным.

Щеджэ илъэсхэм Цагъуэ Нурий апхуэдэ лэжьыгъэхэм зэреувэлIам щыхьэт наIуэ хуохъу Нэгъуч Сауд и гъусэу 1909 гъэм и лэжьыгъэр – «Алыфбийр» – къызэрыдигъэкIар.

Истамбыл университетыр фIыуэ къэзыуха адыгэ щIалэр занщIэу пэроувэ адыгэ щIэныгъэмрэ зэхэщIыкIымрэ къэIэтын лэжьыгъэм. ЕджапIэхэм папщIэ къыдигъэкIа тхылъхэм нэмыщI, ар нэхъыбэу зытхьэкъур, и творческэ къару псори зрихьэлIэр япэ адыгэ газет «Гъуазэр» къыдэгъэкIынырщ. А газетыр къызэгъэпэщыным Нурий лэжьыгъэу ирихьэлIар къэIуэтэжыгъуейщ, ауэ ар къыгуэхыпIэ имыIэу епхауэ къыщIэкIынущ Цагъуэр япэщIыкIэ редакцэм и секретару, иужькIэ редактор нэхъыщхьэуи ягъэувыным.

Езы Цагъуэм зэритхыжамкIэ, «Гъуазэм» къыдэкIын щыщIидзар 1910 гъэрщ. Ар къызэзыгъэпэщари анэдэлъхубзэр, лъэпкъ хабзэр хъумэжыныр къалэн зыщызыщIыжа адыгэ мухьэжыр щIэныгъэлIхэрщ.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Цагъуэ Нурий и хэку къыщигъэзэжар 1913 гъэрщ. Нэхъ пасэIуэу ятха лэжьыгъэхэм мыпхуэдэ гупсысэ къыщыIуэтащ: ХьэтIохъущокъуэм и лъэIукIэ Цагъуэм къигъэзэжауэ, ауэ иужькIэ абы зыкIи зыкъыщIимыгъэкъуэжауэ. Абы зыкъомкIэ къыщхьэщокI Елбэд Хьэсэн къытхуиIуэтэжахэр. Абы къызэрыджиIэжамкIэ, езы Цагъуэр ХьэтIохъущокъуэм лъэIуакIуэ хуэкIуащ, и мурадхэр хуиIуэтащ, ахэр жыджэру къыдиIыгъащ, уеблэмэ и хьэщIэр зыщIигъури езыр и щхьэкIэ Налшык кIуащ хэку унафэщIхэм елъэIуну, ауэ а тIур ягъэшынэри а Iуэхур къэнэжыгъащ. Ахэр япэщIыкIэ зи ужь итар реальнэ еджапIэм, хэкум ит муслъымэн еджапIэхэм анэдэлъхубзэр щрагъэджу щIадзэным и Iуэхур къэIэтынырт. Ар къыщыхуамы-

дэм, лэжьапIэншэрэ мылъкуншэу къэна Цагъуэм выгу зэщIэщIа пщым кърет, унэ цIыкIу гуэри еуцIырхъри, къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэу Дыгулыбгъуей дотIысхьэ. Нэхъ иужьыIуэкIэ Цагъуэр егъэджакIуэу ирагъэблагъэ Бахъсэн къыщызэрагъэпэща муслъымэн еджапIэм. КъелъэIуа къудейкIэ ар абы яхуэкIуэну къыщIэкIынтэкъым, езыр зыхуейхэр къыхуащIэну къамыгъэгугъамэ... Нэхъ пыухыкIауи Цагъуэр зи ужь итар а еджапIэм анэдэлъхубзэр щегъэджынырт, щIэныгъэ щхьэхуэхэр адыгэбзэкIэ щегъэкIуэкIынырт.

Революцэр текIуэу зыкъом дэкIа нэужь, Цагъуэр Налшык къоIэпхъуэ. Ар зыIута лэжьапIэм и гугъу ящIу архивым щIэлъ тхылъымпIэхэм япэу дызыщрихьэлIэр 1924 гъэрщ. Абыхэм ящыщ зым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, егъэджакIуэ Цагъуэр 1924 гъэм июным и 1-м хатхащ учебнэ городокым щагъашхэхэм я бжыгъэм, етIуанэм зэригъэбелджылымкIэ, а гъэ дыдэм сентябрым и 1-м егъэджакIуэм и къалэныр игъэзащIэу ягъэуващ.

ИужьыIуэкIэ, 1926 гъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэкъэхутакIуэ институтыр къыщызэрагъэпэщым, Цагъуэр абы и щIэныгъэ лэжьакIуэ мэхъу. Ар зэрыпэжым и щыхьэту архивым тхылъымпIэ куэд къыщIэнащ.

Адыгэ щIэныгъэлIым теухуауэ щыIэ лэжьыгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Цагъуэр а лъэхъэнэм а институтым IуэрыIуатэмрэ литературэмкIэ и секторым и унафэщIу лэжьащ. Ауэ а Iуэхум щыуагъэ мащIэ хэлъщ. Архив тхылъымпIэхэм наIуэ зэращIымкIэ, 1926 гъэм къызэрагъэпэща а институтыр нэхъыбэу а илъэсхэм зэлэжьу щытар щIэныгъэм и Iыхьищщ, абыхэм зэреджэгъар иджы къагъэсэбэп «сектор» псалъэркъым, атIэ «разрядщ». Цагъуэ Нурий тхыдэмрэ этнографиемкIэ разрядым хыхьэ отделитIым – тхыдэмрэ этнологолингвистикэмрэ – я щIэныгъэ лэжьакIуэ къудейуэ щытащ.

КъызыхэкIар мыгурыIуэгъуащэми, Цагъуэ Нурий 30 гъэм и пэщIэдзэхэм Дыгулыбгъуей мэIэпхъуэж икIи абы дэт етIуанэ еджапIэм и унафэщIу мэлажьэ.

Цагъуэ Нурий дунейм щехыжауэ щIэныгъэ лэжьыгъэ куэдым къыщагъэлъагъуэр тэмэмкъым. Абыхэм псоми къыщыхьар зы илъэсщ – 1936 гъэрщ. Абыхэм къащхьэщокI тхылъитIу Москва 1967 гъэм къыщыдэкIа «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и тхыдэм» зи гугъу щыщIа илъэс бжыгъэр, ар зэхэзылъхьахэм нэхъ яфIэкъабылыр 1935 гъэрщ. А илъэс бжыгъэрщ нэхъ тэмэмри, ар зэрыпэжым щыхьэт тохъуэ Цагъуэ Нурий ипхъу Тамари. Абы къызэриIуэтэжамкIэ, и адэр машинэм щиукIар 1935 гъэм декабрым и 31-рщ. Псалъэмакъ епщIэкIыну мыхьэнэшхуэ имыIэми, Цагъуэ Нурий и гъащIэмрэ и тхыгъэхэмрэ я гугъу щащIкIэ, зэхэгъэкIын хуейуэ щIэныгъэлIхэм я пащхьэ нэгъуэщI зы Iуэхуи къоувэ – ар абы и унэцIэм и тхыкIэ пэжыр убзыхунырщ. Лэжьыгъэ зэхуэмыдэу абы теухуахэм щIэныгъэлIым и унэцIэр язынызэуэм «ЦIагъуэу», адрейхэм «Цагъуэу» щатх. Дэ нэхъ тфIэкъабылыр «Цагъуэрщ», сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, революцэм и ужькIэ абы къыдигъэкIа и тхылъхэмрэ «Къэрэхьэлъкъ» газетым къытридза и тхыгъэхэмрэ аращ абы къыщигъэсэбэпар.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

*Борыкъуей ТIутIэ къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу*



# Борыкъуей ТIутIэ

Адыгэ тхыбзэм, щIэныгъэм, литературэм я зэхэублакIуэхэм ящыщщ Борыкъуей ТIутIэ. Ар лъэпкъ культурэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэузэщIа цIыхут: егъэджакIуэт, щIэныгъэлIт, усакIуэт.

Борыкъуей ТIутIэ 1888 гъэм Дохъушыкъуей (Старэ Шэрэдж) къуажэм къыщалъхуащ. Илъэси 9 фIэкIа мыхъуауэ адэншэу къонэ икIи а ныбжьым иту, ар и адэм и пIэкIэ къуажэ Iэхъуэу мэув. Еджэным пасэу гу хуэзыщIа щIалэ цIыкIур мыдрисэм щIотIысхьэ. ЩIымахуэм абы щеджэу, гъэмахуэм Iэхъуэу йокIуэкI 1914 гъэм нэсыху. А гъэм империалист зауэм щIедзэри, «дикэ дивизэ» жыхуаIэм хэта къэбэрдей полкым хагъэхьэ Борыкъуейр. А полкым хэту ар щозауэ Австро-венгр фронтым. Революцэм щIидзэу, полкым Къэбэрдейм къигъэзэжа нэужь, ТIутIэ аргуэру мыдрисэм щоджэ.

Борыкъуейр щIэныгъэ зиIэ лIы Iущти, Къэбэрдейм сыт хуэдэ Iуэху щекIуэкIми, псынщIэу, зэхэщIыкI иIэу къыипхъуатэрт. Налшык къалэм дэта окружной Советым къыбгъэдэкIыу ар ягъэкIуауэ щытащ Кубано-Черноморскэ Федеративнэ республикэм и революционнэ дзэм Екатеринодар (Краснодар) щригъэкIуэкI съездым и лэжьыгъэм хэтыну.

1921 гъэм, мыдрисэр къиуха нэужь, Борыкъуейр къуажэ молэуэ, абы иужькIэ областной шэрихьэт судым и унафэщIу мэлажьэ. 1923 гъэм Налшык егъэджакIуэ курсыр къыщеухри, ЛУГ-м адыгэбзэр щрегъэдж.

Ар ящыщ зыщ адыгэм тхыбзэ яIэнымкIэ япэу лэжьыгъэшхуэ зыщIахэм. ЕтIощIанэ гъэхэм къызэIуаха школыщIэхэм папщIэ абы букварь, учебник етх, езыр я редактору тхыгъэ зыбжани къыдокI. А псоми мыхьэнэшхуэ яIащ лъэпкъым и культурэм, щIэныгъэм зэужьынымкIэ.

Борыкъуейм фIыуэ къыгурыIуэрт анэдэлъхубзэмрэ поэзиемрэ лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэхэм зэращыщыр икIи бзэм елэжьхэм, курсант усакIуэ щIалэхэм и нэIэ ятригъэт зэпытт. Абы и жэрдэмкIэ ЛУГ-м къыщызэрагъэпэщауэ щытащ япэ литературэ кружокыр. ЩIалэгъуалэм и мызакъуэу, нэхъыжьхэри щIэныгъэм зэрыришэлIэным хущIэкъурт ТIутIэ. Абы и щыхьэтщ щIэми жьыми яхуэгъэзауэ итха тхылъхэр: «Кол-



5 Заказ № 189

хоз букварь», «ГъащIэщIэ», «Дэ доджэ икIи долажьэ», «Балигъхэр дауэ щIэныгъэм хуегъэджэн хуей», нэгъуэщIхэри.

Документ щыIэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, Борыкъуей ТIутIэ 1914 гъэм тхэн щIидзащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, революцэм и пэкIэ итхахэр ди деж къэсакъым.

ЕтIощIанэ гъэхэм и кIэхэм Борыкъуейм и усэхэр газетым къытрадзэ, тхылъхэм ярыту къыдокI. 1931 гъэм дунейм къытохьэ цIыкIухэм папщIэ итха басняхэр щызэхуэхьэса сборникыр.

Борыкъуейр нэхъыбэу зыхуэтхэр еджакIуэхэрт, и усыгъэхэм къалэн нэхъыщхьэ ящищIри «литературэ къабзэм» и Iуэхутэкъым, атIэ еджакIуэм хуэщхьэпэнырт. «Советхэм я власть», «КИМ», «Октябрым и 25-р», «Сыхьэт махуэ дэ дежьащ», «Пионер уэрэд» усэхэр зыхуэгъэзар ныбжьыщIэхэрщ, ахэр Iуэхугъуэ гуэрым къыхуеджэнырщ, зэщIэгъэуIуэнырщ. Борыкъуейр а тхыгъэхэмкIэ нэхъ зыхущIэкъур зэманым и гупсысэ пэрытыр гурыIуэгъуэу еджакIуэ цIыкIухэм яхуиIуэтэнырщ. «Сыхьэт махуэ дэ дежьащ» усэм ар щыщогуфIыкI адыгэ лъэпкъым тхыбзэ зэригъуэтам икIи цIыкIухэр къыхуреджэ гъэсэныгъэ дахэ зрагъэгъуэтыну.

*Гъэсэныгъэм дыхуежьащ,*
*Деджэ, дытхэу едгъэжьащ,*
*Ди бзэр тхылъуэ къытхуежьащ,*
*Сыхьэт махуэ дэ дежьащ:*
*Нобэ Iэщэр – гъэсэныгъэщ,*
*ГуащIэу щыIэр – еджэныгъэщ.*



«Пионер уэрэдри» зытеухуар ныбжьыщIэхэр еджэн Iуэхум, компартым и гъуэгум хуэпэжу щытын зэрыхуейрщ. Апхуэдэ усэхэр, дауи, литературэм екIуэлIащэртэкъым, ауэ абыхэми зы къалэн гъащIэм щагъэзащIэу щытащ.

1932 гъэм сентябрь мазэм Псыхуабэ къыщызэIуах Къэбэрдей-Балъкъэр педагогическэ институт. Абы адыгэбзэр щригъэджыну Борыкъуейр ягъакIуэ. КъызыхэкIа лъэпкъым и щIэныгъэм, и культурэм псынщIэу зиужьыным зи нэ къыхуикI адыгэлIым и жэрдэмкIэ а институтым къыщызэIуах къэбэрдей литературэмрэ бзэмрэ я кафедрэ. 1934 гъэм къыщыщIэдзауэ а кафедрэм и унафэщIу мэлажьэ Борыкъуейр. И щIалэгъуэм щIэныгъэ нэс зригъэгъуэтыну Iэмал зимыIа ТIутIэ нэпсейуэ едж литературэр, тхыдэр, философиер. Псом хуэмыдэу абы кууэ щыгъуазэ зыхуещI урыс литературэм. Адыгэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэнымкIэ сэбэпышхуэ хъуащ абы зэридзэкIа урыс тхыгъэхэр. Апхуэдэщ Пушкиным, Лермонтовым, Толстойм, Гайдар сымэ я IэдакъэщIэкIхэр. Абыхэм нэмыщI Борыкъуейм адыгэбзэм къригъэтIэсащ Конституцэр, политическэ тхыгъэ зыбжанэ, «Интернационалыр».

Борыкъуей ТIутIэ псом япэ зэхилъхьащ урыс графикэм тет къэбэрдей-шэрджэс алфавитыр. Къэбэрдейр абыкIэ щапхъэ яхуэхъуащ Кавказым ис адрей лъэпкъхэм. А алфавитым тету нобэр къыздэсым бжыгъэншэу къыдагъэкI художественнэ, политическэ тхылъхэр, газет, журналхэр. Борыкъуейм апхуэдэуи и Iэдакъэм къыщIэкIащ щIэныгъэ-методическэ тхыгъэу 50-м нэблагъэ.

Адыгэхэм щIэныгъэ, литературэ, культурэ яIэнымкIэ хузэфIэкI илэжьащ Борыкъуей ТIутIэ. Ар зыщыгъэгъупщэн хуейкъым. Псыпэ куэдыр абы и деж къыщежьащ.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

КIЭБЫШЭ Лилэ

# КъэнэкIафIэ

*Рассказ*



Гупсысалэ-гупсысэхщ ар псом хуэмыдэу иужьрей зэманым, игу къызэрыдэмыжым закъуэныгъэр къыхыхьэжащи, гугъусыгъуущ жэщхэр зэригъакIуэр; и блэкIар щIипщытыкIыжурэ, и щхьэр зыфIеудыж, лъэныкъуэкIэ зегъазэ, зыкъегъэзэж, зеIуантIэ-зешантIэри хэлъщ, жейм емызэгъыу. «Си адэ мыгъуэм къызжиIэрт куэдрэ: «Мэжид, си щIалэ цIыкIу, фIыуэ къедаIуэт ныбжесIэнум». – «СынодаIуэ, папэ». – «Ахъшэрэ мылъкурэ куэду уиIэмэ, плъэмыкIынрэ къыпхуэмыщэхунрэ зэрыщымыIэр хьэкъыу зыпхыгъэкI. Зэманым зихъуэжащ узижэгъуэн и махуэу. Уэ пхуэдэм уриунэIуту, жысIэпэнщи, урипщылIрэ зыхуейр къуипэсу, уигъэикIэу дунейм утетынущ, упсэукIэмыщIэмэ. ТхьэмыщкIэ лъагъугъуафIэ щыIэкъым, гъащIэм урищIыкIынущ, убгъэдэмылъIамэ. Мылъкушхуэ къызэрыбугъуеиным ешрэ псэхурэ умыщIэу телажьэ, си щIалэ цIыкIу. Нобэ зыгуэр къысщыщI хъужыкъуэмэ, Тхьэм и шыкуркIэ, узыхэIэбэн мылъку къыпхузогъанэ; гъэбагъуэ ар, умыгъэкIуэщI, псыкIэ умыщI». – «ЗгъэзэщIат си адэ мыгъуэм къысхуищIа унафэр, зы мэскъалкIэ сытекIатэкъым и жыIэм. СытекIын щызогъэтри, щIезгъэгъуат, ауэ и чэзум сыкъэувыIэжыфакъым. Сэ схуэдэм сакъыкIэрымыхуу си псэукIэр щызэтезублэм, мылъку лейм сыпылъыжын хуеякъым, бетэмал. Ахъшэр куэду къыщыпхэхъуэм и деж Тхьэр къыпхуэупсэу къыщIэкIынщ, ауэ абы икIи уегъэунэху. А къыпхэхъуэм нэпсеигъэ егъэлеиIуар – зумыгъэнщIыжу, уримыкъужу – гъусэ къызэрыхуищIым уемыгупсысу, ущогуфIыкI. Ар узышхуэщ... Псори зэзылъэфалIэу мылъкукIэ зызымыгъэнщIыр, зи напэри цIыхугъэри къулеигъэкIэ зыхъуэжыр цIыху хуэдэ цIыхум Iумпэм ещI. АтIэ нэхъ лъапIэ дыдэу щыIэхэр – Напэр, ЦIыхугъэр – адрей фIы псори – мылъкукIэ схъуэжауэ мы дунейм дауэ сызэрытетынур? Тхьэшхуэм и губгъэн къэзмыхьауэ пIэрэ?

Мылъкум апхуэдизкIэ сигъэгушхуати, си гугъэт жьыгъэми узми сапэлъэщыну, арщхьэкIэ жьыхуегъэзэкI сыхъури, си дунейми зихъуэжащ.

Япэм хуэмыдэу, иджы махуэхэр нэхъ псынщIэу ежэкIыу къысщохъу. Бетэмал, сыхущIэмыхьэу зыIэщIэзгъэкIа зэманым къигъэзэжыну сщIатэми... Си гъащIэм ахъшэу зэхуэсхьэсар щIэстынт. Мылъкум сытегужьеикIауэ ар зэрызгъэбэгъуэным яужь ситащ. Пэжщ, нэпсейуэ, къузгъуну зэи сыщытакъым, зимыIэм защIэзгъэкъуащ, псапэ куэди сщIащ, ауэ слъэкIыну щытам еплъытмэ – сфIэмащIэщ.

Нэхъ щIалэ сыхъужыну сыщIыхуейр гурыIуэгъуэщ – апхуэдэ цIыхубз дахэм гу къыплъитэн щхьэкIэ, абы ухуэфащэу ущытын хуейщ.

МылъкукIэ къыдэпхьэхыфынухэм ар зэращымыщри къызгурыIуащ. Си ныбжьым сригузавэми, апхуэдэуи жьы сымыхъуа. Ауэ пэжыр пэжщ – ар сэр нэхърэ фIыуэ нэхъыщIэщ. СыкъизыгъэкIуэтын цIыхубзрэ схузэфIэмыкIын Iуэхурэ щымыIэу къысщыхъуами – сыщыуауэ къыщIэкIащ».

Мэжид и гупсысэхэм къыхишащ зэуэ къригъэжьа уэшхышхуэм и Iэуэлъауэм. УафэхъуэпскIымрэ щыблэмрэ зэхыхьэжащи, щIылъэр ягъэзджызджу къыпщохъу. Щхьэгъубжэшхуэр жьым къыIуидзауэ Iупхъуэр зэм еутхыпщI, зэми къегъэбырыб.

Мэжид зэрыщIыкIурэ и жагъуэт уафэхъуэпскIрэ щыблэрэ щызэщIэт уэлбанэр. Закъуэныгъэри абы къыхыхьэжащи, ныжэбэрей жэщыр къохьэлъэкI. И гъащIэм, и насыпым теухуа гупсысэхэм зэщIаIыгъэу куэдрэ щысащ ар. Ауэ, гъуэлъыжын хуейтэкъэ?.. Гъуэлъыжа щхьэкIэ, жейм езэгъыркъым. Мариерэ езымрэ я Iуэхур адэкIэ зэрыхъунур къыхуэщIэркъым...

Жейм хилъафэу пщIыхьэпIэу илъэгъуами е нахуапIэу щытми хузэхэмыгъэкIыу телъыджэ гуэр Мэжид и нэгу щIокI... Чэсейфэху зэшэкIа цIыхубз гуэр къыщхьэщохьэ... Ар дахэт, Марие ещхьт, ауэ армыраи хуэдэт. Фагъуэт, нэщхъейт. Макъ лъахъшэкIэ «Марие мэгуIэ» – къыжреIэри, хуэм дыдэу щхьэщокIыжри, мэбзэхыж.

Мэжид зэуэ къызэщыуащ, къэхъуар гъэщIэгъуэн щыхъуауэ. «СызыщIэхъуэпсу сызэгупсысыр нэкъыфIэщIу си псэм къысхуриджэу сигъэлъэгъуауэ, и хъыбар къыслъигъэIэсауэ ара? Марие гузэвэгъуэ гуэрым хэхуащ... Сыт сщIэнур? Си дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэщ ар», – ахэр и щхьэ хужиIэжурэ Мэжид псынщIэу зихуапэри щIэкIащ, маршынэр гаражым къыщIихури ежьащ, Мариехэ я деж кIуэну.



Мы жэщым Марие гуIэр пэжт. И къуэ закъуэр афияным зэрыдихьэхар шэм хуэдэу къызытехуа анэр гужьеяуэ утыкум итт, ищIэнур имыщIэжу. Наркотикыр щызрихьэлIэн хуей пIалъэр къэсати, Мусэ къыхигъэзыхьу, хуэмышэчыжу и Iэпкълъэпкъыр къезауэрт.

Анэ тхьэмыщкIэр, и нэпситIыр къежэхыу, и щIалэ гъэфIэным едэхащIэрт.

– Сыт мыгъуэр пхуэсщIэну, си псэ закъуэ? Сыт мыгъуэр си Iэмал?

– Мамэ, дяпэкIэ апхуэдэ Iуэху сыхэмытыжыну укъызогъэгугъэ, япэм хуэдэу щIалэфI сыхъужынущ, – ерагъыу къыдрешей Мусэ.

– Пэжуи, си щIалэ цIыкIу, сыкъэбгъэгугъэрэ? Сыкъэбгъэгугъэмэ, зэрыплъэкIынур сощIэ, си псэ закъуэ.

– Укъызогъэгугъэ... Iейуэ къызоуз, мамэ. Ар щумыгъуэтым и деж Iейуэ уегъэсымаджэ, ауэ «уигъэлIэнукъым» – къызжаIащ... Умыгузавэ.

– Алыхьым и шыкурщ ар къызэрыбгурыIуэр. Уэ упэлъэщынущ абы. Мис, дади къэкIуауэ къыпхуогузавэ, си дуней нэху.

Мусэ жейм тIэкIу хилъафэ щыхъум, ар и закъуэу къагъанэри зэадэзэпхъур адрей пэшымкIэ щIыхьащ.

– Папэ, мыпхуэдизу сыщIэнасыпыншэр сщIэркъым. Сэ Тхьэшхуэм сызэрелъэIуам хуэдизрэ елъэIуауэ зы цIыху мы дунейм тету къыщIэкIынкъым. Гуэныхь зимыIэ щымыIэу жаIэ, ауэ, согупсысыжри си щхьэм апхуэдиз насыпыншагъэ къыщIрикIуэн гуэныхь злэжьауэ къысхуэщIэжыркъым. Мамэ мыгъуэ дунейм зэрехыжрэ сэ нэпсу щIэзгъэкIам ущIэмыупщIэ.

– Апхуэдэу жумыIэ, си хъыджэбз, Алыхьым игу къобгъэнщ. КъыпхуищIэнуми, дяпэкIэщ, – жи МуIэзин, къэгузэвауэ.

– Пэжщ, папэ, жыпIэр. Игу къызэбгъэнкIэ сошынэри, иужькIэ согузэвэж. Мусэ илъэс пщыкIущ ирикъуа къудейщ. А цIыхуукIым есапэрэ щIэчэ имыIэу мастэ къилъыхъуэн хуей хъумэ, сэ абы сыкъелынукъым. СыщIэгузавэр си щхьэракъым, Мусэ мы Iуэхум дауэ къедгъэлыну? – гуIэрт Марие.

– Зэи аркъэи тутыни сефэнукъым, щIэныгъэшхуэ зэзгъэгъуэтынурэ мамэ зыхуей псори игъуэту згъэпсэунущ, жызыIэу школми фIы дыдэу щеджэ щIалэ дыгъэ цIыкIур а цIыхугъэкIуэдым дауэ хашэфа? – игъэщIагъуэрт МуIэзин.

– Мамэ, мамэ, дэнэ ущыIэ? – Мусэ и макъ щтэгъуэр къыщыIум, зэуэ тIури къыщIэжащ: IэпкълъэпкъыуиIэм блэ къеуами ярейуэ, Мусэ цIыкIу зиIуантIэ-зишантIэу унэ лъэгум илът. – Мамэ, дэнэ ущыIэ, си Iэр къэубыди умыутIыпщ. Мамэ, зо! СолIэ, мамэ, сэ сыхуейщ сыпсэуну.

– Сыт жыпIэр, си щIалэ цIыкIу, ар дауэ жыпIэфа? Сыт итIанэ сэ мы дунейм щысщIэжынур?

... Мусэ и щхьэц Iувыр пщIэнтIэпсым псыфыбзэ ищIат. Гужьеигъуэр зыщIэплъагъуэ нэшхуитIыр къызэтрихырти и анэм къеплъырт, и Iупэ гъущIахэмкIэ Iущащэрт. Зэми псэ хэту къыпхуэмыщIэу щымыбзэ хъурт, зэми зыгуэрым къигъэщтам хуэдэу, къыхэкIиикIырт.

А гузэвэгъуэ-щтэгъуэм къохутылIэ Мэжид, и щхьэхъумэ щIалитIыр и гъусэу. Мусэ Мэжид къыщыгуфIыкIыну хуейт, арщхьэкIэ и къарум къихьыртэкъым.

– Мыр сыт, щIалэфI, къыпщыщIар? – Мэжид Мусэ бгъэдыхьащ, икIи, и теплъэр игу щримыхьым, дохутыр псынщIэу къраджэну яжриIащ.

– Сыхуейкъым дохутыр, сэ езыр сыхъужынущ.

Мэжид и гъусэ щIалитIым языр телефонкIэ игъэпсалъэри, куэд дэмыкIыу дохутыр къэкIуащ. ЩIалэ цIыкIум еплъыщ, и гум едаIуэри: «Сымаджэщым шэн хуейщ икIэщIыпIэкIэ», – къажриIащ.

НэхъыфI дыдэу яIэ палатэм Мусэ щIагъэгъуэлъхьащ. Дохутырхэри медсестрахэри яхузэблэжырт. КърахьэлIэр хущхъуэм я нэхъыфIымрэ я нэхъ лъапIэмрэт. ЕтIуанэ махуэм щIалэ цIыкIур хэпщIыкIыу нэхъыфI къэхъуащ.

– ЗэрыжаIэщи, укъэнэкIафIэщ, Мусэ дахэ цIыкIу. Зы махуэкIэ укъыкIэрыхуамэ, укъыкIэрыхупат. ДяпэкIэ апхуэдэ гузэвэгъуэ уи псэм тумылъхьэж, уи анэри умыгъэгузавэ, – къыжриIащ дохутырым.

– Сэ псори къызгурыIуэжащ, дяпэкIи апхуэдэ Iуэху зэи сыхэтыжынукъым.

– Пэжуи? Псори къыбгурыIуэжа?

– КъызгурыIуэжащ. Сэ зэи пцIы супсыркъым, уи фIэщ мыхъумэ, мамэ еупщI. Абы щыгъуэми сыхуеякъым икIи къэслъыхъуакъым. «Мы зэзакъуэм еплъ, адэкIэ хэгъэзыхь щыIэкъым, уи гукъыдэжыр къиIэтыну аркъудейщ», – жаIэри залымыгъэкIэ... – псалъэхэр хузэпымыщэу къэгъащ Мусэ.

– «Мы зэм» щIыжаIар адэкIэ укъэмыувыIэжыфу уэ езым а щхъухь бзаджэр къэплъыхъуэу щIэбдзэнути аращ, – къэпсэлъащ дохутырыр.

– Хьэуэ, хьэуэ, сэ афIэкIа апхуэдэ Iуэху зесхуэнукъым.

– ИтIанэ насыпыфIэ ухъунущ. Зыщумыгъэгъупщэ си псалъэр. Щумыгъуэтым деж узэрищIыр бгъэунэхуащ. ЛIыгъэ пхэлъу упэщIэтыфащи, согъэщIагъуэ. Ауэ, пэжыр бжесIэнщи, уигъэлIэным иIэжар зымащIэщ. Наркотик зэзыхьэлIэхэр хуейт хыфIадзэжыну, арщхьэкIэ яхузэфIэкIыркъым. Мы уз бзаджэм пэлъэщыфыр зырызыхэщ, ауэ абы утекIуа нэужь, гъащIэр зэрыщIэращIэр псэкIэ зыхэпщIэу псэун щIыбодзэж. Узыр нэхъ псынщIэ пщызыщI хущхъуэхэри щыIэщ, ауэ, псом ящхьэращи, уэ езым лIыгъэрэ быдагъэрэ пхэлъын хуейщ. Си гугъэмкIэ, ахэр уэ пхэлъщ, – жиIэри наркологыр щIэкIыжащ.

* * *

УзыхэIэбэнур уи гъунэжмэ, лъабжьэжьыр пасэ дыдэу пхуагъэхьэзырамэ, къулеигъэм ухуэзышэ гъуэгум ирикIуэгъуейт? Адэм къыхуищIа унафэми, кърита чэнджэщми текI иIакъым Мэжид. ЩIэх дыдэ ар нэхъ къулейхэм, егъэлеяуэ зыхэзыIэтыкIхэм, ящхьэпрыкIыжащ. Махуэ гуэрым Мэжид езым къищэхужа заводыр (хьэжыгъэм ерыскъыгъуэхэр къыщыхащыкIыр) къызэхикIухьырт, абы и унафэщIу игъэувар и гъусэу.

– Феплъыт, заводыр зейр къэкIуащ. Нэгъэсауэ цIыхухъу екIукъэ? – зэжраIэрт цIыхубзхэм, зыгуэрхэри абы къыбгъэдыхьэрти, къыщыгуфIыкIыу сэлам кърахырт.

Псалъэмакъым къыхэмыхьэри, зи щхьэ къэзымыIэту лажьэри зы бзылъхугъэ закъуэти, ар псоми къахилъагъукIащ Мэжид. ЗанщIэу цIыхухъунэм къыфIэмынэн, гу зылъумытэн цIыхубзхэм ящыщтэкъым ар, дахагъэкIэ къахэщырт. Дахэм и мызакъуэу, икIи лъагъугъуафIэт, щабагъэрэ гуапагъэу и нэгум къищми узыIэпашэрт.

УнафэщIым и кабинетым къыщIыхьэжа нэужь, «А цIыхубз дахэкIейр хэт хъуну?» – жиIэри щIэупщIащ Мэжид.

– Дауи, Мариещ жыхуэпIэр. Дахэм имызакъуэу ар щэныфIэщ, Iэсэ-Iэдэбщ, и нэмысыр иIыгъыжщ, ауэ и лIыр ефэрейщи, гугъу ирегъэхь...

Марие Тхьэр дахагъэкIэ къыхуэупсэри, «хъунщ ар» жыхуиIэу насыпыр жыжьэу пыIуигъэкIуэтат. Ар сабийуэ и анэр дунейм ехыжри, сабиигъуэ насыпыр абдеж щиухат. Анэр дунейм щехыжым, гъыуэ къыщхьэщыс и хъыджэбз цIыкIур и бгъэм ирикъузылIэри, щэху дыдэу и щхьэгъусэм жриIат:

– ИгъащIэм жыпIэр си унафэу сыпсэуащ. Ауэ иджы сынолъэIу анэнэпIэсым и лейр мы хъыджэбз цIыкIум къытумыгъэхьэу ухуэсакъыну, зыкIэрумыдзыну. Гу щабэщ, псэ хьэлэлщи, псори яхуигъэгъуурэ цIыху бзаджэхэр къытегушхуэнщ.

И щхьэгъусэр дунейм зэрехыжрэ илъэси дэмыкIыу, МуIэзин къишэжащ и ныбжьэгъухэм къыхущIаха цIыхубз гуэр. Къишэжар ящыщт зи Iэр зи шхужьым изыгъэувэу «си псалъэращ унафэр» – жызыIэ, кIийгуо хэмыкI цIыхубзхэм, тау-тач жезыгъэIэхэм. АнэнэпIэсым илъагъу хъуртэкъым анэдэкIуэу къыздиша и пхъуитIым сыткIи ефIэкI хъыджэбз IэкIуэлъакIуэ цIыкIур, унэгуащэ къалэн нэгъунэ иригъащIэрт. Сыт хуэдизу гугъу емыхьми, Марие фIыуэ еджэрт, дохутыр IэщIагъэр и хъуэпсапIэти, абы зыхуигъэхьэзырырт.

Зэгуэрым, зы мыхьэнэншэ щхьэкIэ къэгубжьри, анэнэпIэсыр хъийм икIауэ хъыджэбз цIыкIум къытекIият, къримыпэс щымыIэу. «Мамэ иригъэщIа унэм фыщIэмысу, фыкIуэжи фи унэ фыщыкIииж», – пидзыжат абы Марие.

Сыт къыжримыIами, сыт хуэдизкIэ къимыгъэпудами, а зэзакъуэрат Марие анэнэпIэсым зэрыпэпсэлъэжар.

– Еплъыт абы къызипэсым, зэрыхуейуэ къэхъу угъурсыз! Уэ Iейр уугъурлыуэ щытамэ, уи анэр бгъэбампIэурэ бгъэлIэнтэкъым. НэхъыжьнэхъыщIэ зымыщIэ Iуплъэгъуей! – лъэкI къимыгъанэу шхыдэрт фыз ябгэр.

Ар фIэмащIэу, лажьэ зимыIэ МуIэзини текIиящ:

– Уэри, жыг лъэдакъэжь гъужам хуэдэу, щхьэ ущыт? Зэрыплъагъущи, уи пхъур сэ схуэгъэсэнукъым.

Мыдрейми, зыпэплъар ара хуэдэ, чы лантIэр къищтэри и пхъур ирихужьащ. Марие жыг хадэм илъэдащ. Адэр шхыдэурэ абы кIэлъыжэрт, зэзэмызи кIэлъыщIыхьэрти, къызэприхулэкIырт. Хьийм икIа адэр жыг лъэдий гуэрым щхьэкIэ еуэу къэмыукIуриямэ, къыщыувыIэжынур къэщIэгъуейт.

Марие и адэр укIурияуэ щилъагъум, гъуэгыу къыбгъэдэлъэдащ:

– Папэ, сыт къыпщыщIар? Къаплъэт, кхъыIэ, къаплъэт. ДяпэкIэ зыри жысIэжынкъым. КхъыIэ, къысхуэгъэгъу.

– Ар дауэ хъуа, си хъыджэбз цIыкIу, апхуэдиз гузэвэгъуэ уи псэм щхьэ теслъхьа? ШейтIаныр сыту Iейуэ къыстеукIуэт! – жиIэурэ и адэри къэгъат.

– Ар Iуэхукъым, папэ, абы щхьэкIэ сэ уэ фIыуэ услъагъун къэзгъэнэнукъым.

Зы пщыхьэщхьэ къэмынэу Марие анэм и кхъащхьэм кIуэурэ гъыуэ щхьэщыст. «Мамэ, си псэ, уэ сызэрыпхуэныкъуэр пщIэуэ пIэрэ, си закъуэ мы дунейм щхьэ сыкъытебна? Зыри къысхуейкъым, лейуэ дунейм сытетщ. Папэ тхьэмыщкIэ и щхьэ хуитыжкъыми, сфIэгуэныхьщ. Сыту гу щIыIэ-псэ щIыIэ анэнэпIэсыр, си мамэ мыгъуэ», – зэщыджэрт, пыхьэрт хъыджэбз дыгъэ цIыкIур.

Школыр къыщиухым, Марие нэхърэ нэхъ дахэ жылэм дэмыс жыхуаIэм хуэдэу пщащэ зэкIуж къищIыкIат, и хьэл-щэныр апхуэдизкIэ цIыхум ягу ирихьырти, щхьэгъусэ, нысэ ящIыну къыхузэпещэр гъунэжт, ауэ пщащэм мурад быдэ иIэти, зыри зыхигъэзагъэртэкъым.

«Еджэн» псалъэм анэнэпIэсыр къызэригъэкIуэкIырт.

– Хэт уэ къалэм укIуэ-укъэкIуэжу уезыгъэджэнур, уи адэм апхуэдэ зэфIэкI иIэ сытми?! Хьэмэрэ ахъшэ гъэтIылъа  фкъуэлъура? – къыжриIэрт.

– Сэ фIыуэ седжэфынущи, стипендие къэсхьынущ, зыми сыщыгугъынукъым, – пидзыжырт абы Марие.

– Щхьэр егъэуз уи пхъум, мы зэманым ахъшэшхуэ щIимыту щIэтIысхьэфыр хэт? Зыри мыхъуауэ къигъээжынурэ къыдэувэжынущ, – текIиерт фыз ябгэр МуIэзини.

«Абы къигъээжмэ, си пхъуитIыр къыдинауэ бжы. А ямылъагъужыным, пэжу, нэхъ фэ тетщ. Ар ялъагъуу, мыхэр зышэнур хэт?» – егупсысырт цIыхубз бзаджэр, ауэ  зытегузэвыхьыр и щхьэгъусэм кърigъащIэртэкъым. Куэд дэмыкIыу, анэнэпIэсым абыи хэкIыпIэ къыхуегъуэт – Марие зыри химыщIыкIыу, и благъэ гуэрым унэ-

идзыхьэу ирегъэхь. И гур хэщIу хъыджэбзыр гъырт, иутIыпщыжыну щIалэм елъэIурт, арщхьэкIэ мобы зыри зэхихыну хуейтэкъым. КъыщхьэщыпсэлъыкIынышхуэ зимыIэ цIыхубз зэкIужыр апхуэдэ щIыкIэкIэ къыщIэна хъуат хуэмыфащэ щIалэм и лэгъунэм.

ХьэгъуэлIыгъуэр щIэх дыдэу дахщ, жыжьэ унэзымыхьэсын ахъшэ тIэкIу къыIэщIалъхьэри: «Фылажьэ, фи щхьэ вгъэпсэуж» – жаIэри зэрышаитIыр къалэм яутIыпщат. Ефэу, къаугъэ къигъэхъейуэ гугъу езыгъэхь я щIалэр лъэныкъуэегъэз зэрыхъуам унагъуэр щыгуфIыкIырт, яхуэмыгъэса я къуэм щхьэгъусэ хуэхъуам абы цIыху тэмэм къыхищIыкIыжыфыным щыгугъхэрт.

Зэщхьэгъусэхэр фэтэр щIэтIысхьащ. Куэд дэмыкIыу тIури лэжьапIэ Iуващ. – Марат шоферу, Марие шхапIэ гуэрым пщафIэм и къуэдзэу.

Марат емыфауэ къыщыкIуэжыр зээзэмызэххэт.

– КхъыIэ, уемыфэ, бэлыхь псоми я къежьапIэщ ар. Акъылыр зэIегъэхьэ, цIыхур егъэкIуэд. «Си щхьэгъусэр акъылыфIэщ», – жызоIэри сэ согуфIэ, уэ... – гуапэу, щабэу епсалъэрт абы Марие.

– Мис ар пэж дыдэу жыпIащ, акъылыншэми теплъэншэми сащыщкъым. Апхуэдэу дахэу укъызэрызэлъэIуам и хьэтыркIэ, нобэ щыщIэдзауэ ефэныр щызогъэт, – къигъэгугъэрт Марат и щхьэгъусэр. АрщхьэкIэ...

ЛэжьапIэ къикIыжа нэужьи Марие Iуэхуншэ хъуртэкъым. И унагъуэ Iуэхухэр зэфIигъэкIым имызакъуэу, гъавэ зракIутэ къэпхэр иду нэху щыху щыст. Марат гъуэгу яухуэм фIамыщI, пшахъуэ иришалIэрт. «Аркъэмэ къыпкIэримыхыу зы пщэдджыжь укъакIуэркъым, апхуэдэу сэр фIэкIа узыгъэлэжьэн щыIэкъым», – къыжриIауэ, мастерым къритыр улахуэм и зэхуэдитIырт. Абы щыщу Марат унэм нихьэсыр нэхъ мащIэжт, ари пщэдджыжьым щыщIэкIкIэ къиищтэжырт.



Марие абы зэи тепсэлъыхьыртэкъым. ИщIэрт ар Марат зэримыдэнур. ФэтэрыпщIэри шхын уасэри зыхэкIыр езым къилэжь тIэкIурат.

Зэгуэрым Марие зыхэт гупым и нэхъыщхьэ цIыхубзым ириджащ.

– Сыноплъри, мазэм щIигъуауэ пщыгъыр мы бостей мыхьэнэншэжь цIыкIуращ. Къулейуэ упсэуну, дахэу зыпхуэпэну ухуей? – къыжриIащ.

Марие мащIэу къыпыгуфIыкIри:

– Хэт и цIыхубз абы хуэмейр?

– Абы щхьэкIэ узыхуейр укъызэдэIуэн къудейуэ аращ.

– Улахуэм къысхущIыбгъуну ара?

– Iейуэт ар! Улахуэм къулей ищIа цIыху ди къэралым щыплъэгъуауэ пщIэжрэ? КъэдаIуэт: япэрауэ, а уи щхьэгъусэ бжьыгуэр зыпыгъэкI, зэманыр абы тумыгъэкIуадэ – фадэ фIэкIа, цIыхубз къыфIэIуэхужкъым. Ефэрейхэр псори апхуэдэу мэхъу. УщIалэщ, удахэщ, цIыхухъу гулъытэ ухуейщ. Апхуэдэу дахэу, зэкIужу куэдрэ ущытын уи гугъэ?

– Зэи апхуэдэ Iуэху сыхэмыхьэну арат сэ! Узыхуей бгъуэту упсэун щхьэкIэ зыпщэж хъурэ? Сымыкъулейми, сшхын согъуэтри, Тхьэм и фIыщIэщ. ИтIанэ, сыкъулеящэрэт, жысIэу зэи сыщIэхъуэпсакъым. ЦIыхухъу псори щхьэгъусэ бэлыхьу щымытыфынкIи мэхъу, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу я бын зэдапIыж. Къапщтэмэ, сэри сыхуейкъым дунейм къытехьэну сабийр адэншэ сщIыну.

– ИкъукIэ лекцэшхуэ укъысхуеджащ. Догуэт зэ, «сыуэндэгъущ» – жыпIэу ара?

Марие мащIэу пыгуфIыкIри, и щхьэр ищIащ.

– Еплъыт абы, укъыщыувым сыноупщIати къызжепIар пщIэжрэ? УмыукIытэу сэ фызышхуэм дауэ пцIы къысхуэбупса! ЗэрыжаIэщи, фIы пщIэмэ, уи щхьэм къеуэжынщ. Нобэ щыщIэдзауэ си деж ущылэжьэжыркъым, дэнэ ухуейми згъэхь!

ЦIыхубз фIыцIэ пшэр лъахъшэр апхуэдизкIэ къэгубжьати, уелъэIукIи зыри къызэримыкIынур Марие къыщыгурыIуэм, «Узыншэу ущыт» – жиIэри къыщIэкIыжащ.

ЛэжьапIэр зэрыфIэкIуэдар и щхьэм ихьауэ унэм къэкIуэжащ Марие. «Сызыщыгугъын щхьэгъусэ сиIами аратэкъэ? Сыт сщIэнур? Пэжщ, сызэрыуэндэгъур къащIэмэ, зыщIыпIи сагъэувынукъым», – гузавэрт ар.

Пщыхьэщхьэм Марат емыфауэ къэкIуэжащ. Апхуэдэу къыщыхъур зэзэмызэххэти, Марие лэжьапIэм къызэрыIуагъэкIари, сабий зэриIэнури и лIым жриIащ.

– Пэжуи! – ГуфIащэри къыщылъэтауэ Марат и щхьэгъусэм IэплIэ хуещI. – Е си дахащэ, къуэ сиIэнущ, ара? Сыту хъыбар гуфIэгъуэ къызжепIа! Пщэдей щыщIэдзауэ улэжьэнукъым, щхьэгъусэ тэмэмым зэрихабзэу, сэ фыспIынущ. Узыхуэсакъыжу, ерыскъы хэплъыхьакIи ушхэу – дяпэкIэ апхуэдэущ узэрыщытынур.

Марат жиIар игъэпэжырт, улахуэми химыгъэщIу къихьырт. НэхъыфIыIуэу шхэуэ иригъэжьами, Марие Iэмалыншэ шхыныгъуэхэм фIэкIа къимыщэхуу ахъшэр зэригъэзахуэрт. Абы зэхихырт дохутырми адрейхэми зыгуэр яIэщIумылъхьэмэ, зыкIи къызэромылIэлIэнур.

– Азалыхьышхуэ, уэ ущыIэщ, сынолъэIу си сабийр узыншэу дунейм къысхутебгъэхьэну, – жиIэурэ Марие нэхущ хъуауэ щыIурихым, и анэр и нэгу къыщIыхьащ. ПщIыхьэпIэр псори тэмэму къыхуэгубзыгъыжыртэкъым, ауэ анэр нэжэгужэу зэрилъэгъуари, тхьэгъу гугъу къызэрыхуищIари ищIэжырт.

... Марие сымаджэщым щашам япэу къыбгъэдыхьа дохутырым ахъшэ иритащ. ЗэрыфIэмэщIам гу лъумытэнкIэ Iэмал имыIэу, гуащIэ гуэр зышхам хуэдэу, абы и нэкIур зэригъэлъащ.

Куэд дэмыкIыу Марие узым къыхигъэзыхьу щIидзащ. КIэлындорым тет стIолым бгъэдэс дохутырым бгъэдыхьащ Марие къыдыщIэлъ нысащIэр, «Iейуэ гугъу йохь, зэрыхъури сщIэркъым» – щыжриIэм, и тхэныр зэрызэпимыгъэум хуэдэу зыкъыхузэкIэщIишащ: «Лъхугъэ къызытелъадэ уи щыпэлъагъу?»

ЦIыхубзыр щIыхьэжри Марие еупщIащ:

– Зыри ептакъэ?

Абдежым Марие игу къэкIыжащ анэм зи гугъу ищIа тхьэгъур. «Си фэеплъу зехьэ, си хъыджэбз цIыкIу», – жиIэри мыщIэ лъапIэ зэрыс тхьэгъур и анэм къыхурилъхьауэ щытат...

– КхъыIэ, мы си тхьэгъур къысхуихи, дохутырым къысхуеджэ, уэ абдежым къыщынэ, укIытэнщ.

– КъэпщIэжаи, Iейуэ укIытэнщ, – жиIэурэ нысащIэр щIэкIри, дохутырыр къыщIыхьащ.

– Тхьэм щхьэкIэ сынолъэIу мыр сIыпхыну, сыарэзыуэ тыгъэ пхузощI.

– Хьэуэ, хьэуэ, жыпIэр сыт, сыхуейкъым, – згъэфэрыщI дохутырым.

– Ягъэ кIынкъым, кхъыIэ... – жиIэу Марие аргуэру щелъэIум, тхьэгъур Iихащ.

Псори хъарзынэу зэфIэкIри, гугъу ехьами щыгъупщэжауэ, щIалэ цIыкIур и нэм, и псэм хуихьу, Марие унэм къэкIуэжащ.

Мусэ зыфIища и къуэ цIыкIум Марат зыщигъэнщIыртэкъым. Лэжьыгъэ нэужьым зимыIэжьэу къэкIуэжырти, сабийр иIыгът, гущэм хэлъмэ, щIиупскIэрт. Улахуэ закъуэр унагъуэм къемэщIэкIырти, Марие сом зырызу ар зэригъэзэхуэн хуей хъурт.

МуIэзини сабийр къызэралъхурэ нэхъ къэкIуэрей хъуати, Марие гуфIэрт.

– Нобэ жыхапхъэ зытIущ сщэфати, зыгуэрхэр къыфхуэсхьащ, – жиIэурэ пакетыр стIолым тригъэувэрт.

– КхъыIэ, папэ, умыгузавэ. Сабийр дунейм къызэрытехьэрэ Марат ефэжыркъым, улахуэми химыгъэщIу унэм къехь. ЦIыхубзым и дежкIэ ар насыпышхуэщ. А уздэкIуэжым пщари, къыщIэпхар зыхуэдизри къапщытэнукъэ?

– Зэпытыр къахуэмыкIуэкIэ абыхэми. Жыхапхъэ псори зэуэ пхуэщэн? Аращи, зыри къащIэнукъым. Насып ин Алыхьым зритын мы щIалэ цIыкIум сызэрыщыгуфIыкIыр пхужыIэнкъым, тобэ ярэби, сыту уэщхьыщэ! – жиIэурэ и Iэр къыщIэхауэ гущэм хэлъ сабийм еубзэрабзэрт МуIэзин.

Марие и адэм еплъыху, и гур узырт. КъэкIуэху нэхъ гъур, нэхъ цIыкIу хъуауэ къыщыхьурт.

– Папэ, сигу ныкъуэщ. Ущытыншыркъым уэ унагъуэм, – жеIэ Марие нэщхъей дыдэу, и нэпсхэр къыщIэжын хьэзыру.

– Зи щхьэгъусэр япэ ищ цIыхухъум и тыншыгъуэр зэфIэкIащ, си хъыджэбз. АдэкIэ абы къыпэплъэр закъуэныгъэщ, тхьэмыщкIагъэщ. Зыри къыпхуэмеижу лейуэ дунейм утету аращ.

– Апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ, папэ? Сэ сыпсэууэ уэ зэи лей ухъунукъым.

– Бынри хъарзынэщ, ауэ, плъагъурэ, ар зэрыщытращ: быныр зы лъэныкъуэщ, щхьэгъусэр нэгъуэщI лъэныкъуэщ.

– Сыт пщIэн, псори Алыхь унафэщ. Анэншэу дунейм утетынри Iейуэ хьэлъэщ. Анэкъилъху сызэримыIэр си гум къоуэ. Щхьэ апхуэдэу пасэу си анэр дунейм ехыжа? Ар зэрыжысIэм щхьэкIэ Алыхьталэм игу къызэбгъэу къыщIэкIынщ, ауэ, итIани абы куэдрэ согупсысри, къысхуэгъуэтыр зы жэуапщ. И къарур зыпэмылъэщын сатум хыхьэри, къытехьэлъэу гъуэгуанэ куэд зэпичащ. ПщIэжрэ, папэ, мамэ къыщыкIуэж зэзэмызэр ди гуфIэгъуэшхуэти. Щежьэжхэм деж сыгъырт, езыми и жагъуэт. Хуейтэкъым сумкэ зэпрыдзышхуэжьыр кърилъэфэкIыу къалэхэр къызэхикIухьыну, зыхуейр и унагъуэ къалэныр игъэзащIэу къытхэсыжыну арат. ЩIыIэ узыращ мамэ мыгъуэр зыхьар. Апхуэдиз лъэуджыджэным сыткIэ укъелынт?.. Апхуэдиз гугъуехь телъу си анэм иухуа унэ дэгъуэр къызыхуэнами еплъ.

А псалъэхэр жиIэри Марие занщIэуи щIегъуэжащ: «Мы жысIэхэр сыт, си адэм и жагъуэ щхьэ сщIырэ, армырами, тхьэмыщкIэм и Iуэхур щIагъуэкъым».

ИужькIэ макъ щабэ дыдэкIэ адэм зыхуигъэзащ:

– Къысхуэгъэгъу, си папэ цIыкIу, уэ Тхьэшхуэм куэдрэ усхуигъэпсэу, усхуигъэузыншэ. Бэзэрым укъэкIуэху си деж къыщIыхьэ. Си бжэр къыщыIупхым деж гуфIэгъуэу сиIэр сыт хуэдиз!

БлэкIар игу къимыгъэкIыжу, нэмыплъ кърimыту и пхъур IэфIу къызэрыхущытыр МуIэзин и гуапэт.

– Марие, си хъыджэбз цIыкIу, тэмэму сызэрыпхущымытам сыхущIогъуэж. Жыхапхъэ сщамэ, абыхэм зыгуэр къахуэсхьырти, уэ «ахъшэр схурикъуакъым» бжесIэрт... Ар пщIэжрэ?

Марие мащIэу къыпыгуфIыкIри, «хьэуэ» жыхуиIэу и щхьэр игъэкIэрэхъуащ.

– Папэ, зэрыхъум хуэдэу пщIащ, ар щхьэ уигу къэбгъэкIыжрэ? Псори блэкIащ. КъакIуи шхэ, фIыуэ плъагъу джэдлыбжьэр хьэзыру нобэ укърихьэлIащи, согуфIэ.

МуIэзин и пхъум деж зыщигъэпсэхуауэ, гукъыдэжи нэхъ иIэу кIуэжырт.

Махуэ гуэрым Марие и гъунэгъум цыджан цIыхубз гуэр къыхущIешэри: «Мыбы хуэдэу пэж жызыIэ срихьэлIакъым, куэзыр егъэдзыт», – жи.

– Зэмыфэгъу куэду зэхэлъщ уи гъащIэр. Уи Iуэхур нэхъыфI хъуну щIедзэри зэIохьэж. Мыр, дауи, уи щхьэгъусэу къыщIэкIынщ, абы щхьэкIэ куэдрэ угъынущ. Плъагъурэ фIыщIэжь цIыхубзыр, и зэраныш-хуэ къокIынущ. Зыщыхъумэ. Упэмыув – упэлъэщынукъым. Ахъшэ и куэдщ, бзаджэщ, гущIэгъуншэщ. Уи щIалэ цIыкIум хуэсакъ, – къыжреIэ цыджаным.

– Мыр сыт, Iейуэ щыIэр зэхуэхьэсауэ къызжепIаи! ФIы лъэпкъ къыспэмыплъэу ара?

– Сэ апхуэдэу жысIакъым, фIыи къыппоплъэ. ЦIыхухъу къулей гуэрым фIы дыдэу укъилъагъунущ, абы насып къыпхудэкIуэнущ.

Марие зэрыхуэплъам и уасэр къыщигъэхьэзырым, «Ахъшэ узэримыIэр къэсщIащи, зэкIэ зыри къыпIысхынукъым. Къулей ухъумэ, къызэптыжынщ», – жиIэри цыджан фызыр щIэкIыжат.

Сабийр садым иратри, Марие шхапIэ гуэрым хьэкъущыкъутхьэщIу уват. КъызэрыгуэкI унагъуэм хуэдэу, я Iуэху зэтеуват. Марие щыгъуп-щэжат Марат ефэурэ къаугъэ къигъэхъейуэ зэрыщытар. И гугъэт сыт щыгъуи апхуэдэу екIуэкIыну. АрщхьэкIэ хуэм-хуэмурэ и щхьэгъусэм ефэн щIидзэжащ. Иджы Марат фадэр нэхъ Iейуэ къытехьэлъэ хъуат.

Марие ар къимыгъэгубжьын щхьэкIэ едэхащIэурэ зригъэтхьэ-щIырти игъэшхэну игъэтIысырт. «Нысхьэбэ фIыуэ плъагъу хъыршы-ныр пхуэсщIащи, еплъыт уигу ирихьмэ», – жриIэрт щабэу. АрщхьэкIэ фадэр зи нэрыгъ лIым и хьэлыр зэкIуэкIат: IуэнтIат, ерыщт, зыри хэмызагъэу бзаджэ жиIэрт, цIыху щытыкIэр фIэкIуэдати, шына-гъуэт. Зыгуэр щхьэусыгъуэ ищIу Марие щIэкIыну хуежьэрт, арщхьэкIэ щIигъэкIыртэкъым. «Сыкъелыну пIэрэ?» – жиIэу, гузэвгъуэр и псэм телъурэ кIэзызу, Марие диваным ист.

Зэгуэрым, щIыбым джэгуу дэт Мусэ и адэм и кIий макъ щызэхи-хым, гужьеяуэ къыщIэлъэдэжащ. Абы илъэгъуат и анэм и напэр Марат къызэрырихулэкIар.

– Уемыуэ си мамэ, услъагъу хъуркъым. Си ныбжьэгъухэм, «уи адэр ефэрейщ» жаIэ. – Мусэ гъыуэ и анэм зришэкIащ. – Сыхуейкъым уэ пхуэдэ адэ, адрейхэм я адэхэр ефэркъым, я унэм зыри щыкIийркъым.

– Умыгъ, си щIалэ цIыкIу, псори тэмэм хъужынщ, папэ ищIэр ищIэжыркъым, Тхьэм гущIэгъу къыхуищI, – жиIэурэ езы Марии гъырт.

Абы иужькIэ зэзэмызэ фIэкIа емыфэу, ефэми къаугъэ имыщIыщэу

екIуэкIащ Марат. Арщхьэкlэ, уунэхъунумэ куэдрэ? Пщэдджыжь гуэрым, чэфыр пкърымыкIыжауэ машинэм дэтIысхьэри цIыху иригъэукIащ. Арати, ягъэтIысащ. Ар зи гуапэ хъуа гъунэгъухэм жаIэрт: «Тутнакъэщыр щIыщыIэр апхуэдэхэращ, нэгъуэщI мыхъуми, апщIондэху зыдгъэпсэхунщ».

Тутнакъэщым письмо гумащIэхэр Марат къритхыкIырт. Зэрыщытар къыгурыIуэжауэ, дунейм хуиту къытехьэжмэ, нэгъуэщIу зэрыпсэунур я фIэщ ищIыну хэтт.

И сабийми езыми зыхуагъэныкъуэурэ, ерыскъы IэфIхэр иIыгъыу и щхьэгъусэм кIэлъызекIуэрт Марие. КъыщыгуфIыкIыным, фIыщIэ къыхуищIыным и пIэкIэ, и гум къемыуэу зэи къигъэкIуэжыртэкъым. Гурыщхъуэ ищIырт Марие нэгъуэщI цIыхухъу къигъуэтауэ. «Армырамэ, мыпхуэдиз ерыскъыр дауэ пхузэфIэкIрэ? – жиIэрт Марат. – Щхьэгъусэ дахэр насыпкъэмыгъакIуэу зэрыжаIэр си фIэщ хъуащ иджы».

АфIэкIа кIэлъымыкIуэн мурад иIэу Марие къэкIуэжырт, арщхьэкIэ фIэгуэныхь хъужырти...

... Марат зыщIэгупсысыжауэ къыщIэкIынти, тутнакъэщым тэмэму зыкъыщигъэлъэгъуащ, икIи, «гъуэгу тэмэм теувэжащ», жаIэри куэд дэмыкIыу къаутIыпщыжат. Дуней хуитым тэмэму утетыным и уасэр къыгурыIуэжа хуэдэт.

– Еджэ, си щIалэ цIыкIу, еджэ! УзэрызиIэм къару къысхилъхьэрти, аращ апхуэдиз гугъуехьым сыщIыпэлъэщар. ДяпэкIэ сылэжьэнущ, узыхуей псори уэзгъэгъуэту адэфIу сыщытынущ, афIэкIаи сефэжынукъым, – жриIэрт сабийм.



Марат фадэ зыIуимылъхьэу куэдрэ екIуэкIакъым, къыщIидзэжащ. ЛэжьапIэ лъыхъуэну жиIэурэ дэкIырти, зеджалэу гувауэ къыдыхьэжырт. Пэжу, иджы япэхэм хуэдэу къаугъэ къигъэхъеижыртэкъым, ауэ гъырт, псэуну хуэмеижу жиIэрт. Марие абы игу щIэгъурти, псалъэ дахэ жриIэурэ тригъэужырт.

Мис а лъэхъэнэхэрат Марие и лэжьапIэр щихъуэжар, и улахуэр нэхъыбэ хъункIэ щыгугъыу, хьэжыгъэм къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэр щагъэхьэзыр заводым щыувар.

Мэжид заводым къызэрыкIуэрэ тхьэмахуитI нэхъ дэмыкIауэ, унафэщIым Марие иреджэ, гуапэу сэлам кърехри егъэтIыс.

– Зымахуэ къэкIуа Мэжид Зрамукович игу урихьащи, къыпщIоупщIэ, – жи, нехьэкI-къехьэкI лъэпкъ хэмылъу.

– Дунейм ущытеткIэ, зигу урихьи, уримыхьи щыIэнщ, – щIыIэщIыIэу къопсалъэ Марие.

– Уэлэхьи, мыхьэнэ зрамыт цIыхухъухэм ящымыщ ар. Си щхьэкIэ абы игу урихьамэ, насыпышхуэ къоуэлIауэ къысщохъу.

– Сэ щхьэгъусэ, бын сиIэщ. СимыIами, апхуэдэ Iуэху зэи сыхэмыхьэну арат.

– ЩхьэгъусэкIэ узэджэр сытым щыщ, хэт сригъэфэн, жери уэрамым дэтщ.

– Апхуэдэу жумыIэ, ар си сабийм и адэщ.

– Хъунщ, хъунщ, Марие, уи жагъуэ сщIыну сыхуеякъым, къысхуэгъэгъу. А уи щIалэ цIыкIур ебгъэджэн хуейкъэ? Хьэмэрэ зэманыр нэхъыфI хъужу и щIэныгъэкIэ зыщIыпIэ щIэтIысхьэфыну ущыгугърэ? Апхуэдэ зэи къэмыхъужыну аращ. Къэгъэзэж имыIэу блэкIащ а зэманыр.

– Тхьэшхуэм зэриухам хуэдэу псори хъунщ. КъысщIэупщIам схужеIэж апхуэдэу сызэрамыгъэсар, – жиIэри Марие къыщIэкIыжащ.

УнафэщIыр гузавэрт, и «пащтыхьым» Марие и псалъэхэр зэрыгуригъэIуэну щIыкIэр къыхуэмыщIэу, ар зэми тэджырт, зэми тIысырт. Дауэ мыхъуми, хъыбар иригъэщIэжын хуейти, шынапэурэ мэпсалъэ.

– Мэжид Зрамукович, псори тэмэмщ, хъарзынэ дыдэм, уэлэхьи, сегупсысынщ, жиIащ.

Абы лъандэрэ зы мазэ хуэдэ дэкIат. Мэжид къэпсалъэртэкъыми, унафэщIыр гуфIэрт. «Хэт ищIэрэ – къыхуэмеижу арагъэнщ. ЦIыхубзу абы игъуэт жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ» – жиIэу нэхъыфIым щыгугъыурэ, зы пщэдджыжь гуэрым Мэжид къэпсэлъащ:

– Егупсыса, жиIар сыт?

– АтIэ, уэлэхьи, егупсысамэ икIи арэзымэ.

– Абы щыгъуэм пщэдей пщыхьэщхьэ лэжьыгъэ нэужьым си деж фыкъакIуэ, – жиIэри трубкэр трилъхьэжащ.

А псалъэхэм унафэщIыр гузэвэгъуэм хадзащ. «Уэлэхьи, сыунэхъуауэ фIэкIа сымыщIэ. Сыт сщIэнур?» – жиIэурэ секретарым унафэ хуещI:

– Марие си деж псынщIэу къыщIэгъэхьэ.

Куэд дэмыкIыу, халат хужьри зэрыщыгъыу, цIыхубзыр къыщIыхьащ.

– ТIысыт, Марие, – жиIэурэ шэнтыр къыхущIигъэкIуэтащ.

– Марие, сэ бынищ сиIэщи спIын хуейщ. Уи щхьэгъусэм и къалэныр уэ щхьэщыбох, сысейм ар къыпхуищIэнукъым. Мэжид Зрамукович «ФыкъыщIыхьэ» жиIащи, унэмыкIуэмэ, сыIуихуауэ бжы. ДыкIуэкIи зыри къэхъунукъым. ЦIыхубз гулъытэ ар хуэныкъуэкъым. Бжьэм хуэдэу къепщIащ, уэлэхьи, бжьэм хуэдэу. ИгъащIэм апхуэдэ цIыху уепсэлъылIа, и гъусэу ущыса? Таурыхъхэм хэт дунейм ещхь уигъэлъагъуфынущ а цIыхухъум. Ухуэмеймэ – хэгъэзыхь щыIэкъым. СынызэролъэIуращи, Тхьэм и хьэтыркIэ, уи зэран къызумыгъэкI.

– Си зэран уэзгъэкIыну сыхуейкъым, хъунщ... дыкIуэнщ...

ЕтIуанэ махуэм, зэрызэгурыIуам тету, унафэщIымрэ Мариерэ Мэжид хуеблэгъащ. Марие и псэукIэр зыхуэдэр ищIэ пэтми, Мэжид абы зыгуэрхэмкIэ къеупщIырт, нэплъэгъуэ дахэ къридзурэ.

– Дауэ къыпщыхъурэ-тIэ, Марие, лэжьыгъэр? Дауэрэ уехъулIэрэ? – гуапэу щIоупщIэ Мэжид, шэнтжьейм зригъэзэгъэжурэ.

– Хъарзынэщ, Тхьэр фIыкIэ къыпщIэупщIэ!

– Тхьэр фIыкIэ зыщIэупщIэр насыпыфIэхэрщ. УнасыпыфIэмэ, дунейри ууейщ.

– Уэ, дауи, унасыпыфIэщ. Заводыр ууейрэ екIуу упсэумэ, унагъуэкIи арамэ... Сэри сынасыпыфIэу зызолъытэж. СфIэлъапIэу си гъащIэм хэтщ си къуэр, си щхьэгъусэр, лэжьапIэфIыр.

– Си гуапэщ уи Iуэхур апхуэдэу щытмэ. Ауэ сэ сиIэу жыхуэпIэ насыпышхуэр дэнэ здэщыIэр?

Абыхэм я псалъэмакъыр нэхъ куу щыхъум, унафэщI нэхъыщIэр, лейуэ зыкъилъытэжа хъунти, къэтэджри щIэкIащ. Мэжид адэкIэ пищэжащ и псалъэхэм:

– Насыпыр мылъкум и закъуэ тещIыхьауэ щыткъым. Мылъкур – уэсэпсщ, жаIэркъэ. Нобэ уиIэщ, пщэдей нэгъуэщIу укъыщIидзыжыным хуэIуа щыIэкъым. Хуабжьу гугъу сехьу зэзгъэпэщащ мылъкуу сиIэр, ауэ

абыи сыщыгуфIыкIыжыркъым... СфIэIэфIыжккъым...

– Сыту? Зи мылъку зыфIэмыIэфIыж щыIэ?

– ЩыIэщ... ЦIыхум и ныбжьым хэхъуэху къыгурыIуэмрэ и зэхэщIыкIымрэ хэхъуэу къыщIэкIынущ. «СфIэIэфIыжккъым» жыхуэсIэр си щхьэ хужысIэж мыхъумэ, зыми есIуэтылIакъым. Уэр фIэкIа зыжесIэни щыIэкъым. СыкъыбгурыIуэнкIэ гугъэ сиIэщи, аращ щIыбжесIэр... УсфIэлъапIэщ. Нэхъыбэрэ услъагъуну, нэхъ гъунэгъуу укъэсцIыхуну сыхуейщ...

Марие мащIэу Iэнкун къэхъури, псалъэмакъым адэкIэ зримыгъэужьын папщIэ, жиIащ:

– Ди унафэщIым «Мэжид Зрамукович Iейуэ къыпхуейт», – щыжиIэм, «хьэуэ» схужыIакъым. Сытыт къызжепIэнур?

– Сэ уэ нэхърэ фIыуэ сынэхъыжьщ... Жьы хъури делэ хъужащ, къысхужумыIэ...

– Тхьэ, жызмыIэн...

– ЩIалэжь цIыкIум хуэдэу къыщезгъэжьэнур сымыщIэу сыкъэнащ... Узэрыслъагъурэ си псэр птхьэкъуащи, жэщи махуи сыногупсыс, си нэгум ущIэкIыркъым. Си гъащIэм къриубыдэу зэи зыхэсщIакъым мыпхуэдэ гурыщIэ телъыджэ...

– Хьэуэ... хьэуэ... зыри, кхъыIэ, хъунумэ, афIэкIа жумыIэ... Сэ сыунагъуэщ... Зэштегъэуи сыпхуэхъунукъым... Игъэхуж псори уи гум...

– Сэ уэ апхуэдэфэ уэсплъыркъым. Си псэм фIыщэу уилъэгъуащи, узэрысщыгъупщэни, узэрысхъуэжыни щыIэкъым. Мыгъуэщ фIыуэ умылъагъум гъащIэр депхьэкIыныр. Сэ ар згъэунэхуащи, аращ си мылъкуми, си къулыкъуми сыщIыщымыгуфIыкIыжыр. Сыти я мыхьэнэ абыхэм, щхьэгъусэкIэ, унагъуэкIэ насып уимыIэмэ?! Егупсыс... СынолъэIу умыпIэщIэну...

Марие игъащIэ лъандэрэ зыщIэхъуэпса псалъэ дахэхэр иджыт щызэхихыр. И гур къызэрызэфIэнар къапщIэу, абы и нэ дахитIым нэпс къыщIэлъэдащ, хэпщIыкI къудейуи къэкIэзызащ. Абы и щытыкIэм гу лъызыта Мэжид зэуэ зричат Марие бгъэдыхьэну... ЦIыхубзым занщIэу зригъэзэкIри къыфIекIуа и нэпсхэр щIилъэщIыкIащ... ТIури щытщ зыри жамыIэу, сыт хуэдэ псалъэри мыбдеж щылейт. Абыхэм я даущыншэ «псалъэмакъыр» зэпиудащ пэшым къыщIыхьэжа унафэщI нэхъыщIэм.

Мэжид нэщхъейуэ Марие къыбгъэдэкIыжри шэнтжьейм итIысхьэжащ, ауэ зэуэ зыкъищIэжри и хьэщIэхэм закъыхуигъэзащ:

– ФыкъызэрысхуеблэгъампапщIэ фIыщIэ фхузощI. Берычэт бесын! – жиIэри конверт зырызи къахуишиящ. УнафэщIыр, гуфIэщати, занщIэу Iэбэри къыIихащ. Марие «хьэуэ, хьэуэ, сыхуейкъым» щыжиIэм, Мэжид къэпсэлъащ:

– Марие, мыр зыгуэрым и уасэу аракъым. МыбыкIэ уи жагъуэ сщIынуи сыхэткъым... Си деж къеблэгъа цIыхур IэнэщIу щIэзгъэкIыж си хабзэкъым. СынолъэIу къэпщтэну.

Мэжид щытригъэчыныхьым, Марие Iэбэри конвертыр къыIихащ, фIыщIи хуищIащ.

Махуэ гуэрым Марие унафэщIым ириджэри: «Мэжид Зрамукович къэпсэлъа уи гугъэкъэ?» – къыжриIащ, мыдрейр абы зэрыщыгуфIыкIынум шэч къытримыхьэу.

– Сыт зыхуейр? Ди зэхуэзэныгъэр абдежым щызэфIэкIауэ

си гугъати.

УнафэщIыр мащIэу дыхьэшхри:

– Уэлэхьи ар зыхуей псор сымыщIэ, ауэ, зэрыхуэзгъэфащэмкIэ, ресторанхэм я нэхъ цIэрыIуэ дыдэм дишэнущ, Муси ди гъусэнущ. Бостей нэхъ дахэ гуэр щытIагъэ, «сыту дахащэ» жегъэIэ.

– Сыт ресторан? НэгузыужьыпIэ къэслъыхъуэрэ сэ? Сэ щхьэгъусэ сиIэщ.

– Марие, ущIэшынэр къызгурыIуэркъым, дапщэрэ бжесIа ар цIыхубз хуэныкъуэкъым, жысIэурэ? Моуэ-щэ, лъапIэ гуэрхэр къыфхуищэхуну арагъэнкIи хъунщ. Ущымысхь абы и мылъкум, зыхуегъащIэ. Уэ ухуэмейми, уи щIалэ цIыкIум и нэгу зиужьынкъэ, зиунагъуэрэ. ЦIыхубзым зимыгъэщIагъуэу, зыхимышу, ауэ, итIани, и щхьэр имыгъэлъахъшэу щытын хуейщ. Сэ жысIэм укъедаIуэмэ, ухущIегъуэжынкъым.

Марие зэпэщIэуэ-зэтемыхуэ гупсысэхэм хэхуащ. «Сымылъэгъуа дунейм сыхишэрэ, къыстехьэлъэ гъащIэр зэ фIэкIа нэхъ мыхъуми тынш къысщищIмэ, сыт къэхъун?», – жиIэрт абы зэм, зэми «Ан-на, ар емыкIукъэ? Нэмыс, хабзэ зыхэлъ куэд къулейхэм яхэт? Укъызэрипэсынукъым икIи къыпхуейкъым. АтIэ ар щыпщIэкIэ, и машинэм уису щхьэ зыбгъэлъэгъуэн хуей?» – «Сэ абы и нэгум ислъэгъуар нэгъуэщIщ. Зэи си жагъуэ къимыщIыну къысщыхъуащ», – и гупсысэхэр апхуэдэу зэпэщIэуэми, Мариер тогушхуэ Iуэхум.

Зыкъомрэ зригъэжьауэ, Марие къыщыIухьэм, Мэжид машинэм къикIри бжэр хуIуихащ.

– Сыт щхьэкIэ укъысхуейт? – щIэупщIащ Марие.

– Уи фIэщ зэрыхъун, си зэран уэмыкIын. Нобэ схущIыхьэрти, щIалэ цIыкIури ди гъусэу, ПсыхуабэкIэ дыкIуэнщ, жысIэри мурад сщIащ. ДывгъакIуэ, зытплъыхьынщ, зыдгъэпсэхунщ.

Апхуэдизу къелъэIу цIыхухъум «хьэуэ» жриIэн фIэемыкIу хъури, Марие машинэм итIысхьащ.

– КъитIысхьэ, къитIысхьэ, Мусэ, уэри щIалэшхуэ ухъумэ, мыпхуэдэ машинэ уиIэнщ, – жиIэурэ Мэжид щIалэ цIыкIуми бжэр хуIуех.

Мэжид зыгуэрхэмкIэ еупщIырт щIалэ цIыкIум, къритыж жэуапыр игъэщIагъуэрт: «Мы сабийм и акъылым хуэдиз си къуэ балигъхэм зэхэту яIэкъым», – жиIэрт игукIэ.

Псыхуабэ нэсхэри тыкуэнышхуэ гуэрым деж машинэр къыщыувыIащ.

– Фигу ирихь хьэпшыпхэр къыхэфх, и уасэм щхьэкIэ къэвмыгъанэ, – къажриIащ Мэжид.

– Зыри дыхуейкъым, Тхьэм и фIыщIэкIэ, щыгъыни тшхыни диIэщ. Уэ зыгуэр къыщIытхуэпщIэнур сыт?

– Марие, кхъыIэ, мы Iуэхум нэгъуэщIу уемыгупсыс. Сэ нобэ IуэхуфI гуэр злэжьын си мурадщи, сынолъэIу, укъыспэрымыуэ.

Мусэ зыри жимыIэу зэм и анэм, зэми Мэжид еплъырт.

Марие нэхъ пудыIуэу къыхихащ щыгъын гуэрхэр. «Куэдщ ар», – жиIэри фэилъхьэгъуэ зырыз фIэкIа идакъым. ДыщэхэкIым щынэсым, къригъэщэхуакъым.

– Адрей цIыхубзхэм уарещхькъым уэ.

– ЦIыху псоми хьэл зырыз яIэщ, я дуней тетыкIэкIи зэтехуэркъым.

– Ари пэжщ. Иджы шэджагъуашхэри къэсащи, рестораным докIуэ.

Апхуэдэ шхапIэ зэи щIэмыхьа Марие укIытэрт, цIыхухъухэр къызэ-

реплъыр абы къыхыхьэжати, щIэкIыжыну хуейт, арщхьэкIэ фIэемыкIу хъужри, зыри жимыIэу тIысащ.

Мэжид къригъэщта ерыскъыхэкIхэм Мариерэ Мусэрэ яцIыхуу хэтыр щIакхъуэ закъуэрат. Ресторанымрэ зэрагъашхэ хьэкъущыкъумрэ я дахагъыр фIэгъэщIэгъуэнт Мусэ.

Рестораным щIэс цIыхухъухэр Марие къызэреплъым Мэжид гу лъитати: «Сыт жыдмыIэми, цIыхубз дахэм лъэкIыныгъэ иIэщ», – жиIэрт игукIэ...

... Ахэр къыщыкIуэжым, нобэрей махуэм къыхуихьахэм егупсысырт Мэжид. Зиумысыжыну хуэмейми, къыгурыIуат нэхъыщхьэ гуэрым хуэныкъуэу иджыри къэс зэрыпсэуар.

Марие нобэрей махуэр хузэгъэзахуэртэкъым. «Мыр сыт хуэдэ цIыху, къыщыкъуэкIари дэнэ лъэныкъуэкIэ? Сэ щхьэгъусэ сиIэщ, сыт хуэдэу щымытми, нэчыхькIэ си щхьэгъусэщ. Мыхэри щхьэ къезгъэщэхуа? Сысымейуэ, хьэхуу къысщохъу. Зыхуейр сыт? Хьэмэрэ псапэщ, жиIэу ара? Си псэр зыгуэрым тогузэвыхьри, и щхьэусыгъуэр къысхуэщIэркъым».

«Сыту цIыхуфI апхуэдиз и уасэ щыгъын къысхуэзыщэхуар», – егупсысырт Муси.

* * *

... Марат и ефэгъухэм яхэст, фадэхьэ кIуам пэплъэрт гупыр. ЗэманыфI дэкIауэ къэсыжащ ари, «самопалыр» къихьри. ЗыщIигъэгувамкIэ щIэупщIэнIауэ хунимыгъэсу, езым япэ зригъэщащ:

– Уэлэхьи гъэщIэгъуэн гуэр слъэгъуащи, къызэрезгъэжьэнур сымыщIэ, – жиIэурэ птулъкIитI и гуфIакIэм къыдех, бдзэжьей гъэгъуа цIыкIу зыщыплIи и жыпым кърехри тхьэрыкъуэф Iэнэм трепхъэ.

– А цIыхубзыплIэ дахэм къыщIэкIар мыра? – Губжьа-губжьауэ щIоупщIэ Марат. – Уэлэхьи, напэ уимыIэ, щIалэ уэ.

– Фыкъеплъыт мыбы, си тхьэкIумэхэм сыкъамыгъапцIэмэ, напэ гугъу ищIащ. Уэ уи напэр, къуэш, хьэулейуэ зэрежьэжрэ куэд щIащ, здэкIуар умыщIэмэ, бжесIэнщ: чыхум хыхьэжащ. Сом къыумылэжьу узыгъашхэ, узыхуапэ щхьэгъусэ дахэм уедыгъуэжу сыт напэ уэ зи гугъу пщIыр?! Сэри зыгуэрым къыфIызодыгъу, ауэ хамэщ къызыфIэздыгъур...

– ТIыс, тIыс, укъэмытэмакъкIэщI, – жиIэурэ гупым ящыщ зым Марат иригухыжащ.

– Уэлэхьи, апхуэдэ зыгуэр си фызым езгъащIи, сысыжу мылицэм сримыгъашэтэмэ, – жеIэ зым.

– Сысейм сыщIигъэхьэжыххэнтэкъым. Апхуэдизу бзаджэу щымытамэ, сефэрэт, – жи нэгъуэщI лIы тIыгур пэшхуэ-пэ плъыжь гуэрми.

– Фи тхьэусыхэныр къэвгъани, жысIэнум фыкъедаIуэ. АтIэ, арати, плIэр ямыщэхуу куэдрэ къесхьэкIын хуей хъуат. Мылицэм сапэщIэхуамэ, я деж хьэщIапIэ сашэнут....

– ГъэщIэгъуэну плъэгъуам дыщебгъэдэIуэнур дапщэщу пIэрэ? – жаIэурэ и ефэгъухэм ягъэпIащIэрт.

– НтIэ, цIыхубзыплIэм нэхъыбэIуэ къыщIэзгъэкIын мурад сиIэу Iэхэлъахэр къызэхэскIухьурэ, Маратхэ я уэрамымкIэ сыкъыщыдэкIуеижым слъэгъуар апхуэдизкIэ си жагъуэ хъуати,

сыкIуэцIрыхуамэ, нэхъ къэсщтэнт. Марат хуэдэ щIалэжьт ар зращIэр?! Фэншэкъым, акъылыншэкъым.

Псори Марат еплъащ.

– Сэ къызгуроIуэ, унагъуэм Iэджи къыщохъу. Ауэ мы дуней псом хьэл-щэн дахэкIэ щыцIэрыIуэу щыта адыгэ цIыхубзхэр я щхьэгъусэхэм блэплъыкIыу къулей къыщалъыхъуэм деж, уэлэхьи, си щхьэкIэ ар къызгурымыIуэ.

– Зи гугъу пщIыр Марие, си щхьэгъусэ Марие?! Апхуэдэ щхьэгъусэ дахэ иIэу мыбдежым зылI щыскъым. Укъызофыгъуэри, пцIы тыболъхьэ, – губжьауэ Марат къыщылъэтащ, арщхьэкIэ ирагухыжащ.

– Плъэгъуар тэмэму жыIэ, цIыхубзым пцIы теплъхьэу пхуэддэнукъым, – жиIащ тхьэмадэу ябж лIы цIыкIум.

– Машинэ лъапIэм Мариерэ и щIалэ цIыкIумрэ пакет хьэлъэшхуэ зырыз яIыгъыу къикIыжу сымылъэгъуамэ, мы фадэр Тхьэм хьэрэм схуищI.

– Ар дауэ къыпщыхъурэ?! АхъшэкIэ уимыщэну мы дунейм зы цIыхубз темыту ара-тIэ? – жеIэ зым.

– ИIэт, тхьэмадэ, уи унафэм дегъэдаIуэт абы теухуауэ, – къыхелъхьэ нэгъуэщIым.

– Мыбдежым щысхэр зы унагъуэм щIэсым хуэдэу дызэхущытщ, сыщымыуэмэ, къуэши дызэхуэхъуащ. Пэжкъэ? – жи тхьэмадэм.

– Абы пцIы хэлъкъым.

– Фадэ ефэхэр цIыхум хэзымыбжэхэр мащIэкъым, ауэ ахэр хуабжьу щоуэ. Дэ тхуэдэу ныбжьэгъу зыгъэпэж кърагъуэтыф, лIыгъэ яIэмэ. Марат и Iуэхум и гугъу пщIымэ, а лIыр – фызыр зэрыса машинэр зейр – зэрыкъулейр хъарзынэщ.

– Ауэ сытми сеплъу сыкъыIукIыжа фи гугъэ абы? И унэцIэри къэсщIащ а лIы къулейм, – жиIащ фадэхьэ щыIам.

– Сыт хуэдэ Iуэхуми уи фейдэ къыхэпхыфу щытын хуейщ. Фэ, щIалэфIхэ, а лIым и щхьэгъусэр щылажьэр зэвгъащIэ, фыкIэлъызеплъэ, – унафэ ищIащ тхьэмадэм.

... КъызэращIамкIэ, Мэжид и щхьэгъусэр къалэм дэт поликлиникэхэм ящыщ зым щылажьэрт.

Дохутырым и кабинетым зыгуэр щIэсти, Марат бжэр хуищIыжащ. Сымаджэр къыщыщIэкIыжым, физыжь гуэр щIыхьэну къэтэджати, «Уэ зыщIыпIи укъыкIэрыхуркъым, щIыбыр щIыIэщ, мыбдежым нэхущ, хуабэщ», – жиIэурэ Марат абы и блыпкъыр иубыдри игъэтIысыжащ. «Мыбы и гугъу дымыщIмэ нэхъыфIщ» – жыхуаIэу, кабинетым деж щысхэми заущэхуащ.

СтIолым тхэуэ бгъэдэст цIыхубз къамылыфэ зэIэщIэлъ. КъыщIыхьам къыкIэрих фадэмэр хуэмышэчу, цIыхубзыр къэтэджри щхьэгъубжэр Iуихащ.

– Уэ слъагъум зыри уи лажьэкъым. Сэ сымаджэхэр къыспоплъэ.

– А сымаджэхэр игъащIэми щыIащ икIи щыIэнущ. СыкъыщIэкIуар къапщIэмэ, уи дежкIэ нэхъыфIыр ращ. Уи щхьэгъусэр Мэжидкъэ?

– АтIэ сыт абы щхьэкIэ? Ар хэтми уэ пщIэрэ?

– Уэлэхьи сощIэмэ. КъэдаIуэт: уи щхьэгъусэр си щхьэгъусэм кIэлъыкIуэ къудейм имызакъуэу, дэнэ кIуэми здешэ, и нэгу зрегъэуэжь. Уи щхьэгъусэр птрихауэ бжы.



6 Заказ № 189

– Догуэт, догуэт, къызгурыIуакъым.

– КъыбгурымыIуэну хэлъыр сыт? Уи щхьэгъусэр си щхьэгъусэм кIэлъокIуэ. ГурыIуэгъуэу сыпсалъэ си гугъэщ.

– Мэжид игу ирихьын щхьэгъусэ уэ уиIэу си фIэщ пщIыну ухэтщ, ара? Гъуджэм зэи уиплъэркъэ, уэ къыбдэкIуари уэ пхуэдэ зыгуэрщ е нэхъ фэншэжщ.

– Сэ щхьэгъусэ дахэ сиIэну схуэмыфащэу ара? Мис мыр си щхьэгъусэщи, еплъ, – жиIэри Марат и гуфIакIэм Марие и сурэт къыдихащ.

– Языныкъуэ цIыхубзхэм лIы щхьэкIэ ямыщIэн щыIэкъым, къапэщIэхуэм дэкIуэну хьэзырхэщ. Мыр зи дахагъ зыдэкIуам еплъыт... Уи щхьэгъусэм щхьэкIэ бзэгу къысхуэпхьу, уукIытэркъэ? Хьэмэрэ уэ езыр упэмылъэщу ара?

– Умыгузавэ, сэ абы унафэ хуэсщIыфынщ, ауэ уэри а Iуэхум ущыгъуазэу щытын хуейщ. Уи лIыжь ныбэфыр убыд, дахэкIэ. ЖысIэр умыгъэзащIэмэ, уи деж абы нигъэзэжыным упыкIащ. Мыпхуэдиз къызэптмэ (ахъшэ пиубыдыр зыхуэдизыр зытет тхылъымпIэ кIапэр ирегъэлъагъу), а тIур зэпызыщIари бжызоIэ. Ухуэмеймэ, хэгъэзыхь щыIэкъым, – жиIэри Марат къэтэджыжащ.

Лерэ сыт ищIэнт, жиIэнур жригъэIэщ, къыхуигъэлъэгъуа ахъшэр IэщIилъхьэри лIы мыцIыхур кабинетым къыщIигъэкIыжащ.

Къежьэу зэхэс и ефэгъухэр, апхуэдиз ахъшэ зэуIуу зымылъэгъуахэр, Марат щытхъурти-щытхъурт. Езыми лIыгъэшхуэ зэрихьа игугъэжу, зигъэщIагъуэу, и щхьэр лъагэу Iэтауэ щыст.

... Лерэ сымаджэхэм я Iуэхур псынщIэу зэфIигъэкIри къыщIэкIыжащ. «А фыз напэншэм зыхуэзгъэзэнщи зэзгъэлъагъунщ Iэмал имыIэу», – игукIэ жиIэурэ и машинэ лъапIэм итIысхьэжри заводымкIэ иунэтIащ.

Зыгуэр жиIэну къэтэджа секретарым емыплъыххэу, унафэщIым и кабинетым зыщIидзэри, хиудыным хуэдэу бжэр ину къридзылIэжащ.

ТелефонкIэ псалъэу щыс унафэщIыр къыщылъэтащ, и фэри шэхум хуэдэу пыкIащ, гузэвэщащи, трубкэр зытрилъхьэжыну аппаратыр къыхуэгъуэтыжыркъым.

Сумкэ иныр и дамэм зэрыфIэдзам хуэдэу Лерэ унафэщIым бгъэдыхьэри иригухыжащ.

– Уэ мыбы укъыщымыувым сыту ущыта? Зыуи ущытакъым, – жиIэурэ унафэщIым къуэзауэ иIыгъ трубкэр къыIэщIитхъри ину тридзэжащ. – Унэ дэпщIейр къезгъэлъэхъшэхыжыну ухуей? Ухуейкъым, пэжкъэ? Си щхьэгъусэм щIасэ къыщыхуэбгъуэтым уэсщIэфынум щхьэ уемыгупсысарэ?

– Уэлэхьи, уэлэхьи дыдэ, си ягъэ хэмылъ, езыр къэкIуауэ илъагъури...– хуэмурэ етIысэхыжащ унафэщIыр.

– Тэдж, уэ пхуэдэхэр щысу къызэпсалъэркъым сэ.

УнафэщIыр къыщылъэтыжри:

– Щхьэ угузавэрэ, Лерэ, уэ пхуэдэ ар зэи мыхъуну арат, мыхьэнэншэ гуэрщ. Уэлэхьи, ар игъащIэкIэ уэ къыплъэщIэмыхьэну. ЩIэныгъи иIэкъым. Уэ уцIыхубз зэкIужщи, къыпхуемыплъэкIыу зы цIыхухъу блэкIынукъым. А Iуэхум мыхьэнэ лъэпкъ иумыт.

Лерэ и губжьыр нэхъ щхьэщыкIауэ шэнтыр стIолым къыщIигъэкIуэтри:

– Сыту пIэрэ Мэжид абы кIэрилъэгъуар, апхуэдизу игу ирихьын хуэдэу? – жиIащ.

УнафэщIыр нэхъ къэгушхуэжауэ:

– Уэлэхьи, Лерэ, зыри хэмылъ. Мыхьэнэншэжь цIыкIу гуэрщ. Пэжу, щхьэц дахэ телъщ. ИгъащIэм дыгъэ къытепсауэ пщIэнкъым, апхуэдизкIэ фагъуэщи, плъагъуну фIэкIа ухуейкъым.

– Слъагъункъэ! Лажьэрэ ар нобэ?

УнафэщIым ищIэнур имыщIэу тэлайкIэ щытащ.

– Зэхэпхакъэ, лажьэрэ?

ЦIыхубз губжьам и макъым зыкърригъэщIэжри:

– Мэлажьэ, – жиIащ модрейм щэху дыдэу.

– Кърегъаджэ.

– Иджыпсту, иджыпсту, – жиIэри унафэщIыр псынщIэу къыщIэкIащ.

Куэд дэмыкIыу Марие и гъусэу ар къыщIыхьэжащ.

– БыIуэбышэ дэкIуа уэ пхуэдэхэр щIогъуэжри, хэт илI къытетхын жаIэу щакIуэ йожьэж, – мэкIий Лерэ, къыхущIашам ней-нейуэ еплъурэ.

Псэлъэн зэрыщIидзэу, Марие зэретIысэхам Лерэ къигъэгубжьами, абы теухуауэ зыри жиIакъым.

– Къэбгъуэтыжын хуеяр уэ пхуэдэ гуэрщ, си щхьэгъусэр уи дежкIэ пащтыхь къудейкъым, нэхъ лъагэжщ. Къызэплъыт, зи щхьэгъусэ зытраххэм сарещхь? Уэ факъырэ ныкъуэр си гъуэгу укъытехьэну мурад щхьэ пщIыхха? КъыумыжыхьукIэ гъащIэм къыуипэса уи пIэм исыж. «Щхьэж хуэфащэр иретыж» – жаIэу зэхэпхакъэ?

Марие сабыру, шыIэныгъэ хэлъу, и макъми зримыгъэIэту, фыз пагэм педзыж:

– Ирикъункъэ сызэрыбгъэпудар? Уэ нобэ укъулеймэ, пщэдей къэхъунум сыт хэпщIыкIрэ? Мелуан ныкъуэ и уасэ сумкэжьыр уи дамэм фIумыдзэу, къулейсызхэм зыгуэркIэ защIэбгъэкъуамэ, хэт ищIэрэ, нэхъ и сэбэп къокIынкIи хъунт. Укъулеймэ, Iуэхур абыкIэ зэфIэкIыу уи гугъэщ. Сэ гъащIэм сызэреплъыр нэгъуэщIущ. СлъэкIым хуэдиз псапэу сощIэ, нэщI сисщ, а гурыщхъуэ къыщIысхуэпщIым хуэдэ Iуэху злэжьу а псор згъэкIуэдыжынукъым. Сэ абы сесакъым. АдэкIэ уэ егупсысыж, – жиIэу Марие къыщIэкIыжыну къыщытэджыжым:

– Сэ уэсщIэфынур уэ иджыри къыбгурыIуакъым, щхьэжагъуэу дунейм укъытезнэнщ, – къитхъутхъукIащ фыз пагэр.

– ПщIэ псоми – фIыми Iейми – уи деж къагъэзэжынущ, – жиIэри Марие къыщIэкIыжащ.

– Плъагъурэ, Лерэ, абы хуабжьу диныр егъэхьэкъ...

– Апхуэдэхэм жаIэр зыщ, ящIэр нэгъуэщIщ. Пщэдей щыщIэдзауэ IубогъэкI.

«Сыту бэлыхьышхуэ сыхэхуа: IузогъэкIри «пщым» сыIуеху, IузмыгъэкIщи – «пащтыхь» фыз ябгэм къызищIэнур узижагъуэнщ. Мыпхуэдиз «пащтыхь» къэунэхуам дэтхэнэм я хъуреягъыр къэбжыхьын! Езыр, и фызыр, и бынхэри хэтыжу. Тхьэр умыгъэпэжамэ, а къомым уэ епщылIэкIыф. Уэлэхьи, мыбыхэм совет властым и зэманри къыуамыгъэщтэжмэ. Абы щыгъуэм пщылIыр зищIысыр тхылъкIэ фIэкIа тщIэртэкъым, иджы зэманыр зэрыхъуам еплъ. Нэхъ бзаджэжу я щхьэгъу-

сэхэри къэунэхуащи, я унафэр умыгъэзащIи еплъ къыпщыщIым. «Марие хъарзынэу мэлажьэ, зэи къыкIэрыхуркъым. ХуэсщIынур сыт хуэдэ дагъуэ? Си щхьэр хэслъхьэну сыхуэмеймэ, зыгуэр къэзмыгупсысу хъунукъым», – жиIэурэ кабинетыр къызэхикIухьырт унафэщIым.

Лерэ, зиумысыжыну хуэмейми, унагъуэ насып жыхуаIэр зэрыIэщIэкIрэ куэд щIат. Марие зэрилъагъуу абы къыгурыIуащ и щхьэгъусэм ар зэримыутIыпщынур, къыдихьэхын папщIэ сытри зэрищIэнур, уеблэмэ, нэчыхьи зэрыхуригъэтхынур.

«Бынхэм я хьэтыркIэ, сэ зэбгъэдэкIыжын Iуэху зесхуэнукъым. Ауэ, сепхулIэмэ, апхуэдэуи сщIэфынущ. Зыгуэрым упыщIауэ зэхэсхмэ, дохутыр улахуэм укъыхуэзгъэнауэ уэзгъэлъагъунщ. ЦIыхухъум ищIэр цIыхубзым ищIэжыну иужь ихьэмэ, и мыгъуагъэщи, абы и Iуэхур щхьэхуэщ», – къыжриIауэ щытат абы Мэжид.

А псалъэмакъым зэщхьэгъусэхэм зэи къытрагъэзэжакъым. Пэш зырыз зэрыщIэлърэ куэд щIами, зэрыбгъэдэмыкIыжынур къыжриIати, нэхъыщхьэр арат. Ауэ нобэм къэс Лерэ мамыру псэуами, иджы Iуэхум нэгъуэщI зыгуэру зихъуэжынкIэ шынэрт. Мэжид къалэ жыжьэ зэрыкIуам ар щыгуфIыкIырт.

Лэжьыгъэ нэужьым цIыхубзхэм ящыщ гуэр Марие къыбгъэдыхьэри: «ХъумакIуэм хуит сыкъищIащи мыр, кхъыIэ, нысхудэх. ХьэлъэIуэщи си закъуэу»... – жиIэри пакет гуэр къритащ.

Марие щыдэкIыжым, «Уи сумкэм сигъаплъэт», – жери хъумакIуэм пакетыр стIолым къытрыригъэуващ. «Мыр сыт, зэи зыри къыумыщтами, иджы ирибгъэкъужаи», – жиIэурэ ерыскъыхэр стIолым къытрилъхьащ хъумакIуэм.



Пакетыр къезытар къилъыхъуэу Марие зиплъыхьащ, арщхьэкIэ, бгъуэтмэ къащтэ – къыдэкIыжхэм яхэттэкъым цIыхубзыр.

УнафэщIым деж псалъэу хъыбар щрагъащIэм: «Езыр къыщIэвгъэхьэ!» – жиIащ.

– А напэтех пщIар сыт, укъызэлъэIуамэ, сэ уэстынтэкъэ? ЛэжьакIуэ нэхъыфIхэм уащыщти, еплъ иджы. Си щхьэкIэ сигу къоуэ, ауэ уи жагъуэ умыщI – ущызгъэлэжьэфынукъым. Ар уэ пхуэзгъэгъумэ, адрейхэри Iэбэнущ. Сэ пхуэсщIэфынуращи, уэ езыр ухуейуэ уIукIыж хуэдэу заявленэ къэтх, – жиIэурэ тхылъымпIэрэ ручкэрэ къритащ.

Марие заявленэ итхри зыри жимыIэу къыщIэкIыжащ. КъыщыщIар апхуэдизкIэ и щхьэм ихьати, унэм къызэрыкIуэжыфар игъэщIагъуэрт.

Мэжид дапщэрэ къэмыпсэлъами, Марие телефоныр къищтакъым.

«Согупсысри – къысхуэщIэркъым, сыткIэ и жагъуэ сщIауэ пIэрэ?» – зэми гузавэрт, зэми зэгуэпырт Мэжид. УнафэщIым деж псэлъати, Марие лэжьапIэм IукIыжауэ къыжриIат.

Марие мазэм щIигъукIэ лэжьапIэ лъыхъуащ. И уасэр къехьэлъэкIыу къищэху газетхэм еплъырти, зи щIалэгъуэ, зи дахэгъуэ хъыджэбз цIыкIухэрт къащтэну жыхуаIэр. ЛэжьапIэ лъыхъуэнри къигъэнэжауэ, зэпымыууэ къэпхэр идырти, абы къыпэкIуэ мащIэм унагъуэр ирипсэурт.

Марие къэп иду машинэм здыбгъэдэсым и нэгу къыщIохьэж: Мусэ бжэр Iуихри щыгуфIыкIыурэ и адэшхуэр къыщIишащ. МуIэзин псыр къыпыжырт, пIыщIати, нэхъ цIыкIуж хъуауэ къыпщыхъурт.

Мусэ дэIэпыкъуурэ псыф хъуа и курткэжь тIэкIур щихащ.

– Сыту хъарзынэт, папэ, укъызэрыкIуар. Уи хъыбар сщIэртэкъыми сыгузавэрт, – жиIэурэ и адэм IэплIэ хуищIащ Марие.

– Сэр щхьэкIэ умыгузавэ, си хъыджэбз, унагъуэр зэрыпсэур си пенсэ тIэкIуращи, иджы куэдкIэ нэхъ къысхуосакъ, – жиIэурэ шхын къыхутрагъэувам МуIэзин хоIэбэ.

ПщыхьэщхьэхуэкIуэ хъуху щысауэ, Марие и адэр щIишыжащ.

– Марие, си хъыджэбз цIыкIу, адэ мыхьэнэншэу сызэрыщытар сощIэж. Зы Iуэхугъуэ гуэр бжезмыIэжу хъунукъым. Мусэ цIыкIум зэхезгъэхыну сыхуэмейуэ арат нетIэ щIыжызмыIар. Къысхуумыгъэгъуми, схуэфащэщ.

– Папэ, ар псори блэкIащ, зы гукъеуи пхузиIэкъым. Адэ-анэм я хабзэщ я быным ешхыдэу, атIэ анэ щызимыIэжкIэ, сызыгъэсэну къызытехуэр уэрати...

– Хьэуэ, аракъым. Нэхъыщхьэр пщIэркъым. Мы угъурсызым уихьыну къыщыкIуэну жэщыр сщIэрт, ауэ зыри бжесIатэкъым. Насыпыншэ узыщIар сэращ.

– АтIэ щхьэ зыгуэр жумыIарэт, папэ?

– АнэнэпIэс бзаджэм убгъэдэкIмэ, уи Iуэхур нэхъыфI хъун си гугъащ. Зэрефэми сыщыгъуазэт, ауэ си гугъащ уэ пхуэдэ щхьэгъусэ игъуэтмэ, мыхъумыщIагъэ псори зыхинэну. Къысхуумыгъэгъунуми ухуитщ, схуэфащэщ.

– Папэ, си Iуэхур нэхъыфI, нэхъ тынш пщIыну ухуеяти, хъуакъым. ЗэрымыхъуамкIэ укъуаншэкъым. Сэ Тхьэшхуэм схухиха гъуэгуанэр нэгъуэщIщи, абы срокIуэ. Уи зэрану абы хэлъыр сыт? Мы дунейм тет псори насыпыфIэу псэуамэ, а насыпыр апхуэдэу лъапIэу щымытынкIи хъунт. Мусэ и адэм емыщхьу, лIы бэлыхь къыхэкIауэ Тхьэшхуэм дигъэлъагъу. Мы дунейм щызиIэр фэращ.

– Тхьэм и нэфIыр зыщыхуэн си хъыджэбз цIыкIу, мывэ хьэлъэр си гущхьэм тепхыжаи. Къысхуигъэгъункъым жысIэу абы сызэрырисымэджам ущIэмыупщIэ.

– Папэ, куэд щIакъым сэ зыгуэрхэм я зэран къызэрызэкIрэ. Зэман дэкIри – сщыгъупщэжащ, зыри сигу къахуеуэркъым, уеблэмэ, «Алыхьым къахуигъэгъу» жысIэжащ. Марат и лажьэ псомкIи игъэкъуаншэр сэращ. ХуэсщIэмрэ сызэрыхуэсакъымрэ илъагъуркъым. Ар абы и мыгъуагъэщи, Тхьэм гущIэгъу къыхуищI.

Адэм и псалъэхэр зигу къэкIыжа Марие и нэгур гугъэм и бзийхэм къызэщIагъэнэхуащ...

– Умыгузавэ, си хъыджэбз, Iей мыхъу фIы хъужыркъым. Марати зэзыкъищIэжынщ, уи гур умыухыж.

* * *

Пщыхьэщхьэ гуэрым Марат хъарзынэу ефауэ, ауэ иримыгъэлеищауэ къэкIуэжащ. Марие щIэстэкъым асыхьэтми, Мусэ и адэм зригъэтхьэщIри шхыни къыхутригъэуващ.

– Мыр сыт, макароныр гъэвауэ, макароныр гъэжьауэ – афIэкIа зыри щымыIэжу ара? – Губжьауэ тепщэчыр къыIуигъэкIуэтащ абы.

– Папэ, кхъыIэ укъэмыгубжь, мамэ лэжьэжыркъым.

– Апхуэдэ щыIэ, сыт щIэмылажьэр?

– Мамэ къыIуагъэкIыжащ, – жиIащ Мусэ.

А хъыбарыр зи щхьэм ихьа Марат пIащIэу щIэкIри телефонкIэ я гупыр зэхуишэсащ.

– Си щхьэгъусэр лэжьапIэм къыIуахуащ. Дунейм щызиIэ щIалэ цIыкIу закъуэр къэгъэхъун, егъэджэн хуейкъэ? – яжриIащ Марат и ефэгъухэм.

И щхьэ джафэ гъуаплъафэм телъэщIыхьу щыст тхьэмадэр. Куэд щIауэ цIыхум хамыбжэж, и унагъуэм дежкIи зыми щымыщ а лIы цIыкIум хуэдэу губзыгъэ щымыIэу къащыхъурт и ефэгъухэм, ахэр къедаIуэрт икIи къечэнджэщырт.

– Пэжыр жыпIэмэ, абдежым щыуагъэ тIэкIу тIэщIэкIащ. Марие и ужь ар IейкIэ къихьэмэ, къыщыщIынур гурыдгъэIуэн хуеящ. Япэм зэрыжысIащи, дэтхэнэ зы щыуагъэми уи фейдэ гуэр къыхэбгъэкIыфу щытын хуейщ. А Iуэхум ар хущIегъуэжауэ фэзгъэлъагъунщ, къуэшхэ. ЗэвгъащIэ: дэ дызэфэнрэ тшхынрэ пэрыхьэту диIэн хуейщ. Ди Iэр шияуэ уэрамыщхьэм дытет хъунукъым. Фи щхьэр вгъэлажьэ. ЦIыхум и тIасхъапIэр къэщIауэ къыпыкIыпхъэр къыпыхын хуейщ. А цIыхубзым фыкIэлъызеплъэ. Ар и лIым дэпсэужкъым. ЩIалэщIэ гуэр шоферу къищтауэ жаIэ... Мы цIыхубзыр нэгъуэщI щIыпIэкIэ зэреплъэкIым шэч хэлъкъым, Лерэ и тIасхъапIэр зэвгъащIэ, и нэм щIэтIужын хуэдэу сурэт тревгъэх, фысакъыурэ. Сурэт тезыхам дыхуэупсэжынщ, – трегъэчыныхь абы.

Тхьэмадэм къарита пIалъэри къэмысу фадэ фIыуэ зылъагъухэр зэхуэсри, Лерэ и тIасхъапIэхэр къищIэну зы щIалэ гуэр хахат. Лерэ деж ягъэкIуэну зытрагъэхуам нэхъ хьилэшыи, нэхъ бзаджи гупым яхэттэкъым.



КъыщIыхьар зыкIи къыфIэмыIуэхуу, щхьэгъубжэм дэплъурэ Лерэ телефонкIэ псалъэрт. «Нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ и жып телефоныр», – игукIэ жиIэурэ, лIыр Iэбэри ар къыIэщIихащ:

– Абы къыбжиIэм нэхърэ сыкъыщIэкIуар нэхъ гъэщIэгъуэн къыпщыхъунущ.

– Уэ езыр хэт ухъуну? Иджыпсту полицэм сыпсэлъэнщи, – жиIэу трубкэр къыщищтэм, ари къыIэщIихащ.

– А мылицэ жыхуэпIэм сыкъалъагъумэ, нэгъуэщI щIыпIэкIэ дадзых. Иджы мыдэ къэдаIуэ. Марие щылэжьа заводым псалъи, ар ягъэувыжыну унафэ яхуэщI. Зэрыщыса зэманым къриубыдэу къихьын хуея улахуэри тIукIэ гъэбэгъуауэ къратыжыну яжеIэ.

– Зэи сымыщIэн Iуэху щхьэкIэ укъэкIуэххэн хуеякъым.

– УмыпIащIэт, – жиIэурэ и гуфIакIэм дэIэбэри письмоулъэ гуэр къыдихащ. Абы дэлъ сурэтхэр зырызыххэу Лерэ и пащхьэм ирилъхьащ. Ахэр зыкъьом хъурт. Езым нэхърэ куэдкIэ нэхъыщIэ щIалэ гуэрым и гъусэу Лерэ рестораным щIэсщ, бжьэр IэщIэтщ, езыр мэгуфIэж. Тыкуэнми щIэтт, цIыхухъу щыгъынхэм зэгъусэу еплъу. Абыхэми уадэкIуэтэнт, жыпIи, пIуати мыхъун, и лIым илъагъумэ и кIуэдыр къызэрыкIын нэгъуэщI сурэт хьэдэгъуэдахэ дыдэхэр хэмылътэмэ. «Мыхэр зыгуэрым илъагъумэ, и напэжьыр текIыпакъэ итIанэ? ТекIыпакъэ, нэгъуэщIхэм зэрахуеплъэкIыр хэIущIыIу хъумэ?», – Лерэ гузэвэгъуэ щIыIэм зэщIищтащи, мэкIэзызри мэкIэзыз. Сыт ищIэнур? Фызыр зыхэт гупсысэ хьэлъэм къыхеш «хьэщIэм» и псалъэм:

– Ухуеймэ, мыхэр къыпхуэзгъэнэнщ, дэ иджыри апхуэдэ куэд диIэщ. Уи мыгугъэ си закъуэу. Лей къызытехьа цIыхум дэIэпыкъуныр къалэну зыхуэдгъэувыжащ. Иджыпсту псалъи  Марие ягъэувыжыну яжеIэ. Ар лъэIукъым – унафэщ. Абы и закъуэкъым – мы сурэтхэри узощэж, къыумыщэхужынуи пхузэфIэкIынукъым. «Хьэуэ» жыпIэрэ, абы щыгъуэм мы сурэтхэр псоми ялъагъунущ.

И Iуэхур зэрыхэкIыпIэншэр къызыгурыIуа цIыхубзым игъэзэщIащ «хьэщIэм» и унафэ псори.

«ЛIыкIуэм» ахъшэм жып телефон лъапIэри къыдигъакIуэри, хуабжьу арэзы хъуауэ щIэкIыжащ.

Нобэрей махуэм къыхуихьа Iуэху мыщхьэпэр щхьэжэ щыхъуауэ, Лерэ унэм къэкIуэжащ. Къызэрысыжыххэуи сурэтхэр цIыкIу-цIыкIуу зэфIитхъри игъэсыжащ.

«Уи дунейр мыгъуэу уэзгъэхьынщ, факъырэ гъуэгум тегъуэщыхьа цIыхубз напэншэ... Мыри зэрыщымыIэр сыту хъарзынэт, – жиIэурэ шкафым коньяк птулъкIэ никъуэр къыдихри рюмкэм изу иригъэхъуащ. – Мы си щхьэгъусэ хуэдэу щытым фIэкIа сыкъызыфIэмыIуэху цIыхухъу срихьэлIакъым. Езым фIэкIа нэгъуэщI дунейм темыту ара и гугъэр?!» – Лерэ и щхьэ хуэпсэлъэжурэ диваным зригъэукIуриящ...

... Арати, унафэщIыр Марие и деж псалъэри лэжьапIэ Iуэхур зэрызэтеувэжар жриIащ, нэхъ щIэхыIуэу къыдэкIыжынуи елъэIуащ. Марии, зимыгъэгувэу, етIуанэ махуэм игъэзэжащ лэжьапIэм. Япэ дыдэ зыщIыхьари унафэщIым и кабинетырщ. Марие къызэрилъагъуу, зигъэфэрыщIу абы жеIэ:

– Уи фIэщ зэрыхъун, уи Iуэхум сыщымыгуфIыкIамэ. Уэлэхьи, игъащIэкIэ симыгугъэнт, апхуэдэ зылъэкIхэр уи щIыбагъ къыдэту. АтIэ ар хъарзынэкъэ! Мыри уэстыжыну унафэ къысхуащIащ, – жиIэурэ письмоулъэ гуэр къыхуеший.

– Мыр сыт?

– Узэрыщысам къэблэжьын хуеяр тIукIэ гъэбэгъуауэ аращ.

Махуищ хъуауэ Марат къекIуэлIэжатэкъыми, Марие гузавэрт: «Зыгуэр къыщымыщIауэ Тхьэм къыщIигъэкI».

Жэщыр хэкIуэтауэ я гъунэгъу цIыхубзым: «Уи щхьэгъусэр чэфу къэувыIэпIэм деж магъри щылъщ», – къыщыжриIэм, Мариерэ Мусэрэ щIэжащ, гузэвэгъуэр ятелъу. И натIэм къежэх лъыр и напэм телъэдэжарэ езыр зэхэукIауэ щылът Марат.

– Сыхуейкъым сыпсэуну, машинэм сипIытIащэрэт, жызоIэри, ари хъуркъым, – гъуэгырт ар.

– Ар жумыIэ, Тхьэшхуэм игу къобгъэнщ, еплъыт мы ди щIалэ цIыкIум, ар адэ хуейкъэ?

– Марие, сытым хуэдэу сыцIыху мыхьэнэншэ сэ, ар уэ пщIэркъым, сэ сыIей дыдэщ, – жиIэри ерагъыу трагъэужа Марат аргуэрыжьу къыщIидзэжащ гъын.

– Папэ, кхъыIэ, умыгъ, псори хъарзынэ хъужынущ, псори, псори... – жиIэурэ Мусэ бэлътокукIэ и адэм и натIэр хуилъэщIырт.

Марат мащIэу пыгуфIыкIри:

– Пэжыр бжесIэнщи, си щIалэ цIыкIу, лIэныгъэм сыщошынэ. Си фIэщ хъуркъым сэ абыи фIы гуэр къыщыспэплъэу. Гуэныхь куэд сиIэщи, мис ахэр къысхуигъэгъуну Тхьэм схуелъэIу, си щIалэ цIыкIу.

Зэанэзэкъуэм Марат ерагъыу унэм къашэжри ягъэгъуэлъыжащ. Абы и фэр пыкIат, зэщIэкIэзызэрт, хъыжьпIыжьу зыгуэрхэр къипсэлъырт... Марие жэщ псом щхьэщысащ и щхьэгъусэм. Нэхущым деж тIэкIу хилъафэ хуэдэу хъуати, зэуэ къаскIэри къызэщыуащ, и щхьэгъусэм еплъри гужьеяуэ къыщылъэтащ... Марат и фэр нэхъ Iеижу пыкIат, ар бэуэжтэкъым.

– Е си тхьэмыщкIэ мыгъуэ!.. Сыпщхьэщысми, гу лъызмытэурэ уи псэ тIэкIур хэкIа мыгъуи... Дауи сыIурихат? – жиIэурэ гъырт Марие.

Абы и гъы макъым къигъэуша Муси гужьеяуэ къыщIэлъэдащи, адэм и напэм Iэ дилъэурэ мэгъуэг:

– Папэ, папэ, къаплъэт! КхъыIэ, папэ, къаплъэт...

Хъыбар зрагъэщIапхъэм ирагъащIэри, Марат и анэкъилъхухэр, Iыхьлыхэр къызэхуэсащ.

– Иджы угъкIэ мыхьэнэ иIэжкъым, ущыхуэмейм щIэпхуащ, ущыхуейм къыщIэпхуэжащ. БампIэм къыхихыу ефэ зыщIар уэращ. А тхьэмыщкIэм и дежкIэ хамэу ущытати, хамэу укъэнэжащ, – къыжриIащ Марат и шыпхъум. Адрейхэри абы къыдежьурт, кIийхэу, гуохэу...

– Мамэ, щхьэ зыри жумыIэрэ? Папэ уэ зэи щIэпхуакъым, – и анэм Мусэ цIыкIу къыдощI, къэгузэвауэ.

– Пэжщ абы сызэрагъэкъуаншэр, си щIалэ цIыкIу. Сыт хуэдиз иримыфами, къэгубжьми тезгъэужыфын хуеящ. Фадэр хыфIезгъэдзэфакъым, аращи, зыкIи сыдэIэпыкъуфакъым, – жиIэурэ Марие Мусэ зрикъузылIащ. – И гуэныхь стемылъу, си гуэныхьи темылъу Тхьэм къыщIигъэкI.



* * *

Лерэ къыфIатхьэкъуа ахъшэмкIэ, езыхэм зэрыжаIэу, гупым затIыжащ. Пэрыхьэту фадэр зыгъуэтахэм ирагъэлея хьэмэрэ апхуэдиз фадэм мыхъун къыхэкIа? Сытми, Марати яхэту, щыр къелакъым.

ИщхьэкIэ зэрыжытIащи, Лерэ и къуэм и ныбжь щIалэ зыпищIэри, зэрыхуейуэ ежьэжат. Курыт еджапIэр къэзымыухам диплом къыхуищэхури, лэжьапIэ хъарзыни игъэувыжат. Машинэ дахэм иригъэтIысхьат, щыгъын лъапIэкIи зэщихуэпыкIат.

Щыгъынымрэ сэхусэплъымрэ ахъшэшхуэ тригъэкIуадэми, Лерэ арэзы зыхуэхъужыртэкъым – нэхъри нэхъ дахэж хъуну хуейт. ЩIалэм къигъанэу ежьэжауэ и нэгу къыщыщIигъэхьэхэм деж, щхьэуз бзаджэ къызыхуэкIуам хуэдэт. Лерэ къыхыфIидзэжынкIэ шынэрт езы щIалэри. ИщIэрт Лерэ зыгуэркIэ къыхузэгуэпмэ, къыхуищIа псори щIэх дыдэу зэрытрихыжынур. КъеуэлIа фIыгъуэр къызыгурыIуэхэм, ар зымыутIыпщынухэм ящыщт ар.

Лерэ гурыщхъуэщIти, къигупсысым езыр гугъу иригъэхьыжырт. И напэм зэлъапIэ иримыту телажьэ пэтми, игу загъэртэкъым. Напэщыхуэу къищэхум и бжыгъэр ищIэжыртэкъым, «фIыщ» жыхуаIэу, зыри блигъэкIынутэкъым. Апхуэдизым уэмызэгъын гуэри къыхэкIынтэкъэ? КъыхэкIащ.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Лерэ зитхьэщIри, зэрихабзэу, и напэщыхуэ лъапIэхэм ящыщ гуэр зыщихуэри гъуэлъыжащ. Пщэдджыжьым гъу-

джэм щиплъэм, ар гужьеяуэ къыхэкIиикIащ: напэр хугу хьэдзэ хуэдизурэ къиткIуэткIуат. Апхуэдэу цIыхум уахыхьэ хъурэт? Сыт ищIэнт? Напэм иригъэIэзэ дохутырыр кърикIжащ.

– ГъэхъужыгъуафIэ хъунукъым, ауэ слъэкI къэзгъэнэнкъым. ИтIанэ – напэр къуэлэну къэнэну къыщIэкIынщ, – къыжриIащ дохутырым.

– Апхуэдизу сызыхуэсакъа си напэм къыщыщIам еплъ, щыхъужынури дапщэщ? Сыт сщIэнур? – жиIэрт Лерэ гужьеяуэ.

Абы къыгурыIуат и напщIэм телъа и дахагъэм, гуакIуагъэм кIэ зэриIэр...

* * *

Мусэ нэхъыфI хъужат, ауэ сымаджэщым къыщIатхыкIыжатэкъым. И анэр и гъусэу жыг лъабжьэм щIэт тетIысхьэпIэм тест, Мэжид къащыбгъэдыхьам.

Гуапэу сэлам зэраха нэужь, Мэжид нэжэгужэу жеIэ:

– Сынохъуэхъу, Марие. Дохутырым зыхуэзгъэзати, къызэрымыкIуэу сигъэгуфIащ, щIалэр зэрыхъужар икIи мыгувэу зэрыщIатхыкIыжынур къызжиIэри.

– ФIыгъуэу щыIэр Тхьэм къыпхуищIэ, Мэжид, зыкъебгъэлIэлIащ щIалэ цIыкIум. КъэнэкIафIэ хъуащи, гуфIэгъуэшхуэщ.

– Пэж дыдэщ, Марие. Тхьэм дяпэкIэ пщIыхьэпIэу апхуэдэ димыгъэлъагъукIэ.

– Тхьэм жиIэ, Мэжид.

Мэжид и псэм фIыуэ илъэгъуа цIыхубзым щэху здеплъым игукIэ жеIэ: «КъэнэкIафIэр сабийм и закъуэ сытми? Мылъкумрэ ахъшэмрэ ямытхьэкъупэу къела сэ сыкъэнэкIафIэкъэ? СыкъэнэкIафIэкъэ напэмрэ цIыхугъэмрэ зэрынэхъ лъапIэр къызыгурыIуэжа сэ? Схуэмыфащэрэ фIыуэ сымылъагъуу щхьэгъусэ схуэхъуар и чэзум зэрызутIыпщыжамкIэ, абы си напэр зэрытрезмыгъэхамкIэ сыкъэнэкIафIэкъэ? КъэнэкIафIэкъэ мы езы Марие, зыхэта бэлыхьым къызэреламкIэ? КъелакIэ къелат, ауэ мыпхуэдиз тхъугъэ и щхьэцым хидзэну пасэIуэкъэ? ЩтэIэщтаблэу зэрыщытым гу лъыботэ. ГъащIэм и IэфI зыхэзымыщIа цIыхубзщ. Ар гъащIэ гъусэ схуэхъуатэмэ, гуфIэгъуэрэ тыншыгъуэрэ иIэу згъэпсэунт езыри ажалым къела и щIалэри. Сысейхэр щхьэегъэзыпIэ зырыз яIэу мэпсэу, зыми хуэныкъуэкъым, Алыхьым и шыкуркIэ. Фызым и щхьэпсыншагъэри, и хьэл мышыури щIэсшэчар бынрати, дяпэкIэ сыщIэгузэвэн щыIэжкъым. Ауэ, бетэмал, си ныбжьымкIэ сыщхьэпрыкIыIуащ мы цIыхубз зэкIужым. Ди насып зэхэхуатэмэ, мис ар гъащIэт...»

... Марие гу лъимытэу къэнакъым Мэжид зэрытегупсысыкIам, зыгуэркIэ еупщIынуи и гугъат абы, арщхьэкIэ и къуэ цIыкIум IэщIихащ и гупсысэхэр:

– Мамэ, зо! Мы цыджанхэр уэ къыпхуейщ!

Марие плъэмэ – хъыджэбз цIыкIу гуэр и Iэпэгъуу цыджан фыз къыхуокIуэ.

– Дауэ ущыт, дахащэ? СыкъэпцIыхужа?

– Ахьей укъэсцIыхужа, – жиIащ Марие къыпыгуфIыкIри.

– НыбжесIауэ щытам хуэдэ дыдэу уи Iуэхур хъуакъэ? Хъуащ.

Гугъуехь куэд къызэбнэкIащ, фIыцIэжь цIыхубзми укъелащ. ДяпэкIэ къыппэплъэр насыпщи, а насыпыр хъумэ. ПщIэжрэ япэу сыщыпхуэплъам щыгъуэ ахъшэ къызэрыпIызмыхар, «къулей ухъумэ, къызэптыжынщ» – жысIэу? А зэманыр къэсати, аращ сыкъыщIыпхуэкIуар.

Марие ахъшэ зэримыIыгъыр фIыуэ ищIэж пэтми, и жыпым йопэщэщыхь. Ар Iэнкун зэрыхъуам Мэжид гу лъетэри, ахъшэ зэкIэрытыфI хуеший цыджаным.

– ФIыщIэшхуэ пхузощI, ауэ мыр куэдыIуэщ, – жи фызым къэгуфIауэ икIи къыщIегъу: – Уэ псори уиIэщ, укъулейщ, дяпэкIи апхуэдэ дыдэу уи гъащIэр екIуэкIынущ, ауэ зыгуэркIэ уигу ныкъуэщи, абы щхьэкIи умыгузавэ. Уи Iэгум симыплъэми, а уи нитIым къызжаIэ мис мы цIыхубзыр фIы дыдэу зэрыплъагъур. Фи гъащIэ гъуэгухэр зэтохьэ, насыпыфIэу фызэдэпсэунущ.

Апхуэдэу къыжриIэри цыджан фызыр IукIыжащ...

«Псапэ щIапIэу дыкъигъуэтауэ аращ... Сэ абы щхьэгъусэу зэи сыкъимыдэну арат», – жиIэрт игукIэ Марие.

Мэжид гуапэу зэанэзэкъуэм йоплъ, иужькIэ щIалэ цIыкIум зыхуегъазэ:

– Гъэ еджэгъуэр иухыным къэнэжар зымащIэщи, ар зэфIэкIмэ, узэрыхъужам щхьэкIэ хамэ къэрал дыкIуэнщ. Узыхуейр дэнэт?

– Сэ зыщIыпIи сыщыIакъыми, дэнэми содэ. Ауэ мамэ димыгъусэмэ...

– Iэмал имыIэу ди гъусэнущ. Демыжьэ щIыкIэ Iуэху гуэрхэр зэфIэзгъэкIын хуейщи, иужькIэ дытепсэлъыхьынщ мы Iуэхум.

Мусэ зыри жимыIэу гузавэу анэм и жэуапым пэплъэрт.

– Хъунщ. Дытепсэлъыхьынщ, – жиIащ щэху дыдэу Марие.

БЭЛЭТОКЪУЭ Светэ

# ЗэныбжьэгъуитI

*Къэмыгупсыса хъыбар*



Зэныбжьэгъу дыдэт Зоерэ Мариерэ; зыгъэшкIэти, зэклассэгъут, зы хьэблэт, зэрыцIыкIу лъандэрэ къызэдэгъуэгурыкIуэрт. Пщащэ цIыкIуитIым къуажэ школыр къаухыным зы гъэ еджэгъуэ къапэщылът, ауэ пасэIуэу балигъыфэ къатеуэри, зи унэихьэгъуэ пщащэ къабзэ дахэкIей къарыщIыкIат. Зое нащхъуэщхьэцыгъуэт, нэкIу хъурей щхьэпэлъагэт, и зекIуэкIэ-зыIыгъыкIэкIи, и теплъэкIи езым и ныбжь пщащэ цIыкIу куэдым ефIэкIырти, ар и напщIэ зэрытелъыр нэрылъагъут. Марие пщащэ къамылыфэ лъагъугъуафIэт, Зое хуэдэ дыдэу псэлъэрей-жьэнахуэу щымытми, гушыIэ дахэ зыхэлът, ауэ мыр нэхъ укIытэх зэтеубыдазэтеIыгъат, цIыхубз къабзэ зэкIужт.

Арати, пщащэхэм я хьэблэ унагъуэ гуэрым щIалэ хьэщIэ къахуокIуэ – я къуэм къулыкъу къыдэзыщIа щIалэ ес. Апхуэдэхэм деж хабзэкъэтIэ жьыри щIэри, зэрыжаIэу, кърихьэлIэрэ хьэщIэр ягъэлъапIэу, джэгушхуэ иращIэкIыу, щIалэгъуалэр зэхуашэсрэ хьэщIэм бгъэдагъэсу? НыбжьыщIитIым шхыныгъуэ щIэщыгъуэхэмкIэ Iэнэр яухуащ. Хэгъэрей фызхэм а тIур къраджат «къыддэIэбэнщ, гуп гъэдахэуи щысынхэщ» жари. Музыкэ къоуэ, пшынэ бзэрабзэмрэ ди уэрэдыжьхэмрэ гур хагъахъуэ, укъызэщIаIэтэ.

Зое псы пэгунитIыр иIыгъыу пщэфIапIэмкIэ иунэтIауэ здэкIуэм, щIалэхэм я гъусэу жыг щIагъым щIэт стIолым бгъэдэс хьэщIэм и нэр хуэзащ, зэуи и Iэпкълъэпкъым гурыщIэ хъуэпскI IэфI гуэририжащ. Пщащэм псынщIэу пэгунитIыр иригъэувэхри, Марие щэхуу жриIащ: «Еплъыт, мо сэлэт фащэ зыщыгъ щIалэм и дахагъым!» – «Пэжу, дахэ дыдэщ, тхьэ». – Абы къыфIимыгъэкIыу Марие нащэ упщIэтэным пищэжащ. Зое жеIэ аргуэру: «Сэ сыкIуэжынурэ зысхуэпэнущ. Сыхуейкъым мыпхуэдэу бэлэбанэу»... Марие аргуэру щIалэм и дежкIэ еплъэкIащ. Пэж дыдэу, ар зэкIужт: плIабгъуэ-бгы псыгъуэт, набдзэ Iувт, щыгуфIэкIэ и дзэхэр уэсым хуэдэу, къыIупст. ЩIалэми мобы гу къылъимытауэ узиIэ – и щхьэр къиIэтщ, зыкъигъазэри пщащэм нэплъэгъуэ къридзат...

... ЩIалэгъуалэр Iэнэм пэрытIысхьащ. Асыхьэту бжэр зэIукIри, Зое къыщIэхутащ пэшым. И щхьэцыгъуэ Iувми и нэ къуэлэнитIым я плъыфэ бостей къекIупсми ар нэхъри лъагъугъуафIэ щIэхъукIырт. Зое щытт гуфIэжу гупым къахэплъэуи, щхьэгъэрытым, абы и псэм нэхъ къыхих тIысыпIэр къищIа нэхъей, жьантIэм дишэри Хъусен (арат щIалэ хьэщIэм и цIэр) бгъэдигъэтIысхьащ. Iэнэм бгъэдэсхэр хабзэм тету зэрыцIыхуащ. Хъусен къуажэ гъунэгъум дэт курыт еджапIэм и унафэщIым и къуэу къыщIэкIащ, и анэри егъэджакIуэу лажьэрт. Абы и псалъэмакъым къызэрыхэщымкIэ, и адэ-анэм я лъэужьым ирикIуэн мурад иIэтэкъым.

– Апхуэдэ IэщIагъэхэмкIэ мы зэманым упсэуфынукъым, сатум,

щэн-къэщэхуным хыхьэн е абы пыщIа IуэхущIапIэ къызэIухын хуейщ, – жиIэрт щIалэм.

Хъусен и гупсысэкIэри и гъащIэ еплъыкIэри Зое игу ирихьащ...

– Сыту фызэкIунут фэ тIур, – жиIащ абыхэм я зэплъыкIэм гу лъызыта гуэрым. – Ныщхьэбэ фи нэчыхьыр дымытхыну си фIэщ хъуркъым.

Псори къэнэжэгужащ. Зое укIытэри и нэкIущхьитIыр къызэщIэнати, нэхъ дахэжу уIуплъэрт. Хъусен пыгуфIыкIыу хъыджэбзым хуеплъэкIри:

– Уэлэхьи сэ иджыпстуи сыхьэзырым, – жиIащ.

– Уэ ухьэзырми, тхьэ сэ иджыпсту сымыхьэзыр – школыр къэзухыным иджыри илъэс иIэжщ, – хуидакъым Зое.

– Си адэ-анэм ирагъаджэ къомым уэ зыр уакъыхэжыжынкъым. Ди школым епщыкIузанэ классыр къыщодгъэухыжынщ, – къикIуэтакъым щIалэр.

Абдежым кIэпхын цIыкIур Iулъу лы гъэва пщтыр тепщэчышхуэкIэ иIыгъыу Марие къыщIыхьащ.

– Ей, хъыджэбз, уэ ущыкIуэдар дэнэ, щхьэ укъытхэмыхьэрэ?! – еджащ абы Зое.

– КъакIуэ, Марие, уи кIэпхыныр зыIухи къэтIыс, куэдщ уэ нобэ пщIар, – къызэщIэхъеящ Iэнэм щысхэри.

– Хьэуэ, иджыри пщэфIапIэм Iуэху къыщыспоплъэ, сэри сытIысыжмэ, хэт ар зыщIэнур? – яхуидакъым Марие, стIолым темылъыпхъэхэр трихри щIэкIыжащ. Арати, Хъусен и нитIыр хъыджэбзыр здыщIэкIыжамкIэ къэнащ, и гур здихьам хуэдэу. Къыбгъэдэс тхьэIухудри щыгъупщэжауэ, щым хъуауэ щыст ар, шхэнуи псэлъэнуи хуеижтэкъым, зыпэплъэр джэгум щыщIидзэну дакъикъэрт. «Ди щIалэ хьэщIэр езэшащ, – гу къылъатащ къыдыщысхэм, – и нэгу зегъэужьын хуейщ».

Арати, джэгум щIидзащ. Марие абыхэм зэзэмызэ яхуеплъэкIыурэ блэкIащ, къыблэкIыжащ, ауэ къафэхэм яхыхьакъым. Хъусени укIытэрти, хъыджэбзым щIэупщIэртэкъым. Къафэр, джэгур, ефэешхэр зэфIэкIри, щIалэ хьэщIэр машинэм итIысхьэжащ. Сыт хуэдизрэ Зое абы и пащхьэм зыкъримыгъэхутами, гушыIэ псалъэ фIэкIа къыжьэдэкIакъым щIалэм, щыIукIыжми, Iэ къыхуищIри ежьэжащ.

Апхуэдэ къыщыщIыну Зое и пщIыхьэпIи къыхэхуатэкъым. КъызэрыдэкIуэтейрэ абы къыхуемыплъэкIыу зы щIали блэкIыртэкъым. Ар есат псори къехъуапсэу. Къуажэ щIалэхэм Зое и мызакъуэу, Марии ягу ирихьырт, ауэ нэхъ дахэр хэтми жаIэн хуей щыхъум и деж, зи цIэ нэхъ къраIуэр Зоет. Езыми, зыри жимыIэми, и ныбжьэгъум дахагъэкIэ зэрефIэкIым и гур хигъахъуэрт...

Гъатхэр къэблэгъат, удз щхъуантIэ цIыкIухэр дунейм къытехьэну къеIэрт. Зоерэ Мариерэ хуабэу захуапэрти, псы Iуфэм кIуэрт, зыри зэран къахуэмыхъуу экзаменхэм зыхуагъэхьэзырын щхьэкIэ. Апхуэдэ зы махуэ гуэрым езэшыху еджахэу гъуэмылэ къыздащтар яшхыну тIысащ. Зое набдзэгубдзаплъэу и ныбжьэгъум еплъурэ жиIащ: «ПщIэжрэ, Марие, ГуащэтIасэхэ къэкIуауэ щыта щIалэр?» – «Сыт-тIэ сщIэжмэ?» – жэуап къритащ мыдрейм, къыфIэмыIуэху хуэдэу. Ауэ Зое занщIэу гу лъитащ хъыджэбзым и нитIым а дакъикъэм къыщIиха нурым. «КхъыIэ, иджы къызжумыIэ Хъусен уемыхъуэпсауэ, – погуфIыкI Зое, – ар зигу иримыхьын хъыджэбз щыIэкъым. Сэри сегуэкIуат абы, ауэ си гур здрихьэжьэри ежьэжащ, гулъытэ лъэпкъ къысхуимыщIу». ТIэкIурэ щыму щысри: «Тхьэ сэ апхуэдэ зэи къысщымыщIа», – нэщхъейуэ пи-

щащ абы и гупсысэхэм. «КъыпщыщӀынуми, уздынэса щыӀэкъым, уи щхьэр щӀэмыузын щхьэкӀэ умыгъэузи нэхъыфӀщ, дэ экзаменхэр къытпэщылъщ, ахэр зэрыгугъур къыбгуроӀуэ», – кӀэ иритащ псалъэмакъым Марие.

Экзаменхэр зэфӀэкӀауэ пщыхьэщхьэ зэхуэсышхуэ щащӀым, Хъусен щӀалитӀ-щы и гъусэу школым къыщӀыхьащ. Еджэныр къызэраухамкӀэ щыхьэт тхылъхэр зыӀэрыхьа дыгъуасэрей школакӀуэхэр нэжэгужэт, зэщыгуфӀыкӀыжу зэрыубыдауэ къафэхэрт.

– Зэ укъыздэфамэ си гуапэ хъунт, – бгъэдыхьащ Хъусен Марие.

ЩӀалэр къызэрыкӀуам иджыпсту фӀэкӀа гу лъызымыта Марие Ӏэнкун къэхъуауэ щытт, и пӀэм ижыхьауэ, и гур къилъэтыным хуэдэу. И гум и къеуэкӀэр щӀалэм зэхихын къыфӀэщӀу, и Ӏэр и бгъэм трилъхьащ, «къэувыӀэ, си напэр тепхыу апхуэдизу ину укъемыуэ» жыхуиӀэу. Марие и псэр итхьэкъуат щӀалэм, ауэ занщӀэу игу къэкӀыжащ Зое абы егуэкӀуауэ къызэрыжриӀар, асыхьэтуи къэнэщхъеящ: «Сэ сыгукъыдэмыжщи, сыкъафэркъым». Сыт хуэдизрэ абы Хъусен къемылъэӀуами, Марие и пӀэм хуикӀакъым. И ныбжьэгъум фӀыуэ илъэгъуа щӀалэр къыӀэщӀигъэкӀыу дауэ ежьэжынт, абы нэхърэ нэхъ напэншагъэ сыт щыӀэ?!

Марие зэгуигъэпын щхьэкӀэ пщыхьэщхьэ псом Хъусен Зое къыдэфащ. «Уи ныбжьэгъур щхьэ апхуэдизу пагэ?» – жиӀэу щӀалэр щыщӀэупщӀэм: «Ар пагэу аракъым, фӀыуэ ильагъу иӀэщи арaщ», – жэуап иритыжащ Зое. А псалъитӀ-щым яхузэфӀэкӀащ ныбжьыщӀищыр зэпэжыжьэ ящӀын...

ПцӀым насыпыншагъэщ къыпэкӀуэр, псом хуэмыдэу ар гурыщӀэм щехьэлӀам деж. Зое куэд щӀауэ къыгурыӀуат Марие Хъусен фӀыуэ зэрилъэгъуар, щӀалэ зэримыӀэри ищӀэрт, ауэ игу ирихьа щӀалэр езым и щхьэ хуфӀэхынутэкъым. Арати, Хъусен къыщылъыхъум, еджапӀэ гуэри хуэмеижу, епӀэщӀэкӀыу дэкӀуащ.

«Сыт мы зэманым диплом зэрыпщӀынур? Сатум ухэтын папщӀэ фӀыуэ убжэфу зегъаси арaщ», – жаӀэри зэлӀзэфызыр щэн-къэщэхуным хыхьащ. ПсынщӀэуи ахъшэ куэд къаӀэрыхьэ хъуащ, машинэ лъапӀи къащэхуащ, къалэми унэ зэтет щаухуащ.

Марие фӀы дыдэу экзаменхэр итри университетым щӀэхуащ. Ар къиухри аспирантурэм щӀэтӀысхьащ, университетми егъэджакӀуэу къэнэжащ.

Зое Хъусен дэкӀуэу хьэгъуэлӀыгъуэр зэфӀэкӀа нэужь, Мариерэ Зоерэ я зэныбжьэгъугъэм кӀэ игъуэтат. Гужьгъэжь зэхуаӀэу аратэкъым. Марие Хъусен хуиӀэ лъагъуныгъэ щэхур зэрымыужьыхыжар наӀуэти, ар зэран къахуэхъункӀэ Зое шынэрт, Марии хуейтэкъым унагъуэкъутэ хъуну. Арати, тӀури иужь итт зэрызэхуэмызэным.

Хъусен хущӀегъуэжат епӀэщӀэкӀыу унагъуэ зэриухуам, игуми ихуртэкъым Марие. Зы махуэм нэхърэ адрей махуэм щӀалэм и гур нэхъ бгъэдэкӀырт и щхьэгъусэм – ар егъэлеяуэ нэпсейт, ахъшэ, мылъку фӀэкӀа тепсэлъыхьыртэкъым, зыкӀэлъыплъыжынуи зэман иӀэтэкъым. Зое физ мыкӀуэмытэшхуэ къищӀыкӀат. Махуэм къалэжьар зэрыт тетрадышхуэр иӀыгъыу пщыхьэщхьэкӀэрэ пӀэкум зригъэукӀуриерти, къащэхуамрэ ящэжамрэ жэщыбг хъуху зэригъэзахуэрт...

Марие щӀалэ зыбжанэ къылъыхъуат, ауэ езым хуэдэ егъэджакӀуэ къыхихри дэкӀуащ, щӀалэм и псэ къабзэмрэ и хьэл-щэн дахэмрэ дахьэхри. Сабий цӀыкӀуитӀи зэдагъуэтыжауэ ахэр насыпыфӀэу зэдэпсэурт.

Ауэрэ зэманыр екӀуэкӀыурэ, Зое и бынхэр къэжэпхъащ. Адэ-

анэм я мылъкум игъэудэфауэ щхьэрыутIыпщу къэхъу щIалэ нэхъыжьыр афияным дихьэхащ икIи хъыджэбз цIыкIу гуэрым лей ирихри ягъэтIысащ. Зоерэ Хъусенрэ ахъшэшхуэ щIатри я къуэ гъэфIэныр кърагъэутIыпщыжащ. Иджы ахэр нэхъри хэкъузауэ лэжьэн хуейт: зэхуахьэсар ямыIэжым и закъуэтэкъым, щIыхуи къатехуат. Арати, зэщхьэгъусэхэр унэм къызэрекIуэлIэж щымыIэу, Урысейм сату щащI хъуащ – абыкIэ я Iуэхур нэхъ къыщикIырт.

ЦIыхум щIэпхъаджагъэ къыIэщIэщIэрэ абыкIэ ямыгъэкъуаншэу къыщынэм деж, напэр IэщIыб ещI. Зое и къуэм аргуэру щIагъэтIысын илэжьащ. Къэхъуар къыщащIэм, и адэ-анэр къэсыжащ, ауэ иджы я унэ абрагъуэр ящэми, я къуэр къахуемыгъэлыныр хэлът. Унэри псынщIэу пхуэщэнт! Гузэвэгъуэ къалъысауэ къажыхьыху, Iуэхур судым нэсащ.

СудыщIэр ныбжькIэ щIалэ дыдэт. Ар абы япэу къыхуагъэфэща Iуэхуу арат. ЩIалэщIэр (Заур) Марие и къуэу къыщIокI. Адэ-анэм яхуэшэчакъым я щIалэм къыхиха IэщIагъэм зэрырилажьэр я нэкIэ зрамыгъэлъагъун. Судыр щекIуэкI пэшым ахэр щэхуу щIыхьащ икIи я къуэм къимылъагъун хуэдэу нэхъ пыIудзауэ дурэшым дэтIысхьахэщ. Зи суд ящIэр щIалэ дыдэт, Марие и къуэм и ныбжьми арат, ауэ ищIа щIэпхъаджагъэм илъэс куэдкIэ лъэхъуэщым иригъэсынут. «Сыт мыгъуэ укъезыхуэкIыр, щIалэ? – игукIэ жиIэрт Заур. – Сыт мы дуней дахэм улажьэ-ушхэжу ущIытемытар?»

Iуэхур зы махуэкIэ зэфIэкIакъым. ЕтIуанэ махуэми пищэнут. ЦIыхухэр зэбгрыкIыжырт. Мариерэ и щхьэгъусэ Мурадинрэ я къуэм и лэжьэкIэр ягу ирихьат – щIэныгъэ зэрыбгъэдэлъыр IупщIт. Абы тепсэлъыхьу судыр щащIэ унэм къыщыщIэкIыжым, къалъагъу зэщыджэу гъыуэ бжэIупэм Iут цIыхубзыр. «Ар, дауи, ягъэтIысам и анэу къыщIэкIынщ, – жеIэ Марие. – Игу дахэ хуэдгъэщI, дыхуэгъэгузавэ». Марие абы бгъэдыхьэри и Iэр и дамащхьэм трилъхьащ. ЦIыхубзым и Iэхэр и нэкIум Iуихмэ – Зоещ.

ЗанщIэу зызэрадзри IэплIэ зэхуащIащ. Зое и нэпсхэр Марие и дамащхьэм телъалъэрт. Хъусени Марие къызэрилъагъуу, и пIэм ижыхьащ. Марие зыкIи зихъуэжауэ къапщIэртэкъым, ублэмэ нэхъ гуакIуэж хъуат. Ар зыкIи ебгъапщэ хъунутэкъым Зое – зи нэкIур пасэу зэлъа цIыхубз пшэрышхуэм. Абдеж Хъусен къыгурыIуащ и гъащIэр мыхьэнэншэу, купщIэншэу зэригъэкIуар, адэкIэ нэхъыфI хъуну хэкIыпIэ гуэри зэрыщымыIэр. Езым и IэкIэ и насыпыр икъутэжащ, ерыщу хущIэкъуакъым а насыпым, ауэ абы нэхърэ нэхъ шынагъуэжыращи, и бынхэми гъэсэныгъэ тэмэм яригъэгъуэтыфакъым, мылъку зэхуэлъэфэсыным къыдэхуакъым. Иджы мылъкуи яIэжкъым, ублэмэ я унэжь закъуэри ящэжын хуейуэ къапэщылъщ. «Бетэмал, псори щIэрыщIэу къыщIэбдзэж хъуну щыташ щрэт! ИтIанэ сэ сщIэнт сызэрыпсэуну щIыкIэр», – егупсысырт зи ныбжь нэмысауэ жьыфэ къызытеуа Хъусен.

Судыр зыщIэр Марие и къуэрауэ къыщащIэм, зэлIзэфызым лъаIуэу щIадзащ. «Алыхьым хьэтыр иIэмэ, Марие, къыддэIэпыкъу. Ди къуэр къебгъэлмэ, дызыщIэс унэ абрагъуэр уи щIалэм ейщ, быным уимыгъэщIэн щыIэкъым, Алыхьым щхьэкIэ...» – и нэпсыр къожэх Зое. Марие тIэкIурэ щытащ щыму, зэрыхэгупсысыхьыр къапщIэу, итIанэ зыкъищIэжри жиIащ: «Хьэуэ, Зое, сыхуейкъым си щIалэм и гъащIэ гъуэгуанэр пцIыкIэ къыщIезгъэдзэну. Уэ езым къыбгурыIуэн хуейщ апхуэдэм цIыхум къыхуихьыр. Сэри сыанэщ, сигури пщIоуз, ауэ зыри пхуэсщIэфынукъым...»

Апхуэдэу зэбгъэдэкIыжащ зэгуэрым зэныбжьэгъуфIу щыта цIыхубзитIыр – а тIум я гъащIэ гъуэгур зыкIи зэтехуэртэкъым.

*Новеллэхэр*

ХЬЭТЫКЪУЭ Умар

# Зейтунрэ щIакхъуэ фIыцIэрэ



Хьэпсым ис фIэкI пщIэнтэкъым Нэджие: гъущI хъаркIэ гъэбыда щхьэгъубжэм бгъэдэуvауэ, уэрамым доплъэ, нэщхъейуэ, игурэ и щхьэрэ зэбгъэжауэ. Сыт и мыхьэнэ, улъагъугъуафIэ дыдэми, уи фэм имылъмэ? Бостей тIорысэ текIыжар къозэвэкI, лъапцIэщ, щхьэпцIэщ, лъэпэд къудеи лъыгъкъым. И фэм имылъIами, езыр дахэкIейщ: и набдзэр пцIащхъуэ дамэ хуэдэщ, и щхьэцыгъуэр шылэ Iэрамэщи, плIэм дэхуэркъым.

НэщIщ уэрамыр: зы цIыхуи трилъагъуэркъым. Гъунэгъум я жыг хадэм бзур щобзэрабзэ – Нэджие игу щыщIэр къафIэIуэхун бзум!

Гупсысэм хэхуауэ щхьэгъубжэм здыбгъэдэтым, Нэджие уэрамым кърикIуэ цIыхубзитIым я зыр къицIыхужащ – Сабирэ! Щхьэгъубжащхьэм лъэгуажьэкIэ теувэри, еджащ:

– Сабирэ! Сабирэ!

ЦIыхубзитIыр къэувыIащ, я жьэр Iурыхуауэ. Зыр нэхъ щхьэпэлъагэт, къамылыфэт. Зеплъыхьри, къеджар игъуэтыркъым. И дамэр дрегъэуейри и гъусэм йоплъ цIыхубзыр: «Хэт къызэджар?» И гъусэм и дамэр хеш, и нэр кърегъэж: «Сэ дэнэ щысщIэн?»

– Сабирэ! – маджэ аргуэру Нэджие.

– Хэт къызэджэр?

– Сэращ.

– Уэ ухэт?

– Нэджиещ.

ЦIыхубзым Iэдакъэжьауэ ещI:

– Хэт и Нэджие?

– Бахътияр-ефэнды ипхъуращ.

– Бахътияр-ефэнды жыпIа? Ар хэт езыр?

– Зы хьэблэ дыдэсати! СыкъэпцIыхужыркъэ, Сабирэ?

– Уэра мыр, Нэджие?!

– Сэращ…

ЦIыхубз набдзэ фIыцIэм унэ кхъахэр зэпиплъыхьащ. Щхьэгъубжэм абдж хэлъыжкъым, тхылъымпIэ Iушхащ.

– Сыт мыбы щыпщIэр?

– Зыри.

– НтIэ мыбы щхьэ ущIэс?

– Мыр ди унэщ.

– Фи унэщ?!

– НтIэ.

ЦIыхубзитIыр зэплъыжри дыхьэшхащ, шыпсэ зэхаха хуэдэ.

– ПцIы къысхубоупс! – жиIащ цIыхубз набдзэ фIыцIэм. – Бжэр Iухи, дынищIэгъэхьэт… Укъэзумысынкъэ сэ уэ!

ЦIыхубзитIыр бжэщхьэIум къекIуэлIащ. Бжэр хьэблэ щIалэ цIыкIухэм фIамыщIкIэ

зэхатхыхьат.

Сабирэрэ Нэджиерэ щысабиям зэныбжьэгъуащ. Бэлъкъан зауэм* щIидзэн и пэ зы къалэ цIыкIу дэсащ. Зым, Сабирэ, и адэр хеящIэт, адрейм, Нэджие, и адэр банкым щылажьэрт. Зауэр къэхъейри, къалэр ябгынэн хуей щыхъум, унагъуитIыр зэфIэкIуэдащ. Илъэсих мэхъу абы лъандэрэ, илъэсих дэкIауэ нобэ зэрихьэлIэжащ.

Нэджие бжэщхьэIум къытеуващ. Ар и щхьэм къыщыщIэдзауэ и лъакъуэм нэс зэпиплъыхьри Сабирэ шхыдащ:

– Мыр сыт, си псэм хуэдэ? Мыр сыт фащэ?

Нэджие плъыжь хъуащ. Дауи, Сабирэ пэхъунтэкъым: зыкърех, шылэ бостейр къыщолыдыкI, Iэлъэщ фIыцIабзэм и плIэр щIеуфэ, дыщэпскIэ щIэгъэна бохъшэр и Iэблэм фIэдзащ.

Сабирэ унэ кIуэцIым щIэплъащ, ауэ щIыхьэн и щхьэ ирипэсакъым. Блыным сэхур къыкIэрылъэлъыжащ, псы къыпхыкIауэ, унащхьэр бжьыгъэ защIэщ, унэ лъэгури къиудащ. Нэджие зэпиплъыхьурэ, и гъусэм кIэщIэуIуащ Сабирэ:

– ЗэкIужкъэ? Тхьэм щхьэ жыIэт!

– ЗэкIужщ, шэч хэлъкъым.

Сабирэ и гъусэр цIыхубз сырыхут, езым нэхърэ нэхъыжьыфэ тетт. ЦIыхубз сырыхум нэхъ зыкърихырт. Абыи ирикуакъым унэм щIыхьэн, бжэщхьэIум здытетым и щхьэр ишийри щIэплъащ.

ЦIыхубзхэр заулрэ щымащ. Щым щхьэкIэ, зыр зым зэпеплъыхь.

– Уи анэр дэнэ щыIэ, Нэджие?

Унэ кхъахэм щIэс цIыхубзыр фIэгуэныхь хъуауэ фэ зытригъэуащ Сабирэ.

– ЛIащ, – жиIащ Нэджие. – Ди анэр диIэжкъым.

– Уи адэр-щэ?

– Ди адэри лIащ.

– Уи дэлъхур-щэ?

– Ари псэужкъым.

– Сыт мы унэм щыпщIэр-тIэ?

– Мы унэр си лIым ейщ.

– УилIми?

– НтIэ.

– Хэт уи лIыр? Сыт и IэщIагъэ?

– МыващIэщ. ИджыпстукIэ дзэм хэтщ.

– Дэнэ?

– Жыжьэкъым. Хъайдарпаша дэсщ. Ягъэзауэркъым, мыващIэщи, ягъэлажьэ.

Абы нэсри, щым хъужащ цIыхубзищыр. «ФыныщIыхьэ, фынеблагъэ!» яжриIэфыркъым Нэджие цIыхубзитIым, и щхьэм щоукIытэж: хьэщIэ зыщIэпшэ хъун унэ! Сабирэ къыгурыIуагъэнщ и ныбжьэгъур и фэм зэриткIухьыр. КъыпыгуфIыкI зищIри, Нэджие и Iэблэр иубыдащ:

– Дынемыблэгъауэ дыблэкIынукъым… Нэджие, Нэджие, унасыпынши уэ сэ слъагъур!..

– Фынеблагъэ…

Сабирэ и гъусэм хуеплъэкIащ.

– И жагъуэ тщIынкъым, зы дакъикъэкIэ дыщIыхьэнщ… Еплъыт мыбы! ТхьэIухудкъэ! ИгъащIэм плъэгъуа мыпхуэдэ? Тхьэм щхьэкIэ жыпIэн! И щхьэцыр плъагъуркъэ! Ушэрэзыжауэ, данэ цIынэм хуэдэкъэ?!

ЦIыхубз сырыхур акъылэгъу хъуащ:

– Дэгъуэщ! Дэгъуэ дыдэщ!

Пэшым щIыхьэри жыхафэгум теуващ цIыхубзитIыр: узытетIысхьэн дыди щIэттэкъым пэшым, унэлъащIэм и гугъу умыщIыххи. Нэджие укIытэм ехьри, кIуэцIрыхуамэ, нэхъ къищтэнут: тхьэмыщкIагъэр къуаншагъэщ жыпIэнкъэ! И нэр

---

* Бэлъкъан зауэ (япэр – 1912-1913 гъэхэм, етIуанэр – 1913 гъэм и гъэмахуэм) – Тыркумрэ бэлъкъан къэралхэмрэ зэращIылIа зауэ. Европэм щIыуэ щиIар, къанэ щIагъуэ щымыIэу, Тыркум фIыхэкIуэдащ а зауэм.

къыхуэlэтыркъым Нэджие, зипlытl-зихузу ябгъэдэтщ цlыхубзитlым.

Плlанэпэм дэлъ арджэн укъуеям щащыхурэ щхьэнтэрэ телъщ. Арджэным ибгъукlэ пхъэ ашык щытщ, ашыкым кхъуэщынышхуэ тетщ, кхъуэщыным зейтун зэрылъ тепщэч удзыфэ къыбгъурытщ. Щlакхъуэ фlыцlэ бзыгъи телъщ ашыкыщхьэм. Щхьэгъубжэ лъабжьэм пхъэ гъуэлъыпlэ щlэтщ, упщlэжь ипхъуауэ.

– Фетlысэх, упщlэр къабзэщ.

Цlыхубзитlыр хуэсакъыпэурэ етlысэхащ. Цlыхубз сырыхум унащхьэ бжьыгъэр зэпеплъыхь.

– Мыдэ къыдбгъэдэкlуатэ, – жриlащ Сабирэ и ныбжьэгъум. – Къыдбгъэдэтlысхьэ.

Нэджие гъуэлъыпlэ кlапэм тетlысхьащ.

– Мыр дауэрэ къызэрыпщыщlар, си псэм хуэдэ?

– Ара хъунт си натlэм къритхар…

Нэджие яжриlащ я lуэху къызэрекlуэкlар. И адэр Салоник здыдэсым сымаджэ хъури Истамбыл зэрыкlуэ нэхъ хэлъакъым – лlащ. И анэмрэ езымрэ фэтэр къащтащ – зы пэш цlыкlу. И анэр щылlащ Истамбыл – куэд ихьыжакъым. Нэджие и закъуэ къэнащ. Фэтэрыр зей цlыхубзым игу къыщlэгъуащ Нэджие, и закъуэ къыщынэм: лlы къыхуигъуэтащ. Къыхуигъуэтар цlыху lейкъым, къуэлъ щыlэкъым армыхъу: тхьэмыщкlэ джафэщ. Зауэм и пэкlэ ухуакlуэм яхэтащ, махуэм хъурыщэ тlощl къилэжьырт. И лlыр зэрыдашрэ Нэджие мазэм хъурыщэ тlощlрэ пщlырэ кърат. Зэзэмызэ къыщаутlыпщыж щыlэщ и лlыр, къыщыкlуэжкlэ хъудыр тlэкlу къыщыздихь щыlэщ.

– Аращ ди псэукlэр, – жери и хъыбарыр иухащ Нэджие.

– Абыкlэ уарэзы? – къеупщlащ Сабирэ.

– Къыптрилъхьэр гугъущ…

– Уделэщ! Къыпхуэт щыlэкъым: уделэщ! «Хъудыр къыщыздихь щыlэщ» жи! Зейтунымрэ щlакхъуэ фlыцlэмрэ къуэсщ: и пщэдджыжьышхэри, и шэджагъуашхэри, и пщыхьэщхьэшхэри зейтун lэбжьыбрэ щlакхъуэ фlыцlэ бзыгъэрэщ! – Сабирэ и гъусэм зыхуригъэзэкlащ. – Сыт хуэфащэр мыбы, Фюсун-хъаным?

Цlыхубзитlым Нэджие нэкlэ яшхынущ: и унэр нэщlщ, шхын щlэлъкъым, езым и фэм илъ щыlэкъым – бостей тlорысэщ, итlани еплъ къызэрызэтенам! Езы тlум мылъкур къолъэлъэх, сыт яшхынуми, сыт зыкlэралъхьэнуми, ягъуэт, итlани тхьэусыхэущ я гъащlэр зэрахьыр: «Сибг!.. Си щхьэ!.. Си жьэжьей!..»

– Уи адэр дэнэ щыlэ? – щlэупщlащ Нэджие, lэнкун дыдэу.

– Сщlэркъым. Хамэ къэрал гуэрым щыlэщ.

– Уи анэр-щэ? – къыдэплъеящ Нэджие.

– Си адэм щlыгъущ.

– Уэ дауэ ухъурэ-тlэ?

– Сэри? Хъыбар кlыхьщ. Офицер сыдэкlуауэ щытащ. Дызэбгъэдэкlыжащ – дызэзэгъакъым.

– Иджыпсту дэнэ-тlэ ущыпсэур?

– Ди благъэ я дей…

Сабирэ Истамбыл благъэ щиlэу ищlэххакъым Нэджие – зэи къыжриlатэкъым къалэм щыдэсам щыгъуэ. Сыт хуиlуэху: щlэупщlакъым Сабирэ и благъэм.

Цlыхубзитlым гу щахуэркъым Нэджие, яфlэтхьэlухудщ. Сабирэ зыхуэшыlэжакъым: Нэджие и пщэм ба хуищlащ. Нэджие и нэкlур плъыжь хъуащ, укlытэри. Цlыхубзитlым lэджэ хущlатхъуащ Нэджие хуэдэ тхьэlухудыр хьэзабым хэзыгъэт гъащlэ дыджым: «Аракъым уэ пхуэфащэр! Жэнэтым уисын хуейщ уэ! Зыхуэмыфащэращ жэнэтыр зылъысыр – ар захуагъэ?!»

– Фюсун, Рефикъэ уигу къэгъэкlыжыт! – мэшхыдэ-мэхъуэщlэ Сабирэ. – Нэджэlуджэщ, итlани еплъ и насып къызэрырихьэкlам! Сэрейм щlэсщ, маршынэр и гъунэжщ! Нэджие еплъыт иджы: тхьэlухудкъэ! Захуагъэ ар? Хэт сэрейрэ маршынэ псынщlэрэ нэхъ зыхуэфащэр?! Джамил сыт жиlэнкlэ хъунт, Нэджие илъэгъуатэмэ?!



7 Заказ № 189

– И фIэщ хъунтэкъым!

– Мы дунейм теттэкъым и фIэщ зэрыхъун!

ЦIыхубз зыкъизыххэм здабгъэдэсым, Нэджие и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжащ, и нэр къиIэтыфыркъым, и фэм иткIухьыным нэсащ.

– Пэж къызжеIэт: хъурыщэ тIощIрэ пщIым урикъурэ мазэм? – щIэупщIащ Сабирэ.

– Нэгъабэ нэхъыбэIуи къысхэхъуэрт, сэлэтхэм джанэ-гъуэншэдж щIагъщIэлъ яхуэздырти. Мы гъэм сагъэдыжыркъым…

– ТхьэмыщкIэ!.. Си фIэщ схуэщIыркъым!.. Дауэ ар?..

– Дауэ илъ?

– ФIэщ хъугъуейщ! Бзум хурикъунукъым хъурыщэ тIощIрэ пщIыр!

– Си лIым тхьэмахуэ къэс зейтун кIилэ ныкъуэ къыздехь. Зрызогъэкъу…

Ари я фIэщ хъуакъым Сабирэрэ Фюсунрэ: я унэIутхэми пхуашхынукъым щIакхъуэ фIыцIэр! Хъудырыр зыIуалъхьэххэнукъым!

– Сыт пщIэн? – хэщэтыкI зищIащ Фюсун. – ГъащIэ жыхуаIэращ. ЩIакхъуэ фIыцIэр зышхи щыIэщ, къызэрыщIэкIымкIэ… Зымахуэ щIакхъуэ фIыцIэ бзыгъэ хуэддзат ди хьэм: ишхын дэнэ къэна, епэмакъым, апхуэдизкIэ къыджьэхэлъати, хьэщхьэрыIуэ хъуа ди гугъащ.

– Хьэуэ, мы унэ фейцейм укъизнэфынукъым, Нэджие! – къыщылъэтыжащ Сабирэ. – Тэдж! НакIуэ! УкъыщIэзнэнукъым!

– Дэнэ сыздэпшэнур?

– Ди дей!

– Дауэ?.. Иджыпстуи?.. – зрилъэфыхьащ Нэджие.

– Тэдж! ПIалъэ къыхэзгъэкIынукъым!

– Си лIым сеупщIын хуейкъэ?

– Делагъэ жумыIэ! Зы жэщ нэху укъыщекIынщ ди дей. Уи ныбэ из хъуху ушхэнщ, итIанэ уи тхьэ узэреплъщ: мыбы къэбгъэзэжынрэ къыумыгъэзэжынрэ.

– Си…

– ЦIутI жумыIэ! НакIуэ!

И лIым имыщIэу, дауэ икIыну унэм? Нэджие и щхьэм къитIасэртэкъым ар – апхуэдэ хабзэ щыIэ! Пэжщ, нобэ къэкIуэжын мурад иIэкъым и лIым. ИтIани… фызыр унэм икI хъурэ, лIым имыщIэмэ!

Илъэсипл хъуауэ мы унэм мафIэ зэрыщамыщIар ягу къеуэфэ зытрагъэуащ Сабирэрэ Фюсунрэ. Дауэ ар: илъэсипл нейкIэ шхын пщтыр гуэр пIумыхуэныр! Ар зыхуэшэчын щыIэ! Сабирэ мы хьэблэм къыщIыдыхьари къыжриIащ: пщафIэ мэлъыхъуэ. Зы пщафIэ иIэти, игу ебгъащ, иджы нэгъуэщI мэлъыхъуэ. Мы хьэблэми дигъуэтакъым игу ирихьын пщафIэ.

Пщыхьэщхьэшхэм и гугъу ящIащ Сабирэрэ Фюсунрэ: пщыхьэщхьэ къапэплъэ Iэнэр сыт и уасэ! Iэнэр IэфIыкIэмрэ фадэмрэ, лы гъэжьамрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ щIагъэнэнущ. Фюсун хьэщIэ къригъэблэгъамэ, фадэ къудейуэ лирэ плIыщI и уасэ къытрегъэувэ Iэнэм! Нэджие и нэр къиухащ ар щызэхихым…

Лы жьэрымэ къыщIихьэ къыфIэщIащ Нэджие… ЦIыхубзитIыр пщыхьэщхьэ зыпэрысыну Iэнэр и нэгу къыщIигъэхьэри, и гурыIупсыр къэжащ; мо тIум йоплъри игурэ и щхьэрэ нэхъри зобгъэж.

«Сыт къэхъун зы жэщ закъуэ хьэщIапIэ сыкIуэкIэ? – егупсысащ Нэджие. – Зы мыхъуми, зызгъэнщIыху сышхэнщ зэ!»

Iэджэ щIащ IэфIыкIэми, пхъэщхьэмыщхьэми, лы гъэжьами, лэпс пщтырми зэрыщIэхъуэпсрэ. КъыхуэцIыхужын къыфIэщIыркъым, Iэнэм къыхутрагъэувэмэ. Зейтун Iэбжьыбрэ щIакхъуэ фIыцIэ бзыгъэрэщ и шхыныгъуэр, нэгъуэщI илъагъуркъым.

«Зы жэщ щхьэкIэ зыри къэхъункъым», – тегушхуащ Нэджие. ЯдэкIуэнут,

зыщитIэгъэн иIамэ. УкIытэжакъым: щитIэгъэн зэримыIэр яжриIащ цIыхубзитIым. Модрей тIур зэплъыжащ.

– МуIэззэз-хъаным деж тшэнщи, щытхуэпэнщ, – жиIащ Сабирэ. – МуIэззэзи цIыхубз лъагэщ, абы и щыгъыныр хуэхъунущ Нэджие.

– Хъунущ! – жиIащ Фюсун. – Езы щхьэпсыншэри здэтшэнщ.

Нэху къызэрекIрэ, дзэкъэгъуэ Iухуакъым Нэджие. Сэлэт фызхэм трагуашэ щIакхъуэ фIыцIэмрэ зейтун фIэIумрэ игу апхуэдизкIэ ящыкIащи, щымэжэлIэпам дежщ щишхыр. Зейтун фIэIум и къэжьын къегъакIуэ.

«Ныщхьэбэ сытхъэжынущ!» – жеIэ Нэджие игукIэ, и Iупэр зэтехьэжыркъым, и гурыIупсыр къызэрыжам тоукIытыхьыж: «ЕмыкIу сыкъащIынщ», – жери. И нэгу къыщIохьэ: стIолтепхъуэ хужьыбзэ зытелъ Iэнэ кIыхьыр пхъэщхьэмыщхьэм, IэфIыкIэм, хьэлывэм, псы IэфIым, лы гъэвамрэ лы гъэжьамрэ къакъутэ…

ПлIанэпэм дэт ашычыжьым къыдихри, Нэджие цы IэлъэщI тIорысэ, хъыбиибзэ хъуауэ, зытриубгъуащ.

– Фюсун! Алыхьыр пщIэжмэ, къеплъыт мыбы! – и набдзэр хегъэлъэтри жыхафэгум итщ Сабирэ. – Пащтыхь гуащэм хуэдэкъэ! Мы IэлъэщIыжьми щIихъумэфакъым и фэр!

ЦIыхубзищыр уэрамым дыхьащ. ПлIанэпэм гухъыринэ тетт.

– Догъанджилар дышэ! – жери Сабирэ шыгухум бгъэдыхьащ.

Нэджие Сабирэрэ Фюсунрэ я пащхьэ ирагъэтIысхьащ. Гъуэгу тетыху, я жьафэ къехакъым цIыхубзитIым, зи щхьэфэ имыIэба къагъэнакъым. ЦIыхубз псэлъэреитIым къабж псом сыткIэ хуейт Нэджие: и нэгу щIэтыр ныщхьэбэ зыпэрысыну Iэнэрат. ЦIыхубзитIым зыщагъэнщIыркъым Нэджие: зэрытхьэIухуд, зэрызэкIуж! И Iэм къытоIэбэри, ягъэщIагъуэ:

– Зэрыщабабзэ! ШэкIэ зыптхьэщI фIэкI пщIэнкъым махуэ къэс!

ШэкIэ зимытхьэщIауэ, мазэм шэ шынакъ ишхащэрэт! И Iэр псы щIыIэкIэщ зэритхьэщIыр – я хьэблэм псынэ дэтщ. Гъэми щIыми псынэпс щIыIэкIэ зетхьэщI.

Унэшхуэ гуэр деж къыщагъэувыIащ гухъыринэр. Унэр жыг хадэм къыхоплъ.

БжэщхьэIум унэIут цIыхубз къытеуващ, кIэпхын хужьыбзэ Iулъу.

– Хъаным щIэс? – щIэупщIащ Сабирэ.

– ЩIэсщ.

– Хъыбар тхуегъащIэ.

– ФыкъакIуэ, фыкъыщIыхьэ.

Унэм щIыхьащ. Унэ лъэгур скъар мывэкIэ къищIыкIащ. УнэIутыр етIуанэ къатым дэжеящ. Модрейхэри ежьащ, унэIутым и ужь иувэри.

ЦIыхубз нэутхэ гуэр къаIущIащ, дэкIуеипIэр ямыух щIыкIэ.

И Iэр и шхужьым иригъэуvауэ, цIыхубз нэутхэр къахуохъущIэ:

– Дэнэ фыщыкIуэда зымахуэ лъандэрэ? Дунейм фытетыжкъыми? Дэнэ фыкъикIа? Сытым фыкъытхуихьа?

Къапежажьэри, цIыхубз нэутхэм Сабирэрэ Фюсунрэ закъыпщIэхидзащ, IэплIэ къахуищIащ.

– Дыкъэзыхьар пщIэркъэ?

– СщIэркъым. Ныжэбэ фыщыIэнукъэ си деж?

– ДыщыIэнукъым…

ЦIыхубзым и нэр щIэцIэлыкIащ, и ныбжьыр хэкIуэтами, щIалафэ зытрегъауэ. ЛъагъугъуафIэщ, и ныбжь хэкIуэтами.

– Мо ажэгъафэри хэт? – жиIащ цIыхубз нэутхэм, Нэджие дежкIэ еплъэкIри.

– Ар ажэгъафэкъым… Аращ и щыгъыныр…

– УкъыздогушыIэ!

– Алыхь лъэщ, мыажэгъафэ! – тхьэ иIуащ Сабирэ. – Уи деж къыщIэтшар тхуэпэн щхьэкIэщ. Зы бостей, зы IэлъэщI, вакъитI къыдэт. Ди деж хьэщIапIэ нокIуэ.

– СыкъывогъапцӀэ!

– Азэлыхь, укъэдмыгъапцӀэ!

Нэджие укӀытащи, кӀуэцӀрыхуным нэсащ. ЦӀыхубз нэутхэри къыжьэхоплъыхь.

– Дахэ цӀыкӀуи хуэдэ! – жиӀащ цӀыхубз нэутхэм цӀыхухъу макъкӀэ.

– Зегъэхуапи, итӀанэ жыпӀэм деплъынщ! – пыгуфӀыкӀащ Сабирэ.

Гъуджэшхуэм бгъэдэувэри зитӀэщӀащ Нэджие. Щыми я жьэр Ӏурыхуащ, Нэджие и Ӏэпкълъэпкъыр щалъагъум! Шылэ бостей хужьыбзэ щатӀэгъащ Нэджие. Лъэпэд щылъитӀагъэм, и лъакъуитӀыр ялъэгъуати, цӀыхубз нэутхэри, Сабири, Фюсуни я нэр къихуащ: апхуэдэ лъакъуэ ящыпэлъагъут! И щхьэцыр хуажьащ, хузэрадзащ. Ари сыт хуэдэ щхьэц: щхьэцыгъуэ дахэщ, Ӏэгум щызэбгрож, мэлыд, ушэрэзыжауэ!

Нэджие яхуэпа нэужь, я пащхьэ ирагъэувэри, езыхэр шэнтжьейм итӀысхьащ, цӀыхубз тхьэӀухудым я нэр къытрачыфыркъым. Сурэт ищӀрэ ищӀар игу ирихьыжамэ, художникым и нэр къыхутечрэ – апхуэдэт мохэри. Нэджие къыпогуфӀыкӀри щытщ, модрейхэм ирагъэлей къыщохъури мэукӀытэ, итӀани зэзэмызэ гъуджэм йоплъэ: «Пэж мыбыхэм къыхужаӀэр?»

УнэӀут цӀыхубзым шей къахуихьащ. ЦӀыхубзхэр Ӏэнэ лъахъшэ цӀыкӀум екӀуэтэлӀащ, дыщэпс зытегъэлъэда мыштыкухэм тутын псыгъуэ кӀыхь ираӀури зыӀурагъэсащ. Я пащхьэ Нэджие ирагъэтӀысхьащ.

ЦӀыхухъу гугъу фӀэкӀ ящӀыркъым Сабирэ сымэ. Нэджие зиущэхуауэ йодаӀуэри щысщ… Я насыпкъэ мыбыхэм! Сытым хуэныкъуэ? Жьыр къыщепщэр ящӀэркъым. Шылэмрэ данэмрэ хэсщ. Шылэ алэрыбгъу хъунщ иджыпсту зытетри. Тутын ягъэсри Ӏэнэм пэрысщ щыри. ЦӀыхухъу гугъу фӀэкӀ зэхихакъым Нэджие Ӏэнэм зэрыпэрытӀысхьэрэ. Езым и нэгу щӀэтыр лэпс пщтырщ, лы гъэжьащ, шыпс ӀэфӀщ, пхъэщхьэмыщхьэщ… Тхъэжынущ жыпӀэркъэ ныщхьэбэ!



ХьэкӀэр къыхэхъыжьащ Нэджие. КӀуэцӀрыхуамэ нэхъыфӀт абы нэхърэ! ЩӀым щӀэпщхьэнт, апхуэдизкӀэ укӀытати. Модрейхэм гу къылъамытафэ зытрагъэуащ, цӀыхухъу гугъу ящӀыни зэпагъэуакъым.

– Лирэ миным еблэнукъым Ризэ апхуэдэм щхьэкӀэ! – жиӀащ Сабирэ.

– Щыгугъ абы! – къыпэрыуащ МуӀэззэз. – УтригъэлӀыкӀынщ. Нэхъ бydэжьрэ нэхъ нэпсейрэ слъэгъуакъым. Ӏуэхур и нэм нэсмэ, кӀэбгъу зещӀыж. Ухэзэгъэнукъым…

– Милович минипщӀ иритаи?

– Ар нэгъуэщӀ Ӏуэхущ.

– Сыт щхьэкӀэ?

– И цӀэ игъэӀун щхьэкӀэщ.

– Хьэжы Ибрэхьим илъагъумэ-щэ?

– Абы хузэфӀэкӀынур сщӀэркъым. Абыи ахъшэ игу пыкӀын си гугъэкъым, ауэ унэ къыпхуищэхуфынущ…

Нэджие къыгурыӀуащ: зи гугъу ящӀыр езыращ. Ныжэбэ зыгуэрым и унэм щӀадзэн мурад къыхуамыщӀауэ пӀэрэ? Жэщым бгъэдагъэлъын щхьэкӀэ… Ар игу къыщыкӀым, унэм къыщӀэжыжын мурад ищӀат Нэджие, шылэ бостейри, данэ лъэпэдри, вакъэ лъэдакъэ лъагэри зыщидзыжу…

– Тутын уефэн? – къыжраӀащ.

– Сефэркъым…

– Тутын уемыфэмэ, шейр умыгъэупщӀыӀуж…

Шылэ бостейр щӀыфэм йодэхащӀэ. И Ӏэщхьэри зэрыдахащэ, хэдыкӀауэ! Вакъэ лъэдакъэ лъагэри йокӀупс… «Сыт къэхъужын зы жэщым? – йогупсыс Нэджие. – Я гуэныхь къэсхь пэтащ: лӀы и ӀэплӀэ срадзэн занщӀэу? Ныщхьэбэ зызгъэнщӀыху садэшхэнщи, пщэдджыжь жьыуэ сыкӀуэсэжынщ!»

Нэджие мэжэлӀащи, и кӀуэцӀыкӀыщӀэр къреӀуэнтӀыкӀ. Унэм ихьэжмэ, сыт къыпэплъэр? ПлӀанэпэм дэт ашычыжьым тет тепщэч удзыфэр игу къэкӀыжащ Нэджие:

тепщэч удзыфэм зейтун Iэбжьыб илъщ. ЩIакхъуэ фIыцIэ гъурым едзэгъуии и нэгу къыщIигъэхьащ…

Хьэуэ, сыти кърехъу: Сабирэ деж щыхьэщIэнщ ныжэбэ! «ЗызгъэнщIыху сышхэн щхьэкIэ… ЗызгъэнщIыху сышхэн щхьэкIэ…» – игукIэ мэIущащэ Нэджие.

Сабири, Фюсуни, МуIэззэзи къыщабзыщIакъым Нэджие ягу къыхуралъхьар. Кърагъэплъынущ я нэIуасэ цIыхухъухэр, ягу зэрырихьынум шэч лъэпкъ къытрахьэркъым.

– ЗывмыIэжьэж, – къажриIащ МуIэззэз, – гу фитIысхьи, кхъухь тедзапIэм фыкIуэ: зыгуэрым фримыхьэлIэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Сабирэрэ Фюсунрэ къэтэджыжри я IэлъэщIыр зытралъхьэжащ. Нэджиеи шылэ щхьэрыпхъуэ фIыцIэ кърагащ, къэдабэ бохъшэ дахэ цIыкIу къыIэщIалъхьащ. IэплIэба зэхуащIыжащ. Нэджиеи IэплIэ къыхуищIыжащ МуIэззэз, бжэм нэс къигъэкIуэтэжащ.

Гу къащтэри, Нэджие Сабирэрэ Фюсунрэ яку дагъэтIысхьащ: зыщадзеижыртэкъым, зрагъэхуэпати…

Гур уэрамым дэлъэдащ. ЦIыхубзитIым я къэвэбжэр зэIуахащ. Абыхэм жаIэри зэхихыжыркъым Нэджие: и щхьэм илъыр нэгъуэщIщ – зигъэнщIыху ныщхьэбэ зэрышхэнуращ.

Хы Iуфэм нэсри, гум ХъайдарпашакIэ иIуэнтIащ. Нэджие и нэр къихуауэ зеплъыхь: Къадыкуей къыдыхьакъым зэи, зэсар тхьэмыщкIэхэмрэ лэжьапIэншэхэмрэ зыдэс хьэблэрщ, абы фIэкIакъым. Къадыкуей нэгъуэщIщ: уэрамхэр зэщIэпхъэнкIащ, унэ хужьхэр жыг щхъуантIэхэм къыхоплъ, псыIэрышэр адэ-мыдэкIэ щызэбгрож… НэгъуэщI къэрал гуэрым къыщыхутауэ къыфIэщIащ Нэджие.

Гъуэгу здытетым, щIалэ пащIацэ гуэрхэр къаIуоуэ, Iэ къыхуащI.

Хы Iуфэ дыдэм ирихулIэри, шыгухум шитIыр къыжьэдикъуащ. Хы тхьэрыкъуэхэр маджэ, хы Iуфэм цIыхур щызэхэзокIуэ, я Iэблэ зэрыубыдауэ, хы Iуфэм къызэрыкIуа гухъыринэхэр хъуэш жыгышхуэхэм я жьауэм хэтщ.

Сабирэ сымэ щIалэ къуапцIэ гъур къабгъэдыхьащ, гъуэншэдж хужьыбзэрэ кIэстум щIыху-фIыцIафэрэ щыгъыу.

ЩIалэ къуапцIэм Сабирэ зыкъыбгъуригъэхуащ.

– Хэт мыр? – Нэджие зэхихащ щIалэ къуапцIэр Сабирэ зэреупщIар.

– СщIэркъым, – жиIащ Сабирэ, зызэфIишри. – Гъуэгум къыщытхуэзащ…

Нэджие зиудыгъуауэ щысщ. ЩIалэ къуапцIэм нэкIэ къишхынущ. Фюсун жам хуэдэщ, щIалэ къуапцIэр къазэрыбгъэдыхьами гу лъимытэ хуэдэщ.

– Хэт, зо, мыр? Тхьэм щхьэкIэ къызжеIэ!

– ЦIыхубзщ. Плъагъуркъэ?

– ЦIыхубз къудейкъым: тхьэIухудщ!

– Уи фIэщу жыпIэрэ?

– Сабирэ, игъащIэкIэ сщыгъупщэнкъым: сыгъэцIыху!

– ЦIыхухъу епсалъэркъым ар.

– Тхьэр узогъэлъэIу!

– Пщыхьэщхьэ накIуэ.

– Сызэремыфэжым ущыгъуазэщ. Уэ Iэджэ къебгъэблэгъа хъунщ: фызэрегъэфэнущ. Сэ ефэм сахэзэгъэжынукъым.

– Сыт нэхъ узыхэзэгъэнур-тIэ?

– Сызыхэзэгъэнур уощIэ!

– ПхущIохьэри уэ!

– Сабирэ, умыерыщ! Ди унэ зыри щIэскъым иджыпсту – псори ежьащ. Мыбы сыхыумыгъэкIыж. СыхэбгъэкIыжмэ, сигу ихужынкъым.

Сабирэрэ щIалэ къуапцIэмрэ щэхубзэущ зэрызэIущащэр. Щэхубзэми, Нэджие зэхех – тхьэкIумафIэ дыдэщ. И гур къыхэузыкIауэ къыщыхъуащ Нэджие…

– Игу ихужынукъым… Сэ сыт сигу къинэнур?

– Узыхуейр жыIэ!
– Дапщэ!
– Мэ лирищэ!
– МащIэщ!
– Щэрэ тIощIрэ узот!
– Умыкъэзэр! Бэзэрым дытеткъым.
– Щэрэ щэ ныкъуэрэ, Сабирэ!
– МащIэщ! МащIэщ! Милович уигу къэгъэкIыжи, мы тхьэIухудым елъытыт!
– ЩитI!
– Езым дапщэ ептынур?
– Абы уи Iуэху хэлъкъым.
– Хэлъщ. Езым ептынур къызжеIэ.
– Мыпхуэдэ тхьэIухуд си щыпэлъагъущ. КъэсшэпэнкIи мэхъу!
– НэгъуэщIыр къэгъапцIэ абыкIэ! УсцIыхужыркъэ! ТхьэгъэпцI! Илъэс ныкъуэкIэ сыкъепшэкIащ сэри, «укъэсшэнущ!» жыпIэурэ. Аращ псоми яжепIэр.
– Псом хуэдэжкъым мыр! Дахащэщ!

Нэджие къыгурыIуэнтэкъэ: сату ящI, ящэр езыращ! Хьэпшыпым палъытауэ ящэ, уасэ хуащI. ЛIо ищIэнур? Егупсысащ: гум епкIэнщи, щIэпхъуэжынщ… ЩIэпхъуэжынт, хузэфIэкIамэ. И гур поху, и щхьэр мэуназэ, мэжэлIащи. Унэм зейтун Iэбжьыбрэ щIакхъуэ фIыцIэ гъуррэ фIэкI зэрыщIэмылъыр игу къэкIыжри, и дзэр зэтрикъузащ. «Гум фыкъикIи, хы Iуфэм къыщыдвгъэкIухь», – зэхихащ Нэджие щIалэ нэхъуеиншэм жиIар. Сабирэ Фюсун хуеплъэкIащ, нащхьэ хуищIащ. Гум къикIа нэужь, Сабирэ пыгуфIыкI зищIри Нэджие и Iэр иубыдащ:

– Дызэрысабий лъандэрэ дызэныбжьэгъущ Нэджие-хъаным сэрэ! Мыр, – щIалэ къуапцIэм хуеплъэкIащ, – Фасихь-бейщ, и адэм и мылъкур ирегъэсыкI.

НэджиеигыгуфIыкI зищIащ.

Зэбгъурыувэри, цIыху Iувым яхэзэрыхьащ гуп цIыкIур. ЦIыхур щыблэкIкIэ, къызоплъэкI – щIали хъыджэбзи. Зыкърах псоми, къокIукI-нокIукI. «Iуэхуншэ защIэ хъунщ, я ныбэ из хъуху шхауэ!» – жиIащ Нэджие игукIэ.

Хы Iуфэр зэхакIухьащ зыкъомрэ. Нэджие и гур похури, зытеувэ щIыри илъагъуркъым. ЗымащIэ дэкIыжмэ, къэджэлэнкIэ хъунущ: и нэр щоункIыфIыкI.

Дыгъэр етIысэхри хъуэш жыг баринэхэм хэкIуэдащ. Уафэ лъащIэм пшэ хужь Iэтэхэр къытетIысхьащ.

– Ирикъункъэ, – жиIащ Сабирэ, – пшахъуэр зэрыдутар? Сешащ! ХьэщIи къысхуеблэгъэнущ пщыхьэщхьэ. Зыпэзгъаплъэ хъунукъым.

– Фасихь-беи накIуэрэ? – щIэупщIащ Фюсун.
– Езым еупщI.
– Уи жагъуэ умыщI, хъаным-ефэнды! СынэкIуэфынукъым, – къитащ жэуап щIалэ къуапцIэм.

– Фасихь! – жиIащ Сабирэ. – Нэджие цIыху Iувым есакъым. Уи дей щыIэ хъункъэ ныжэбэ?

– Сыт щIэмыхъунур? Сыт щIэмыхъунур? – гуфIащ Фасихь-бей. – Езыр арэзымэ, сыт хэлъ?..

Нэджие ешащи, псалъэри къыхудэшеижыркъым: пыгуфIыкIа фIэкI, жэуап къритакъым. И лъэм иIыгъыжкъым, и псэр поху. И щхьэм илъыжи щыIэкъым. Сабирэ деж кIуэмэ, цIыху Iувым яхэсын хуей хъунущ, щIэх къахэкIыжыфынукъым. Музыкэмрэ къафэмрэ яублэнщи, жэщыбг хъуху Iэнэм мытIысынри хэлъщ. Мо щIалэ къуапцIэм и унэм зыри искъым. Пшапэри зэхоуэ. Дэнэ кIуэн: Сабирэрэ Фюсунрэ яIэщIэкIыжыфынукъым. ЩIалэ къуапцIэм деж кIуэмэ, нэхъыфIкъэ? «Дызэрынэс нэхъ пIалъэ къыхигъэкIынукъым щIалэ къуапцIэм: Iэнэр къиузэдынущ! ЗызгъэнщIыху сышхэмэ… АдэкIи зыгуэр хъунщ… Нэху щыху зыхэзгъэзэгъэнкъым… Нэху щымэ,

сыкӀэщӀэкӀуэсыкӀыжынщ!»

Фасихь и гухъыринэр уэрамыщхьэм тетт. Сэлам зэрахыжащ. Фасихь-бей Нэджие и Ӏэр иубыдри гухъыринэм иригъэтӀысхьащ.

Гухъыринэр уэрамым дэлъэдащ. Пшапэр зэхэуащи, уэрамыщхьэм тет уэздыгъэхэр пагъэнащ. Фасихь и нэр Нэджие къытригъэкӀыркъым.

– УтхьэӀухудщ! УтхьэӀухуд ширщ! ИгъащӀэм слъэгъуакъым уэ пхуэдэ! – и жьэм щысхьыркъым щӀалэ къуапцӀэр.

Нэджие зэгупсысыр нэгъуэщӀщ: къулей гуэр хъунщ мы щӀалэ къуапцӀэр, зригъэцӀыхун къудей щхьэкӀэ лирэ щитӀ кърихащ и жыпым. Апхуэдиз къыщрихыфакӀэ, нэхъыбэж къинащ щӀалэ къуапцӀэм и жыпым. ЦӀыху тхъэмэ, игъэтхъэнущ жыпӀэркъэтӀэ ныщхьэбэ!

Алътынйоли, Йогурчуи, Бэгъдад шоссери къызэранэкӀащ. Фасихь-бей и Ӏупэр зэтехьэжыркъым, мэпӀэцӀеиж.

– Алыхьым и хьэтыркӀэ, ущӀэнэщхъейр къызжеӀэ! Сыт уи гуныкъуэгъуэр? – зрикъузылӀащ щӀалэ къуапцӀэм Нэджие.

Нэджие зыри къыпидзыжыркъым.

– Сыт, зоӀэ, ущӀэнэщхъейр?

– Си щӀыкӀэщ…

ФӀэемыкӀущ, армыхъу зригъэзэкӀынурэ щӀалэ къуапцӀэм еупщӀынут: «Унэм дынэсмэ, Ӏэнэ къэбгъэувынукъэ занщӀэу?»

Бзииху жыгхэм блэжри, гухъыринэр къэувыӀащ. Жейм къыхэхужа нэхъей, Нэджие къэскӀащ. Фасихь гухъыринэм елъэри и Ӏэр къиишиящ:

– КъакӀуэ, си псэр зышхын!

Нэджие гухъыринэм къебэкъуэхащ. ЩӀалэ къуапцӀэм гъущӀ куэбжэр Ӏуихри Нэджие пщӀантӀэм дишащ.

– Ислъам! – джащ щӀалэ къуапцӀэр, унэмкӀэ иунэтӀри.

Хадэм арнаут макъ къиӀукӀащ:

– Сымис, зиусхьэн!

Арнаут пӀащэ къыхэкӀащ жыгым: Фасихь-бей и лӀыщӀэ хъунт.

– Уэздыгъэр щӀэгъанэ! ПсынщӀэу!

– НапӀэзыпӀэм, зиусхьэн!

Фасихь Нэджие зыхуригъэзэкӀащ:

– ЛӀыщӀэм фӀэкӀ, унэм зыри искъым. УмыукӀытэ, си псэм хуэдэ!

Нэджие и жьэр зэщӀихыфакъым.

– Уи унэ уихьэжауэ къызыщыгъэхъу!

– Хъунщ…

Нэджие и нэр къыщипхъуащ, уэздыгъэ нэхум щыхыхьэм. ИгъащӀэм хэт илъэгъуа мыпхуэдэ унэ! Псом хуэдэжкъым хьэщӀэ щрагъэблагъэ пэшыр. Блыным алэрыбгъу лъапӀэхэмрэ сурэтхэмрэ фӀэзщ, унэ лъэгуми иубгъуащ алэрыбгъу. ХьэкъущыкъурзэщӀолыдэ, щхьэгъубжэӀупхъуэр мэпщӀыпщӀ. Утыкум стӀолышхуэ итщ, къэдабэ теубгъуауэ. А псом щыхэплъэм, Нэджие щыгъупщэжащ зэрымэжэлӀари. «Мыпхуэдиз фӀыгъуэр зэрылъ унэм шхын я мащӀэ хъункъым, ари хэплъыхьауэ!» – егупсысащ Нэджие. Лы жьэрымэ къыщӀихьащ Нэджие, и гурыӀупсыр къэжауэ утыкум итщ.

Фасихь и жьафэ къехыркъым, Нэджие и Ӏуфэлъафэр къежыхь. Абы къыжриӀэхэр къыгурыӀуэркъым Нэджие, зэхихыж щыӀэкъым. Ӏэджэ къыхурегъэкӀуэкӀ: игъащӀэкӀэ фӀыуэ зэрилъагъунур, бын дахэ дыдэ къазэрыщӀэхъуэнур, я насыпым кӀэ зэримыӀэнур.

ЩӀалэ къуапцӀэм къыхуригъэкӀуэкӀа псор Нэджие дэнэ щищӀэжын: ещӀэж, зыкъомрэ къыхуэва нэужь, и Ӏеблэр къызэриубыдар:

– НакӀуэ иджы!

– Дэнэ? – къыжьэдэхуащ Нэджие, Ӏэнэм егупсыс зэпытурэ.

– Дыгъуэлъыжынщ!
– Дауэ?
– Сыт, си псэм хуэдэ?
– Зыгуэр дедзэкъамэ, арат…
– Сыахьмакъщ, шыдым сыхуэдэщ! – игу къэкIыжащ Фасихь. – Сыдэпхьэхащи, зыри сщIэжыркъым. Ушхэнрэ умышхэнрэ сыноупщIакъым! Алыхьым и хьэтыркIэ, губгъэн къысхуумыщI! Сэ куэд щIакъым сызэрышхэрэ. Рестораным сыкъыщIэкIыжа къудейуэ, фыкъызихьэлIащ… Зэ умыпIащIэ, зыгуэр къэдгупсысынщ иджыпсту.
Фасихь щхьэгъубжэм зыдишиикIри джащ:
– Ислъам! Дэнэ ущыщIэвэщIа?
Ислъам и макъ къэIуащ:
– Сымис, зиусхьэн!
– Мыдэ къакIуэ псынщIэу!
– НапIэзыпIэм!
Ислъам бжэщхьэIум къытеуващ.
– Дызэдзэкъэн гуэр къытхузэгъэпэщ!
ЩIалэ къуапцIэм «дызэдзэкъэн гуэр» щыжиIэм, Нэджие къэгужьеящ.
– Сыт къыфхузэзгъэпэщынур, зиусхьэн?
– Сыт пхузэфIэкIынуми!
– Жэщыбг хъуащ, зиусхьэн. Тыкуэни шхапIи лэжьэжыркъым.
– Куэд къыумыгъэкIуэкI! Зыгуэр къытхузэгъэпэщ! ПщэфIапIэм зыгуэр щыбгъуэтынщ. Бгъуэтыр къэхь! ИIэ, псынщIэу!
– Тыкуэни шхапIи зэхуащIыжащ бжесIакъэ, зиусхьэн?
– Дэни къих!
Арнаутыр щIэкIыжащ, и плIэр зэхуишэри. ЩIалэ къуапцIэр Нэджие йобзэрабзэ, и Iэм ба хуещI.
– Уи жагъуэ умыщI, си псэм хуэдэ! Пщэдей рестораным дыщышхэнщ. Сигу щхьэ къэмыкIарэ?! Губгъэн къысхуумыщI: щIэщхъу къысщыщIащ ныщхьэбэ… Уи жагъуэ умыщI.
– Хьэуэ… – афIэкI хужыIэжакъым Нэджие.
– УзгъэмэжэлIауэ къыщIокIри! Фышха си гугъащ, сыщывихьэлIэм… Услъагъури, псори сIэщIэхужащ… ЕмыкIу къэсхьащ. Пщэдей згъэзэкIуэжынщ…
Арнаутым и лъэ макъ къэIуащ. Лъэ макъ къыздиIукIамкIэ щыIэщ Нэджие и гур, щIалэ къуапцIэм къибж къомыр и тхьэкIумэ къихьэххэркъым.
– ПщэфIапIэмкIэ фынакIуэ, зиусхьэн: зыгуэр къэзгъэхьэзыращ.
Фасихь япэ зригъэщащ:
– НакIуэ, си псэр зышхын!
Нэджие зыпигъэплъакъым. ЗыщIыхьар пщэфIапIэ Iэхуитлъэхуитт. СтIол зэпэплIимэшхуэм шэнтитI егъэувэлIащ. СтIолыщхьэм зы тепщэч тетщ.
Тепщэчым щыIуплъэм, Нэджие и нэр къихуащ:
– Адыдыд мыгъуэ!
Зейтун фIэIут тепщэчым илъыр. ЩIакхъуэ фIыцIэ тыкъыри телъщ Iэнэм. Унэм нэгъуэщI иригъуэтакъым арнаут лIыщIэм.
Хьэм хуадзын щхьэкIэт щIакхъуэ фIыцIэр къыщIащэхур.
И IэгуитIыр и нэкIум IуипIэри, Нэджие къыщиудащ. ЩIалэ къуапцIэр утыкум къинауэ итщ, Нэджие щIызэщыджэр къыгурыIуэркъыми. ЦIыхубзым и дамэр зэрыхэлъэтыр елъагъу, Iэлъэщ Iыр текIуэтащи, и плIэ хужьри къыщIощ.
Нэджие къыщылъэтыжри бжэмкIэ зидзащ. ЦIыхубзым пэувын мурад иIащ Фасихь.
– Укъыспэмыув! – щIэкIиящ Нэджие щIалэ къуапцIэм. – ФIы щIэпхынкъым!
Нэджие узыIуригъэлъэдэн хьэзырт асыхьэтым, нэпсым щIыгъуу мафIэри

къыщIэлъэлъырт и нитIым. ЩIалэ къуапцIэр къащтэри IукIуэтащ. Нэджие унэм къыщIэжыжащ, пщIантIэм дэжри уэрам кIыфIым къыдэхутащ. Фасихь-бей и гур щIэх къихьэжакъым:

– Зэпыту кIуэн! Уэмызэгъар сыт?

КIыфIым хэкIуэдэжащ Нэджие. И напэр зытрихыж пэтащ нобэ – и ныбэ из хъуху шхэн щхьэкIэ!.. Дыжьынымрэ алэрыбгъумрэ зыщIэз унэр и нэгу щIэтщ Нэджие. Зейтун фIэIуамрэ щIакхъуэ фIыцIэ гъурымри щIэтщ и нэгу – аракъэ къезыхужьар!

И нэпсыр илъэщIыжащ Нэджие. И гур мывэ ихъухьа къыщохъу уэрам кIыфIым здыдэтым. Дэнэ здэкIуэнур? Езыми ищIэркъым ар. Шоссе техьащ, кIыфIым хэтурэ. Хым и папщэ макъыр зэхихауэ къыфIэщIащ здэкIуэм. А макъыр къыздиIукIымкIэ иунэтIащ Нэджие. Зыбжанэрэ кIуауэ, жьыбгъэр къыжьэхэпхъуащ: хым нэсауэ арат. Нэпкъым къытехутащ. Дэнэ кIуэн адэкIэ – хыр къыщылъщи, хьэ дзэкъэным хуэдэщ.

Жэнэтым кIуэми, зейтун фIэIуарэ щIакхъуэ фIыцIэрэ хъунщ къыщыпэплъэр… Хым зыхидзэжын фIэкI, сыт къыхуэна?! Тегушхуакъым, и къарур пэлъэщакъым абы…

Игурэ и щхьэрэ зэбгъэжауэ, Нэджие етIысэхащ. Хым, вагъуэ хуэдэ, нэхугъэ гуэр къыхоплъ. Кхъухь уэздыгъэщ, дауи. Кхъухьыр хы Iуфэм къесылIэ хъунти, нэхугъэр хуэм-хуэмурэ къэкIуатэрт. И бгъэм илъ мывэ щIыIэр нэхъ хуабэ хъууэ къыфIэщIащ Нэджие, хы кIыфIым къыхэплъ нэхугъэр нэхъ къыщыхуэблагъэм.

# Iулъхьэ

Бжей жыгхэм я пщIащэр жьым зэрихьэрти, уэчылым, Хьэжы Намыкъ, и тхылъымпIэхэр зэщIикъуэжащ, жьым ирихьэжьэнкIэ шынэри. Щхьэгъубжэр хуищIащ, бжэри къридзылIэжынути, бжэщхьэIум нэсауэ, лIы лъахъшэ цIыкIу пщIантIэм къызэрыдыхьэр илъэгъуащ. И плIэм хъуржын зэпедзэкI илъщ лIы лъахъшэ цIыкIум, шыди IумпIэкIэ иIыгъщ.

– Еблагъэ, Алий Хъуэжэ! – къицIыхужащ уэчылым лIы лъахъшэр. – Сытым укъытхуихьа? Бэзэрым махуитI иIэжщ иджыри, щхьэ укъежьа?

И нэр щIиукъуанцIэри, лIы лъахъшэ цIыкIум тхьэмыщкIафэ зытригъэуащ.

– Си Iуэху щIагъуэкъым, зиусхьэн. Бэлыхь сыхэхуащ. Аращ сыкъезыхужьар… – жери зриIуэнтIыхьащ лIы лъахъшэ цIыкIум.

– Сыт пщIэн-тIэ, къыщIыхьэ… Нэхъ зэхэщIыкIыгъуэу къызжеIэт.

– БжесIэнкъэ… Аращ сыкъыщIэкIуар.

– Къэхъуар сыт?

– Уэр фIэкI сызэчэнджэщын сиIэкъым. ЧэнджэщакIуэ сыкъэкIуащ.

Алий Хъуэжэ шыдыр ирипхри уэчылым кIэлъыщIыхьащ. Уэчылым чысэ къыхуишияти, тутын ишыхьащ, и хъужынри иригъэувэхащ, тутыным екъуурэ, и Iуэху зытетыр Хьэжы Намыкъ хуиIуэтащ. Къуажэ мухъутарым, Сойсузоглу, едауэрт Алий Хъуэжэ. Мухъутарым и щIы кIапэм унэ трищIыхьыгъащ Алий Хъуэжэ. Иджыри къэс къеныкъуэкъуакъым мухъутарыр. Иджы къодауэ, унэ трихын мурад ищIащи. «ЩIыр зейм унэри ейщ», – къыжреIэ. Ар Алий Хъуэжэ идэркъым: «Унэр зейращ щIыри зейр!» – жери пэуващ.

Хьэжы Намыкъ, и жьакIэм хэпэщэщыхьри, заулрэ гупсысащ. Иужьым жиIащ:

– Узахуэкъым, Алий Хъуэжэ!

– Сэра мызахуэр?

– Уэращ. Узахуэкъым.

– Сызахуэщ. Унэр щысщIым зыри щхьэ жимыIарэ мухъутарым?

– АбыкIэ хуитщ – къыбжиIэнIами къыбжимыIэнIами.

– СызахуэкIэ тхьэ щысIуэжынщ! СыпикIуэтынукъым! Сызэрызахуэр и фIэщ

сщIынщ! Седэуэнущ!

– Уедауэмэ, ухилъэфэнщ.

– Сыхрелъафэ! ИтIани седэуэнущ!

Алий Хъуэжэ зэрыхилъэфэнум шэч къытрихьэртэкъыми, Iуэхум хэIэбэнутэкъым Хьэжы Намыкъ. ИтIани сыт ищIэн: игъэщIэхъу хъунукъым, Бозоюкъ къуажэм дэсхэм яхуэуэчылщ илъэс тIощIрэ пщIырэ хъуауэ. КъэзымыцIыху дэскъым Бозоюкъ, Iуэху къалъыкъуэкIамэ, зэжалIэр Хьэжы Намыкъщ, я уэчылщи. ПщIэншэу ягъэуэчыл ффIэщIрэ – ишхын щагъащIэркъым, гу къылъатэ зэпытщ, гъавэр хъуамэ.

И щхьэм ечэнджэщыжри, Хьэжы Намыкъ жиIащ:

– Хъунщ, уи Iуэхур си пщэ дэслъхьэжынщ, ауэ ухилъафэмэ, уигу къызумыгъабгъэ: мыр Iуэху цIыкIуфэкIукъым.

– Уэзгъэбгъэнкъым. Ауэ сыт сыхилъэфэнкIэ ущIэшынэр?

– Узахуэкъыми, аращ сыщIэшынэр.

– ХеящIэм зы щынэ пшэр хукъуэзгъэплъмэ-щэ?

– Дауэ пIа?!

– Си кIэн къикIынкIэ хъункъэ итIанэ?

– Уи кIэн къикIын сщIэркъым, ущыхилъэфэпэнур абы щыгъуэщ!

– Сыт щхьэкIэ?

– Нобэ ди хеящIэр япэрейм хуэдэжкъым, ухэзэгъэнкIэ Iэмал зимыIэщ! Iулъхьэ хукъуэбгъэплъакъэ – узахуэми, ухригъэлъэфэнущ. Бий къыпхуэхъунущ, уигъэтIысыпэнри хэлъщ! ПцIыхуркъым уэ ар! Нэхъ цIыху къабзэ срихьэлIауэ сщIэжыркъым. Iулъхьэ хэзэгъэнукъым, кIэщIу бжесIэнщи. «Щынэ пшэр хукъуэзгъэплъмэ!» жыбоIэ…

Алий Хъуэжэ и щхьэр ищIащ:

– Апхуэдэ цIыху къабзэм тхьэм дыщимыгъащIэ!

– Тхьэм жиIэ!

Зы сыхьэт хуэдэкIэ зэбгъэдэсащ уэчылымрэ Алий Хъуэжэрэ.

Алий Хъуэжэ зэрыхилъэфэнум шэч лъэпкъ къытримыхьэми, Iуэхур и пщэ дилъхьащ уэчылым: Бозоюкъ жылэм яфIэлIыкIащ, езы Алий Хъуэжэи пщIэ хуищIырти, хуэгъэщIэхъуакъым.

– Хъунщ, сыхыхьэнщ уи Iуэхум, – къыжриIащ, – ауэ укъысщымыгугъыщэ: узэрыхилъэфэнур сызэрылIэжынум хуэдэу сощIэ, уи жагъуэ умыщIыж иужькIэ, уи Iуэхум зыри къимыкIмэ.

Ар зэраухылIэри, Алий Хъуэжэ ежьэжащ. ТхьэмахуитI дигъэкIри къытригъэзэжащ. Уэчылыр матхэри стIолым бгъэдэсщ. Алий Хъуэжэ къыщыщIыхьэм, Хьэжы Намыкъ и щхьэр къиIэтащ, и нэгъуджэри дригъэкIуэтеящ.

– Къеблагъэ, къеблагъэ, Алий Хъуэжэ! Ди кIэныр къикIащ, пщIэркъэ? Си фIэщ хъуртэкъым ди кIэныр къикIынкIэ!

– КъыщIикIар пщIэркъэ? – еплъащ Алий Хъуэжэ уэчылым.

– Сыт къыщIикIар? – и нэр кърригъэжащ уэчылым.

– ХеящIэм хуезгъэша щынэ пшэрыращ ди кIэныр къыщIикIар, – къыфIэмыIуэхукъыфIэмыIуэхуу жэуап итыжащ Алий Хъуэжэ.

– Дауэ пIа? Щынэ хуебгъэша хеящIэм?

– Хуезгъэшащ.

– Епкуащ сытми?

– Ескуащ. Уэракъэ къызжезыIар: «ХеящIэм Iулъхьэ хэзэгъэнукъым, Iулъхьэ къыхукъуэзыгъэплъыр, захуэми, хригъэлъэфэнущ»? ЫI?

– Сэращ…

– Щынэ хуезгъэшащ, ауэ хуезыгъэшар сэрауэ зыкъезгъэщIакъым.

– НтIэ?..

– Мухъутарым хуригъэшауэ жрезгъэIащ хеящIэм.

Уэчыл лIыжьым къалэмыр IэщIэхуащ, и жьэр иущIа фIэкI, зы псалъэ хузэпыщэжакъым.

Жьы мащIэ къыкъуэури, жыгей пщIащэм и макъыр щхьэгъубжэм къыдэлъэтащ…

# Аргъуей

Ей, си ныбжьэгъужь, си ныбжьэгъужь Ефруз, а махуэ плIыщIым сэ сызэрытыншар пщIами! Сытхъащ, цIыху тхъэмэ! Ныбжьэгъуи жагъуэгъуи срихьэлIакъым. Iэуэлъауи зэхэсхакъым. Сызэгуэзыгъэпыни сызыгъэбэмпIэни срихьэлIакъым – сытыншащ махуэ плIыщIым! Тхьэр къызэрыпхуэупсэнщ. Жэнэтым сиса хуэдэщ – сэр дыдэм си фIэщ хъужыркъым.

Сыгъуэлъыжамэ, пщIыхьэпIэ Iей си нэгу щIэкIакъым. Си щхьэгъубжэм пэмыжыжьэ хъуэш жыгышхуэм и лъабжьэм зы адакъэ лъэджажэ щыулъэпхъащэрти, арат сыкъэзыгъэушыр. Улъэпхъащэми, уфIэкIынт: Iуэуэ къыщIидзэмэ, дунейр къутэж фIэкI пщIэнукъым.

Псы Iуфэм сокIуэ махуэ къэс. Уэзгъэлъэгъуащэрэт а псыр! Жэнэтым къиж фIэкI пщIэнукъым. Жэнэтри спэжыжьэ си гугъэкъым: мыбдежыракъэ жызоIэ, сызэIэбэкIмэ, сынэсын къысфIощI – си гъунэгъубзэщ, щхьэ симытIысхьэрэ жызоIэ! ИтIани согупсысыж: сызэрысым сыт и лажьэ – жэнэткъэ сыздэщыIэр!

Махуэр зи кIыхьагъым аращ: псым и даущыр си тхьэкIумэм икIыркъым, жыг баринэхэм псы Iуфэм зыщагъафIэ, мэл хъушэхэм джабэ нэкIур яуфэбгъуащ. Зыщ сигу къеуэр: а псом пэIэщIэ сыхъужынурэ, къалэм нэзгъэзэжынущ, гува-щIэхами…

Дыгъуаси сыкIуащ псым. Сынэса къудейуэ, зыгуэр къызоджэ:

– Ей, Ахьмэд-ага и хьэщIэ!

СыкъызэплъэкIащ. Жандармыр къызбгъэдыхьауэ къысщогуфIыкI, зыгуэр къысхуишийурэ:

– Письмо къыпхуэкIуащ…

– Сэри? Ущыуа хъунщ.

Сыкъэтэджащ. СыздэщыIэр зыщIэ Истамбыл дэстэкъым. Си щхьэгъусэми ищIэртэкъым мыбы сызэрыщыIэр. ЗгъэщIэгъуащ – хэт сыкъэзыщIар? Письмор жандармым къыIэщIэсхри адресым сеплъащ. Сэрат письмор зыхуатхыр. Конвертыр зэтесчащ. Уи Iэ щIэмылъамэ, письмом седжэххэнутэкъым, зэфIэстхъынурэ хыфIэсхуэнут. ЩIызэфIэстхъынур пщIэркъэ: мыбы сыщыIэху, зы псалъи семыджэну, зы псалъи сымытхыну тхьэ сIуат. Ауэ уэ къыщыптхакIэ, дауэ семыджэнрэт письмом!

Жандармым Iуигъэзыкlыжащ, сэ сетIысэхыжри письмом седжэу щIэздзащ. Сыбгъэуна уи гугъэрэ, письмо къысхуэптхамэ? Дэни къыщыпщIа мыбы сызэрыщыIэр? ИгъащIэкIэ къыумытхащэрэт апхуэдэ письмо! Арыншэми сызэгуэзыгъэпын згъуэтыркъэ сэ? Аракъэ Истамбыл сыкъыщIыдэкIар – си гум жьы дихунщ жысIэри. Си гум жьы дихуауэ, си псэр тыншыжауэ къысщыхъуат мыбы сызэрыщыIэ лъандэрэ. Письмо къысхуэптхри бэмпIэгъуэм сыхэбдзэжащ. ИгъащIэм зызгъэпсэхуакъым, мы зэращ ар си насып къызэрихьар: щхьэ къыбгурымыIуарэ? СызэхэпщIыкIын хуеящ, уи щхьэм сеплъытын хуеящ. ПсыхэкIуадэ хъуакъэ жызоIэ зэрызызгъэпсэхуари си гум жьы зэрыдезгъэхуари: уи письморащ псори зи лажьэр! Сэ укъысхуэмытхьэусыхэмэ, пшхыр уи дзажэ дыхьэркъым уэ. Нэзгъэзэжыху укъыспэплъамэ, уэсщIар сытыт?

Хъунщ, уэ гущIэгъу ущимыIэкIэ, сэри сыпхурикъунщ. Уэзгъэлъагъунщ жыхуэсIэщ зэрызэгуагъэп!

КъызэрызгурыIуамкIэ, уи Iуэхур зэхэзэрыхьащ иджыпсту. Ар уи щхьэ Iуэхущ, уэр-уэрурэ къыхэкIыж узыхэхуа бэлыхьым. Хьэм и губжьыр кхъуэм трелъхьэ жыхуаIэр пщIэрэ? Абы урещхьщ уэ! Сыт а щIэныгъэлI цIэрыIуэм ущIыхуэдзэлашхэр?

А зи гугъу пщIы щIэныгъэлIри хэт? Хэт пцIы зытеплъхьэр? Укъысхуотхьэусыхэ: «Си IэпхъуамбэжьакIэ и мыуасэхэр къулыкъукIэ докIуэтей», – жыбоIэри. Я щIэныгъэми я культурэми еплъыркъым жыбоIэ. ЩIыдэкIуэтейр пщIэркъэ? ПщIэ яIэщи, аращ щIыдэкIуэтейр! Уэ уиIэкъым пщIэ! ПщIэ уиIэкъыми, уи щIэныгъэми уи культурэми уасэ лъэпкъ яIэкъым.

Шэч къытесхьэркъым: уи щхьэр уогъэкIэрахъуэри ущысщ иджыпсту: «Сэра пщIэ зимыIэр!» Уи жагъуэ умыщI, си псэм хуэдэ, сэ сыбзыщIынукъым: уиIэкъым пщIэ!

«Ар дэнэ щыпщIэрэ?» – жыпIэнкIэ мэхъу. УмыпIащIэ, уи нэм щIэсIунщ иджыпсту, уи фIэщ сщIынщ. ПщIэжрэ, дыщеджэм щыгъуэ ди егъэджакIуэм къыджиIэрейти: «КъыбгурымыIуэр щIэныгъэкъым!» Псалъэм папщIэ, зыгуэрым зыгуэр къыбжеIэ. КъыбжиIэр езым ищIэрэ имыщIэрэ зэхэбгъэкIыну ухуеймэ, къыптритхъуэ псалъэ дыгъэлхэм ящыщ зым тегъэпсэлъыхьыт: «КъызгурыгъаIуэ, – жеIэ, – а псалъэм къикIыр, итIанэ си фIэщ хъунщ». КъыбгуригъэIуэфмэ, зи гугъу ищIым хещIыкI езыми. КъыбгуримыгъэIуэфрэ – щхьэр къыпхуегъэуз, уемыдаIуэ апхуэдэм. Уэри куэдрэ узгъэунэхуащ апхуэдэ IэмалкIэ. Зы махуи уи бзэгупэ текIакъым, уи псэлъафэ дыдэщ «цивилизацэ», «тхыдэ», «лъэпкъ», «синтез», «анализ», къинэмыщI псалъэ дыгъэлхэр. Ауэ а псалъэхэм ящыщ зы нэхъ мыхъуми къызгурыбгъэIуэфынкIэ хъуну? СощIэж зэгуэрым укъызэрызэщар: «УсэкIэ зэджэр цIыхум къыгурыбгъэIуэфынукъым», – жыпIэри. ПщIэжыркъэ уэри? «ПщIэ» псалъэр апхуэдизу псалъэ гугъукъым, къыбгурымыIуэни хэлъкъым. Дыщэм ещхьщ пщIэ жыхуаIэр: дыщэ уиIэмэ, ар зищIысыр хэти къыгурыбгъэIуэфынущ. Уэри пщIэнущ ар зищIысыр, уиIэмэ, ухуэмыхеймэ. Банкир гуэрым еупщIыт: «Сыт лирэкIэ зэджэр?», – жыIи. «Дыщэ кIанэ хъурей цIыкIущ!» – аращ банкирым къыбжиIэнур, лей къыпхуригъэкIуэкIынукъым, жыжьи укъыщришэкIынукъым. Дыщэр нэрылъагъущ, Iупщ I дыдэщ. ПщIэкIэ зэджэр нэрылъагъукъэ, IупщIкъэ? Нэрылъагъущ! IупщIщ! Ар къызыгурымыIуэр е делэщ, е ахьмакъщ!

Уи щхьэр зэрыбгъэсысыр слъагъу хуэдэщ, си псэм хуэдэ Ефруз. Укъытехьащ. «Сэ пщIэ сиIэкъэ?» – жыбоIэ. УиIэр пэжщ, ар зищIысыр къызжепIэмэ? КъызжепIэфын? Щхьэ ушынэрэ? Уи жьэр зэщIэнаи!

ПщIэр зищIысыр къызгурыбгъэIуэфынукъым уэ. КъыщIызгурумыгъэIуэфынури? Абы ухуэхейщи, аращ. ПщIэ уиIэкъыми, аращ. ПщIэ уиIамэ, а псалъэм къикIри пщIэнт. «Уэ къызгурыгъаIуэ!» – жыпIа? Апхуэдэ хущIыхьэгъуэ сиIэкъым сэ иджыпсту, си ни къыхуикIыркъым абы – узгъэIущыжыным: балигъ узэрыхъурэ Iэджэ щIащ, зэ Iущ ухъупхъэщ. Акъылрэ щIэныгъэкIэ сыбдэгуэшэн уи мыгугъэ: пщIэ лъэпкъ узэримыIэр зэхозгъэщIыкIамэ, нэгъуэщI сыхуейкъым. НэгъуэщIкIэ укъысщымыгугъ – зыри пхуэсщIэнукъым…

Хэт пщIэ зимыIэр? ПщIэ зимыIэр гуащIэмащIэрщ, щхьэхуещэрщ, фэрыщIырщ, напэншэрщ. КIэщIу жыпIэмэ, кIуэцIрыхуарэщ! Абы егупсыс, си псэм хуэдэ Ефруз, зыщумыгъэгъупщэ ар зэи – и зэран къокIынукъым…

Къару зиIэрауэ къыпфIэщIынкIэ мэхъу уэ пщIэ зыхуащIыр, цIыхур зыфIэлIыкIыр. Абдежи ущоуэ! Къарумрэ пщIэмрэ зэпэхъункъым. Къарур пкъыуэ къызыфIэбгъэщIмэ, пщIэр – псэщ. КъыбгурыIуа, си псэм хуэдэ Ефруз? ГуащIэмащIэми пщIэ иIэнкIэ хъунущ, ауэ гуащIэмащIэ псом пщIэ яIэкъым, пщIэ щIаIэри зэрыгуащIэмащIэракъым. Къару зиIэри аращ: къару зиIэ псоми яIэ пщIэ? ЯIэкъым! Ауэ пщIэ зиIэ псоми къарууфIэкIэ уеджэнкъым… Уи щхьэр згъэунэза? УхэзэрыхьыжыпIа хъунщ: аращ уэ уи акъылым къитIэсэнур – ари уи щхьэм ирумыгъажэ, губгъэни къысхуумыщI. Уэращ псори зи лажьэр: зызгъэпсэхунщ жысIэри зызгъэпщкIуати, сыкъэбгъуэтри письмо къысхуэптхащ, къысхуэптхам сызэгуигъэудащи, сызытеувэ щIыри слъагъужыркъым – ар къызэпщIащ уэ. Сэри сыпхурикъужакъэ! Пхуэфащэщ, си псэм хуэдэ Ефруз! Пхуэфэщэпсщ!

Мо къыпхуезгъэкIуэкIа къомыр нэхъ IупщI къыпщыхъун щхьэкIэ, зы шыпсэ

уезгъэдэIуэнщ. Си фэтэрым хуэзанщIэу, уэрамыщхьэм, пщыхьэщхьэ къэс, лIыжь гуп щызэхуос – зы пщыхьэщхьи дагъэкIыркъым. Сэри зы пщыхьэщхьэ дэзгъэкIыркъым сахэмыхьэу! ЩIэныгъэ ухуеймэ, а лIыжьхэм ящыбгъуэтынущ щIэныгъэ! Уэрат абыхэм ябгъэдэсын хуейр, бетэмал: Iущыгъэ Iэджи зэхэпхынт, щIэныгъэ гуэри къыпхалъхьэнт…

Жьымрэ аргъуеймрэ я шыпсэр зэхэсхащ дыгъуэпшыхь. Акъыл къыхэпхынщ жызори шыпсэ цIыкIум узогъэдаIуэ.

… Жьыр гъуэгу техьащ, кIуэм-лъэурэ губгъуэри, мэкъупIэри, хъупIэри зэщIигъэхьащ, жыг хадэхэми илъэдащ, мэз лъапэхэми зыщигъэкIэрэхъуащ. Жьыр къыщилъагъум, аргъуейм зихъунщIащ:

– Вз-з-з-з! Вз-з-з-з!

Жьым гу лъитэххакъым аргъуейм, блэжри губгъуэм ихьэжащ. Аргъуейм щIичэркъым:

– Вз-з-з-з! Вз-з-з-з!

Жьым кIэлъыбгащ, кIэлъыгуоуащ аргъуейр. Жьым къигъэкIэрэхъуэжащ:

– Уэра къыскIэлъыгуоуар?

– Сэращ!

– КъыскIэлъыбгари уэра?

– Сэращ!

– Укъысщодыхьэшх, ауан сыкъыбощI?

– Сыпщодыхьэшх! Ауани узощI!

Ирихьэжьэнти, аргъуейр хьэрэкъуакIэ дидзэжынт жьым, игу щIэмыгъуамэ. Аргъуейм и пэм кърихур зригъэщIэн мурад иIэ хъунти, жьыр еупщIащ:

– Уи акъылыр пщхьэщыкIа хъунщ уэ?

– СщхьэщыкIакъым! Сыт ар щIыжыпIэр?

– ЩIыжысIэр пщIэркъэ: сынопщэмэ, щыщ къыпхэнэжынукъым!

– Сэри?

– Уэ!

– УщымыкI! Сынодзэкъэнщи, уи нэвагъуэр уэзгъэлъагъужынщ!

– Си нэвагъуэр сыбгъэлъагъужынущ?

– Уэзгъэлъагъужынущ!

– Уэ цIыкIужьейми?

– Сэ цIыкIужьейм! Си шэрэзыр плъагъуркъэ? Уэ апхуэдэ уиIэххэкъым!

– Сэ сыжьщ. Iэщэ зесхьэркъым. Сыгубжьмэ, жьапщи, жьыбгъи, уаи, борэни зысщIыфынущ. ЗысщIмэ, къыспэувыф дунейм теткъым. Хыр согъэжэщIыф сэ, бгыр сокъутэф, щIыр согъэзджыздж, жыг абрагъуэхэр къызоч, псыхэм я жапIэр сохъуэжыф, унащхьэхэр тызоч!

– Вз-з-з-з! Вз-з-з-з! Сэ укъыспэлъэщынукъым! Сэри сыкъэгубжьмэ, Iэджэ схузэфIэкIынущ. Уэр дыдэм уи пэр щIым щысхуэнущ!

КIий-гуоуэ щIидзащ аргъуейм, жьым тримытхъуа бзаджэ къигъэнэжакъым, егиящ, ебгащ. «ЗозгъэцIыхужынкъэ уэ цIыкIужьейм!» – жери жьыр аргъуейм епщащ. Аргъуейр жьым ирихьэжьэри, кърихьэкIыурэ унэ гуэр щрихьэлIэм, пкIэунэм ипщхьэри зы гъуанэ зыдигъэзэгъащ.

– Вз-з-з-з! Вз-з-з-з!

Жьым нэхъ хуабжь зищIащ. ТIэкIу дэкIри нэхъри щIигъэхуэбжьащ.

– Вз-з-з-з! Вз-з-з-з!

Гъуанэм зригъэзэгъауэ исщ аргъуейр – жьыр пэлъэщыркъым. Щыпэмылъэщым, жьапщэ зыкъищIащ, итIанэ – жьыбгъэ, итIанэ – борэн: унащхьэр тричыным нэсащ. Аргъуейр къэгузэващ абдежым. Къэшынащ: «Унащхьэр треч!» – жери. Къэшына щхьэкIэ, зиумысыжакъым аргъуейм, жьым щIэкIиящ:

– Ей, щэнышэ! ПщIэр сыт? УскIэрыкI хъунукъэ? Хьэмэрэ мы тхьэмыщкIэм я

унащхьэр тепчыну ара?

… Мы шыпсэм акъыл хэлъщ, си псэм хуэдэ Ефруз, унэгупсысыфмэ. ПщІэкІэ зэджэр зэбгъащІэмэ, итІанэ езыми урихьэлІэнкІэ мэхъу. УмыщІэмэ, бгъуэтынукъым…

Сэ къысхуэпщІэнуращи, мы жылэ цІыкІум сыдэсыху, скІэрыкІ, сытумыгъэхьэулеикІ. Абы нэхъыфІ къысхуэпщІэнукъым игъащІэкІэ.

## Шы

Си шыр тхьэмахуищ нейкІэ шэщым щІэтащ – щІэзэшыхьакъэ! Нобэ сышэсри, уанэ тесхакъым сыхьэтитІкІэ. Шыр ешащ, тхъурымбэр къохуэх. Абы гу лъыстащ, Вадар псыхъуэ дыдыхьа нэужь. Шыр ешами, сэ сыкъызэрыкІа къудейт. ЩІопщ уэгъуэ есхри, шым зричащ. Дзэлычым си напэр щІехулыкІ, жьыр фийуэ зэхызох. Зыгуэрым срихьэжьауэ къысщохъу, жьыбгъэ сышэса хуэдэщ. «Илъэс щитху хуэдэ и пэкІэ сыкъалъхуатэми!» – а зыращ си гур зэрызгъэфІыр. Илъэс щитху и пэкІэ сыкъалъхуауэ щытамэ, дуней жыхуаІэр фэзгъэлъагъунт! НеІэмал… Дыкъалъхуакъым и чэзум…

Пшэ Іэтэ сырыхухэр уафэ лъащІэм щхьэхынэу щос. Шыри ешауэ къысфІощІ, кІуэрым техьэн и мурад си гугъэщи, щІопщыр хузогъэдалъэ. Шым, аргуэрыжьщи, зреч, кумблъэмб хуэзэкІи, къызэтеувыІэркъым. Шы лъэгум къыщІэлъэт ятІэ шыкъырымрэ мывэкІэщхъымрэ, къуанщІэ фІыцІэ хуэдэ, си ужьым итщ… Илъэс щитху и пэкІэ сыкъалъхуауэ щытатэмэ! «Хьет!» жрагъэІакъэ ди адэжьхэм! ЛІыгъэ-шыгъэкІэ уащІыхьэнт – жыжьэуи уапэхъунутэкъым. ЗекІуэм хэкІакъым, шым епсыхакъым зы махуэ! Бетэмал, илъэс щитху и пэкІэ сыкъалъхуауэ щытатэмэ! Дунейр тІэу пкІэгъуэ схурикъунтэкъым, батэр згъэшынт! Дэ сытым дыщыщ: дыкъэрабгъэщ, дыщхьэхынэщ, дынасыпыншэщ, дыІэщэншэщ, дыхьэрычэтыншэщ – аращ дыкъызэрызэхэнар.

Шым нэхъри зрызогъэч, пщІэнтІэпсыр къыпхысхуащ. Псым дзэл бацэхэр щхьэщытщ; сэмэгурабгъумкІэ гъущІ гъуэгу щызолъагъу: зиІуантІэ-зишантІэу, псым доущ гъущІ гъуэгур, адэ-мыдэкІэ зыдедзэ, мэбгъунлъэ – псыхъуэм блапцІэ дэпщ фІэкІ пщІэнкъым.

Шыр емышурэ, сэ сешащ, си куэ лыпцІэр зэрызэхиущэбар зыхызощІэ. Гу къыслъита хуэдэ, шым нэхъ хуэм зещІ, и тхьэкІумэр зэблигъэплъурэ хопырхъыкІ, бахъейр къыщхьэщех.

Къалэ цІыкІум дынэсыжащ. Псы Іуфэм зыІуагуэшащ къалэ цІыкІум дэт кхъуэщыныщхьэ унэхэм. Я лъэгуажьэм нэс псым хэуващ, цІыхубзхэр мэжьыщІэ. Сыкъыщалъагъум, хьэхэр зэщІэбэнащ. Шыр къыжьэдэскъуащ. Си ІэпкълъэпкъыР зэхэубэрэжьащ, шым сыкърамыхьэхыжмэ, сыкъепсыхыжыфын къысфІэщІыркъым. Аракъэ схузэфІэкІынур? Аракъэ си фэм дэхуэнур? Шы схуэфащэ сэ? Зы теуэгъуэ зэпысчати, си щхьэр унэзауэ, си Іэпкълъэпкъыр зэхэубэрэжьауэ уанэгум сисщ. Сыт къысхужаІэнт, дяпэ итахэм сыкъалъэгъуатэмэ? ЦІыхум сыхабжэжынтэкъым.

Илъэс щитху хуэдэ и пэкІэ сыкъалъхуатэми! «Хьет!» жезгъэІэнт, уанэгум жэщи махуи сисами, зыуи къысщыхъунтэкъым. Сытым сыщыщ иджы: зыри сриуасэкъым, шыи схуэфащэкъым – ар хьэкъ сщыхъуащ нобэ. Сигурэ си щхьэрэ зэбгъэжауэ, тхьэ сІуащ: «АфІэкІа сымышэсыжын шы! Ди адэжьхэм я напэр тезмыхын!..»

# ЛIэщIыгъуэхэм я лъэужь



ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ – апхуэдэ псалъэ къызэранэкIащ пасэрей адыгэхэм. Адыгэ тхыдэр щыхьэт тохъуэ а псалъэр зэрыпэжым: нартхэм я лIэужьщ тхыдэм зи цIэрэ зи хъыбаррэ къыхэна пасэрей лIыхъужь цIэрыIуэхэр – Дау и къуэ Бахъсэн, Редадэ, Инал сымэ, нэгъуэщIхэри.

Редадэ и цIэрэ и хъыбаррэ яхъумащ адыгэ тхыдэми урыс тхыдэми. Урыс тхыдэм къызэрыхэщымкIэ, тмутэрэкъан дзэпщыр, Мстислав, касогхэм я деж зэуакIуэ къэкIуэгъащ (урыс тхыдэм зэрыжиIэмкIэ – 1022 гъэм). ДзитIыр зэпэува нэужь, щыхьэт тохъуэ урыс тхыдэр, касог дзэпщым, Редадэ, Мстислав жриIащ: «ДзитIыр щхьэ зэрыдгъэукIрэ: уэрэ сэрэ дызэгъэбэни, укъыстекIуэмэ, си лъапсэри, си бынри, си мылъкури ууейщ. СыптекIуэмэ, уи лъапсэри, уи бынри, уи мылъкури сысейщ». АбыкIэ зэгурыIуэри, Редадэрэ Мстисларвэ зэрыубыдащ. Касог дзэпщым къыхигъащIэ щыхъум, тмутэрэкъан дзэпщыр тхьэгуащэм елъэIуащ: «СыкъыхагъащIэ, къыздэIэпыкъуи, сытегъакIуэ; сытебгъакIуэмэ, члисэ пхухэссэнщ». Тхьэгуащэр къыдэIэпыкъури, Мстислав Редадэ текIуащ («хьэджэсэкIэ епыджри иукIащ» жеIэ тхыдэм). Апхуэдэущ Редадэрэ Мстисларвэ я хъыбарыр урыс тхыдэм зэриIуатэр. Нэгумэ Шори итхыжащ абыхэм я хъыбар. «Идарыпщыр, – етх Нэгумэ Шорэ, – Хъымыщ Елджэрыкъуэрэ Редадэрэ гъусэ ищIщ, дзэ иришажьэри, Тэмтэрэкъай ебгъэрыкIуащ. Тэмтэрэкъай дэс дзэр къапэуващ. ДзитIыр зэпэува нэужь, Редадэ, а лъэхъэнэм зэрыхабзэти, тэмтэрэкъай дзэпщым жриIащ: «Сыт щхьэкIэ дгъэкIуэдрэ ныбжьэгъухэр, ди дзэхэм ялъ щхьэ иткIутрэ? Дызэгъэбэни, укъыстекIуэмэ, сыт сиIэми ууейщ». Тэмтэрэкъай дзэпщыр арэзы хъуащ абыкIэ. Я Iэщэр ягъэтIылъри, зэрыубыдащ. Зыкъомрэ зэбэнауэ, Редадэ джэлащ, щыджалэм, тэмтэрэкъай дзэпщыр хьэджэсэкIэ къепыджащ…»

Зэрынэрылъагъущи, Нэгумэ Шорэ итхыжа хъыбарри урыс тхыдэм къыхэна хъыбарри зэрызэщхьэщыкI щIагъуэ щыIэкъым. Шорэ итхыжа хъыбарым Редадэ къызэрыхэщыр дзэпщукъым, дзэр Тэмтэрэкъай зышэри аракъым – Идарщ, Редадэ абы и шу гъусэщ, ауэ шу гъусэ къызэрыгуэкIкъым, гуащIэшхуэ зыхэлъ пелуанщ. Мыбдежым зыгуэр зэрызэхэзэрыхьар IупщIщ: Редадэрэ Мстисларвэ щызэбэна гъэм Идар псэункIэ Iэмал иIакъым – ар дунейм къыщытехьар илъэсищэ зыбжанэ дэкIа нэужьщ. Нэрылъагъущ Редадэ и хъыбарымрэ адыгэ тхыдэм щыцIэрыIуэ пщышхуэм, Идар, и хъыбарымрэ зэрызэхэпшэхъуар – апхуэдэ къыщохъу IуэрыIуатэм. Шэч зыхэмылъыжыр зыщ: Редадэ касог (пасэрей адыгэ) дзэпщышхуэщ, абы и хъыбарыр яхъумащ урыс тхыдэми адыгэ IуэрыIуатэми.

Редадэ и хъыбарым нэмыщI, адыгэ IуэрыIуатэм ихъумащ абы къыдежьа псэлъафэри – «Тэмтэрэкъай ухъу!» Ар къежьэнкIэ щIэхъуами щыгъуазэ дещI Нэгумэ Шорэ. Редадэ къаукIри зыбжанэ дэкIа нэужь, щетх Шорэ «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэм», абы илъ ящIэжащ адыгэхэм: Тэмтэрэкъай теуэри зэхакъутащ, и лъапсэм псы ирагъэжыхьыжащ, Псыжь дагъэуэхри. Лъапсэрыхыр зыхуэкIуам щхьэкIэ абы лъандэрэ жаIэ: «Тэмтэрэкъай ухъу!» (е «Тэмтэрэкъай и махуэр къыпхукIуэ!»). Тмутэрэкъан пщыгъуэм и цIэр урыс тхыдэм къыхэхуэжыркъым 1112 гъэм и ужькIэ, къыщIыхэмыхуэжым и щхьэусыгъуэр зи гугъу тщIа псэлъафэм къыбжеIэ: пщыгъуэм кIэ иратащ касогхэм (пасэрей адыгэхэм) – я дзэпщым илъ зыщIэжахэм.

Редадэ и хъыбар къудейкъым урыс тхыдэм къыхэнар. Урыс тхыдэм цIэрыIуэ щыхъуащ абы къытехъукIыжахэри. Редадэ хигъэщIа нэужь, урыс дзэпщым ихьыгъащ абы и къуитI. А тIум къатехъукIащ урыс лъэпкъ цIэрыIуэ зыбжанэ. Урыс кхъухьыпщ адмирал Фёдор Ушаков къызыхэкIа лъэпкъри Редадэ и къуитIым я зым къытехъукIащ – абы щыхьэт тохъуэ езы адмиралыр.

* * *

Хы Iуфэр лъахэ яхуэхъуауэ, ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкIуащ адыгэхэр. Хы Iуфэм щыIускIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, адыгэхэм хыр зекIуапIэ яхуэмыхъункIэ Iэмал иIакъым – абы щыхьэт тохъуэ тхыдэр. Хым кхъуафэкIэ техьэурэ, адыгэхэр хы адрыщIым ис пасэрей лъэпкъхэм я деж нэсырт, нарт хъыбархэми къызэрыхэщщи, «хы тIуащIэм дыхьэурэ», гъуэгуанэ кIыхь зэпачыфырт, хыдзэлIхэр хым трашэрти, «кхъухь фIыцIэжьхэм» хым къызэпраш зэуакIуэхэм япэувырт, сату ящIын хъуми, хым кхъуафэкIэ зэпрыкIырт.

Академик Паллас зэритхыжамкIэ, Анапэ деж щыса адыгэпщ гуэрым кхъуафэ зыбжанэ иIащ. Ар дыдэм ирихьэлIащ академик Клапроти. «А пщыр къулейт, – етх абы, – сату ищIырт, и кхъуафэ зыбжанэ хым тетт». Адыгэхэм сату ядэзыщIу щыта гуэрым, Скасси, зэритхыжамкIэ, хы Iуфэм Iуса адыгэпщ Идар Мыхьэмэти иIащ кхъуафэ зыбжанэ.

Адыгэхэр хым кхъуафэкIэ щызауэу зэрыщытам и хъыбар куэди къэнащ. Абы щыхьэт тохъуэ, псалъэм папщIэ, француз дипломат Мариньи, урыс генерал Бларамберг, француз щIэныгъэлI Монпере, нэмыцэ еджагъэшхуэ Кох сымэ, нэгъуэщIхэри. «Ахэр тенджызым къызэтригъэувыIэркъым: я кхъуафэхэм йотIысхьэри хы Iуфэм къесылIэ кхъухьхэм тоуэ, ахэр щаубыди къохъу», – итхыгъащ Мариньи адыгэхэм щхьэкIэ. Бларамберг зэритхамкIэ, адыгэ кхъуафэхэр хым тохьэри жыжьэ IуокI. «Хым тет кхъухьхэм ахэр нэхъ щытеуэр жэщущ: заудыгъури бгъэдохьэ, кхъухьым зэрогуэри, модрейхэм зыкъащIэжыху, Iуэхум кIэ ират», – итхыгъащ Бларамберг.

Щыгъуазэхэм зэратхыжамкIэ, адыгэ кхъуафэхэм цIыхуищэм щIигъу ихуэрт; адыгэ кхъуафэхэр лъэгубгъуэт, псынщIэрыкIуэт, фэ тебзати, гъущэ зэпытт, я пэм псэущхьэ гуэрым и сурэт тетт, хьэнцэхэр Iэрыхуэт, кхъуафэхэм руль яIэт, парус зэпэплIими ящхьэщытт. «Пасэрейхэр адыгэ кхъуафэхэм камарэкIэ еджэу щытащ», – итхыжащ Мариньи. Абы зэритхымкIэ, «псыр хьэнцэкIэ щыщIатхъум деж макъкIэ дожьу: зым къыхедзэ, адрейхэм абы къыхидза псалъэр япхъуатэ, абы хьэнцэр дыщIадз».

Пасэрей адыгэхэм я хъыбар зытхыжахэм зэхагъэззэрыхьыркъым кхъуафэхэмрэ кхъуафэжьейхэмрэ: цIыхуищэм щIигъу зэрыхуэ кхъуафэхэм дзэ иризепшэ, сату IуэхукIэ жыжьэ урикIуэ хъууэ щытащ. Зэманым къелакъым адыгэ кхъуафэхэр – абыхэм щыгъуазэ зэрызыпщIыфынур зылъэгъуахэм зэратхыжамкIэщ. Ахэр къэсащ епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм – адыгэ хы Iуфэр урыс кхъухьхэм яубыдыху. Адыгэ кхъуафэхэм сурэт ятрищIыкIауэ щытащ художник цIэрыIуэ Айвазовскэм: «Адыгэ кхъуафэхэр» – аращ абы ищIа сурэтым зэреджэр.

Адыгэбзэм къыщызэтенащ кхъуафэ (кхъухь) пкъыгъуэхэм зэреджэ псалъэ зыбжанэ: хъурзэ, кIарэ, хьэнцэ (е кхъуэхьэнцэ, «кхъухь хьэнцэм» къытекIауэ), жьыху, къинэмыщIхэри; кхъуафэкIэ хым техьэ зауэлIхэм хыдзэлIкIэ, абыхэм я пашэм кхъухьыпщкIэ еджэу щытащ. Хым пыщIа псалъэ куэди къыщызэтенащ адыгэбзэм: хы тIуащIэ, хы тIуалэ, тIуапсэ, хыжьэ, хыIу, хыуае, хысыдж, хыкхъуэ, хы тхьэрыкъуэ.

* * *

Тамань, меотхэм я щIыналъэм, археологхэм къыщатIа Iуащхьэхэм ящыщ зым къыщIэкIыгъащ кхъуэщын хьэлэмэт гуэр. Кхъуэщын куэд къыщIокI пасэрей Iуащхьэжьхэм – ахэр нэгъуэщI хьэпшыпхэм (псалъэм папщIэ, Iэщэ-фащэхэм) щIагъуурэ хьэдэм дыщIалъхьэу щытащ. Тамань къыщагъуэта кхъуэщынри дыщIалъхьэгъащ дунейм ехыжа гуэрым – абы бгъэщIэгъуэн хэлъкъым: апхуэдэ Iэджэ къыщIахыжащ щIы щIагъым. Гъэщlэгъуэныр зи гугъу тщIы кхъуэщыным тет сурэтырщ – абыкIэ ар къащхьэщокI адыгэ щIыналъэм иджыри къэс къыщагъуэта пасэрей кхъуэщынхэм.

Сурэтым щыболъагъу пасэрей щакIуэхэр: цIыхуиплIым мэзым щыхь къыщIахуащ, щакIуэхэм бжы кIыхь зырыз яIыгъщ, абыхэм мэзым къыщIахуа щыхьхэм (ахэр тIу мэхъу) зылI япэуваүэ шабзэкIэ яхоуэ; щакIуэхэм хьитI ящIыгъущ, бгъащхъуэ ящхьэщытщ.

Дигу къэдгъэкIыжынщ Бэдынокъуэ и пшыналъэр: нартхэ я санэхуафэм щыкIуэкIэ, Бэдынокъуэ хьэ самыр (хьэ гъэса) зыщIегъу, и щхьэщыгум бгъащхъуэ итщ (ари гъэсащ), бжыщхьэ дыкъуакъуэрэ шабзэкIэ зэщIэузэдащ. Гъуэгу щытехьэкIэ аращ нартым и хабзэр: бгъащхъуэрэ хьэ самыррэ щIыгъу зэпытщ. Аращ пасэрей щакIуэми и хабзэр: мэзым щIыхьэн, губгъуэм ихьэн хъумэ (щэкIуэн щхьэкIэ), абы и дамащхьэм бгъащхъуэ трегъэтIысхьэ, щакIуэхьэ зыщIегъу. Зи гугъу тщIы кхъуэщыным и щIыфэм тет сурэтым щынэрылъагъущ ар: щакIуэ ежьа нартхэм я хъыбар къыпхуиIуатэ пэлъытэщ сурэтым. Кхъуэщыным, зэрагъэбелджыламкIэ, илъэс минитI и ныбжьщ, ар меотхэм – пасэрей адыгэхэм – зэраIэдакъэщIэкIым шэч къытрахьэркъым.



* * *

ЦIыхухъу бгырыпхыр мывопцIэкIэ ягъэщIэращIэ хабзэщ: дыжьыным къыхащIыкIри, тхыпхъэщIыпхъэ тедзауэ, бгырыпхым апхуэдэ зыбжанэ пащIэ – дыжьын бгырыпхыр ирагъэдэхэн щхьэкIэ. НэгъуэщI мыхьэнэ иIэжкъым мывопцIэм нобэ – бгырыпхыр егъэдахэ, егъэщIэращIэ, цейм (адыгэ цIыхухъу фащэм) йокIу. Нэхъыбэрэ къызыхащIыкIыр дыжьынырами, езы псалъэм («мывопцIэ»-м), зэрынэрылъагъущи, и лъабжьэр «мывэ»-рщ. Абы жыжьэ дыдэ къыщежьэ щхьэусыгъуэ иIэщ, ар епхащ мывопцIэм пасэрейхэм я деж щигъэзащIэу щыта къалэным.

Илъэс мин зыбжанэ зи ныбжь яхэтщ археологхэм щIы щIагъым къыщIахыж мывопцIэхэм: ахэр щIым къадыщIокIыж хьэдэ къупщхьэхэм – пасэрей зауэлIхэм, дзэпщхэм дыщIалъхьэу щыта Iэщэхэм (шабзэшэхэм, джатэхэм, н. къ.) ящIыгъуу. Дунейм ехыжа зауэлIым (е дзэпщым) щхьэ дыщIалъхьэн хуей хъурэт мывопцIэхэр? Шэч хэлъкъым: щIыдыщIалъхьэр бгырыпхыр зэригъэдахэратэкъым. Пасэрейхэм дунейм ехыжа зауэлIым (дзэпщым) дыщIалъхьэ хабзэр абы и Iэщэрщ – и шабзэрщ, и джатэрщ. МывопцIэри Iэщэ лIэужьыгъуэ гуэру зэрыщытар гурыIуэгъуэщ. Сыт хуэдэ Iэщэ – аращ мыгурыIуэгъуэр. Ар гурыIуэгъуэ мэхъу, пасэрей зауэлIым и Iэщэфащэм щыгъуазэ зыщыхуэпщIкIэ. Нарт хъыбархэм къызэрыхэщымкIэ (тхыдэри щыхьэт зэрытехъуэмкIэ), пасэрей зауэлIым и Iэщэр куэд хъуркъым: шабзэ, джатэ, бжы. Абыхэм нэмыщI, пасэрей (нарт) зауэлIым (зекIуэлIым) и бгым ищIауэ щытащ нобэ мывопцIэкIэ дызэджэ бжы кIэщI. НэгъуэщI лъэпкъхэр абы дротиккIэ йоджэ. Дротикым (адыгэбзэкIэ жыпIэмэ – мывопцIэм) и кIыхьагъыр IэфракIэ хуэдизт зэрыхъур. Пасэрей зауэлIыр зэуакIуэ щежьэкIэ (бийм щебгъэрыкIуэкIэ), шабзэм, джатэм, бжым

нэмыщI, здищтэ и хабзэт дротик (мывопцIэ) зыбжанэ, и бгым ирищIэрти: бжыкIэ пыджэмэ, джатэкIэ кърiуупщIэхмэ, шабзэшэкIэ уэмэ, мывопцIэр идзурэ зауэрт. Дигу къэдгъэкIыжынщ: Тотрэш иукIа нэужь, Сосрыкъуэ абы и щхьэр и анэм деж ехьыжри и куэщIым иредзэ, Тотрэш и анэм лэныстэ къыкIэлъедзри, Сосрыкъуэ сэхым ирeIулI… «Лэныстэ» псалъэр пасэрей латиныбзэм къыхэкIащ: пасэрей латиныбзэкIэ абы «дротик» мыхьэнэщ къикIыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, мывопцIэ.

«МывопцIэ» псалъэр «мывэ»-м къызэрытекIым утригъэплъэкъукI хъунукъым: гъущI Iэщэ къежьэн и пэ пасэрейм и бгым ищIауэ щытар мывэм къыхэщIыкIа Iэщэщ – абы щыхьэт тохъуэ езы «мывопцIэ» псалъэр. ГъущI ягъавэ, гъущIым Iэщэ къыхащIыкI хъуа нэужьи, пасэрей Iэщэм (мывопцIэм) и цIэр къызэтенащ: мывопцIэкIэ еджэ хъуащ мывэм къыхэщIыкIа мывопцIэм и пIэ иува гъущI Iэщэм (дротикым).

МывопцIэр (дротикыр) пасэрейхэм куэдрэ зэрахьащ, я бгым ищIауэ, ядзурэ иризауэу. Иужьым, сэшхуэрэ фочрэ къежьэри мыхьэнэ щIагъуэ имыIэж щыхъум, мывопцIэр (дротикыр) зауэлIхэм IэщIыб ящIыжащ, итIани я бгым ирахакъым – абы щыхьэт тохъуэ адыгэ цIыхухъу бгырыпхым ноби пыщIа дыжьын мывопцIэр, ауэ нобэ зыми ищIэжыркъым ар пасэрей Iэщэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытар, абы нобэ и къалэныр, ищхьэкIэ зэрыщыжытIащи, дыжьын бгырыпхыр игъэдэхэнырщ.

Дыжьын бгырыпхым пыщIа дыжьын мывопцIэхэм хэбгъэзэрыхь хъунукъым сэ, къамэ, сэшхуэ, джыдэ зэралъ мывэупцIэр – абы и къалэныр нэгъуэщIщ.

* * *



ХьэщIэм кIэлъызэрахьэ хабзэм ткIийуэ тетащ адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ. ХьэщIагъэ хабзэр имыкъутэн, и лъэпкъыр имыгъэукIытэн щхьэкIэ, езым и псэр хилъхьэнут адыгэм. Апхуэдэ къыщыхъури мащIэтэкъым.

Хъан-Джэрий хъыбарыжь гуэр итхыжыгъащ Антэнокъуэрэ КъамболэтрэкIэ зэджэ пщы зэшитIым ятеухуауэ. Я адэр лIа нэужь, зэшитIыр зэщыIеижащ, пщыгъуэр зэпаубыдри. ЗэрыукIыным щынэсым, шынэхъыжьыр Бжьэдыгъум кIуэри хьэщIэ захуищIащ. Я хьэщIэм къыщыжын хуейти, бжьэдыгъухэр Антэнокъуэм къыкъуэувэщ. Антэнокъуэм бжьэдыгъу шухэр гъусэ ищIри Жанейм игъэзэжащ, пщыгъуэр шынэхъыщIэм къытрихыжыну. Антэнокъуэм гъусэ къыхуэхъуа бжьэдыгъу шухэмрэ Къамболэтым и унафэм къыщIэна жанейхэмрэ зыбжанэрэ зэзэуащ – зэрытегъэкIуакъым. Я цIыху хэкIуадэурэ зауэр къащытехьэлъэм, бжьэдыгъухэм хасэ зэхуашэсри унафэ ящIащ: «Ди хьэщIэм дыхуэзауэурэ, ди цIыхур къыдогъэукI, ди хьэщIэр тхрекIыжи, лъэпкъитIыр дызэкIужынщ», – жари. Антэнокъуэр хьэщIэщым щIэсти, лIыжь жьакIуэ гуэр хагъэзыхьри ягъэкIуащ я хьэщIэм деж. ХьэщIэщым ихьэри, гузэвэгъуэм хэт пщым мыр жриIащ лIыжьым: «Бжьэдыгъухэм сыкъагъэкIуащ лъы ткIуэпс къащIэнэжыху къызэрыбдэзэуэнур бжызагъэIэну». «Бжьэдыгъухэм тхьэразэ къыфхухъу, сыкъэвгъэщIэхъуакъыми, щысщыгъупщэн къэхъункъым», – жиIащ зигу къихьэжа пщым. ЛIыжьымрэ пщымрэ хьэщIэщым къикIри хасэм къахыхьащ. Пщым фIыщIэ яхуищIащ хасэм. Бжьэдыгъухэм зыри къагурыIуакъым. «Сыт къыдэпщIар?!» – жари лIыжьым щыхьащ. «Насыпыншэхэ, – къегиящ лIыжьыр и лъэпкъэгъухэм, – фыадыгэкъэ фэ, адыгэм фыкъилъхуакъэ? АфIэкIа утхуэхъумэжынукъым, тхэкIыж жыфIэу фи хьэщIэм дауэт фызэрещынур? Фыкъызэуи сывукI, сэ хабзэкъутэ сыфхуэхъункъым». ЛIыжь Iущым и псалъэм зыщIигъэгупсысыжащ бжьэдыгъухэр, я хьэщIэм дэшэсыжри абы Жанейм пщыгъуэр щиубыдыжыху епсыхакъым.

* * *

ЦIыхур щызэрихьэлIэкIэ сэлам зэрах, я Iэ зэроубыд. Гъуэгум щызэрихьэлIэнкIэ мэхъу цIыхур, е унагъуэм, е лэжьыгъэ IэнатIэм, е уэрамыщхьэм – дэнэ щызэрихьэлIэми, псом япэр фIэхъус-сэламщ. ЩызэрихьэлIэ елъытакIэ адыгэхэм я фIэхъус-сэламыр лIэужьыгъуэ куэд хъууэ щытащ, абыхэм я нэхъыбэр пасэрейхэм я деж къыщежьэри нобэм къэсащ, дяпэ итахэм яхэлъа гуапагъэр, цIыхугъэр, гулъытэр, пщIэр ди зэманым къахьэсри.

Зыбжанэ мэхъу, псалъэм папщIэ, лэжьыгъэ IэнатIэм щызэрихьэлIэхэм зэрах фIэхъус-сэламыр. Iуэху зыщIэ ирихьэлIэмэ, жраIэ хабзэщ: «IуэхуфIохъу апщий!» Сэлам зрахам жэуап къетыж: «Упсэу апщий!» Абы къыщIигъужынкIэ мэхъу (зэрихьэлIахэм я ныбжь елъытауэ): «Тхьэм и щIасэ ухъу!»

Iэщым пэрыт губгъуэм ущрихьэлIамэ, абы и сэламри щхьэхуэщ: «Бохъу апщий!» («Уи Iэщыр убагъуэ, бэ ухъу» жыхуэпIэщ). Апхуэдэ сэлам зрахам и жэуапыр «Упсэу апщий!» псалъэрщ, абы къыщIигъужынкIэ хъунущ «Тхьэм и щIасэ ухъу» псалъэр (зэлъытар сэлам зэзыхам я ныбжьырщ: Iэщым пэрытыр е Iуэху зыщIэр нэхъыщIэрэ абы сэлам езыхар нэхъыжьмэ, нэхъыщIэм «Тхьэм и щIасэ ухъу» жриIэркъым нэхъыжьым.Ар «Упсэу апщийм» щIызыгъур нэхъыжьырщ – кърихьэлIар щIалэмэ).

Мэкъуауэм уахыхьамэ (е ублэкIмэ), жыпIэнури щхьэхуэщ: «Шхошх апщий!» Абы и жэуапу «Упсэу апщий!» къыбжаIэжынущ, умыпIащIэмэ, зы аргъынэ къадепхьэхын е зы Iэтэ ядызэтеплъхьэн хуейуэ къыптохуэ – абы фIыщIэ къыхокI, пщIэ къыпхуехь. Ар сыт хуэдэ IэнатIэми къыщекIурт – Iуэху зыщIэ урихьэлIамэ. КIэрашэ Тембот зы хъыбар итхыжащ. ЛIы гуэр шууэ гъуэгу здытетым, плъэри мэкъугу уфэрэнкIауэ къилъэгъуащ. Выр щIитIыкIауэ, мэкъур ирелъхьэжри гум зы щIалэ бгъэдэтщ. Абы нэгъуэщI зы щIалэ къыбгъэдыхьауэ илъэгъуащ лIым – езыр нэмыс щIыкIэ. Ари шут. Мэкъур изылъхьэжым къыбгъэдэувыIащ щIалэ шур, ауэ куэдрэ зиIэжьакъым: гум къыблэкIри лIым хуэзанщIэ къэхъуащ. Къэсри сэлам кърихащ. ЛIым гурыщхъуэ ищIати, щIалэм еупщIащ: «Хэт урикъуэ?» – жери. Зи къуэр къыжриIащ щIалэм. «Уи адэм ухуэфащэкъым, – жриIащ лIым щIалэ шум. – Сынаплъэурэ укъыблэхри зи мэкъугу уфэрэнкIар гъуэгум къытебнащ. Мэкъур щхьэ думылъхьэжарэ?» «Сэлам есхри мэкъур бдислъхьэжынщ щыжесIэм идакъым. Щимыдэм сыкъыблэхащ», – жиIащ щIалэм, лIыр къыщIегийр къыгурымыIуэу. «Уи адэм жепIэжынуращ: цIыхукъым абы къилъхуар, хьеуанщ. ЦIыхугъэ пхэлъамэ, уепсыхынти, мэкъур диплъхьэжынт, – егиящ лIыр щIалэм. – Мор нэхъ губзыгъэу къыщIэкIащ уэр нэхърэ. ЦIыхугъэ зыхэмылъым мэкъур дримылъхьэжмэ, нэхъ къищтащ. Мэкъур диплъхьэжамэ, ар зыхуэпщIэр моратэкъым, уи щхьэрат. Ар къыщыбгурымыIуакIэ, уи гъуэгу ирикIуэ, уи сэлами хуэныкъуэкъым гъуэгум къытебна щIалэр». ЩIалэм ешхыдэри лIыр гум бгъэдыхьащ, епсыхщ, и Iэщхьэлъащхьэр дрихьейри мэкъугур иралъхьэжыху, шэсыжакъым…

ВакIуэ ирихьэлIамэ, адыгэм жеIэ: «Бов апщий!» («Бэ увэ» жыхуиIэщ). «Упсэу апщий!» – аращ абы и жэуапыр. ЩакIуэм «Хьэкъужь апщий!» жраIэ. «Упсэу апщий!» жери жэуап къетыж, къищэкIуам щыщ лы Iыхьэ (блатхьэ, куэ) къыхуэзам ирет. Мэл зыщхэм, хьэмым Iуэуэ тетхэм, уэтэрым тесхэм, бжьахъуэхэм яхыхьэхэми я фIэхъусыр щхьэхуэщ («Хьэм бов апщий!», «Цыщ махуэ апщий!», н. «Упсэу апщий!» жаIэрэ жэуап къатыжамэ, къыщIагъуж: «Бэв тхьэм къуит», «Пщын тхьэм куэду къуит».

Гъуэгу тетым «Гъуэгужь апщий!» жраIэ. «Упсэу апщий!» – кърятыж жэуапу.«Дызэдижьэ апщий!» – апхуэдэ жэуапи кърятыжынкIэ мэхъу гъуэгурыкIуэм (шу зэрихьэлIамэ).

Гъуэгу тетауэ къэзыгъэзэжам «Къохъусыж!» жраӀэ хабзэщ. «Упсэуж!» – жери жэуап етыж гъуэгу тетам.

ХьэщӀэ къахыхьэмэ, пожьэри кърагъэблагъэ: «ФӀэхъус апщий, еблагъэ!» – жари. «ФӀым дыхуиблагъэ», е «Уи благъэ куэд ухъу», – жэуап къетыж хьэщӀэм. ХьэщӀэр щрагъэжьэжкӀэ кӀэлъокӀуатэри сэлам ирахыж: «Гъуэгу махуэ!» – жари. ХьэщӀэм жыжьэ кӀэлъыкӀуатэ хабзэкъым, тэджыжамэ, ар пщӀантӀэми уэрамыщхьэми щагъэгувэжыркъым.

Ӏэнэм пэрыс гуп уахыхьамэ, «Гуп махуэ апщий!» жыбоӀэ. «Упсэу апщий, еблагъэ (еблэгъэж)» – къуатыжынущ жэуап, гуп махуэбжьэ къуатамэ, абы техъуэхъухь хабзэкъым, гупым уздагъэтӀысыр уи тӀысыпӀэщ.

Нэхъыжьрэ нэхъыщӀэрэ зэрихьэлӀамэ, нэхъыщӀэр нэхъыжьым бгъэдохьэри сэлам ирех. ЩӀалэм сэлам къуихамэ (къыпщӀэупщӀамэ), «ГъащӀэ кӀыхь ухъу!» жепӀэнущ – уэ фӀыуэ унэхъыжьмэ. Зи ныбжь хэкӀуэтам жепӀэнущ: «Жьыщхьэ махуэ ухъу!» Сэлам къуахрэ къыпщӀэупщӀамэ, япэ игъэщыпхъэр мыращ: «Тхьэр фӀыкӀэ къыпщӀэупщӀэ», итӀанэ щӀыбгъуж хъунущ: «ДыфӀщ, лажьэ диӀэкъым».

Зыгуэрым и унэ уисауэ укъыщикӀыжкӀэ жыпӀэнущ: махуэм – «Фи махуэ фӀы ухъу!», пщыхьэщхьэм – «Фи пщыхьэщхьэ фӀы ухъу!», жэщым – «Фи жэщ фӀы ухъу! (е «НэхулъэфӀ фыкъикӀ!» – жэщыр здынэсам елъытауэ).

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**





# Псэм и пшыналъэхэр



Къэбэрдей литературэм и япэ усакIуэхэм я деж къыщегъэжьауэ, уэрэдым гулъытэ хэха хуащIу къокIуэкI. Адыгэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэ хьэлэмэт хуэхъуа уэрэд цIэрыIуэ зыбжани абыхэм я Iэдакъэ къыщIэкIащ, ахэр ноби лъэпкъыпсэм щагъафIэ. Иджырей языныкъуэ къэбэрдей усакIуэхэми я творчествэм уэрэдым увыпIэшхуэ щеубыд. Абыхэм ящыщ зыщ хыщI гъэхэм къэбэрдей литературэм усыгъэрэ рассказкIэ къыхыхьа Джэдгъэф Борис.

Зи псалъэмрэ IуэхущIафэмрэ зэщхьэщыкIыныгъэ ямыIэ, зи гупсысэ-зэхэщIыкIыр зэтеува, гъащIэми абы къыщыхъу-къыщыщIэхэми зи еплъыкIэ хузиIэ усакIуэр илъэс 50-м нэблэгъауэ лъэпкъ литературэм щолажьэ, анэдэлъхубзэкIи урысыбзэкIи тхылъ гъэщIэгъуэн зыбжанэ къыдигъэкIащ. Абы хуэIэкIуэлъакIуэу къегъэсэбэп литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэр. Ауэ и зэфIэкIыр нэхъ къыщынэIуар усыгъэрщ. КIыщокъуэ Алим зэрыжиIащи, ар «зи шы тесыкIэ зиIэж» усакIуэщ.

Дэтхэнэ и зы усэри гу къабзэм къызэритэджыкIыр, псэ хьэлэлым къызэрыбгъэдэкIыр хуабагъ ящIэлъымкIэ тхылъеджэм зыхещIэ. УсакIуэм игу мызагъэр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм поджэж. Ар зыгъэпIейтейр, абы и тхыгъэхэм сытым щыгъуи зи гугъу щищIыр нобэрей цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэрщ, ар шыгъушыпсыпIэм хэзыгъэлъ гупсысэхэрщ. Борис и уэрэдхэр баштекъузэкIэ зэрымытхар, зэрымыIэрыщIыр, атIэ гу хуитым, къабзэм къызэрагъэщIар къыбгурымыIуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ауэ ящIэлъ, къаIуатэ гупсысэхэм я кууагъым, пэжагъым я закъуэкъым усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм я пщIэр, мыхьэнэр зыгъэиныр. Тхэн щыщIидза япэ махуэхэм щегъэжьауэ, и къарурэ зэманрэ емыблэжу ар йолIалIэ дэтхэнэ и зы усэми ухуэкIэ нэгъэса зэрыритыным. Арагъэнущ абыхэм псоми жыпхъэ пыухыкIа щIаIэр. Ахэр бзэ гурыIуэгъуэкIэ, шэрыуэкIэ гъэпсащ, строфикэм и Iэмал гъэщIэгъуэн зэхуэмыдэхэр, рифмэ щIэщыгъуэхэр яIэщ. Апхуэдэ гъэпсыкIэ нэсырщ лъэпкъ композиторхэм Джэдгъэфым и усэхэм гу щIылъатари, усакIуэм дэлажьэу щIыщIадзари. Абы игъэгушхуэ щIалэри уэрэд зэхэлъхьэным зыIэпешэ, нэхъ дехьэх, уэрэдым и щэхухэр къиихутэныр къыщIехъулIэри арагъэнущ.

Тхэн зэрыщIидзэрэ Джэдгъэф Борис и Iэдакъэ уэрэдищэм щIигъу къыщIэкIащ. Абыхэм я нэхъыбэр, ныбжьыфI яIэ пэтми, ноби фIыуэ ялъагъу, зэпадзыжу жаIэ, радиомрэ телевиденэмрэ къат.

Зыкъомым нобэ яфIэмыкъабылми, уэрэдыр щIыжаIэр и макъамэм едэIуэным, къыдэфэным, дэрэжэгъуэ къаритыным щхьэкIэ къудейкъым, абы лъабжьэ хуэхъуа псалъэхэми гъэсэныгъэ мыхьэнэ ящIэлъын, зыгуэрым ухураджэу, щIэ, гъэщIэгъуэныгъэ къыпхузэIуахыу, къыпхуаIуатэу щытын хуейщ, ди зэманым абы зыри емылIэлIэжми. Абы и лъэныкъуэкIэ уабгъэдыхьэмэ, Джэдгъэф Борис и уэрэдхэм я ехъулIэныгъэр, ахэр сыт хуэдэ Iуэху теухуами, купщIэ куу зэращIэлъырщ, гум, псэм зэрыдыхьэрщ, укъызэщIэзыIэтэ къару щэху зэрахэлъырщ. Зэ еплъыгъуэкIэ, усакIуэм и уэрэдхэри зытриухуар куэд щIауэ адрейхэм «ягъэныщкIуа» темэхэрщ: лъахэрщ, адэ-анэрщ, щIэблэрщ, лъагъуныгъэрщ. Ауэ а зытепсэлъыхь Iуэхухэм языхэзми езыр сыт щыгъуи щIэщыгъуэу бгъэдохьэ, еплъыкIэ щхьэхуэ хуиIэщ, и гупсысэхэр къызэриIуатэри нэгъуэщIхэм яхыумыгъэгъуэщэн езым и псалъэкIэщ.

ПхужыIэнукъым лъэпкъ усакIуэхэм адэжь щIыналъэм уэрэд мащIэ хузэхалъхьауэ. Жэщи махуи и гум, и псэм зэрыщигъафIэр зыхэпщIэу, Джэдгъэфым псалъэ телъыджэхэр къыхуегъуэт, хужеIэ и хэкум. Абы и щыхьэту къэпхь хъунущ «Дыщэ губгъуэ» усэм хэт мы сатырхэр:

**Си дыщэ губгъуэу си сабиигъуэр**
**Дыщэшым тесу сэ щызгъэкIуа,**
**Уэращ си дыгъэр, си щIылъэ вагъуэр,**
**Уэрыншэу гъащIэ сымылъыхъуа.**

**Си дыщэ губгъуэу фIыгъуэ хэкIыпIэ,**
**Зи акъужь гуакIуэр шылэ тепIэн,**
**Уэращи си гум сэ и дыщапIэр,**
**Насып, узиIэу, сыщымыщIэн.**

Лъэпкъ усакIуэ нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми псалъэ гуапэ куэд хужаIащ анэм, зэрахузэфIэкIкIэ, ар ягъэлъэпIащ, лъагэу яIэтащ. Зырызыххэу псори къыумыбжэкIми, Агънокъуэ Лашэ, ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим сымэ анэм хуаIэ лъагъуныгъэр, гурыщIэ къабзэр къыщагъэлъэгъуа я тхыгъэхэр лъэпкъ усыгъэм и ехъулIэныгъэщ. НэгъуэщI Iэджэм анэм хужаIам къытумыгъэзэжу щIэщыгъуэ гуэр къэпхутэныр, зыми и акъыл къэмыкIа къызэIупхыныр сыт хуэдизу гугъуми, Джэдгъэфым, дзыхь ещIри, абы зрепщыт, нэсу игъэзэщIэнуи хузэфIокI. Псоми зэращIэщи, дэтхэнэ зы сабийми къыдалъхуа и бзэм

и ІэфІагъыр, и дахагъыр къыхузэІузыхыр и анэрщ, аращ анэмрэ анэдэлъхубзэмрэ зэхуэдэу щІагъэлъапІэри. Джэдгъэфым и усэ нэхъыфІ дыдэм анэмрэ анэдэлъхубзэмрэ щызэпхащ. Сыт хуэдэ макъамэри зыгъэдэхэн псалъэ купщІафІэхэр усакІуэм къыхуигъуэтащ цІыхухэм куэд щІауэ я псэ дыхьа «Си анэбзэ, си адыгэбзэ» уэрэд телъыджэм:

**Пщэдджыжь нэхулъэм**
**Вагъуэр полъэлъри,**
**Къуалэбзуубзэр**
**Мэхъур пшынэбзэ,**
**Бзум я бзэ дахэр**
**СфІощІ си анэбзэ,**
**Сэ си анэбзэ,**
**Си адыгэбзэ.**

**КъэтІысыт сибгъукІэ,**
**Си анэ дыщэ,**
**Гущэкъу уэрэдкІэ**
**КъызэІущащэ,**
**Сэ псэуэ сиІэр,**
**Ар си анэбзэщ,**
**Ар си анэбзэщ,**
**Си адыгэбзэщ.**



Джэдгъэф Борис и уэрэдхэм увыпІэшхуэ щеубыд лъагъуныгъэм. Пасэми ди лъэхъэнэми лъагъуныгъэм темытхыхьа, ар зымыгъэлъэпІа ди усакІуэхэм яхэткъым. Борис и лъагъуныгъэ уэрэдхэр ящІэлъ гупсысэкІи, я ухуэкІэ-гъэпсыкІэкІи нэхъапэкІэ ятхахэм къащхьэщокІ, езыхэри зэщхькъым, нэхъыщхьэращи, нобэрей лъэпкъ щІалэгъуалэм я лъагъуныгъэр пэжагъ хэлъу, гум, псэм дыхьэу абыхэм къыщыгъэлъэгъуащ. Апхуэдэщ «Сэтэней», «Іэдииху», «Мазэгъуэ жэщ», «Си дуней», «ЩыІэщ лъагъуныгъэ» жыхуиІэхэр.

Лъэпкъ ІуэрыІуатэми усыгъэми зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэм Джэдгъэфыр кууэ щыгъуазэщ икІи а тІури и уэрэдхэм Іэзэу къыщегъэсэбэп. Пасэрей Іэмалхэм абы зыщыхуигъазэр гушыІэ уэрэдхэрщ, иужьрей зэманым гъуазджэм и лэжьакІуэхэр Іэпэдэгъэлэл нэхъ зыхуэхъуахэрщ. Зэ еплъыгъуэкІэ апхуэдэ уэрэдхэм я ухуэкІэ-гъэпсыкІэм щІэ гуэр хэмылъу къыпщыхъу щхьэкІэ, абыхэм къыщыгъэлъэгъуар, щІэнэкІалъэ щыщІар нобэрей гъащІэрщ, иджырей цІыхухэрщ, ахэр гунэс щІащыхъури ІуэрыІуатэм и жыпхъэ зэсэжахэм тету зэрыухуар арагъэнущ. Абыхэм ехьэжьауэ уащыхуозэ адыгэ уэрэдхэм куэд щІауэ

къыщагъэсэбэп псалъэ кIэрыдзэнхэм — уей, уей-жи, ой-ра, ри-ра, ей-жи, рэй-рэй-ра хуэдэхэм. Я къэIуэтэкIэкIэ, я гъэпсыкIэкIэ пасэрей уэрэдыжьхэм япэгъунэгъущ «Iэдииху», «Сызыхуей щауэр», «Уи нитIыр мазэм къыхэплъ къысфIощI», «Къафэжь», «Бгырыс пщащэ», «ЛIым и гъыбзэ», «Щопсэу дахэр псы адрыщI», «Малъхъэм и тхьэусыхэ», «ЦIыхубз гушыIэ», «ЦIыхухъу гушыIэ» жыхуиIэхэр.

Уэрэдым хуейр, хуэныкъуэр балигъхэм я закъуэкъым, арыншауэ къыпхузыщыгъэхъуркъым сабий гъащIэри. Гущэм щилъ махуэм щегъэжьауэ сабийм уэрэдыр зэхех, абы щIапIыкI. Хьэл-щэн дахэ яхэлъу, гуащIэдэкIыр фIыуэ ялъагъуу, нэжэгужэу, узыншэу ахэр къэхъун папщIэ, уэрэдми къалэн пыухыкIа егъэзащIэ. Ар тэмэму къыгуроIуэ Джэдгъэфми. НыбжьыщIэхэм я зэхэщIыкIым зезыгъэужьыщ «ШэпIапIу», «ЦIыжьдадэ и уэрэд», «Мыщэ къафэ», «Мазэм ит мэлыхъуэ», «Мамэ дыгъэ, папэ мазэ», нэгъуэщIхэри.

УэрэдыфI зэхэплъхьэныр тыншкъым. Абыхэм я зэхэлъхьэкIэри зэхуэдэкъым. Нэхъыбэм усакIуэм и псалъэм макъамэ къыхуагъуэт, адрейхэм макъамэ хьэзырым псалъэ щIагъэувэ, ещанэхэм а тIури езыхэм ятх. А Iэмалхэм ящыщу ди щхьэкIэ нэхъ тэмэму, къезэгъыу къэтлъытэр япэрщ. Зи закъуэуи зи пщIэр лъагэ художественнэ тхыгъэм композиторым макъамэ щIелъхьэри, уэрэд нэс дунейм къытохьэ.



Джэдгъэфым и уэрэд псори а щIыкIэм тету гъэпсащ, арауи къыщIэкIынущ я пщIэр къэзыIэтыр, ящыщ куэдыр цIэрыIуэ щIэхъуар. ЖытIам мыри щIыгъужыпхъэщ: усакIуэм и тхыгъэхэм ритмикэ зэхуэмыдэхэм ущрохьэлIэ, усэ сатырхэм я зэщIэжьыуэр езыгъэфIакIуэ кIэух, сатыркIуэцI рифмэ гъэщIэгъуэнхэр, аллитерацэхэр гъунэжу къыщыгъэсэбэпащи, езы усэм щIэлъ макъамэм композиторым абы щIигъэувэнур занщIэу игу къегъэкI. Арагъэнущ лъэпкъ композиторхэр я гуапэу Джэдгъэфым щIыдэлажьэр, и усэ куэдым макъамэ хьэлэмэтхэр щIыщIалъхьэр.

Псоми зэращIэщи, уэрэдым и ехъулIэныгъэр, и пщэдейр Iэджэмэ IэджэкIэ епхащ ар жызыIэми. УэрэджыIакIуэм макъыфI имыIэмэ, уэрэдыр гум хыхьэу имыгъэзащIэмэ, абы гъащIэшхуэ иIэнукъым. Абы и лъэныкъуэкIэ Джэдгъэфым и пхъэ къикIауэ жыпIэ хъунущ — и уэрэдхэр ди уэрэджыIакIуэ нэхъыфIхэм ягъэзащIэ.

Лъэпкъ литературэм, гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа Джэдгъэф Борис мы махуэхэм илъэс 75-рэ ирокъу. Ди гуапэщ усэ, уэрэд гукъинэжхэр дяпэкIи абы и къалэмыпэм къыщIэкIыну.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# ЛъэужьыфIэ



И гъащIэ Iыхьэри зрикIуэну гъуэгуанэри убзыхуауэ дэтхэнэ цIыхури дунейм къытохьэ. Ауэ къахуиуха пIалъэм къриубыдэу языныкъуэхэр щIылъэм щохьэщIэ, адрейхэр — щопсэу. ЕтIуанэ гупым хиубыдэ цIыхухэм ехьэлIауэ «Псэуну гъащIэ зыхуэфащэр мыувыIэу кIуэхэр аркъудейщ», — итхыгъащ КIыщокъуэ Алим. Апхуэдэ цIыху емызэшыжхэм ящыщщ Налшык дэт Музыкэ театрым и сценэр илъэс куэдкIэ зыгъэбжьыфIа, мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъу, КъБАССР-м и цIыхубэ артист Жылокъуэ Мухьэмэдин.

Жылокъуэр 1938 гъэм Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэм щыщIэсым абы къыщызэрагъэпэщу щыта гъэлъэгъуэныгъэхэм жыджэру хэтащ. И ныбжьыр илъэс 14-м иту Фадеев Александр и «Молодая гвардия» романым къытращIыкIа теплъэгъуэм Радик Юркин и ролыр щигъэзэщIауэ щытащ. Пасэу утыку къихьами, гъащIэм езым и лъагъуэ щыхишу лъэужьыфIэ щыхъун папщIэ, къуажэм къыщыхъуа щIалэщIэм а лъэхъэнэм щапхъэ зытрихыни гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуни иIакъым.

«Си адэ-анэр макъамэми уэрэд жыIэнми пэIэщIэт... къызэрыгуэкI къуажэдэсхэт. ЗэрысщIэмкIэ, ди лъэпкъми гъуазджэр IэщIагъэ зыхуэхъуа къыхэкIакъым, — жеIэ Мухьэмэдин. — СыщыцIыкIум зэи сыщIэхъуэпсакъым артист сыхъуну. Хьэблэ щIалэ цIыкIуищ дызэныбжьэгъути, дэтхэнэ сабийми хуэдэу, дыджэгурт, мэз дыкIуэрт, Шэрэдж псыхъуэ дыдыхьэрти, ди макъыр утIыпщауэ уэрэд къыщитшырт... Дыкъыщыхъуа Аушыджэр жылэжьыр жэнэт щIыпIэщ жыхуаIэм хуэдэщ. Си сабиигъуэри си щIалэгъуэри абы щыкIуащ, ноби сыщопсэу, зэрысхъуэжыни щыIэкъым. Мэз Iувхэр, бгы уардэхэр, псы уэрхэр — къуажэм и теплъэ щIэращIэр арагъэнущ си гум дахагъэ къыщызыгъэушар».

Мухьэмэдин и творческэ гъуэгуанэм илъэс 30-м щIигъу и кIыхьагъщ.

1955 гъэм, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур (1957 гъэм) Мэкуу зэрыщагъэлъэпIэнум зыщыхуагъэхьэзырым, ди республикэм и Правительствэм и жэрдэмкIэ щэнейрэ зэпеуэ ирагъэкIуэкIат зэчий зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэр къэхутэнымкIэ.

Абы къыхаха цIыху щэщIым Мухьэмэдини яхэхуат икIи ар ирагъэблэгъат уэрэдымрэ къафэмкIэ къэрал ансамблым. А лъэхъэнэм абы и унафэщIу щыта Мыд Хьэжмусэрэ ансамблым и дирижер нэхъыщхьэ, композитор Орлов-Шузьм Аристархрэ я жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщат ирагъэкIуэкIа зэпеуэхэмкIэ къыхаха щIалэгъуалэ гупыр макъамэм щыхурагъэджэн мазищ курсыр. Мухьэмэдин и гъусэу абы щеджащ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэу, ди хэкум фIыуэ къыщацIыхухэу Мыз Борис, Амщокъуэ Хьэбыж, Сосмакъ Валентинэ, Мальцев Виктор сымэ, нэгъуэщIхэри. А гупыр 1955 гъэм щыщIэдзауэ 1965 гъэ пщIондэ ансамблым щызэдэлэжьащ.

1956 гъэм, и ныбжьыр илъэс пщыкIуий нэхъ мыхъуауэ, Жылокъуэр ансамблым и солист ящI икIи хорыр зыдежьу уэрэдхэр игъэзэщIэну, теплъэгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыджэгуну дзыхь къыхуащI. Ансамблым щыхэта лъэхъэнэм къриубыдэу абы игу нэхъ къинэжахэм ящыщщ ди хорым игъэзащIэу «Гибель «Варяга» уэрэдым едэIуа нэужь, композитор цIэрыIуэ, дирижер Вано Мурадели жиIа псалъэхэр: «Сэ Совет Союзым и хорхэм я нэхъыбэм седэIуащ, ауэ абы хэт макъ псори зэтехуэу зэщIэжьыуэрэ ягъэзащIэ уэрэдым и купщIэр макъкIэ ягъэIуфу япэу зэхэсхыу аращ». Апхуэдэ хор зэрыдимыIэжыр Мухьэмэдин игу зэрыгъу Iуэхугъуэщ.



«Композитор цIэрыIуэ Кабалевский Дмитрий и лекцэхэм едэIуэныр дэтхэнэ зыми къемыхъулIэ фIыгъуэшхуэт, — игу къегъэкIыж Жылокъуэм. — Абыхэм языхэзым а лIы Iущым щыжиIэгъащ: «Зы фоч кIакхъуи щIимычу, КъухьэпIэмкIэ къикIыу къытхуэкIуэ макъамэм ди къэралыр игъэщэщэнущ, щIалэгъуалэм я зэхэщIыкI-гупсысэр лъахъшэ ищIынущ». Ди нэгу зэрыщIэкIщи, нобэ дызыхуэкIуари аращ. Къэзакъхэм «Терские казаки» жиIэу къэрал мыхьэнэ зиIэ ансамбль къыщызэрагъэпэщыфакIэ, уемыхъуапсэу къанэркъым. Ансамблым «Кабардинка» фIащу, къэфакIуэхэм фIэкIа абы хамыгъэхьэу, уэрэд жызыIэ гупыр дыщызэбграутIыпщыкIыжа 1965 гъэ лъандэрэ дэ лъэпкъ хор зэрыдимыIэжыр нобэкIэ си гукъеуэшхуэщ.

Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ Шейблер Трувор итха, оперэрэ балету зэхэт, зы акт хъу «Нартхэр» Мэзкуу дэт Театрышхуэм и утыкум 1957 гъэм щагъэлъэгъуауэ щытащ. Абы Мухьэмэдин щигъэзэщIащ шабзауэм и ролыр. Абы теухуауэ композитор Къардэн Хьэсэн мыращ къиIуэтэжыр: «Сэри а лъэхъэнэм а ансамблым сыхэтащ, оперэм икъукIэ Iэгуауэшхуэ хуаIэтыгъащ. Музыкэм и жанрхэм оперэм нэхъ гугъу хэмыт пэт-

ми, Мухьэмэдин хузэфIэкIащ къыхуагъэфэща ролыр гъуэзэджэу игъэзэщIэну».

А зэманым Налшык щаухуэу щIадзат Музыкэ театр. Къагъэзэжмэ абы щылэжьэну, макъамэмрэ уэрэд жыIэнымкIэ зэчий зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэ гуп зэпеуэкIэ къыхахри, Мэзкуу щеджэну ягъэкIуауэ щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щыта Ефэнды Джылахъстэн и жэрдэмкIэ, Мухьэмэдини а зэпеуэм ирагъэблэгъащ икIи къыхаха гупым хэту Гнесинхэ я цIэр зезыхьэу Мэзкуу дэт институтым музыкэ комедиемкIэ и факультетым щIэтIысхьащ. Абы щыщIэса илъэсхэм Жылокъуэр еплъащ къалащхьэм дэт театр зэмылIэужьыгъуэхэм щагъэлъагъуэ оперэ, опереттэ, спектакль куэд. Еджэныр къиухыу хэкум къигъэзэжа нэужь, и IэщIагъэм нэсу хэгъуэзэнымкIэ ахэр сэбэп къыхуэхъужащ.

Музыкэ театрым зэрыщылэжьа илъэс тIощIым къриубыдэу Жылокъуэм роль нэхъыщхьэу куэд игъэзэщIащ, ар зыхэмыта спектакль щIагъуи а театрым щагъэувакъым.

Мухьэмэдин яхуэзащ, ядэлэжьащ цIыху цIэрыIуэ куэдым. Апхуэдэт, псалъэм папщIэ, актер цIэрыIуэхэу Миронов Андрей, Ибрагимов Ренат, Мэзкуу опереттэмкIэ дэт театрым и солистхэу Васильев Герард, Александровэ Зое сымэ. Шэчыншэу, ахэр сэбэп хъуащ гъуазджэм и лъагъуэ гугъум (нэхъ иужьыIуэкIэ наIуэ къызэрыхъуащи, гъуэгуанэ насыпыфIэм) техьэ щIалэщIэм и дуней еплъыкIэр зэфIэувэнымкIэ, псэкIэ къыхиха IэщIагъэм нэхъри дихьэхынымкIэ.

Еджэныр къиухыу и хэкум къигъэзэжа нэужь, Мухьэмэдин япэу щыджэгуащ режиссёр ШэрыIужь Анатолэ игъэува, Листов Константин и «Севастопольский вальс» опереттэм. Абы Жылокъуэм ехъулIэныгъэкIэ щигъэзэщIащ Хэку зауэшхуэм и гугъуехь куэд зи нэгу щIэкIа, III рангым и капитан Аверин Дмитрий и ролыр. Ар и япэ гъэлъэгъуэныгъэу Къэбэрдей-Балъкъэрым Музыкэ къэрал театрыр къыщызэIуахауэ щытащ,

Мухьэмэдин щыджэгуа оперэхэмрэ спектаклхэмрэ я бжыгъэкIэ щэм ноблагъэ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ: Модуньо Д. и «Черный дракон» опереттэм – Ринальдо-Черный дракон, Штраус И. и «Цыганский барон» опереттэм – Баринкай Сандор, Штраус И. и «Летучая мышь» оперэм – Айзенштейн Генрих, Гаджиев Р. и «Кавказская пленница» спектаклым – Ариф, Леонкаваллэ Р. и «Паяцы» оперэм – Канио, Бизе Ж. и «Кармен» оперэм – Хозе и ариер, Фельцман О. и «Донна Люция» спектаклым – Френсис Чесней, Легар Ф. и «Весё-

лая вдова» опереттэм — барон Зета, Канчели Г. и «Проделки Ханумы» комедием — Катрянц (урысейпсо зэпеуэм I нагъыщэ зиIэ диплом къыщихьащ), Александров Б. и «Свадьба в Малиновке» опереттэм — Нечипор дадэ, Назар Дума сымэ я ролхэр, IутIыж Б. и «Шэмхьун и фызышэ» комедием — Анзор, нэгъуэщIхэри.

Мухьэмэдин и гъусэу нэхъыбэрэ джэгуахэм ящыщщ Таукеновэ Галинэ, Бесчокъуэ Майе, Ионисян Ларэ, Соколовэ Нинэ, Мэкъуауэ Хьэсэн, Къуныжь Алим, Мэршэнкъул Iэдэм сымэ.



*«Донна Люция». Мухьэмэдин Френсис Чесней и ролыр егъэзащIэ.*



Жылокъуэр зыхэт оперэхэр, опереттэхэр, спектаклхэр щIыпIэ куэдым щагъэлъагъуэрт, артистхэм мазиплI-тхукIэ я унэ щемыкIуэлIэж къахуихуэу: Прибалтикэм, Украинэм, Белоруссием, Сыбырым; къалэхэу Ереван, Астрахань, Шевченкэ, Ростов, Новочеркасск, Винницэ, Харьков, нэгъуэщIхэми. Мухьэмэдин игу нэхъ къинэжар 1962 гъэм Барнаул зэрыщыIарщ. А лъэхъэнэм Титов Герман космосым лъэтагъащIэт. Абы и адэ-анэр а къалэм щыпсэурти, концертым кърихьэлIэри Мухьэмэдин космонавтхэм ятеухуауэ игъэзэщIа уэрэдыр щIэлъэIуурэ зыбжанэрэ жрагъэIэжат.

Концертыр иуха нэужь, Титовым и адэ-анэр Мухьэмэдин къыбгъэдыхьэри фIыщIэ къыхуащIащ, зэгъусэу фэеплъ сурэти зытрагъэхащ.

Апхуэдэуи Жылокъуэм игу къинэжащ композитор цIэрыIуэхэу Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэм къытращIыкIа япэ адыгэ оперэм Заур и ролыр (ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр либреттэ хуитхауэ) зэрыщигъэзэщIар. Ар Лениныр къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу 1970 гъэм екIуэкIа, Музыкэ театрхэм я урысейпсо зэпеуэм щагъэлъагъуэри, япэ

увыпIэри къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Театрым хуищIа хэлъхьэныгъэр къалъытэри, 1974 гъэм Жылокъуэ Мухьэмэдин «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр къыфIащащ. Илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, 1981 гъэм абы къыкэлъыкIуащ «КъБАССР-м и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэри.

Зыхэта спектаклхэм, оперэхэм, опереттэхэм ящыщу Мухьэмэдин нэхъ къехъулIауэ къелъытэ Леонкаваллэ Руджерэ и «Паяцы» оперэм щигъэзэщIа Канио и ролыр. «Сэ абы къыщызгъэлъэгъуэну сыхэтащ дунейр къызэхэзыкIухь зыплъыхьакIуэ, джэгуакIуэм и псэм и щытыкIэ-зэхэлъыкIэр, и гурыгъу-гурыщIэхэр, Неддэ хуищIа лъагъуныгъэ гъунапкъэншэр. Ар къызэхъулIа образхэм ящыщу къызолъытэ. Артистым зы роль нэгъэсауэ игъэзэщIэным тригъэкIуадэ къарумрэ махуиплIкIэ щIы щIагъым щIэту лажьэм и гугъуехьымрэ зэхуагъэдэ... Нэхъ гугъу сызыдехьа, ауэ гукIи псэкIи зыхэсщIэу, сфIэфI дыдэу згъэзэщIахэм яшыщщ Канио и ролыр», — игу къегъэкIыж Мухьэмэдин.

Жылокъуэм и макъ лъэщри, абы игъэзэщIа ролхэри ди республикэм и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я тхыдэм къыхэнащ, нэхъыщхьэращи, ахэр цIыхубэм ягу къинэжащ. Псом хуэмыдэу ар фIыкIэ ягу къагъэкIыж илъэс пщIы бжыгъэкIэ къыдэлэжьа артистхэмрэ режиссёрхэмрэ. Абы и гъусэу роль куэд зыгъэзэщIа Таукеновэ Галинэ жеIэ: «Япэу Мухьэмэдин щыслъэгъуари и макъ щызэхэсхари Гнесинхэ я цIэкIэ щыIэ еджапIэрщ. Ар макъ гуакIуэ зиIэ щIалэщIэт... Куэд дэмыкIыу дэ «Севастопольский вальс»-м щызэдэлэжьэн щIэддзащ. Абы и япэ гъэлъэгъуэныгъэр ехъулIэныгъэшхуэ иIэу Налшык щекIуэкIащ. Сыт хуэдэ ролри хъарзынэу къехъулIэрт Жылокъуэм. Ар щхьэх зимыIэ цIыхут, удэлэжьэну тыншт икIи гъэщIэгъуэнт».

«Ар икIи актерщ икIи уэрэджыIакIуэщ — тIури зэхуэдэу фIыуэ къохъулIэ, — жиIэгъащ Жылокъуэр щыджэгуа гъэлъэгъуэныгъэ куэдым я режиссёру щыта ШэрыIужь Анатолэ. — Абы сыт хуэдэ ролри хуэгъэзэщIэнущ, зи лъы къэплъыгъуэ, зи гур пхъэр щIалэщIэм деж къыщыщIэдзауэ Александров Борис и «Свадьба в Малиновке» опереттэм хэт, куэд зи нэгу щIэкIа, зи акъыл зэрыубыда Нечипор дадэ и деж щиухыжу. Ущыдэлажьэкlэ дэрэжэгъуэ уогъуэт. Ди Iуэхум зэгурымыIуэ гуэр къыщыхэкIаи къэхъуакъым. Мухьэмэдин цIыху пэжщ, псэ хьэлэлщ, гукъэкI, гулъытэ зыхэлъщ. Ди театрым щылажьэхэм яшыщу япэу «ЦIыхубэ артист» цIэр зыхуагъэфэщар Жылокъуэрщ, ауэ абы зэи щхьэщытхъугъэ, пагагъэ дэтлъэгъуакъым.

Куэд зэдэдлэжьащ абырэ сэрэ... СощIэж, «Черный дракон»-м Ринальдо и ролыр зэрыщигъэзэщIам теухуа псалъэмакъ екIуэкIыу, зы-

гуэрым жиӀат: «Абы и джэгукӀэр апхуэдизкӀэ пэжщ икӀи гум хохьэри, а ролыр ар зытхам и гуращэ дыдэм зэрытехуэм шэч къытепхьэркъым». А псалъэ дыдэхэр яхужыпӀэфынущ Жылокъуэм игъэзэщӀа адрей ролхэми».

1988 гъэм Мухьэмэдин иужьрейуэ щыджэгуащ Штраус И. и «Летучая мышь» оперэм, Айзенштейн Генрих и ролыр игъэзащӀэу, абыкӀи и творческэ гъуэгуанэр зэхуищӀыжауэ щытащ.

ИлъэсипщӀ дэкӀауэ (1998 гъэм) режиссёр Теувэж СулътӀан Жылокъуэр иригъэблэгъат «Черный дракон»-м Ринальдо и партиер щигъэзэщӀэну. Ауэ зэгуэр сэламехыж пшыхькӀэ зи творческэ гъуэгуанэр зэхуэзыщӀыжа артистыр щӀэрыщӀэу утыку къахуихьэжакъым. ИтӀани, «Зэ сыджэгужащэрэт жыпӀэркъэ?» упщӀэмкӀэ зыщыхуэзгъазэм: «ЖызоӀэ... Утыкур зэи псэкӀэ схуэбгынэркъым, сымыбэуэну зэрыслъэмыкӀым хуэдэу! Ноби си макъыр утӀыпщауэ уэрэд къыщисш къысхуохуэ», — жиӀащ Мухьэмэдин.

Утыкум щигъэзэщӀахэм нэмыщӀ, нэгъуэщӀ уэрэд зыбжани радиом щригъэтхащ Жылокъуэм: «ПщылӀхэм я уэрэд» («Мадинэ» оперэми къыщагъэсэбэпауэ щытащ), «Кармен» оперэм щыщу Хозе и ариер (макъамэр Бизе Ж.), «Нартыжь уэрэд», «Щэуей Нэкурэ и уэрэд», «Къербэч и уэрэд», «Іуащхьэмахуэ» (макъамэр Даур А., псалъэхэр ТӀащ Хь.), «Къызолъыхъуэ сэ псалъэ дахэ» (макъамэр Къардэн Ю., псалъэхэр Бицу А.). Ахэр ноби Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и фондым щахъумэ, нэтынхэм щӀэх-щӀэхыурэ къыщоӀу.

ЦӀыхум къыхиха ӀэщӀагъэм и лъэныкъуэ псори къигъэӀурыщӀэу абы бжьыпэр щиубыдыным хэлъ щэхухэмкӀэ сыщеупщӀым: «Си гъащӀэм кърихубыдэу сэ зыми сыхущӀегъуэжакъым, — жиӀащ Мухьэмэдин. — Зыгуэр къыщызэмыхъулӀэ къэхъуами, сыт щыгъуи ипэкӀэ сыплъащ, сыкӀуащ... Псоми хунэса щыӀэкъым, ауэ си мурадхэм я нэхъыбапӀэр къызэхъулӀауэ къызолъытэ».

«Гум къыбгъэдэкӀырщ гум нэсыр» жиӀэгъащ цӀыхушхуэ гуэрым. Псэм къигъэщӀырщ псэм ехуэбылӀэри... Арауэ къыщӀэкӀынщ къабзагъэр я гъуазэрэ дахагъэм и лӀыкӀуэу къигъэщӀ цӀыхухэр лъэужьыншэ щӀэмыхъури, абыхэм я псэрыкӀхэр (усэхэр, уэрэдхэр, макъамэхэр, сурэтхэр...) мыкӀуэдыжын зыщӀри.

Жылокъуэ Мухьэмэдин утыку къызэримыхьэжрэ лӀэщӀыгъуэ плӀанэ дэкӀами, абы и уэрэдхэмрэ игъэзэщӀа ролхэмрэ зэманми хуэмысеижын фӀыгъуэшхуэу ди лъэпкъ щэнхабзэм къыхэнащ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щӀэныгъэхэм я кандидат*

# Зи ролхэр гукъинэж



*ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ драмтеатрым и артист пажэхэм ящыщ, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIыхь зиIэ я артист Балъкъыз Валерэ и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъуащ. Дэ иджыблагъэ абы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.*

**– Валерэ, артист IэщIагъэр къыхэпхыныр сыт къызыхэкIар?**

– Школым сызэрыщIэс лъандэрэ сигу ирихьт а IэщIагъэр. Ди къуажэм (Псыгуэнсу) артист, тхакIуэ жыпIэми цIыху цIэрыIуэ куэд къыдэкIащ. Абыхэм ящыщщ Болэ Мурат, Сонэхэ Башир, Мухьэрбий, Мысостышхуэ Пщызэбий, Щхьэгъэпсэу Мухьэмэд, Мэкъуауэ Лолэ, драматург Акъсырэ Залымхъан сымэ, нэгъуэщIхэри. Мы зи цIэ къисIуахэм яжь къызэрысщIихуам шэч хэлъкъым. Ахэр къуажэм нэкIуэжа нэужь, ди адэр я ныбжьэгъути, ди деж куэдрэ неблагъэрт. АпхуэдизкIэ гуп дахэу зэхэсти, я уэршэрым, я гушыIэхэм седаIуэу нэху щыхукIэ сыщысыфынут.

Арати, мурад сщIащ курыт еджапIэ нэужьым артист IэщIагъэр зэзгъэгъуэтыну. ИкIи дзэм къулыкъу щысщIэри къэзгъэзэжауэ хъыбар зэхэсхащ артист IэщIагъэм хурагъэджэну щIалэгъуалэ гуп Москва ягъакIуэу... Апхуэдэ щIыкIэкIэ си мурадым япэ лъэбакъуэр хуэсчащ.

**– Уи япэ спектаклым и гугъу къытхуэпщIамэ хъунт.**

– Щукиным и цIэкIэ щыIэ институтым дыщIэтIысхьэн ипэ, 1969 гъэм театрым сыкъэуври, мазибл хуэдизкIэ сыщылэжьащ. Япэ лэжьыгъэкIэ уеджэ хъунуи къыщIэкIынтэкъым абыхэм, ауэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэм роль гуэрхэр къысхуигъэфэщауэ щытащ. Япэ дыдэ сызыхэтар Мысачэ Пётр итха «Псэм фIэIэфIыр нэм фIэдахэщ» пьесэм къытращIыкIа спектаклырщ. Къаздэхъу СулътIан игъэзащIэу щыта ролыр сэ къызатын хуей хъуащ, си ныбжьыр нэхъ хуэкIуэрти. Абы къыкIэлъыкIуэу нэгъуэщI спектаклхэми сыхэтащ.

**– Щукиным и цIэр зезыхьэ институт цIэрыIуэм епха гукъэкIыжхэр уи мащIэу къыщIэкIынкъым…**

– НыбжьыщIэ 23-рэ дагъэкIуат абы дыщеджэну. Леоновский Леонид Владимирович жыхуаIэрат ди художественнэ унафэщIыр. Ар хуабжьу гуапэу къытIущIэри, нэхъ егъэджакIуэфIхэр, кууүэ зи IэщIагъэм хэзыщIыкIхэр къыдигъэбыдылIащ. Псори хуабжьу къыдэлIэлIащ еш ямыщIэу: ди щIэныгъэм, IэщIагъэм хэдгъэхъуэн, гъуазджэм ехьэлIа сыт хуэдэ Iуэхуми фIы дыдэу хэтщIыкIын папщIэ ялъэкI къагъанэртэкъым. Адэ-анэр я быным зэрыхущытым хуэдэу я жьауэм дыщIэтащ. Практическэ лэжьыгъи евгъэкIуэкIын хуейщ, теоретическэм нэмыщIкIэ жаIэри, Вахтанговым и цIэр зезыхьэ театр цIэрыIуэм щагъэува спектаклхэм дыхэтащ. Ахэр – «Антониорэ Клеопатрэрэ», «Турандот пащтыхьыпхъур» жыхуиIэхэрт. А театрыр къызэрызэIуахрэ и репертуарым хэтщ зи цIэ къисIуа а спектаклхэр.

Мис апхуэдэ практикэр хуабжьу сэбэпщ актёр ныбжьыщIэр сценэм хуиту щыджэгуу есэнымкIэ. Урысхэм зэрыжаIэщи, практикэм уи зэфIэкIым зрегъэужь, ар къегъэнаIуэ, къыпхузэкъуех. Леонид Владимирович Леоновскэм хуэдэ цIыху гуапэхэр, емызэшу гугъу зыкъыддезыгъэхьа дэтхэнэри, фIыкIэ сигу къинэжащ. Апхуэдэу къыпхущыта цIыхухэр пщыгъупщэжынкIэ Iэмал зимыIэщ. Москва дыкIуа нэужь, дезыгъэджа закъуэтIакъуэхэр тлъагъуну деблэгъамэ, я нэпсым къызэпа-

жыхьу апхуэдэщ.

**– Сыщымыуэмэ, фи унагъуэм нихьэу щыта ди актер телъыджэхэм уадэлэжьэнуи къыпхуихуащ.**

– Си псалъэм къызэрыхэзгъэщащи, дзэ къулыкъу нэужьым щIэныгъи IэщIагъи симыIэу театрым лэжьэн щыщIэздзащ. А мазэ зыхыблыр фIыкIэ си гъащIэм къыхэнащ. Сэ схуэдэ дыдэу мыбы щылэжьащ Балъкъэр Тамарэрэ КIуэкIуэ Лизэрэ. Дэ щыр еджапIэ нэхъыщхьэм дыщIэмытIысхьэ щIыкIэ театрым дызэрыщыIа зэман мащIэм ди нэгу щIэкIащ ди актёр телъыджэхэм я джэгукIэр. Дэтхэнэ цIыхуми хуэдэу, дригушхуэрт, дригуфIэрт ТIыхъужь Алий, Сонэхэ Мухьэрбий, Башир, Сибэч Быхуэ, ДыщэкI КIунэ, Тубай Мухьэмэд сымэ я талантым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ахэр дунейм ехыжащ, ауэ а цIыху лъапIэхэм я творчествэр игъащIэкIэ лъэпкъым ящыгъупщэнкъым. Абыхэм я деж дэ куэд къыщытщIащ къэдуха нэужьи.

**– ЗэрытщIэщи, театрым и лэжьакIуэхэм я улахуэр мащIэ дыдэщ. Актёр IэщIагъэр къызэрыхэпхам ущыхущIегъуэж къэхъуа?**

– Унагъуэр зэрыдгъэпсэун къэдлэжьыркъым. Ауэ ди IэщIагъэр апхуэдизкIэ фIыуэ долъагъу, ди псэм хэлъщи, театр Iуэхур япэ идгъэщу, дгъэнэхъапэущ зэрекIуэкIыр. Ауэ иджыпсту актёр факультет къэзыуххэр си фIэщ хъуркъым мыбы къыпхуэкIуэну. Ахэр икIи бгъэкъуаншэ хъунукъым, сыту жыпIэмэ, унэ имыIэмэ, фэтэр уасэр хуэмытмэ, мо зи псэугъуэр сыт щхьэкIэ къэкIуэн? Дэ лэжьэн щыщIэддзам фэтэр яту, улахуэ тэмэми къаIэрыхьэу, артистхэм нэхъ пщIэ хуащIу щытащ. Дэ ди ныбжь здынэсам лэжьапIэхъуэж тхуэщIынукъым. Таучэл схуэщIынукъым си щхьэкIэ.

**– Персонаж зэмыщхьхэм я гъащIэр зыхэпщIэнуи, уэ узэрыщытыр зэбгъэтIылъэкIыу нэгъуэщIу сценэм уитынуи, дауи, тыншкъым. Сыт атIэ ехъулIэныгъэм и хэкIыпIэр?**

– Театрым и лэжьакIуэ дэтхэнэри, и IэщIагъэр фIыуэ илъагъумэ, и зэфIэкIым зэрыхигъэхъуэным иужь итын хуейщ. Ар комедием, трагедием, нэгъуэщI жанрым епхауи щрет. ЗэфIэкI уиIэныр мащIэщ, абы зумыгъэужьмэ. Лэжьыгъэм уи гур емытамэ, ехъулIэныгъи ущIыпэплъэн щыIэкъым. Дыщеджэм дызыхуаущияр уи ролыр уи фIэщ хъужу, абы и пIэм уиувэфу щытын зэрыхуейрщ. ИтIанэщ къоплъым и гум, и псэм ущыдыхьэнур. Театрым къэкIуам фIы дыдэу зыхещIэ хэт Iэзэу джэгуми, хэт ауэ сытми текстым къеджэ къудейуэ сценэм итми.

**– ЦIыху икIэм и дунейр къэбгъэлъэгъуну нэхъ гугъукъэ?**

– Артистхэм роль кърата нэужькIэ «мыр сигу ирихьыркъым, мыпхуэдэу щытамэ нэхъыфIт», щыжаIэ щыIэщ. Сэри къысхуихуащ апхуэдэ. Ауэ ролым елэжьын щIыбодзэри нэхъ кууэ ухыхьэурэ ар фIыуэ уолъагъуж. Ролым уи елэжьыкIэращ псори къэзыгъэлъагъуэр. ЦIыху Iейм и роль жыпIэ щхьэкIэ, ари зыхэпщIэфу щытын хуейщ. Пьесэм дыщелэжьым деж дэ япэу дызэгупсысыр Iуэхур щекIуэкI зэманым цIыхухэм я псэукIарщ, персонажыр къызыхэкIа унагъуэр зыхуэдэрщ. «Сыт мыр мыпхуэдэу хъуным и щхьэусыгъуэр?» жыпIэу куэд зэхэбгъэкIын хуей мэхъу. А цIыху мыхъумыщIэм и къекIуэкIыкIар къэпщIа нэужьщ апхуэдэм и дунейр къэбгъэлъэгъуэну къыщохъулIэр. Сэ сыт хуэдэ ролри си щIасэщ, купщIэ иIэу ятхауэ щытмэ.

**– Адыгэ театрым цIыхур ирашэлIэн папщIэ гушыIэм нэхъ тегъэщIауэ спектаклхэр ягъэув. Сыт къыджепIэн абы теухуауэ?**

– Ауан, гушыIэ хуэдэхэр щремыIэ схужыIэнукъым. Ауэ апхуэдэхэм зыдемыгъэхьэхыщауэ репертуар, постановкэ, пьесэ я лъэныкъуэкIэ театрым и къалэн нэхъыщхьэр зэригъэзэщIэным хущIэкъупхъэщ. Ди гуапэ

зэрыхъунщи, купщIэ зыхэлъ спектаклхэр зыфIэфIхэр ди мащIэкъым. Ауэ нэхъыбэр мис а уэ жыхуэпIэм хуэдэм нэхъ дехьэх. Гупсысэну хуэмеищэу, къакIуэрэ дыхьэшхыу, я нэгу зрагъэужь къудеймэ, нэхъ къащтэу. Акъыл къызыхихын илъагъун хуейщ театрым къекIуалIэм.

**– Ди драматург цIэрыIуэхэу Шортэн Аскэрбий, Акъсырэ Залымхъан, IутIыж Борис сымэ ятхахэм я гугъу умыщIи, нобэрей ди гъащIэр дэзыгъэлъагъуж пьесэ диIэкъым. Уэ дауэ уеплърэ а Iуэхум?**

– Драматургие зызыужьа диIэурэ дыкъекIуэкIауэ схужыIэнукъым. Ди закъуэкъым, дэтхэнэ лъэпкъ цIыкIури апхуэдэщ. Урысейр къащти, пэжщ, и куэдщ классикхэр: Толстой Л., Островский Н., Гоголь Н., Достоевский Ф., Чехов А., Горький М., нэгъуэщIхэри. Ауэ а зиIэхэми езыхэм яйхэм щыщу мащIэщ ягъэувыр.



*«Уафэгъуагъуэ макъ». Валерэ Кайсаровым и ролыр егъэзащIэ.*

Иджыпсту нэхъ ягъэлъагъуэр инджылыз драматург Куни Рей, Мор Томас хуэдэхэм я пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэрщ. Инджылызым ейхэр дэни нэхъ щагъэув. АтIэ апхуэдизу зызыужьа литературэ зиIэ Урысейм сыт нэхъ къыщIащтэр инджылыз, франджы драматургхэм я IэдакъэщIэкIхэр? ЖыпIэмэ, цIыхур абыхэм нэхъ дахьэхыу къыщIэкIынущ. Хъарзынэщ нэгъуэщI лъэпкъ драматургхэм ятхахэр бгъэувынри, ар тэмэму зэрадзэкIамэ. Ауэ уи лъэпкъым зиужьын папщIэ, уи лъэпкъ гъащIэм теухуащ нэхъ гъэувын хуейр. Псалъэм папщIэ, Лермонтов М. итхахэр къащти гъэлъагъуэ, абы хуэдэу адыгэм къыттетхыхьа щыIэкъым. Уи лъэпкъым и фащэр къызыкIэрыщыр тэмэму утыку къипхьэмэ, ар еплъхэми гунэс ящыхъунущ. Абы и щыхьэту къэпхь хъунущ зы щапхъэ: М. Горькэм и цIэр зезыхьэ Урыс театрым къэкIуат Хакассием къикIри артист гупыфI, спектакль ягъэлъэгъуэну. Артистхэр зэрыхуэпар, утыку къызэрихьар я лъэпкъ фащэщ. Спектаклым и сюжетри къызэрыгуэкI дыдэт. Зы цIыхухъурэ зы цIыхубзрэ зэлIзэфыз яукIат. Сценэм хьэдэхэр илъщ. Сыхьэтрэ ныкъуэкIэ судыр йокIуэкI. Ар щаукIым зылъэгъуа щыхьэтхэм жаIэр зэтехуэркъым. ИтIанэ шаманыр къраджэ, абы лIахэр къегъэтэджыжри, Iуэхур зэрыхъуар езыхэм я жьэкIэ жрегъэIэж. Зы лъэныкъуэкIэ, къыхэпхынышхуэ хэмылъ хуэдэу къыпщыхъуми, я лъэпкъ хабзэр, я фащэхэр, я хьэл-щэнхэр сценэм зэры-



9 Заказ № 189

щагъэлъагъуэм удехьэх, нэгъуэщI лъэпкъ культурэр щIэщыгъуэ къыпщохъу. Лъэпкъ цIыкIухэм ятеухуахэр фольклорнэ фестивалхэми нэхъ къащтэ. Дэ дыпсэлъамэ, ди нарт эпосым хуэдэ щыIэкъым. Ауэ ар къэдгъэсэбэпыфыркъым. Нартхэм ятеухуауэ ди театрым щхьэкIэ ятхамэ, дэри ди гуапэу, тфIэфIу абыхэм дыщыджэгунут.

**– Ди театрыр зэрыт щытыкIэ гугъум сыт и хэкIыпIэ?**

– Сэ иджыпсту актёру сылажьэу аращ. Театрым иIэщ унафэщIи режиссёри. Си еплъыкIэм и гугъу пщIымэ, мы Iуэхур лъэпкъ политикэм елъытащ. ДэIэпыкъуэгъу игъуэтрэ зыхуей хуагъазэмэ, театрыр куэдкIэ нэхъыфIу лэжьэнущ. Сэ куэдрэ жызоIэ: сыт ищIыс умыгъэувми, а утыку къипхьэр гъэщIэгъуэну, цIыхум я гум дыхьэу щытыпхъэщ. А псор къохъулIэн папщIэ актёрым псэупIэ тэмэм иIэн, и унагъуэр зэригъэпсэун улахуэ къыIэрыхьэн хуейщ. ИтIанэщ ехъулIэныгъэкIэ угугъэ щыхъунур.

**– Зэман гъунэгъухэм сыт хуэдэ спектаклхэм ухэтыну?**

– Режиссёрым къищтэ пьесэм елъытащ сытым дыхэтынуми. Дэтхэнэми сфIэфIу сыщоджэгу. Иджыпсту пьеситI ягъэув. Мольер Жан Батист и «Дон-Жуан»-мрэ Кэн Людвиг и «Звездный час»-мрэ. Толстой А. и пьесэм къытращIыкIа «Бгъэмрэ бгъэ анэмрэ» спектаклым сыхэтщ, нэгъуэщI ролхэми солэжь.

**– Уи щхьэгъусэ КIуэкIуэ Лизи артисткэщ. Фи IэщIагъэм ехьэлIауэ фи Iуэху еплъыкIэкIэ фыщызэтемыхуэ къэхъурэ?**

– ЦIыхуитI щыIэкъым сыткIи зэщхьу, псомкIи зэтехуэу. Ар тIуми фIыуэ къыдгуроIуэри, уэим тщIыркъым, зы Iуэхугъуэм зэщхьу демыплъми. ДызэрызэдэIэпыкъун и ужь дитщ, зэгурыIуэ-зэдэIуэжу дызэдопсэу.



**– Ролхэр къывэгугъуэкIрэ тIури зы спектаклым фыщыхэтым деж?**

– Спектакль куэд дыхэтакъым зэгъусэу, ауэ апхуэдэхэри щыIэщ. Сценэм ущитым деж псори пщогъупщэж. ФIы дыдэу плъагъу цIыхур плъагъу мыхъуу, узытеплъэ мыхъур фIыщэу плъагъуу уджэгункIэ мэхъу. Унэм дыкъекIуэлIэжа нэужьщ унагъуэ дыщыхъужыр.

**– Булгаковым и романым къытращIыкIа спектаклым – «Хьэм и гум» – уэ фIы дыдэу ущыджэгуащ…**

– Пэжыр жыпIэмэ, ар нэхъ къызэхъулIахэм ящыщщ. Япэ теплъэгъуэм хьэлъакъуиплIу сыщысащ, етIуанэм къэскIухьу щIэздзащ. ИкъукIэ гугъут сыхьэт псокIэ хьэлъакъуиплIу ущытыну.

А спектаклыр бгъэувыжыну иджыпсту икъукIэ къезэгъырт. Ди нобэрей зэхэтыкIэр абы къанэ щымыIэу къыхощ. Ауэ хэта актерхэм я нэхъыбэр, ди жагъуэ зэрыхъущи, псэужкъым. Шыбзыхъуэ Басир, Къэжэр Борис, КIуэкIуэ Лизэ – дэ плIыращ абы хэтауэ къэнэжар.

**– Мы ролыр сызэрыхуейм хуэдэу къызэхъулIакъым жыхуэпIэ яхэткъэ бгъэзэщIахэм?**

– Ар зэрыщытыр мыращ. Нэхъ сыщыщIалэхэм щыгъуэ артист гуэрхэм интервью ятмэ, жаIэу зэхэсхырт: «Си дэтхэнэ ролри си сабийм хуэдэщ, къызэхъулIари къызэмыхъулIари фIыуэ солъагъу», жаIэу. «Дауэ къомыхъулIар фIыуэ зэрыплъагъунур?» – згъэщIагъуэрт. КъызэрыщIэкIымкIэ, дэтхэнэ зы ролри, нэхъ къомыхъулIахэри хэту, уигури уи псэри хэплъхьэу узэрелэжьам папщIэ, ууей мэхъу. СабиищплIы зэрыс унагъуэм я гъэсэныгъэри зэхуэдэ дыдэ хъункъым. Мис абы зыгуэркIэ ебгъапщэ хъуну къысщохъу мы Iуэхури.

**– ФIыщIэ пхудощI, Валерэ. Уузыншэу, уи мурадхэр къохъулIэу Тхьэм иджыри куэдрэ лъэпкъым утхуигъэпсэу.**

**НАФIЭДЗ Мухьэмэд**

# Театрыр зи дуней



ЦIыху къэскIэ, зэрыжаIэу, дуней псо ирокъу, езым и теплъэ, и хьэл-щэн, и зыхуэпэкIэ, и Iуэху зехьэкIэ иIэжу... ГъэщIэгъуэнщ цIыху куэдым я гурыгъу-гурыщIэхэр зы псэм щыкIуэцIрыкIым, абыхэм я гуфIэгъуи я гуауи зы нэгум къыщытещым деж... Зы цIыхум и дунейм адрейр пIалъэкIэ нэхъ мыхъуми щыпсэуныр, зым и нэкIэ адрейр гъащIэм хэплъэныр Iуэху тыншкъым, ар къызэхъулIэри зырызыххэщ. А зырызыххэм ящыщщ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ драмтеатрым и артисткэ пажэ, образ гуимыхуж куэд къэзыгъэщIа Балъкъэр Тамарэ.

Тамарэ зэрысабий лъандэрэ щIэхъуэпсырт артист IэщIагъэм. ФIыуэ илъэгъуа а IэщIагъэм хуеджэн ипэ къихуэу, ар адыгэ театрым илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ. Япэ дыдэу щыджэгуауэ щыташ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэм къытращIыкIа спектаклым, Мадинэ и дэлъху цIыкIум и ролыр игъэзащIэу. Абы къыкIэлъыкIуащ нэгъуэщI роль хьэлэмэт куэди. Апхуэдэщ Дудар Хьэутий и «Нэчыхьытх» пьесэм къытращIыкIа спектаклым Жаннэ и ролыр, Акъсырэ Залымхъан и «Iэдииху» пьесэмкIэ ягъэува спектаклым Iэдииху и ролыр, Шортэн Аскэрбий и «Къэзышэхэмрэ яшэмрэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым Гулэ, нэхъ иужьыIуэкIэ Цоцэ сымэ я ролхэр зэрыщигъэзэщIар. КъищынэмыщIауэ, Балъкъэрыр щыджэгуащ «Фызышэ щэху», «Революцэм и цIэкIэ» спектаклхэми.



1970 гъэм Тамарэ и гуращэр зригъэхъулIащ – Москва Щукиным и цIэр зэрихьэу дэт театральнэ училищэм щIэтIысхьащ. ЕджапIэр къиухыным зы илъэс иIэжу, Тамарэ унагъуэ диухуащ Вахтанговым и цIэр зезыхьэ театрым и артист икIи режиссёр Тодоров Илья. Зэщхьэгъусэхэм я мурадт Налшык къагъэзэжыну, ауэ режиссёр цIэрыIуэр Кишинёв къалэм щылэжьэну щрагъэблагъэм, Тамари абы и гъусэу кIуащ, илъэс пщыкIущ нэблагъэкIи а къалэм щыпсэуащ.

Чеховым и цIэр зезыхьэ урыс драмтеатрым зэрыщыджэгум къыдэкIуэуи, Балъкъэрым ныбжьыщIэхэр актер IэщIагъэм хуригъаджэрт, киностудием, телевидением, радиом ядэлажьэрт. Тамарэ и анэ Жанпагуэ Кишинёв хьэщIапIэ щыкIуам, имыгъэщIагъуэу къэнакъым и хъыджэбз закъуэм и сурэтышхуэ а къалэм и дыхьэпIэм зэрыфIэлъыр, ар щыджэгу спектаклхэм я афишэхэр дэнэкIи зэрыкIэрылъыр.

Чеховым и цIэр зезыхьэ урыс драмтеатрым зэрыщылэжьа илъэс пщыкIущым къриубыдэу Тамарэ роль щэщIым нэблагъэ игъэзэщIащ. Абыхэм ящыщщ М. Карим и «В ночь лунного затмения»», Уильям В. и «Кошка на раскалённой крыше», Арбузов А. и «Жестокие игры» пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэм щигъэзэщIа ролхэр – Шафак, Мэй, Зенцовэ Машэ сымэ. Апхуэдэуи ар щыджэгуащ «Мир перевернулся», «Старый дом», нэгъуэщI спектакль куэдми.

Кишинёв сыт хуэдиз пщIэрэ щIыхьрэ щимыгъуэтами, Тамарэ и дежкIэ ар хамэ щIыпIэт, абы и гур зыхуэпабгъэр зыщалъхуа, и анэ закъуэмрэ и анэшхуэмрэ къыздигъэна и хэкурт. Арат ар и лэжьыгъи, и щхьэгъуси къигъанэурэ щIэх-щIэхыурэ къыщIэкIуэжыр. ИкIэм-

икIэжым мурад ищIащ къигъэзэжыпэну, хамэ щIыналъэм ар псэкIэ гугъу зэрыщехьыр махуэ къэскIэ зи нэгу щIэкI щхьэгъусэри абы къыпэрыуакъым.

И хэку къыщигъэзэжа 1988 гъэм къыщыщIэдзауэ Балъкъэр Тамарэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ драмтеатрым щолажьэ. Абы къыдэкIуэуи, Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым театрымкIэ и къудамэм актер IэщIагъэмкIэ и кафедрэм и унафэщIщ, егъэджакIуэщ. Къызэригъэзэжрэ абы театр утыкум къыщигъэщIащ цIыхубэм ягу къинэжа образхэр: Эльмирэ («Тартюф»), ХьэмщIасэ («Фыз цIыкIу къамэшхуэ»), ТхьэкIумэкIыхь («ЩIакIуэ фIыцIэ»), Ямыдэ («Гуащэ ябгэ»), Виолэ («Двенадцатая ночь»), нэгъуэщIхэри.



*«Iэдииху». Тамарэ Iэдииху и ролыр егъэзащIэ.*



«Нэхъ къохъулIауэ, уигу къинэжауэ сыт хуэдэ ролыр къыхэбгъэщхьэхукIынт?» упщIэмкIэ зыщыхуэдгъазэм, Тамарэ жиIащ: «Си ролхэм сахэдэфынукъым, анэр быным зэрахэмыдэфынум хуэдэу... Псоми си гуащIэрэ си гъащIэ Iыхьэрэ яхэслъхьащ. Образ гуэр къыщыбгъэщIкIэ, дэнэ укIуэми, сыт пщIэми а образыр уи нэгу щIэкIыркъым, и гурыщIэхэм узэщIаIыгъэ, и щыIэкIэ-псэукIэр цIыхум дауэ фIэщ ящысщIын жыпIэу уогупсыс. Образыр зэрыщытын хуейр псэкIэ къыщысхутэ, абы и плъэкIэр, и гуфIэкIэр, и нэщхъеикIэр, и псэлъэкIэр... щызэфIэзгъэувэм деж сэ куэдкIэ сынэхъ насыпыфIэщ ар хьэзыр хъуауэ утыкум къыщисхьэм нэхърэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а дакъикъэхэм цIыхущIэ, гъащIэщIэ дунейм къытезгъэхьэу зыхызощIэ... Актер нэсым сыт хуэдэ ролри игъэзэщIэфын хуейщ. Шекспир зэрыжиIащи, «Роль Iей щыIэкъым, актер мыхъумыщIэщ щыIэр».

Дэнэ атIэ образ щэ бжыгъэхэр къэзыгъэщI цIыхум апхуэдиз къару къыздрихыр, псом хуэмыдэу ар бзылъхугъэ Iэщабэ-Iущабэмэ? А упщIэм и жэуапу мыращ Тамарэ жиIэр: «Гукъыдэж мыухрэ дэрэжэгъуэрэ къызат театреплъхэм, си еджакIуэхэм, си лэжьэгъухэм, си унагъуэм, си къуэрылъху цIыкIухэм. ФIыуэ слъагъу IэщIагъэмрэ къызэгъэза цIыхухэмрэщ си псэуныгъэм и мыхьэнэр зыхэслъагъуэр, гъащIэр IэфI къысщызыщIыр!»

Искусствэм и лъагапIэхэм нэсыфынур и IэщIагъэм и щэхухэр псэкIэ къэзыхутэу а къихутар цIыхухэм я деж нэзыхьэсыжыфырщ. Ар фIыуэ къыгурыIуэу икIи апхуэдэ пщалъэкIэ Iуэхум бгъэдыхьэу къэгъуэгурыкIуащ КъШР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Балъкъэр Тама-

рэ. Аращ лъэпкъ культурэм хэлъхьэныгъэ пыухыкIа хуищIыну абы щIыхузэфIэкIар.

Иджыблагъэ Балъкъэр Тамарэ илъэс 65-рэ ирикъуащ. Ди гуапэщ а цIыху щыпкъэр лъэпкъ гъуазджэм иджыри куэдрэ хуэлэжьэну.

**ТЕМБОТ Санитэ**

## Ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, гъэсэнхэм я псалъэ

Дэтхэнэ гупми хэтщ абы псэ хэзылъхьэ, я зэхэтыкIэ дахэр зыдалъагъу цIыхухэр. Абыхэм ящыщщ Тамарэ. Ар сытым дежи нэфIэгуфIэщ, мурадыфIрэ псэ къабзэрэ зиIэ цIыхущи, малъхъэдисым хуэдэу зыщIешэ нэIуасэ къыхуэхъу нэхъыжьи нэхъыщIи.

Зэрыартисткэ гъуэзэджэм къыдэкIуэу, Тамарэ икIи егъэджакIуэ Iэзэщ. Дэтхэнэ зы студентми гулъытэ хэха хуещI, дэтхэнэми щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъуным иужь итщ. Студентхэм я гум щIыдыхьэри фэрыщIагъ хэмылъу пэжкIэ зэрабгъэдэтыр арагъэнщ.

**АЩХЪУЭТ Беслъэн,**
*Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым и проректор, гъуазджэ щIэныгъэхэм я доктор*

* * *

Балъкъэр Тамарэ и IэщIагъэм хуэIэижьщ. Абырэ сэрэ институтыр къызэрызэIуах махуэ лъандэрэ дызэдолажьэ. Сэ жысIэфынущ ар и гуи и пси етауэ и лэжьыгъэм зэрыпэрытыр, иригъаджэхэм я Iуэху дэкIыным жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу зэрыбгъэдыхьэр. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ Тамарэ иригъэджахэм зэращымыгъупщэр, фIыщIэ инрэ пщIэшхуэрэ къызэрыхуащIыр.

ЗэрыегъэджакIуэфIым къыдэкIуэу, Балъкъэр Тамарэ икIи артисткэ гъуэзэджэщ. Ар зыхэт спектаклхэр зэрыблэдмыгъэкIыным дыхущIокъу, и джэгукIэр цIыхубэм гунэс зэращыхъум дыщогуфIыкI.

**МЫД Мадинэ,**
*Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым и театр факультетым и декан*

* * *

ЛэжьакIуэ гуп ущыхъукIэ, къыбдэлажьэ, къыбдэгъуэгурыкIуэ цIыхум и хьэл-щэнхэм лъэныкъуитIкIэ укъыщоплъ: и цIыху хэтыкIэмрэ зыпэрыт IэнатIэр зэририхьэкI щIыкIэмрэ. А IуэхугъуитIымкIи Балъкъэр Тамарэ дэбгъуэн щыIэкъым, щапхъэ игъэлъагъуэу къогъуэгурыкIуэ.

Тамарэ и гъэсэнхэр утыку къыщришэкIэ, абыхэм я зэфIэкIыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Дэ, и лэжьэгъухэм, тщIэркъым и мурадхэр къехъулIэн папщIэ абы къигъэсэбэп Iэмалхэр. Ар дэркIэ щэхущ. Нэхъыщхьэращи, Тамарэ хузэфIокI иригъаджэхэм ящыщ дэтхэнэри нэхъ зыхуэфI лъэныкъуэмкIэ иунэтIу и IэщIагъэм IэкIуэлъакIуэ хуищIыну. И лэжьэгъухэри, и ныбжьэгъухэри, и гъэсэнхэри Тамарэ къызэрыхущытым къеIуатэ ар сыт и лъэныкъуэкIи зэрыцIыху щыпкъэр.

**КIУМЫХЪУ Людмилэ,**
*Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институтым музыкэм и тхыдэмрэ теориемкIэ и кафедрэм и унафэщI*

* * *

Москва Щукиным и цIэр зезыхьэ училищэм еджакIуэ дыщыкIуэм дэ курыт школыр къэдуха къудейт, Тамарэ театрым щылажьэрт. Ролышхуэхэр кърату щIадзауэ, «мы IэщIагъэм сыхуеджэну сыхуейщ», жиIэри ди гъусэу нэкIуауэ щытащ.

Дэ театрым куэд хэтщIыкIыртэкъым, Тамарэ абы и щэхухэм щыгъуазэти, сытым дежи чэнджэщэгъу къытхуэхъурт. Сэ япэу спектакль пычыгъуэ зыдэзгъэзэщIауэ щытар Балъкъэрырщ. Студент куэд зыщIэс курсым щеджэ псоми роль нэхъыщхьэхэр ягъэзэщIэну къалъысыртэкъыми, егъэджакIуэр къыддэмыIэпыкъуу дгъэув теплъэгъуэмкIэ актёр дызэрыхъунур наIуэ тщIыуэ арат. Абы щыгъуэ ди лэжьыгъэр фIы хъуауэ къызэралъытар нэхъыбэу зи фIыщIэр Тамарэщ.

Ар егъэлеяуэ цIыху тыншщ, гу пцIанэщ. ЕджапIэм дыщыщIэсам хуэдэ дыдэу, ноби гупгъэдахэщ.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Басир,**
*Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIыхь зиIэ я артист*

* * *

Тамарэ сэрэ дызэкурсащ. Дэ школыр къэдуха къудейуэ, Тамарэ тIэкIу нэхъыжьу къытхэхуауэ Москва дыкIуэри, зы пэши дыщIэсащ. НыбжькIэ къызэрытщхьэщыкIышхуэ щымыIэми, ди шыпхъу нэхъыжьым хуэдэу къытхэтащ ар, и жыIэм дедаIуэу, ди чэнджэщэгъуфIу.

Молдавием къикIыжу ди театрым щылэжьэн щIидзэжа нэужь, тIуми зы роль дгъэзэщIэну зыбжанэрэ къытхуихуащ. Апхуэдэхэм деж щыIэщ езым и лэжьыгъэр нэхъыфIу къэзылъытэж, фыгъуэ-ижэ зыхэлъ. Тхьэм и шыкуркIэ, дэ апхуэдэ зэхущытыкIэ лъэпкъ ди зэхуаку къыдэхъуакъым. Дызэчэнджэщу, дызэдэIэпыкъуу, Тамарэ «мыпхуэдэу пщIымэ нэхъыфIщ» къыщызжиIэм деж абы седаIуэу дызэдэлэжьащ, нобэми апхуэдэщ.

**ЩЭРМЭТ Людмилэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ*

* * *

Тамарэ сригъэджащ, фIыуэ солъагъу икIи сыхуэарэзыщ. Сэ абы жызоIэ: «Уэ пхуэдэу адыгэ анэу джэгуфын щыIэкъым». Адрейхэм я жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ аращ сэ пэж дыдэу къызэрысщыхъур. «Нагъуэ и унагъуэ» спектаклым Тамарэ анэм и ролыр щегъэзащIэ, сэ абы и нэгум сызэриплъэу, сызэрыджэгури сщогъупщэжри, си гъын къокIуапэ.

ЦIыху хъарзынэщ, псэ хьэлэл зиIэщ, фыгъуэ-ижэ зыхэмылъщ.

**КIЭХУМАХУЭ ФатIимэ,**
*артисткэ, Тамарэ и гъэсэн*

# КъызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэу



Москва, дунейпсо литературэм и институтым (ИМЛИ), а махуэм щекIуэкIырт иджырей хамэ къэрал романым теухуа зэIущIэ. Щыхьэрышхуэм дэт вузхэм, институтхэм я лэжьакIуэхэм нэмыщIкIэ, абы къыщызэхуэсат Урысейм и гъунапкъэхэм щызэбгрыдза еджапIэ нэхъыщхьэхэм я лIыкIуэхэри. Хамэ къэрал къикIа еджагъэшхуэу зэIущIэм кърихьэлIахэм я бжыгъэри мащIэтэкъым.

Иджырей дунейм щекIуэкI къэхъукъащIэ ткIыбжьхэм дауэ ехъулIэрэ нобэрей романыр? Сыт ар нэхъ зыхуэIэижьыр? Сыт зыпэмылъэщу къанэр? Езы жанрми сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтрэ?

Мы упщIэ мытыншхэм жэуап къыхуагъуэтыну я мурадт ИМЛИ-м и зал Iэхуитлъэхуитышхуэр нобэ хэщIапIэ зыхуэхъуа еджагъэшхуэхэм. Абы яхэтт зы адыгэ цIыхубз.

«Псалъэ изот, – жеIэ тхьэмадэм, – Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, урысей вузхэм щылажьэ американистхэм я ассоциацэми Америкэм и искусствэр зыджхэм я обществэми хэт, Сорос Джордж и цIэкIэ щыIэ саугъэтым и лауреат ЩоджэнцIыкIу Нинэ».

ЦIыхубз лъагъугъуафIэ, жьы щIэту къотэджри, псэлъапIэм къохьэ. ИкIи, и нэ къуэлэн дахэшхуитIымкIэ гуапэу яхэплъэу, залым щIэсхэм Iэдэбу захуегъазэ:

«ПщIэ зыхуэсщI си ныбжьэгъухэ! Сэ икъукIэ сфIэгъэщIэгъуэну сыщIэдэIуащ мыбдеж нобэ къыщапсэлъауэ хъуам. ЗанщIэу жысIэнщи, шэч къытезмыхьэжу къэсщтэни щыIэщ, арэзы сыкъэзымыщIи къыхэкIащ. Хуит сыкъэфщIмэ, фи пащхьэ къыщысIуэтэнут сэри Iуэхум сызэреплъыр».

Гъэхуауэ, игурэ и щхьэрэ зэтелъу мэпсалъэ ди хэкуэгъу цIыхубзыр. Залым щIэсхэри, дихьэхауэ, йодаIуэ. Абыхэм ящыщу зыри щIэупщIэркъым: «Хэт ар, ЩоджэнцIыкIу Нинэр?» – жиIэу. ЩIэупщIэркъым – яцIыхури. Мыпхуэдэ зэIущIэм зи щыпэу кърихьэлIахэми яцIыху – и гуащIэдэкIкIэ, и тхыгъэхэмкIэ.

ЩоджэнцIыкIу Нинэ 1953 гъэм Налшык къалэм къыщалъхуащ. Нинэ и адэр, Iэдэм, усакIуэ цIэрыIуэт. ТхакIуэ Теунэ Хьэчим и шыпхъут абы и анэр, Лиуазэ. ДэнэкIэ зигъазэми, сабийм и нэм псом япэу къыIуидзэр тхылът. Си фIэщи хъуркъым ар гуащэ гъэджэгуным зэрелIэлIаишхуи щыIэу. Езым и ныбжь хъыджэбз цIыкIухэм гуащэ щагъэджэгум щыгъуэ Нинэ къыхуэIэтын-къыхуэмыIэтыну зы тхылъышхуэ гуэрхэм закIэрищIэу щытауэщ си нэгу къызэрыщIыхьэр.

1960 – 70 гъэхэм Нинэ щоджэ Налшык дэт етIуанэ курыт школым. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, а школыр куэд щIауэ ябж Налшыки рес-

публикэми щынэхъыфIу, еджакIуэ цIыкIухэм щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ тэмэмрэ нэхъ щагъуэт еджапIэу.

1970 гъэм, курыт еджапIэр фIы дыдэу къеухри, Нинэ щIотIысхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, урысыбзэмрэ урыс литературэмрэ школым щегъэджыныр IэщIагъэу къыхэзыха щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ ящыщ зыуэ.

Нинэ зэрыцIыкIу лъандэрэ художественнэ псалъэм итхьэкъурт. Предмет псоми фIыуэ хэзагъэми, зыхилъхьэ щымыIэр литературэрт. Макъамэ гуакIуащэм хуэдэу, сабийр щIэдэIурт усэм и IукIэм. ЩоджэнцIыкIу Алий, Пушкин Александр, Блок Александр, Есенин Сергей сымэ, нэгъуэщIхэми я усэхэм дихьэхауэ щIэджыкIырт.

Литературэр зищIысымрэ абы лъэкIынур зыхуэдэмрэ нэсу Нинэ щызыхищIар университетым щыщIэса илъэсхэрщ. ЕгъэджакIуэхэм зыхуагъэIущымрэ езым тхылъым къриджыкIымрэ зэхилъхьэжурэ, абы тIэкIу-тIэкIуурэ къызэIуех дуней телъыджэ – художественнэ псалъэм и дунейр. А дунейр кIуэ пэтми нэхъ узыIэпишэу, укъимыутIыпщыжыххэу дахащэт. Ауэ... Дахэми и закъуэтэкъым: ар инт – гъуни нэзи зимыIэж тенджызым ярейуэ. Тенджызым ещхьуи и куэдт: укъэзыгъэуIэбжьи, укъэзыгъащти, укъэзыгъэшынапи...

Ауэ тенджыз дыдэри цIыхум егъэунэху, едж, абы и нэщэнэхэр къехутэ. Апхуэдэу, литературэкIэ зэджэ тенджыз абрагъуэри зэрадж, абы щекIуэкI Iуэхугъуэхэр къызэрахутэ Iэмал гуэрхэри щыIэщ. Ар IэщIагъэ зыхуэхъуа еджагъэшхуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм дехьэх Нинэ. Иджы ар тхакIуэм къыIэпыкIа тхылъым къеджэ къудейкIэ къэувыIэжыртэкъым. Абы зригъэщIэну хуейт а тхылъым хуатхыжари, ар зытхыжам гу зылъитари, гулъытэ зыхуимыщIу къэнари... КIэщIу жыпIэмэ, студенткэ ЩоджэнцIыкIу Нинэ тIэкIу-тIэкIуурэ къэхутакIуэ ныбжьыщIэ къищIыкIыу арат. И ныбжькIэ щIалэми, а къэхутакIуэр зэчий зыбгъэдэлът, и щIалагъэм хуумыгъэфэщэну, куэдым гу лъитэрт. Ар белджылы къищIащ университетыр къыщиухым Нинэ диплом лэжьыгъэу къигъэтIылъа тхыгъэми (ар зытеухуар американ тхакIуэ Томас Вулф и творчествэрт).



1975 гъэм ЩоджэнцIыкIу Нинэ, университетыр фIы дыдэу къеухри, а гъэ дыдэми ИМЛИ-м и аспирантурэм щIотIысхьэ, 1980 гъэм и кандидат диссертацэри пхегъэкI (ари зытеухуар и диплом лэжьыгъэр зытриухуа тхакIуэрт – Томас Вулфт).

1979 гъэм ЩоджэнцIыкIу Нинэ КъБКъУ-м хамэ къэрал литературэмкIэ щыIэ кафедрэм щылажьэу щIедзэ, япэщIыкIэ ассистенту, итIанэ доценту. Лажьэурэ, 1996 гъэм, къыкIэлъыкIуэ и диссертацэр пхегъэкIри, филологие щIэныгъэхэм я доктор мэхъу, илъэситI докIри, 1998 гъэм, профессор цIэри къыфIащ.

* * *

Зауэшхуэм и зэманми, абы къыкIэлъыкIуэ илъэсхэми ди пединститутым (иужькIэ университетым) щригъаджэу щытащ Пипинис Владислав Феликсович. Ар икъукIэ цIыху гуапэт, и лэжьыгъэ IэнатIэми гурэ псэкIэ бгъэдэтт. И лекцэ купщIафIэхэмкIэ абы студентхэр дригъэхьэхырт хамэ къэрал литературэм и тхыдэм.

ИужьыIуэкIэ, 60 гъэхэм, абы лэжьэгъу къыхуэхъуащ Каюмовэ Рано

Абдунабиевнэ. Ар и ныбжькIэ щIалэт, зыхуеджари нэхъ зыхуэIэижьри къуэкIыпIэ литературэрт (нэхъ тэмэму жыпIэмэ, Индием щызекIуэ бзэ зыбжанэм щыщу урду жыхуаIэмкIэ тхэ авторхэм я творчествэрт). Хамэ къэрал литературэр ди вузым зэрыщадж программэмкIэ бжьыпэр зыIыгъри сыхьэт бжыгъэр, къыдэхуэ щIагъуэ щымыIэу, зытрагъэкIуадэри къуухьэпIэ авторхэм я творчествэрт. Абы къикIырт щIэуэ IэщIагъэ зригъэгъуэтыжыным ярейуэ, Каюмовэм лэжьыгъэ гугъу дыдэ къылъыкъуэкIауэ. Ауэ Рано Абдунабиевнэр гугъум щышынэу къикIуэтыжакъым, езым ищIэр и гъукIэгъэсэным щимыбзыщIу, щимыгъэпщкIуу, хузэфIэкI псомкIи абы дэIэпыкъуащ.

Ерыщу, инату зи IэнатIэм бгъэдэт цIыхубзым куэд хузэфIэкIащ. 70 – 80 гъэхэм абы къызэрегъэпэщ хамэ къэрал литературэр студентхэм егъэджыныр IэщIагъэ зыхуэхъуа егъэджакIуэ гуп (Великановэ Р. Ф., Тетуев Б. И., н.), мыгувэуи кафедрэ щхьэхуэ, япэм зэи щымыIауэ, университетым къыщызэIуах – хамэ къэрал литературэм и кафедрэ (1977). Шэч хэмылъу, а кафедрэщIэм и лэжьыгъэр зыунэтIу, а егъэджакIуэ гупым щапхъэ яхуэхъуу щытар Каюмовэрщ. А зэманым абы къищIыкIат зи предметым фIыуэ хэзыщIыкI, студентхэр зыгъэгупсысэ, тезыгъэгушхуэ икIи дихьэхауэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэм къезышэлIэф егъэджакIуэ.

ЩоджэнцIыкIу Нинэ курс нэхъыжьхэм щыхэсам мис а зи IэщIагъэм икъукIэ хуэIэижь егъэджакIуэращ къыщхьэщытар.

* * *

Къыпэщылъ гъуэгур зыубзыху псы цIыкIур зыIущIэ лъэпощхьэпохэм къагъэувыIэркъым. Ар икIуэтыжыркъым – чыцэ ирихьэлIэми, Iуащхьэ хуэзэми. ЯпэкIэ кIуэныр нэрыгъ зыхуэхъуа псы цIыкIум икIэмикIэжым и насып кърехьэкI: гупсэхуу зыщиукъуэдийуэ, и гъащIэр здынэсыр къыщыбелджылын зэманымрэ щIыпIэмрэ абы къыпоплъэ – и гуращэкIэ къилэжьауэ, а гуращэм зэрыхуэпэжымкIи хуэфащэу.

Аспирантурэм щыщIэса гъэхэм Нинэ Iэмал егъуэт литературэм и зэфIэкIыр къызэрахутэ хабзэхэр нэхъ кууэ иджыну, щIэныгъэлI ахъырзэманхэу Бахтин М. М., Лотман Ю. М., Затонский Д. В., Анастасьев Н. А., н. я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм дерс къыхихыфуи зрегъасэ. АрщхьэкIэ зыми хуэмыдэжу абы и гум къыдыхьэр Засурский Я. Н., Зверев А. М. сымэ я тхыгъэхэрт. А тIуми уахэдэжрэ Нинэ псэкIэ нэхъ и гъунэгъур хэтыт жыпIэмэ, ар, дауи, Зверевырт. Езы Алексей Матвеевичми пасэу къыгурыIуат Нинэ къищIыкIыну къэхутакIуэр зыхуэдэр икIи и нэIэ къытригъэтт, куэдкIэ чэнджэщэгъу къыхуэхъуу.

Москва дэсу, аспирантурэм щыщIэса зэманым Нинэ къыхиха IэщIагъэм нэгъуэщI зыкIи нэхъ хуэIэижь хъуащ. Пэжщ, ди университетым ущеджэуи хамэ къэралыбзэу тIуи, щыи зэбгъэщIэфынущ. Ауэ апхуэдэу зи программэр яухуэр а бзэхэмкIэ IэщIагъэлI щагъэхьэзыр къудамэхэрщ. Нинэ зыхэсар урыс литературэмрэ бзэмрэ школым щегъэджыныр IэщIагъэу къыхэзыха гупырти, хамэбзэ и лъэныкъуэкIэ абы и Iуэхур нэхъ псынщIагъуэт. Нинэ инджылызыбзэр школым зэрыщиджа щIыкIэм сыт щыгъуи къыдихыжырт: зыхэхуа гупым и программэр къытехьэлъэн дэнэ къэна, емылIэлIащэу а предметымкIи «тху» къихьырт. Ауэ иджы нэгъуэщIт абы и нэгум щIэкIыр. Iустазхэр Европэм нэхъ щызекIуэ бзэхэм (хэти бзитIым, хэти щы-плIым) тыншу ирипса-

лъэрт. Абыхэм зыкъыкIэрамыгъэхуну якIэлъекъуу яхэтт. Нинэ къыдеджэхэми. Арыншауи хъунутэкъым: щIэныгъэр и пIэ иткъым, къэхутэныгъэ телъыджэхэр щIэх-щIэхыурэ дунейм къытохьэ, зызэман зыгуэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIыну пIэрэ жыпIэу уплъэу утIысыжмэ, уемыжьэ щIыкIэ укъэувыIэжауэ аращ. Нинэ ар щIэхыу къыгуроIуэри, инджылыбзэм егугъуу щIедзэ, абыкIи къэмыувыIэжу, франджыри едж, инязыр къэзыуха и ныбжьэгъухэм къакIэрымыхууи а бзитIыр зрегъащIэ.

* * *

Хым узэрыIуплъэну, абрагъуэщ дунейпсо литературэр. ЦIыхухэр, лъэпкъхэр зэрызэмыщхьым хуэдэу, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа, щыпсэуа лъэхъэнэкIэ зэщхьэщыкI тхакIуэхэри зэщхькъым. Ауэ абыхэм къахокI езы зэманри зыпэмылъэщыж тхакIуэшхуэ дыдэхэр, езыхэр зэмыщхьми, я ухыгъэкIэ зэфэгъуу. Апхуэдэ тхакIуэхэрщ Нинэ нэхъ дэзыхьэхыр: Шекспир У., По Э., Мелвилл Г., Ман Т., н. Пэжщ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми траухуауэ щыIэр зы къэхутэныгъэ лэжьыгъэкъым, пщIыкъым икIи щэкъым. ИтIани, пэж дыдэм ухуеймэ, пщыгъупщапхъэкъым: тхакIуэр нэхъ иныху – ар кIуэ пэтми цIыхум нэхъ и гъунэгъу мэхъу, абы и творчествэм къыщыIэта Iуэхугъуэу зэгуэр кърамыдзэщауэ е къагурымыIуауэ къэнахэри, махуэщIэм и упщIафэхэмрэ узыфэхэмрэ нэхъ гъэхуауэ пэджэжу къыщIокIри, тхылъеджэм нэхъ IупщIу зыхещIэ, ар къызыхэкI щхьэусыгъуэхэм я жэуапри литературэхутэ щIэныгъэлIхэм щIэрыщIэжу къалъыхъуэу щIадзэ.



Философ-гупсысакIуэжьхэм, гъащIэр зэрызэхэлъымрэ дунейр зэтезыIыгъэмрэ къахутэну я мураду, блэкIамрэ я нэгу щIэкIымрэ зэпалъытырт, зэпашэчырт. ПсэукIэмрэ цIыхухэм я зэхущытыкIэмрэ я пIэм иуджыхьу щыщымыткIэ, дэнэ лъэныкъуэми, зы лъэныкъуэ гуэрымкIэ докIуэ. Ауэ дэнэ лъэныкъуэкIэ дыздэкIуэр: дефIакIуэрэ хьэмэрэ декIакIуэрэ?

Ярэби, гуауэм и пIэкIэ гуапэ, гуIэгъуэм и пIэкIэ гуфIэгъуэ, зэрыукI мыхъуу – зэгурыIуэ, – апхуэдэу щытамэ нэхъыфIтэкъэ? НтIэ, дауэ апхуэдэ зэхущытыкIэм дызэрыхуэкIуэну щIыкIэр, абы дыхуэзышэну гъуэгури дэнэ здэщыIэр? Сыт хуэдэ Iэмал икIи сыт хуэдэ щIэныгъэ лIэужьыгъуэ тхуримыкъур абы папщIэ? Хэт ищIэрэ, дэ, цIыхухэр, дыкъыщIигъэщIар, дызищIысыр, дыщIэпсэур, ди нэм къыIуидзэ мы щIыуэпсым дэ къыщытлъыс увыпIэр, дэ фIыкIэ дызэджэмрэ Iейуэ къэтлъытэмрэ, дэ къедгъэзэгъымрэ къедмыгъэкIумрэ; Дахэу, Щапхъэу къытфIэщIымрэ зызыпыIуддзыпхъэу ди гугъэмрэ, – а псом нэхъ куууэ дегупсысрэ а псор нэхъ тэмэму зэхэдгъэкIатэмэ, дызыгъэпIейтей упщIхэм я щэхур зэуэ къыщIэдмыгъэщыфми, абы дыхуэзышэн лъагъуэ гуэр нэхъ хэдмышыфыну пIэрэт?

Философием и Iыхьэу а упщIэ мытыншхэм я жэуапыр нэхъ хэгъэзыхьауэ къэзытIэщIым онтологиекIэ йоджэ. А Iуэхугъуэ абрагъуэхэр зи творчествэм тхыцIакIуэу пхрыкI авторхэрщ ЩоджэнцIыкIу Нинэ и тхылъыр зытриухуари (тхылъым и фIэщыгъэми ар щыгъэбелджылащ; «Опыт онтологической поэтики», «Наследие». М., 1995).

Иужьрей лIэщIыгъуитIым (епщыкIубгъуанэмрэ етIощIанэмрэ) нэхъ наIуэ къащIащ дунейр зэрыухуамрэ гъащIэр зэрызэхэлъымрэ я

щэхухэм хуэкIуэ лъагъуэр къэлъыхъуэным ерыщу хущIэкъу гупсысэр – философиемрэ литературэмрэ я мызакъуэу – цIыхум къыдекIуэкI нэгъуэщI щIэныгъэ лIэужьыгъуэ псоми, абы и хьилмым къызэщIиубыдэфу хъуами белджылыуэ зэрыпхрыкIыр. ЦIыхум и зэхэщIыкIыр нэхъ лъагэху, и къэухьыр нэхъ бгъуфIэху, – ар пэжым нэхъ и гъунэгъу мэхъу. Бекон Ф. зэрыжиIащи, «щIэныгъэ чэнжым Тхьэм убгъэдешри, щIэныгъэ уэрым (куум) Абы ухуешэ». Iуэхум и пэжыпIэ дыдэр цIыхум и зэхэщIыкIым къимытIэсэнуми, абы нэхъ гъунэгъу хуэхъуфынур зи акъылрэ зи хьилмыкIэ щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэу нэхъыбэ къэзыугъуейрщ, ахэр зэIэпэгъу-зэдарэгъу зэхуэзыщIыфу, екIуу зэдэзыгъэлэжьэфырщ. Абы и щыхьэт хьэзырщ ЩоджэнцIыкIу Нинэ и тхылъ телъыджэр. Гурыгъуазэмрэ иджырей физикэм и Iэужьхэмрэ я зэхуаку мащIэ дэлъ, куэд дэлъ – щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэу, цIыху акъылымрэ хэлъэтымрэ къапкърыкIа Iэмалу, IэщIагъэу, джэгукIэу, кIэщIущыгъэу! НтIэ, абыхэм языхэзри игъэхамэркъым ЩоджэнцIыкIум – игу хуэзагъэу текстыр зэпкърихын папщIэ.

Ар наIуэ къещI тхакIуэ-романтик нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыуэ къалъытэ По Эдгар теухуа едзыгъуэм.

«По зэреплъымкIэ, – етх ЩоджэнцIыкIум, – унэмрэ абы щыпсэу цIыхумрэ я Iуэху зэхэлъ къудейкъым – езы цIыхум ещхьыжщ абы и унэри унэм щIэлъ хьэпшыпхэри. Ауэ персонаж насыпыфIэ узыщрихьэлIэ новеллэхэм унэ гугъу Iуэхум къыщыхыхьэххэркъым. Мыбы щыплъагъур сыт жыпIэмэ, бгыхэм къаухъуреихьа аузрэ хытIыгу дахэкIейрэщ. Аузрэ хытIыгурэ – а тIур псэупIэу и персонажхэм яхухех тхакIуэм. ГъэщIэгъуэныракъэ, По и аузри и хытIыгури хъуреябзэщ, цIыхум зэи имылъэгъуа дуней телъыджэуи щIэращIэщ.

Дауи, апхуэдэ теплъэгъуэр шыпсэ телъыджэ дыдэу къыпщохъу. ТхакIуэм къыхих зэманри абы хуолажьэ: пщыхьэщхьэр, дыгъэр щыкъухьэ меданыр.

Романтикхэм я гуращэт дунеишхуэр зэрыщыту я зэ плъэгъуэм кърагъэтIэсэну; апхуэдэ мурадкIи пейзажыр Iэпэгъу ящIырт, цIыхупсэм щыщIэмрэ щIыуэпсым и щытыкIэмрэ зэралъыту. По и новеллистикэми телъщ а дамыгъэр. Ауэ тхакIуэр абыи къыщыувыIэжыркъым. Ар хущIокъу Дахагъэм и къарукIэ цIыхупсэр ФIым къыхуигъэушыну, н. ж., цIыхум фIэкIуэда жэнэтыр къызэригъуэтыжын Iэмал къыхуелъыхъуэ. По Эдгар къигъэщIащ езым и жэнэт IэрыщI. Ар иухуэри, цIыхухэр Дахагъэмрэ Пэжыгъэмрэ нэхъ гъунэгъу яхуищIащ. Тхьэшхуэм къигъэщIа псоми я гуращэ нэхъыщхьэри абыкIэ къиIуэтащ».

ЗэрынэрылъагъущI, жеIэ ЩоджэнцIыкIум, мыбдеж По къеIуатэ романтикхэр «псом ящхьэж проблемэкIэ» зэджэу щытар: цIыхум Тхьэм дежкIэ зэригъэзэжыр, «мировая душа» жыхуаIэм хуэкIуэу.

Абы и лъэныкъуэкIэ По вагъуэхэм я пщэ къыдэхуэу къилъытэ къалэнымрэ, жеIэ къэхутакIуэм, иджырей астрономием и гупсысэхэмрэ зэтохуэ. А тIур зыгуэркIэ зэщхьэщыкIмэ, ар – тхакIуэм и гукъэкIыр илъэс щитI нэблагъэкIэ япэ къызэрищарщ.

ИкIэм-икIэжым а псор тхакIуэм мыпхуэдэ гупсысэм хуешэ: щIыкIэ дызэджэж ди планетэм зэхэщIыкI зэриIэм, езым псэ зэрыIутым, псори (ери фIыри) зэрызыхищIэм. Ар дыдэр иужькIэ, XX лIэщIыгъуэм, жаIэнущ Твен Марк, Пьер Тейяр де Шарден, Вернадский В. сымэ.

А псоми гупсэхуу, арэзы укъэзыщI щапхъэхэр и гъунэжу, топсэ-

лъыхьри, По теухуа псалъэмакъыр мыпхуэдэу и кIэм негъэс ЩоджэнцIыкIум: «Езым иухуэ и Дуней ДахэмкIэ По Эдгар, ДахагъэмкIэ Магистрым, тхылъеджэхэр хуешэ ФIым, Пэжым, Лъагъуныгъэм. По и тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щызэбгрыдза символхэр псори зыхуэлажьэр зы гуращэ дахэщ – и пщIэ хуэфэщэж дуней къабзэ иухуэн хуэдэу цIыхур щытынырщ».

По къыкIэрыхуртэкъым Мелвилл Германи. ЩоджэнцIыкIу Нинэ и лэжьыгъэм гулъытэшхуэ щыхуещI Мелвилл и творчествэм, псом хуэмыдэжу абы и тхыгъэ цIэрыIуэ, нобэр къыздэсым тхылъеджэм зэригъэщIэгъуэнур къыхуэмыщIэ «Моби Дик» роман гъуэзэджэм.

Я дуней лъагъукIэри фIыуэ зэщхьэщыкIырт а американ тхакIуитIым, я ныбжькIэ илъэсипщI фIэкIа я зэхуаку дэмылъ пэтрэ, илъэсищэкIэ зэпыIухауэ псэуам ярейуэ, апхуэдизу зэмыгуэгъу художникитI, зэхуакушхуэ дыди ямыIэу, зы лъэпкъ гъуазджэм къызэрыхыхьар бгъэщIагъуэу.

По и эстетикэ системэр, дауи ирехъуи, романтизмэм и гъунапкъэхэм йотIасэ.

По Эдгар елъытауэ, Мелвилл Герман и Iуэхур нэгъуэщI къудейуэ къэнэжыркъым. Мелвилл и Iуэхур куэдкIэ нэхъ куущ. «Моби Дик» романым хэтщ мыпхуэдэ зы теплъэгъуэ. Илъэс 40 хъуауэ кхъухьыр зи псэупIэ, джейм ещэкIуэныр зи IэщIагъэ капитан лIыжьым, Ахав, Моби ДиккIэ зэджэ джей абрагъуэм ещанэрейуэ (и ажалыр зыхэлъри арат) ебгъэрыкIуэну зыздигъэхьэзырым, гъуни нэзи зимыIэж хы щхьэфэм и нэр теплъызэу, жеIэ: «Модэ жыжьэу, жьыпэу лъэныкъуэмкIэ, уэшх тIэкIу щошх. Иджыпсту абыкIэ хъуэпсэгъуэу къыщIэкIынщ! А лъэныкъуэмкIэуи къыщIэкIынщ игъащIэм ямылъэгъуа жыг телъыджэ гуэрхэр къыщыкI нэпкъ дахэкIейхэм ухуэзышэ гъуэгур здэщыIэр».

АрщхьэкIэ, мыпхуэдэ теплъэгъуэм Эдгар По (е нэгъуэщI зы романтик гуэрым) и текстым къыщытехуэну къалэныр мыбдежи къыщызылъыхъуэр ауэ къызэрымыкIуэу щыуэнт: Мелвилл и творчествэр, и образ системэр романтизмэм и гъунапкъэхэм итIасэркъым.

НтIэ, онтологием и поэтикэм тещIыхьауэ, сыт Мелвилл и дуней лъагъукIэм лъабжьэ хуэхъур? Сыт хуэдэ къарухэр щызэрыIыгъ икIи щызэпэщIэувэрэ абы и творчествэм? Абыхэм ящыщу дэтхэнэр нэхъ къыхихрэ езы тхакIуэм, дэтхэнэри нэхъ пэжыжьэ? А псом сыт хуэдэ къэIуэтэкIэ-къэгъэлъэгъуэкIэ Iэмалхэри къахуигъуэтрэ? ИкIи сыт я нэщэнэ а Iэмалхэм? Мис а упщIэ мытыншхэм, ауэ щыхъукIи литературэхутэм дежкIэ икъукIэ щхьэпэхэм, я жэуапхэр ЩоджэнцIыкIу Нинэ къыщелъыхъуэ а американ тхакIуэ гъуэзэджэхэм ятеухуа Iыхьэм.

Тхылъым и ещанэ Iыхьэр теухуащ Гарднер Джон, блэкIа лIэщIыгъуэм (XX) къриубыдэу ди къэралми дуней псоми нэхъ хэIущIыIу щыхъуа американ тхакIуэ хьэлэмэтхэм ящыщ зым, и творчествэм.

ГушыIэнымрэ джэгунымрэ и тегъэщIапIэу (ари зыкIи имыгъэпщкIуу) зи IэдакъэщIэкIхэр зыухуэ тхакIуэ телъыджэщ Гарднер. Ауэ, гушыIэр и мыжагъуэми, джэгуныр и Iэпэгъуми, и тхылъым къеджэр куэдым езыгъэгупсысыф, абы и гъащIэм къыщыхуэщхьэпэн куэдкIэ дэгуэшэф тхакIуэщ ар. ИкIи ауэ къызэрымыкIуэу цIыху гу пцIанэщ, хьэлэлщ, абы и творчествэ псом эпиграф гуэр хуэпщIын хуей хъуми, езым и псэлъафэр абы нэхъ хуэкIуэну къыщIэкIынщ: «Уэ зыкъэбгъуэтыжыну ухэтмэ – нэгъуэщIхэм ящIэгупсыс».

ДжэгукIэ зэмыфэгъухэмрэ дызэсэжа жанр зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щызэхохуэж Гарднер и творчествэм, жеIэ ЩоджэнцIыкIум, икIи а псом, икIэм-икIэжым, тхакIуэм къыхещIыкI щымыIа жанрыщIэ, цIыхур IэмалыщIэхэмкIэ фIым хуэзыгъэIущ жанр щIэщыгъуэ – философие куурэ щIагъыбзэ гуапэкIэ псыхьауэ.

* * *

2002 гъэм Налшык къыщыдэкIащ ЩоджэнцIыкIу Нинэ и тхылъыщIэ – «Лабиринты текста» зыфIищар. IыхьитIу зэхэтщ мы тхылъри, язып хамэ къэрал литературэм и проблемэу къалъытэ Iуэхугъуэ пыухыкIахэм (фантастикэм и пкъыгъуэхэм, утопием, антиутопием, къ.), апхуэдэуи Адамс Генри, Твен Марк, Торо Генри, Ман Томас сымэ, н. я творчествэм ехьэлIа Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятеухуащ.

Iуэхугъуэ мытыншым, нобэкIэ теорием щызэхэмыбзым, тегъэпсыхьауэ щытщ «Фантастическое: теория и практика» жыхуиIэ лэжьыгъэр.

Теоретикхэм куэд щIакъым абы гулъытэ хуащIу зэрыщIадзэри, жеIэ ЩоджэнцIыкIум, псори арэзы техъуэу, псоми къабылу къащтэу иджыри зыгуэрым траубыдакъым; фантастикэкIэ псыхьа литературэм теухуа лэжьыгъэхэм ущылъыхъуэмэ, зэтемыхуэ дэнэ къэна, фIыуэ зэщхьэщыкI Iуэху еплъыкIэ зыбжанэ къыщыбгъуэтынущ: фантастикэр хэт къыщохъу стилу, хэт методу, хэти жанру, ар гупсысэкIэм и Iэмалщ е гъащIэм хуаIэ хущытыкIэщ жызыIэхэри щыIэщ, литературэ техникэу зи гугъэхэми урохьэлIэ.

Ещхьыркъабзэу, теоретикхэм фантастикэм и пщэ къыдэхуэ къалэныр щаубзыхукIи, зым зы жеIэ, адрейм нэгъуэщI еукъуэдий, хэт «ар социальнэ щIагъыбзэщ», жи, хэти «дидактикэщ», жи, ар джэгукIэ лIэужьыгъуэу къэзылъытэхэри щыIэщ.

ИкIи, Iуэхум и пэжыпIэр зэхигъэкIын мурадкIэ, ЩоджэнцIыкIу Нинэ къеугъуей темэм нэхъ хэкъузауэ елэжьа еджагъэшхуэхэм (Тодоров Ц., Ченади А. Б., Ирвин У., Эттебери Б. сымэ, н.) я еплъыкIэ зэмылIэужьыгъуэу щыIэу хъуар, ахэр зэпешэч, зэрелъыт, теоретикхэм я мызакъуэу, тхакIуэ-практикхэм ящыщу а тхэкIэм нэхъ хуэIэижьхэм (Толкиен Дж., Льюис К., Гарднер Дж. сымэ, н.) жаIэри къелъытэри, езыр, икIэм-икIэжым, мыпхуэдэ гупсысэхэм хуокIуэ:

1. И нэхъыбапIэр фантастикэ литературэр дызыIуплъэ дунейм пэщIэуэ, пэщIэт мыхъуу, абы щыщ Iыхьэу, абы пызыщэу къоув; дызэсэжа дунейм ди нэм къыщыIуимыдзэ Iуэхугъуэ щхьэпэ гуэрхэр IупщIу тлъагъун папщIэ Iэмал гъуэзэджэу къыщIокI. Ещхьыркъабзэу, фантастикэ е абы и хуэмэбжьымэ къыхэмыхьэу дауэ къызэрыбгъэлъэгъуэнур адрей дунейхэр (зэрыщыIэм шэч хэмылъыжми, цIыхум и зэхэщIыкIымрэ и зыхэщIэмрэ нобэкIэ къимытIасэхэр)?

2. Фантастикэм социальнэ лъабжьэ иIэщ, тхыдэм щекIуэкI къэхъукъащIэмрэ абырэ я зэхуакуми блын дэткъым. Ауэ фантастикэм и гъунапкъэр ди нэм къыIуидзэ гъащIэм итIасэркъым – абы фIыуэ щхьэдох; фантастикэм и IэмалхэмкIэ утопие (зэи щымыIэнуми, щыIэну цIыхур зыщIэхъуэпс дуней, псэукIэ, зэхущытыкIэ, къ.) къэбгъэщI мэхъу.

3. Фантастикэр методу къэплъытэнкIэ Iэмал иIэкъым, сыту жыпIэмэ ар пхрокI Гомер и зэманым къыщыщIидзауэ нобэр къыздэсым литературэм и тхыдэр зыщыгъуазэ методу хъуам (барокко, романтизм,

реализм, модернизм, постмодернизм, къ.).

4. Фантастикэр (нэхъ тэмэму жыпIэмэ, фантастическэр, – икIи жанркъым: дауэ жанр щхьэхуэу къызэрыплъытэнур – жанр куэдыкIейм зэдайр?

5. Ар литературэ техникэм ехьэлIа Iэмал пыухыкIа гуэрхэм хуэпхьынри щыуагъэщ: сыту жыпIэмэ поэтикэм и пкъыгъуэ куэдым (сюжет, лIыхъужь лIэужьыгъуэ, пейзаж, миф, метафорэ, символ, гротеск, къ.) языхэзри фантастикэкIэ псыхьауэ щытынкIэ хъунущ.

6. Фантастическэр – методри, стилри, жанрри, литературэ техникэри зэпызыщIэ, а псоми пхрыкI художественнэ лъагъукIэ лIэужьыгъуэщ. «Фантастическое» жыхуаIэр ебгъапщэ хъунущ «космическое», «трагическое», «возвышенное» жыхуаIэхэм. ИкIи ар эстетикэ и лъэныкъуэкIэ фIыуэ зэщхьэщыкI къатхэм «щолажьэ» – гупсысэ щIагъуэ зыхэмылъ, щIэныгъэ-фантастическэ беллетристикэкIэ зэджэм къыщыщIэдзауэ философие куукIэ псыхьа фантастикэ купщIафIэм нэсу, «космическое» жыхуаIэр зыгуэрхэм я дзэлыфэр ирагъэтIын фIэкIа, нэгъуэщI къалэн зи пщэ къыдэмыхуэ комиксхэми Шекспир и пьесэхэми «зэрыщылажьэм» ещхьу.

ЩоджэнцIыкIум а и гупсысэхэр зыр зым кIэлъыкIуэу ауэ къиIуатэ мыхъуу, художественнэ текстхэм къыхиха щапхъэ Iэрыхуэхэмкlэ дэтхэнэри щIегъэбыдэж.

Си гугъэщ литератруэм и теорием елэжь щIэныгъэлIхэм мы темэм дяпэкIи мызэу зыхуагъэзэну икIи абы языхэзми къыхуэщхьэпэн дэнэ къэна, япэкIэ зыгъэплъэнрэ нэхъ кууэ зыгъэгупсысэнрэ ЩоджэнцIыкIу Нинэ и лэжьыгъэм къыхигъуэтэну.



ЩIагъуэщ Адамс Генри, Твен Марк, Торо Генри сымэ, нэгъуэщIхэми ятеухуа лэжьыгъэхэри.

Мыри сыбзыщIынкъым. ЩоджэнцIыкIум и IэдакъэщIэкI лэжьыгъэ сыкъыщеджэкIэ, сэ мыпхуэдэу семыгупсысыну схузэфIэкIыркъым: ярэби, мы зи гугъу ищI тхакIуэ щыпкъэхэм (псоми!) Нинэ я цIыхугъэу, я цIыхугъэ къудейми къыщымынэу, фIыуэ къалъагъуу, псэкIэ я благъэ зырызыххэми щабзыщIынур абы къыхуаIуатэу къемыкIуэкIауэ пIэрэ, ауэ, ар пэжмэ, лIэщIыгъуэ дапщэ и ныбжьын хуейт езы Нинэ?

* * *

ЩоджэнцIыкIу Нинэ и фIыгъэкIэ, абы и угъурлыгъэм къыдэкIуауэ, нэгъуэщI зыи – зэи щымыIауэ – къэхъуащ: ИМЛИ-ми, МГУ-ми, РГУ-ми (Дон Iус Ростов), нэгъуэщI къалэхэми дэт вузхэм (институтхэм) ди университетым щыIэ кафедрэм, хамэ къэрал литературэмкIэ кафедрэм, пщIэ къыхуащI хъуащ. Ар щыболъагъу Нинэ и унафэм щIэту ягъэзэщIа диссертацэ лэжьыгъэхэм, абыхэм я автор аспирант щIалэгъуалэм щыхьэрышхуэм, ещхьыркъабзэу нэгъуэщI къалэхэм къащылъыс гулъытэми.

А псори ди вузыр зэрыщыIэрэ япэу а кафедрэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэшхуэщ, зэи абы имыIа лъагапIэщ. Иджыпсту а кафедрэр зыхуэдэми, пщэдей абы къыпэплъэми дамыгъэ екIу хуэхъуу си гугъэщ ЩоджэнцIыкIу Нинэ и зэфIэкIыр, и лэжьэкIэр, и цIыху щIыкIэр.

«Лабиринты текста» тхылъым и зэхуэдитIыр хамэ къэрал тхакIуэхэм, хамэ къэрал литературэм ятеухуамэ, адрей и Iыхьэ ны-

къуэр зытеухар ди авторхэрщ: Къанкъул Заур, Къаныкъуэ Заринэ, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Ацкъан Руслан, Емкъуж Мухьэмэд сымэ, н.

Къанкъул Заур и тхыгъэхэм щытепсэлъыхькIэ, Нинэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, гулъытэ хэха зыхуищIыр «Къалэм дэгъуэщыхьа» повестырщ.

ЩоджэнцIыкIум етх: «Заур, ныбжьыщIэхэм я IуэхущIафэхэр къигъэлъагъуэ хуэдэурэ, лъэпкъ псом и тхыдэр къызэриIуэтэн Iэмал гъуэзэджэ къигъуэтащ. БлэкIа гъащIэмрэ нобэмрэ щызэIэпэгъу, уи нэм къыIуидзэ дунеймрэ игъащIэм щымыIамрэ быдэу щызэрыIыгъ, символ дыкъуакъуэхэри, мифым и пкъыгъуэхэри, пщIыхьэпIэри, нэкъыфIэщIри, къалэ псэукIэ мыгурыхьри, лъэпкъым и блэкIа уардэм и нэпкъыжьэ кIуэдыжхэри... а псори щызэхэхуэжу, зыуэ щызэрыубыдыж, куэду зэхэухуэна произведенэ купщIафIэщ повестыр».

Мыбдеж дауэ уигу къэмыкIыжынрэ Сокъур Мусэрбий автор щIалэхэр зыщIипIыкIыу щыта гупсысэр: талант къудейкIэ зэфIэкIыркъым, щIэныгъэшхуэ зиIэ, дунейпсо литературэм фIыуэ щыгъуазэ къудей мыхъуу – абы дерс тэмэм къыхэзыхыф, хьилмырэ хэлъэткIэ тхылъеджэм ефIэкI тхакIуэрщ нобэ гунэс ящыхъун художественнэ тхыгъэ къызыпкърыкIынур.

И ныбжьым тепщIыхьмэ, укъигъэуIэбжьу щIэныгъэ куу зригъэгъуэтат Къанкъулым. ТхакIуэшхуэхэм я деж ар теплъэкъукIыншэу Iэзагъэм щыхуеджэрт, иджырей художественнэ гупсысэм, иджырей къэгъэлъэгъуэкIэ Iэмалхэм фIыщэу щыгъуазэт, ди лъэпкъ литературэм зэи къыщамыгъэсэбэпа къэгъэлъэгъуэкIэ лIэужьыгъуэхэм зрипщытырт. Ар IупщIу ЩоджэнцIыкIум игъэбелджылащ. «Теплъэгъуэхэр, – етх Нинэ, – калейдоскопым ещхьу, зыр зым кIэлъегъэпIащIэ; езы теплъэгъуэхэри зэмыфэгъущ: зэм – жыжьэу укъыщыту укъаплъэ хуэдэу – куэдым зэуэ уIуплъэу, къыкIэлъыкIуэ меданым, прожекторкIэ къыхипхъуэтыкIа нэхъей, зы «цIыкIуфэкIу» гуэрхэр гъунэгъу дыдэу къыббгъэдигъэкIуатэу, – а псори техникэ лъагэ дыдэм и нэщэнэщ. Тхылъеджэр гъащIэ екIуэкIым зэм Бекъул лIыжьым и нэкIэ хоплъэ, зэм Ахьмэд щIалэщIэр абы и пIэ йоувэ, зэми псори зыщIэ, псори зезыгъакIуэ авторым псалъэ IумпIэр еубыдыж. И повестым авторым къыщегъэсэбэп драматическэ модус, поток сознания, къинэмыщI Iэмалхэри, а псори зэхохьэжри тхыгъэм къиIуатэр тхылъеджэм и пащхьэ дыдэм щекIуэкI хуэдэу кърагъэлъагъу».

А тхакIуэ, усакIуэ щIалэ гупышхуэр (Къаныкъуэ З., Емкъуж М., Бэлагъы Л., ПщыукI Л., ГъущIо З., МахуэлI Н. сымэ, н.) псом хуэмыдэжу зыгъэпIейтейуэ, зыгъэгузавэу зы темэ щыIэщ. Дэнэ лъэныкъуэкIэ задзми, нэгъуэщI сыт хуэдэ макъамэм дихьэхми, куэдыщэ дэмыкIыу, псоми, зэгурыIуам ещхьу, абыкIэ траIуэнтIэж, а темэм ягъэзэж. Мыр зэзгъэщхьыну сэ згъуэтар: XVIII лIэщыгъуэм, Лессинг, Гёте, Шиллер сымэ я зэманым, нэмыцэ литературэ псом кIуэцIрыкIырт зы темэ нэхъыщхьэ дыдэ; ар – Германием щыпсэу цIыхухэр, а зэманым щыIа административно-щIыналъэ гуэшыкIэм ебакъуэу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, нэмыцэу хъуар зэувалIэу, зэгурыIуэу, зэгухьэу зы къэралыгъуэ къызэрамыгъэпэщмэ, зы лъэпкъыу зэкъуэмыувэмэ, я Iуэхум зыри къызэримыкIынур IупщIу къызыхэщ темэрт.

ТхакIуэ, усакIуэ щIалэхэм апхуэдэ темэшхуэ яхуэхъуар адыгэ лъэпкъым и нэгу щIэкI трагедиерщ: плъакIуэ зыхуащIу щыта хабзэхэр зэрыкIуэдыжырщ, лъэпкъым ижь лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэу щыта

ФIымрэ Дахэмрэ нобэ зэрыхаутэжырщ, бзэр, нэмысыр, къыддекIуэкIыу щыта зэхущытыкIэ угъурлыхэр щIэнэкIалъэ зэрыхъурщ, къ., кIэщIу жыпIэмэ, лъэпкъым и кIуэдыжыгъуэр къызэрыблэгъар къыбжезыIэ нэщэнэ куэдыщэ нобэ белджылы къызэрыхъуарщ...

Зи цIэ къисIуа автор щIалэхэм (дауи, абы я бжыгъэр нэхъыбэщ) мы темэр езыхэм къапкърыкIащ (нэхъыжьыIуэхэми нэхъыжьыжхэми къыпамыхауэ). Абыхэм ящыщ дэтхэнэми езым хузэфIэкI хилъхьащ а узыфэ бзаджэм кърикIуэну гукъутэр зыхуэдэр художественнэ IэмалхэмкIэ убзыхун мурадым.

Ауэ псом нэхърэ нэхъ гъунэгъуу щыхупIэм и бжьэпэм щхьэщыхьэу, псом нэхърэ нэхъ жыжьаплъэу къуэ куум дэплъэу, нобэ дызэрекIуэкIым хуэдэурэ декIуэкIмэ, лъэпкъым къыпэплъэ кIуэдыжыгъуэр къызэрысыпар иджырей художественнэ IэмалхэмкIэ хьэкъ тщызыщIар Къанкъул Заурщ (ар IупщI дыдэу езым зэрызыхищIар армырауэ къыщIыукI а щIалэ къабзащэр, таланткIи Тхьэр зыхуэупсар, апхуэдизу пасэу зэрыкIуэдыкIар).

Къанкъул Заур и зэфIэкIымрэ и Iэужьымрэ псом япэу къызыгурыIуэу абы хуэфэщэн псалъэ жызыIар ЩоджэнцIыкIу Нинэщ.

ЩIэщыгъуэщ, тхылъеджэр дэзыхьэхын защIэщ мы Iыхьэм («Кавказский лабиринт») хыхьэ адрей едзыгъуэхэри.

* * *



Нинэ, къалэм къыщалъхуами, адыгэбзэр щыгъупщэжакъым. Урысыбзэр IэщIагъэу къыхихами, адыгэбзэкIэ ятххэми щыгъуазэщ. Хамэ къэрал тхакIуэхэм я творчествэм триухуа лэжьыгъэхэм папщIэ доктор хъуащ, профессор цIэр къыфIащащ, Сорос Дж. и саугъэтыр тIэунейрэ къыхуагъэфэщащ, ауэ ди тхакIуэхэми яхужиIэн иIэщ.

Нинэ Алий и фIыгъэкIэ зи фIэщыгъэр жьгъырууэ жыжьэ щыIуа лъэпкъым (ЩоджэнцIыкIухэ) зэращыщри, Iэдэм зэрипхъури, къызыхэкIа лъэпкъым (адыгэхэм) зэрахуэфащэри абы и Iэужьым, и Iэзагъэм, махуэ къэс иригъаджэ студентхэм ябгъэдилъхьэ щIэныгъэм, яхуиIэ щытыкIэм хыболъагъуэ. Апхуэдэ цIыхухэрщ лъэпкъыр лъэпкъ зыщIри, лъэпкъым и къэкIуэнур куэдкIэ зэлъытари.

Мы махуэхэм ЩоджэнцIыкIу Нинэ и ныбжьыр бжыгъэ дахэ ирокъури, дохъуэхъу иджыри илъэс куэдкIэ тхуэузыншэну.

**КЪЭЖЭР Хьэмид,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# Ди бзэкӀэ дывгъэгупсысэ



Адыгэбзэр хъумэным, егъэфӀэкӀуэным теухуауэ псалъэмакъ Ӏэджэ къаӀэтащ, ирагъэкӀуэкӀащ. Ахэр зэмылӀэужьыгъуэ куэд мэхъу. А псалъэмакъхэм нэхъыщхьэу Ӏуэхугъуитӏ къахонэхукӀ.

Зыр – нобэрей адыгэр и анэдэлъхубзэм зэрыхущытым, хуищӀ пщӀэр зыхуэдэм, щӀалэгъуалэр и анэдэлъхубзэм щӀэпӀыкӀыным, ыбжьыщӀэм адыгэбзэ Ӏурылъхьэжыным хуэгъэза псалъэмакъырщ.

ЕтӀуанэр – адыгэбзэр нобэ зэрыт щытыкӀэм, абы и псалъэхэм я къулеигъэр зыхуэдэм, а къулеигъэр къызэгъэпэщыным ехьэлӀа Ӏуэхугъуэхэрщ.

Бзэм и къулеигъэм теухуауэ. Адыгэбзэр пасэм къулейсызауэ пхужыӀэнукъым. Ауэ гъащӀэр и пӀэм иткъым, ар кӀуэтэху, щӀэныгъэм зиужьыху, гъащӀэм къыщыхъу Ӏуэхугъуэщӏэхэм мыхьэнэщӀэхэри къагъэщӀри, ахэр къэзыӀуатэ псалъэщӀэхэри бзэм къыхохьэ. Апхуэдэ псалъэхэм, тхыбзэ зимыӀа адрей бзэхэми хуэдэу, адыгэбзэри хуэныкъуэ мэхъури, псалъэхэр а къызэрахьа дыдэм тету и бзэм хегъэхьэ. Ар мыхьэнэщӀэ иӀэу гъащӀэм къыхыхьа псалъэщӀэхэрщ. Ауэ щыӀэщ адыгэбзэм нэхъапэм хэтауэ, ноби гъащӀэм щызекӀуэ мыхьэнэхэм езэгъ псалъэхэу дахэ-дахэу къамыгъэсэбэпыжхэр. Мис апхуэдэ псалъэжьхэр къэгъэщӀэрэщӀэжыным и телъхьэхэми, абыхэм дахуэмейуэ зыукъуэдийхэми уахуозэ. Адыгэм ӀэщӀэхуж хуэдэ хъуа псалъэхэр бзэм къыхэгъэхьэжыным и телъхьэхэм къалъытэ яӀэщӀэхужа а псалъэхэр къыдэхыжыным анэдэлъхубзэр къигъэберычэтыжыну.

АпхуэдэпсалъэхэрзымыдэхэмкъагъэувахэркъыщӀэплъыхъуэжын щымыӀэу, абыхэм я пӀэкӀэ нэхъапэӀуэкӀэ нэгъуэщӀыбзэм кърахауэ нобэ къэдгъэсэбэпхэм къатенэжыпхъэу. Иужьрей зэманым псом япэу абыхэм фӀэгъэнапӀэ ящӀыр мазэцӀэхэр адыгэбзэкӀэ тхыныр къыдахыжыну яужь зэритырщ (псалъэм папщӀэ, «Адыгэ псалъэ» газетым ахэр адыгэбзэкӀэ итхыу къызэрыщӀидзар гуапэ ящыхъуакъым). Апхуэдэуи ахэр хуейщ адыгэбзэкӀэ ятх мазэцӀэхэр къарыкӀ мыхьэнэкӀэ мытэмэм хуэдэу къыщӀрагъэдзыну икӀи абы щхьэкӀэ къагупсысхэр гурыӀуэгъуэкъым. Къэтщтэнти мазэцӀэхэм ящыщ зым: «мэкъуауэгъуэм» ехьэлӀауэ язынықъуэхэм мыпхуэдэу зэраукъуэдийр: сыт «щӀэмэкъуауэгъуэр»? – мэкъу а мазэм къриубыдэ лъэхъэнэм и мызакъуэу, нэгъуэщӀ зэманхэми уеуэ хъунущ. Пэжщ, хъунущ, еуэ мэкъу, а мазэм и пэ къиихуэуи, а мазэр икӀа нэужьи, ауэ апхуэдэ мэкъуауэкӀэм щӀумыдзэ щӀыкӀэ мыпхуэдэу егупсысыпхъэщ: ди япэм ита нэхъыжьыфӀхэу гъэм а и зэман пыухыкӀам мэкъуауэгъуэ мазэ фӀэзыщахэм мэкъуауэным ӀэджэкӀэ нэхъыбэ хащӀыкӀыу щытагъэнукъэ, «мэкъуауэгъуэм» пэщӀэувауэ нобэ езауэхэм нэхърэ? Ди нэхъыжьхэм илъэс куэдкӀэ ягъэунэхуагъэнт а зэманым ирихьэлӀэу удзыр дыгъэпскӀи псыкӀи ирикъуауэ и фӀыгъуэ дыдэ зэрыхъур, нэхъ пасэу пыбупщӀмэ, кӀынкӀэ иримыкъуа удзым къытекӀынур зэрынэхъ мащӀэр. Е, бгъэкӀасэмэ, гъужын щӀэзыдза удзым мэкъуфӀ къытекӀынутэкъым – ар и дыгъэлагъкӀи, и къэуаткӀи, и фӀагъкӀи куэдкӀэ нэхъыкӀэнут. АтӀэ а щхьэусыгъуэ псори лъэныкъуэкӀэ ебгъэкӀуэтэкӀыу, нэхъыжьхэм



10 Заказ № 189

къагъэщIа псалъэр IэщIыб пщIыныр тэмэм?

Ещхьыркъабзэу пхужыIэнущ адрей мазэцIэхэми ехьэлIауэ. МазэцIэхэр адыгэбзэкIэ тхыныр зымыдэхэм, апхуэдэурэ кIуэмэ, махуэцIэхэми адыгэбзэкIэ дахуейкъым, ахэри нэгъуэщIыбзэкIэ зэратхым хуэгъэкIуапхъэщ, жаIэу къагъэувыныр зыхуэIуа щыIэкъым.

Ди бзэр хъумэным ехьэлIа псалъэмакъым мыпхуэдэ зы Iуэхугъуи гулъытэншэ щамыщIыныр сфIэтэмэмт. Ар адыгэ фIэхъус тыкIэхэрщ. Абыхэми мазэцIэхэм я ужьыр ирамыгъэху щIыкIэ, яхуэфащэ гулъытэ ягъэгъуэтыжыпхъэт. Адыгэ фIэхъус тыкIэхэр цIыхухэр щызэхуэза зэман, зэрызэхуэза щIыкIэ, щызэхуэза щIыпIэ елъытауэрэ куэду зэщхьэщедз. Адыгэ фIэхъусхэм ди щIэныгъэлIхэри хъарзынэу тетхыхьащ (псалъэм папщIэ, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, МафIэдз Сэрэбий, нэгъуэщIхэри). Сыт атIэ иджыпсту абы нэхъ узыгъэгузавэу хэлъыр? ФIэхъус тыкIэхэм я нэхъыбэр зэраIэщIэхурщ. Иджыпсту цIыхуитI зэхуэзамэ, щызэхуэза щIыпIи, зэмани, нэгъуэщIи емылъытауэ, фIэхъусыр «здрасти», «дэсиданэ» псалъэхэмкIэ икъукIэ тыншу зэфIагъэкIри, йожьэж.

Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм адыгэ фIэхъусхэм яхэлъ дахагъэ, гупсысэ, купщIэ, мыхьэнэ телъыджэхэр ягъэкIуэдым и мызакъуэу, бзэр егъэфагъуэ. Зыкъом щIауэ ди лъахэм, псом хуэмыдэу къуажэхэм щыIэ еджапIэхэм хабзэу ягъэувауэ къыщекIуэкI мыпхуэдэ зы Iуэхугъуэм ехьэлIауэ дызыщIэгупсысыжыну игъуэ мыхъуауэ пIэрэ? ЕгъэджакIуэхэр классым щIыхьа нэужь еджакIуэ цIыкIухэм фIэхъус зэрырахыр дауэ? Пщэдджыжьым щIыхьамэ, «фыузыншэм» е «фи пщэдджыжь фIыуэ» жаIэныр егъэджакIуэхэм яфIэемыкIуу, хьэмэрэ я щхьэ трамылъхьэу ара? ЕгъэджакIуэм «здрастикIэ» цIыкIухэм фIэхъус ярихынщи, адэкIэ урокыр (псалъэм папщIэ, адыгэбзэр) егъэджын щIидзэнщ. Мыр хабзэу щыувар нобэкъым икIи дыгъуасэкъым. Аддэ зэ, зы зэман гуэр а лъэхъэнэм екIуэкIа идеологием апхуэдэу нэхъ ирагъэзэгъа, ди «хабзэжьхэм я щIэину» зэгуэр къалъытауэ щыта адыгэ псалъэхэм я пIэ «хабзэщIэм» иригъэува псалъэр игъащIэкIэ зэпхъуэкIыж, абы и пIэ адыгэ псалъэр ибгъэувэж мыхъуну зыгуэрхэм къыщIалъытэри щIаукъуэдийри сыт? Классым щIыхьа егъэджакIуэм адыгэ фIэхъус имытми къыбгурыIуэнущ, ар лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа сабийхэр зыщIэс къалэ еджапIэмэ. Ауэ адыгэ защIэ зыщIэс къуажэ еджапIэм апхуэдэуи убгъэдыхьэныр езэгърэ? Хьэмэрэ, псэлъэн зэрыщIидзэххэу, нэгъуэщIыбзэкIэ фIэхъус тыныр сабийм и щхьэм ирумыгъэубыдэмэ, ар иужькIэ ныбжьыщIэм хузэмыгъэщIэжынкIэ шынагъуэ яIэу ара? Мис апхуэдэ упщIэхэри а зы Iуэхугъуэ закъуэм къегъэув. ИкIи а упщIэхэм я жэуапыр куэдым хьэзыру яIэ зэпытщ, атIэми, жэуапыр адыгэбзэр хъумэным, сабийм Iурылъхьэжыным хуэмылажьэу, зэран хуэхъуу. «Дыхуейкъым, цIыхухэм къащтэжынукъым, яхузэгъэщIэжынукъым», – аращ абыхэм я жэуапыр.

Ди адыгэ псалъэ хъарзынэхэр ди бзэм апхуэдэурэ хэдгъэкIуэдыкIмэ, и куцIри, и къэуатри щIэкIынурэ, ар къаруунщэ дыдэ хъунущ. АтIэ зи бзэр къарууншэ, куцIыншэ хъу лъэпкъым, узыншэу къызэтенэн папщIэ, бзэм нэмыщI, нэгъуэщI къару хэхыпIэ гуэр иIэ?

Мыпхуэдэ зы Iуэхугъуи къэIэтыпхъэт.

Совет лъэхъэнэм язынықъуэ республикэхэм комиссэ щхьэхуэхэр яIэт. ГъащIэм къыхыхьа мыхьэнэщIэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэ бзэм хэмытмэ, комиссэр зэчэнджэщырт, я бзэм нэхъ хэзэгъэну псалъэ тэ-

мэмыр яубзыхурти, псалъэщIэр а лъэпкъым и бзэм къищтэрт. Ауэ апхуэдэ комиссэхэр автоном республикэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту, щыIэтэкъыми, псалъэщIэхэр ахэр къахуэзыхьам къызэрихьа, къыздикIам къызэрикIа дыдэм ещхьу бзэм кърагъэащтэрт. Апхуэдэхэм я нэхъыбэр «интернациональнэ» жыхуэтIэхэрщ. Ахэр ди бзэм къыхыхьэри абы и зы Iыхьэ хъуащи, нэгъуэщIкIэ пхузэхъуэкIыжынуи, щIызэпхъуэкIыжын щыIэуи къыщIэкIынкъым.

Апхуэдэ псалъэхэр бзэм IэмалыншагъэкIэ къищтащ. Адыгэбзэм къигъэтIэсэгъуейуэ къытщыхъу адрей псалъэхэми «дэни къызэрыщапсэлъыр апхуэдэущ» жыпIэу, зумыгъэлIэлIэныр, дауи, нэхъ тыншщ. АтIэми, адыгэбзэм ехьэлIауэ захуагъэу къыщIэкIынкъым бзэм и хабзэхэм тету къыпхуэгъэщIыну псалъэхэри, джэдылIэм здихьа бабыщу, абыхэм ядэбгъэкIуэныр.

Мыпхуэдэ Iуэхуми емыгупсысыпхъэу пIэрэ?

МазэцIэхэр адыгэбзэкIэ итхыну «Адыгэ псалъэм» къызэрырихьэжьэжар зыфIэмыфIхэм ар щIамыдэм и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыуэ къагъэув а псалъэхэр адрей адыгэ лъэпкъхэм зэтемыхуэу къапсэлъу зэрыщытар. ПэжынкIэ хъунщ, къапсэлъу щытагъэнщ, пыухыкIауэ а мазэм щхьэж езым и къэпсэлъыкIэрэ зэреджэ псалъэрэ иIэжу. «ЗэгъунэгъуитI я мэл бжыкIэ зыкъым», жыхуиIэращ, ауэ зэгъунэгъуитIым я мэл бжыкIэр зэрызэтемыхуэм щхьэкIэ мэл бжыгъэм зихъуэжу е мэл мыхъуу нэгъуэщI Iэщ гуэр ябжауэ къыпхущIегъэдзынукъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, мы Iуэхур зэдауэ кIыхьрэ псалъэмакъ лейрэ щIепшэжьэн щхьэусыгъуэ пщIы нэхърэ нэхъ щхьэпэнт, къэпсэлъыкIэ зэхуэмыдэхэри псалъэхэри къахутэжурэ, адыгэ псоми я дежкIэ нэхъ тэмэмхэр къагъуэтамэ. СхужыIэнукъым нобэ «Адыгэ псалъэм» тхын зыщIидзэжа мазэцIэхэм лъабжьэ хуащIар зы къэпсэлъыкIэ закъуэу. Газетым иджыпсту итх мазэцIэхэм къытеувыIэн и пэ, нэгъуэщI адыгэ щIыналъэхэми къыщагъэсэбэп, нэгъуэщI адыгэ лъэпкъхэми жаIэ псалъэхэри къапщытащ. Бзэм, тхыдэм елэжь щIэныгъэлIхэр щIэмыакъылэгъу, щIэмыарэзы гуэрхэр мы Iуэхум хэтмэ, а псалъэхэм джатэ къихакIэ уапежьэ нэхърэ нэхъыфIкъэ, уэ нэхъ пфIэзахуэр убзыхуауэ адыгэбзэм и пащхьэм къиплъхьэныр?

Тепсэлъыхьыпхъэщ ди бзэм къыхагъэхьэжу хуежьа языныкъуэ псалъэхэми, ахэр зыфIэмыфIхэм «IэрыщIщ», «адыгэбзэкъым», «къарыкIыр гурыIуэгъуэкъым» жыхуаIэхэм – «гъуазджэ», «щэнхабзэ», «щIэнгъуазэ», абыхэм ещхь нэгъуэщI гуэрхэри адыгэбзэм къыщагъэщIа псалъэщIэхэу щытми, бзэм и хабзэхэмрэ и псалъэ къэхъукIэхэмрэ езэгъыу хоувэ. Сэ сукъуэдийркъым бзэм къыхагъэхьа апхуэдэ псалъэ псори арэзы узытехъуэн защIэу. Пэжщ, яхэтщ абыхэм арэзы ущIэмыхъуни. Абы къыхэкIыуи, мыбдежми узэгупсысынрэ къэхутэн хуейхэмрэ щыгъунэжщ икIи щIэныгъэлIхэм ар Iуэху ящIмэ, зэлэжьын къелыжу ягъуэтынущ. Апхуэдэхэр цIыхухэм хъарзынэу къызэращтэфынум и щапхъэу къэсхьынщ «щIэнгъуазэ» псалъэр. Илъэс заул и пэкIэ къыдагъэкIыу щытащ «ЩIэнгъуазэ» зыфIаща газет. Псалъэр псынщIэу икIи тыншу япхъуэтащ, сыту жыпIэмэ, газетыр куэдым яIэрыхьэрт, щIэх-щIэхыурэ а псалъэм къеджэрт, ар ялъагъурт, зэхахырти. Ауэ щыхъукIэ, Iуэхур здэщыIэр апхуэдэ псалъэхэр къамыщтэжыфыныркъым, атIэ ахэр цIыхухэм я деж тэмэму нэхьэсыныращ. Абы и закъуэкъым, ахэр нэхьэсыным ухэлIыфIыхьын, сэбэп ухуэхъун мурад уимыIэми, «а псалъэхэм дахуейкъым» жыпIэурэ, зэран умыхъу, адрейхэр бгъэжэкъуэну ухэмыт. Зэран умыхъунри сэбэ-

пынагъщ. КъимыдэкIэ, зыми шэч къытрихьэну си гугъэкъым культури искусстви адыгэхэм пасэми зэраIам, атIэ ахэр щаIакIэ, а мыхьэнэхэр къэзыIуатэ псалъэхэр щымыIауэ фIэщ щIыгъуейщ. Щхьэусыгъуэ гуэрхэм я зэранкIэ бзэм хэкIуэдыкIыжамэ, сыт ди щIэныгъэлIхэм ахэр къалъыхъуэж щIэмыхъунур? Апхуэдэ лэжьыгъэхэм бзэр яхъумэнт, къагъэберычэтыжынт.

А лэжьыгъэхэр зыфIэмыфIхэм аргуэрыжьу къагъэувынущ, а псалъэхэр къащтэжынукъым, яхузэгъэщIэжынукъым, жаIэу, ар жызыIэнум и бзэм зригъэлIэлIэну, щIэуэ къыхыхьэжа псалъэхэр зригъэщIэну щхьэхмэ, и щхьэхынагъэр зэдыщIэкIыу адыгэ псоми щIарихьэлIэн щыIэкъым.

Ди бзэр сыт хуэдизкIэ къэдгъэщIэрэщIэжыну, къулей тщIыну яужь димытми, зыри къикIынукъым а бзэр зыIурылъын хуейхэм я гупэр абы хуагъэзэжыху, уи анэдэлъхубзэм хуэпщI пщIэр бгъэпуд зэрымыхъунур къагурыIуэу, я бзэр быдэу яубыдыжыху. Зи анэдэлъхубзэм и пщIэр зыгъэпудым и щхьэм пщIэ хуищIыжу схужыIэнукъым.

Ди бзэм и пщэдейр, и натIэ хъунур зэлъытар ар ди щIалэгъуалэм зэраIурылъ щIыкIэрщ.

Пэжщ, нобэ куэд иротхьэусыхэ икIи тогузэвыхь анэдэлъхубзэм пэIэщIэ ныбжьыщIэхэр зэпымыууэ нэхъыбэ зэрыхъум, щIалэгъуалэр ягъэкъуаншэ я бзэр фIыуэ зэрамыщIэжымкIэ. Ауэ тэмэму пIэрэ абыкIэ къуаншагъэр ныбжьыщIэхэм я закъуэ ятетлъхьэныр. Сэ ар сфIэзахуэкъым. Къуаншагъэр псом япэу щылъагъупхъэри здэщыIэри нэхъыжьхэм я дежщ. Абы и щыхьэту къэсхьынщ илъэс зыбжанэ и пэкIэ си нэгу щIэкIа икIи быдэу къыщIэнэжа зы теплъэгъуэ цIыкIу.



Троллейбусым сису, зы цIыхубз хэкIуэта, илъэси 9-10 зи ныбжьын щIалэ цIыкIу и гъусэу къитIысхьащ. Троллейбус, автобус зекIуапщIэ талонхэр компостеркIэ щыпхауд зэманырати, цIыхубзым талонхэр къигъэIэгъуэри, щIалэ цIыкIум иритри, урысыбзэкIэ жриIащ: «кIуэ пхыуд». ЩIалэ цIыкIум талонхэр Iихщ, лъэбакъуитI хуэдэ ичщ, цIыхубзым зыкъыхуригъэзэкIыжри, адыгэбзэ къабзэкIэ жиIащ: «АтIэ, адыгэбзэкIэ къызжепIэ хъунутэкъэ ар?» КъызэрымыкIуэу къызэгуэпэкIа жэуапым сригъэгупсысащ: «АтIэ адыгэ сабийхэм я анэдэлъхубзэр фIыуэ ямыщIэу къэхъумэ, зи ягъэр хэт: урысыбзэкIэ фIэкI сабийм емыпсалъэ а цIыхубзым хуэдэ нэхъыжьхэра хьэмэрэ анэдэлъхубзэм зи нэр къыхуикI сабийр ара?» – жысIэу. Си гугъэщ мыбдежым жэуапыр, пыпхыни пыплъхьэни щымыIэу, гурыIуэгъуэу.

Зыуэ къызэщIэпкъуэжмэ, ди адыгэбзэм узэгупсысынрэ узэлэжьынрэ ди зэманым къолыж икIи и мазэцIэхэр, мыдрейуэ нэгъуэщIыбзэм къыхэтха язынкъуэ псалъэхэр адыгэбзэм къигъэтIэсэн лэжьыгъэр IэщIыб тщIыкIэ Iуэхур зэфIэкIынукъым.

Адыгэбзэр тхъумэн, абы зедгъэужьын папщIэ Нало Заур жыхуиIауэ щыта гупсысэри зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым: нэхъыщхьэр адыгэбзэкIэ укъеджэным, утхэным, упсэлъэным я закъуэкъым. Псом я щхьэжыр адыгэбзэкIэ гупсысэнырщ. Ди бзэмкIэ дыгупсысэу зедмыгъэсэжмэ, адрей псоми я мыхьэнэр тфIэкIуэдынкIэ шынагъуэщ. АтIэ быдэу девгъэгупсысыт: адыгэбзэкIэ дыгупсысэу зедгъэсэжыфыну?

**УЭРЭЗЕЙ Афлик**

*Нарт Батрэз и хъыбархэм щыщ*

# Хъымыщрэ испы гуащэмрэ

Хъымыщ щакIуэ ежьауэ мэзым здыщIэтым зы щыхь къыIэщIэлъэгъуащ. И шабзэр зэIуидзэри щыхьым иригъэпщауэ, зы шу цIыкIу къыкъуэжащ. Шу цIыкIум, япэ зригъэщри, щыхьыр къиукIащ. Хъымыщ и шабзэр зэфIихыжащ, шу цIыкIум, епсыхауэ, щыхьыр зэIихырти, бгъэдыхьащ:

– ФIыкIэ ушх, сяпэ укъищащ, – жери.

– Уи Iыхьи хэлъщ, – къыжриIащ шу цIыкIум. – Унеблагъэмэ, узгъэхьэщIэнщ.

Шу цIыкIур испым я шу пашэрауэ къыщIэкIащ. Испым я шу пашэм деж еблэгъащ Хъымыщ.

Жэщищ-махуищкIэ щыхьэщIащ Хъымыщ испым я шу пашэм деж. ХьэщIэщым Iэнэ къизыхьэ пщащэм егуакIуэри, ар къишэн мурад ищIащ Хъымыщ. Пщащэр испым я шу пашэм ипхъут.

Хъымыщ къыдэкIуэн идакъым испы гуащэм:

– Уэ унартщ, испыр дыцIыкIу лъэпкъщ, къызэпхъуэныжынщ, – жери.

– Уэсхъуэныжынкъым, – жиIащ Хъымыщ.

– Къызумыхъуэныжынумэ, сыбдэкIуэнщ, – къыжриIащ испы гуащэм. – Къыщызэпхъуэныжа махуэм уи унэ сыкъикIыжынщ.

АбыкIэ зэгурыIуэри, Хъымыщ испы гуащэр къишащ.

Испы гуащэр унэ къихьэри зыбжанэ дэкIауэ, Хъымыщ хьэщIэ къыхуепсыхащ.

– ХьэщIэ диIэщ, тхуэпщафIэ, – жери Хъымыщ испы гуащэм деж игъэкIуащ.

ХьэщIэхэр мэуэршэрри щысщ, хьэщIэщым Iэнэ кърахьэркъым.

– ХьэщIэ зэрыдиIэр жефIакъэ, щхьэ зрилъэфыхьрэ гуащэм? – жери аргуэру иIуэхуащ Хъымыщ.

ИIуэхуар къиутIыпщыжащ испы гуащэм:

– Иджыпсту хьэзыр хъунущ, – жери.

«Иджыпсту» жиIа щхьэкIэ, хьэщIэщым Iэнэ кърахьэркъым.

Испы гуащэм зыщигъэгувэм, Хъымыщ губжьри хьэщIэщым икIащ, пщэфIапIэм кIуэри бжэщхьэIум теуващ:

– ЕужьэрэкI, мыгъуэ цIыкIу, хьэщIэм емыкIу идощIэ, – жери.

Испы гуащэм зы псалъэ къыпидзыжакъым, Iэнэр хьэзыр хъуати, хьэщIэщым иригъэхьащ.

Хъымыщ и хьэщIэр, я щысын зэфIэкIати, гъуэгу теувэжащ, езыри якIэлъыдэкIащ.

ХьэщIэр гъуэгу тригъэувэжри, Хъымыщ и унэ ихьэжащ.

– Уи псалъэ бгъэпэжакъым, – къыжриIащ испы гуащэм. – Мыгъуэ цIыкIукIэ укъызэщащ. Сэ си псалъэ сепцIыжынукъым – уи унэ сокIыж.

Испы гуащэр, Хъымыщ и унэ икIыжри, и дыщым кIуэжащ.

# Дэпыр зыжьэдидзэурэ

И анэм и бгъэм къыщыщIачым, Батрэз нэгъуэщI бзылъхугъэ и быдзышэ яхуефакъым.

Сабийр быдз щахуемыфэм, Вэкъуэнанэ гузавэри испы гуащэм деж кIуащ:

– Сабийр быдз тхуефэркъым, сыт ди Iэмал? – жери.

– ШхэкIэ ищIэркъым, аращ быдз щIыфхуемыфэр, – къажриIащ испы гуащэм. – ШхэкIэ евгъащIэ. ЗэревгъэщIэнур мыращ. Жьэгум пхъэдакъэжь мафIэ дэфщIыхь.

МафIэр ужьыхыжрэ дэпыр яжьэм щIиуфа нэужь, жьэгур къифтхъуи, сабийр пэрывгъэтIысхьэ: яжьэр щызэIищIэкIэ дэп къыхэлыдыкIмэ, зыжьэдидзэурэ шхэкIэ ищIэнущ.

Вэкъуэнанэ къэкIуэжри жьэгум пхъэдакъэжь мафIэ дищIыхьащ. МафIэр ужьыхыжа нэужь, жьэгур къритхъури сабийр яжьэ пщтырым хигъэтIысхьащ. Яжьэр щызэIищIэкIэ дэп къыхэцIуукIмэ, зыжьэдидзэурэ, Батрэз шхэкIэ ищIэ хъуащ.

# И адэм илъ ещIэж

1

Испы гуащэр уэндэгъу хъуауэ икIыжащ. Испы гуащэр икIыжа нэужь, Хъымыщ куэдрэ псэужакъым – Пщымарыкъуэ къиукIащ.

Хъымыщ иукIауэ, Пщымарыкъуэ зэхихащ испы гуащэр зэрыуэндэгъур.

– ЩIалэ къилъхумэ, дукIынщ: къэхъумэ, и адэм илъ ищIэжынущ, – игу ирилъхьащ Пщымарыкъуэ.

Испы гуащэм щIалэ къилъхуащ.

– Сабийм сыт и лажьэ? – ядакъым нартхэ. – Къан тщIынщи, тпIынщ: и ныбжь нэсмэ, зы шууэ къытхэувэнщ.

Сабийр испы гуащэм къаритащ. Гущэм хапхэри зы фыз бгъэдагъэуващ. Сабийр жеяуэ, фызыр псыхьэ кIуащ. Псыхьэ кIуар къэмысыж щIыкIэ сабийр къэушащ. Зиукъуэдийри гущэ натIэр хищIыкIащ сабийм. Зыщигъазэм, гущэ дзажитIыр хикъутыхьащ. КъыщызэфIэтIысхьэм, выфэ гущэпсыр зэпичащ.

Сабийм и хъыбар Пщымарыкъуэ деж нэсащ.

– Ар къэбгъэхъу хъунукъым, – жери Пщымарыкъуэ сабийр иукIын мурад ищIащ.

Пщымарыкъуэ и мурадыр къыщищIэм, фызым сабийр дихащ, шыхъуэ пщыIэ щрихьэлIэм, сабийр якIэщIидзащ.

Батрэз фIащауэ шыхъуэм япIурэ, сабийр къыдэкIуэтеящ, балигъ щыхъум, шы къратащ.

Шыхъуэм кърата шым шэсри, гъуэгу техьащ Батрэз. Гъуэгу техьауэ, зы шу ирихьэлIащ.

– Дэнэ укъикIыжрэ, пщыдадэ? – еупщIащ Батрэз шум.

– Лъэпщ и кIыщым сыкъокIыж, – къыжриIащ шум. – Хъымыщ щызукIым си джатэм и дзэр къыIуигуати, джатэр езгъэлъыжащ.

– ПщымарыкъуэкIэ зэджэр уэра?

– Сэращ, си щауэ, – къыжриIащ Пщымарыкъуэ, уанэгум здисым.

«Си адэр зыукIам срихьэлIаи!» – жиIащ Батрэз игукIэ.

– Уи джатэм себгъэплъын, пщыдадэ? – жери Батрэз Пщымарыкъуэ бгъэдэкIуэтащ.

– Уезгъэплъынщ, си щауэ, – жери Пщымарыкъуэ джатэр къишиящ.

Джатэр къыщыжьэхэлыдэм, Батрэз и шыр щIэбгъунлъыкIащ.

– Си шыр щощтэ – джатэ IэпщэмкIэ къэший, – жиIащ Батрэз, Пщымарыкъуэ бгъэдэкIуэтэжри.

Пщымарыкъуэ джатэ Iэпщэр къишиящ. Джатэр иубыдри зэпиплъыхь зищIащ Батрэз. Пщымарыкъуэ шэч ищIащ: «СызрихьэлIар Хъымыщ и къуэра сфIощI», – жери.

Шэч ищIри, Пщымарыкъуэ шым елъэдэкъэуащ, джатэ гугъуи хэтыжакъым.

Батрэз куэд иригъэкIуакъым и адэр зыукIам: лъэщIыхьэри езым и джатэмкIэ иукIыжащ.

2

Хъымыщ щиукIым и джатэдзэр къыIуигуати, Пщымарыкъуэ Лъэпщ деж кIуащ:

– Си джатэр схуэлъыж, – жери.

Джатэр Лъэпщ иригъэлъыжри, Пщымарыкъуэ къежьэжащ. КъыздэкIуэжым зы шу IущIащ.

– Дэнэ укъикIыжрэ, Пщымарыкъуэ? – къеупщIащ шур.

– Хъымыщ щызукIым джатэдзэр къыIуигуати, Лъэпщ езгъэлъыжащ, – жиIащ Пщымарыкъуэ.

– Дэнэ укIуэрэ?

– Алыджхэ сокIуэ, – жиIащ Пщымарыкъуэ. – Алыджхэ я санэхуафэщ.

– Гъусэ сыпщIтэмэ, сынэкIуэнт, – жиIащ шум. – Нартхэ я санэхуафэ зэи сыхыхьакъым, сыгъэлъагъу.

– Хъунщ, гъусэ усщIынщ, – жери Пщымарыкъуэ шур здришэжьащ.

Гъуэгу здытетым, шэджагъуэ хъуати, Пщымарыкъуэ епсыхащ:

– Дедзэкъэнщ, – жери.

Жыг жьауэ щIэтIысхьэри Пщымарыкъуэрэ шу щIалэмрэ я гъуэмылэр къащтащ. Шха нэужь, Пщымарыкъуэ жиIащ:

– Сэ тIэкIу сыщхьэукъуэнщ, уэ шым еплъ.

Пщымарыкъуэ жейм щыхилъасэм, щIалэр къыбгъэдыхьэри Лъэпщ илъыжа джатэм епхъуащ.

– Сыт пщIэнур? – къыдэплъеящ Пщымарыкъуэ, къызэщыури.

– Си адэм епщIар уэсщIэнущ, – жиIащ щIалэм.

Пщымарыкъуэ и щхьэр фIихщ, Пщымарыкъуэ и шым шэсщ, щхьэр уанэкъуапэм ирипхри езым и шыр IумпIэкIэ иубыдыжащ щIалэм:

– Нартхэ я санэхуафэм сахыхьэнщ иджы, – жери.

Нартхэр къаплъэри Пщымарыкъуэ и шыр къацIыхужащ.

– ГъэщIэгъуэныр долъагъури! – жаIащ нартхэм. – Пщымарыкъуэ и шым тес щауэщIэр хэт хъурэ?

Нартхэ яхыхьэри щIалэр епсыхащ.

– Ар гъэщIэгъуэнкъым, нартхэ, – яжриIащ щIалэм. – ГъэщIэгъуэн фыхуеймэ, уанэкъуапэм кIэрыщIа щхьэм феплъ.

Пщымарыкъуэ и щхьэр санэхуафэм зыхьар Батрэзт.

3

Пщымарыкъуэ къиукIауэ и псэр щыхэкIым, Хъымыщ жиIащ: «Ныбэм илъым силъ ищIэжынщ», – жери. Ар Пщымарыкъуэ къыгурыIуакъым.

Тхьэгурымагъуэм деж кIуащ Пщымарыкъуэ:

– Хъымыщ щызукIым мыр жиIащи, къикIыр къызжеIэ, – жери.

– Испы гуащэр уэндэгъу хъуауэ икIыжащ. ЩIалэ къилъхумэ, и адэм илъ ищIэжынущ, – къыжриIащ тхьэгурымагъуэм.

Испы гуащэм щIалэ къилъхуащ. Пщымарыкъуэ игъакIуэри сабийр къригъэдыгъуащ, мэзым иригъэхьри жыг гъуанэм иригъэтIысхьащ:

– ИлIыхьыжынщ, – жери.

Жыг гъуанэм ис сабийм щакIуэ ирихьэлIащ. Сабийр и пщыIэм здихьащ щакIуэм.

ЩакIуэм ипIурэ, сабийр къыдэкIуэтеящ. И ныбжь щынэсым, пщыIэм текIуэдыкIащ Батрэз, ХьэрэмэIуащхьэ кIуэри нартхэ зауэ яхилъхьащ.

– Мыбы диухынущ, – жари нартхэ гузавэ хъуащ. Тхьэгурымагъуэм деж кIуэри я Iуэху зытет жраIащ.

– Зауэ къыфхэзылъхьам сыт и шыфэлIыфэ? – къеупщIащ тхьэгурымагъуэр.

– Щауэ къуапцIэ лъэнкIапIашэщ, – жаIащ нартхэм.

– Испы гуащэм къилъхуа щIалэрщ фи ужь къихьар, – къажриIащ тхьэгурымагъуэм. – И адэм илъ имыщIэжауэ, фи ужь икIынукъым. Фыпэувкlэ фыпэлъэщынукъым. ФекIужи нэхъыфIщ.

– ДекIужа зэрыхъунур дауэ?

– Фи цIыхубзхэр, я бгъэ зэIухауэ, фяпэ ивгъэуви, ХьэрэмэIуащхьэ фыкIуэ: цIыхубзым я хьэтыр къилъагъунщ.

Я цIыхубзхэр япэ ирагъэувэри ХьэрэмэIуащхьэ кIуащ нартхэр:

– Уи адэм и лъыуасэ уэттынщ, ди ужь икI, – жари.

– Си адэм и лъыуасэр вжесIэнщ, – къажриIащ Батрэз. – ШыбзэкIэ псы къысхуэфхьмэ, ар зы лъыуасэщ. Шэбар гулъэмыж схуэфщIмэ, ар етIуанэ лъыуасэщ. ХьэмкIутIейм пхъэбгъу къысхухэфхмэ, ар ещанэ лъыуасэщ.

Псы шыбзэкIэ къахуэхьакъым нартхэм. Шэбар гулъэмыжи яхуэщIакъым. ХьэмкIутIейми пхъэбгъу къыхахыфакъым.

– Си адэр зыукIар къызжефIэмэ, ар лъыуасэ хъунщ, – къапиубыдащ Батрэз итIанэ.

– Уи адэр зыукIар Пщымарыкъуэщ, – къэхэшащ нартхэр.

– Дэнэ щызгъуэтынур Пщымарыкъуэ?

– Лъэпщ и кIыщым кIуащ. Псыжь бжьэпэ утеувэмэ, къыщигъэзэжкIэ уIущIэнущ, – къыжраIащ.



Батрэз Псыжь бжьэпэ теуващ. Пщымарыкъуэ Псыжь къызэпрыкIыжри блэкIрэ пэт пыдыхьэшхыкIащ.

– Щхьэ упыдыхьэшхыкIа, пщыдадэ? – еупщIащ Батрэз Пщымарыкъуэ.

– Хъымыщ щызукIым си джатэдзэр къыIуигуати, сигу къэкIыжауэ аращ сыщIыпыдыхьэшхыкIар, – жиIащ Пщымарыкъуэ.

– Себгъэплъын уи джатэм, пщыдадэ? – бгъэдэкIуэтащ Батрэз Пщымарыкъуэ.

– Уезгъэплъынщ, – жери Пщымарыкъуэ джатэр къиишиящ.

Пщымарыкъуэ джатэр къыщишийм, Батрэз и шыр бгъунлъащ.

– Джатэдзэр шым и нэм къыщIолыдэ. Джатэ Iэпщэр къэший, пщыдадэ.

Пщымарыкъуэ джатэр къыщишийм, Батрэз джатэ Iэпщэр иубыдри и адэм илъ ищIэжащ: Пщымарыкъуэ Псыжь бжьэпэ триукIыхьащ.

И адэм илъ ищIэжа нэужь, Батрэз нартхэм я ужь икIыжащ – зауэ яхилъхьэжакъым, яхэсыхьыжри зекIуэ ядежьэ хъуащ.

# Адэм и лъы уасэ

И ныбжь щынэсым:

– Си адэм илъ сщIэжынщ, – жери Батрэз нартхэ зауэ яхилъхьащ.

Зауэ щахилъхьэм, нартхэ къэгузэващ.

– Зауэ къытхыумылъхьэ, ди ужь икI, уи адэм и лъыуасэ уэттынщ, – къыжраIащ нартхэм.

– Си адэм и лъыуасэр вжесIэнщ, – жиIащ Батрэз, ХьэрэмэIуащхьэ кIуэри. – Фэнд из аргъуеилъ къысхуэфхьмэ, си адэм и лъыуасэ хъунщ.

Фэнд из аргъуеилъ ягъуэтакъым нартхэм.

– Дгъуэтыркъым, Батрэз, – къыжраIащ.

– Абы щыгъуэм хьэмкIутIейм пхъэбгъу къысхухэфхынщ – си адэм и лъы уасэ

хъунщ ар, – яжриIащ нартхэм.

Нартхэм хьэмкIутIейм пхъэбгъу къыхахыфакъым.

– Къытхухэхыркъым, Батрэз.

– ХьэмкIутIейм пхъэбгъу къыщыхэвмыхыфкIэ, гулъэмыж хъун шэбар къысхуэфхьмэ, си адэм и лъыуасэ хъунщ, – япиубыдащ Батрэз нартхэм.

Гулъэмыж хъун шэбар ягъуэтакъым нартхэм.

– Дгъуэтыркъым, Батрэз.

– Лъей из дарий сахуэ къысхуэфхьи, си адэм и лъыуасэ хъунщ, – яжриIащ итIанэ.

Нартхэм дарийуэ яIэр ягъэсыжа щхьэкIэ, лъейм из яхуэщIакъым.

ИтIанэ мыр япиубыдащ:

– ШыбзэкIэ псы къысхуэфхьи, си адэм и лъыуасэ хъунщ.

ШыбзэкIэ псы къахьыфакъым нартхэм.

– Къытхуэхьыркъым, Батрэз, – жаIащ нартхэм.

– Шы пщIэгъуалищэ къысхуэфху, щэми я щхьэ фIыцIэрэ зэщхьыркъабзэу, – си адэм и лъыуасэ хъунщ ар.

Шы пщIэгъуалищэ хагъуэтакъым нартхэ я шыбзым, щэми я щхьэ фIыцIэрэ зэщхьыркъабзэу.

– Абы щыгъуэ, – яжриIащ Батрэз нартхэм, – пкIэлъей евдзи, уафэм фыдэкIуей – си адэм и лъыуасэ хъунщ ар.

ПкIэлъей ирадза щхьэкIэ, нартхэр уафэм дэкIуеифакъым.

– Ди гуащIэм къихьыркъым, Батрэз, – жаIащ нартхэм.

– Армэ, сэ хы тIуащIэм сыдыхьэнщи, сыкъызэджэр нэвгъакIуэ – си хъыбар къыфхуиххьыжынщ, – жери Батрэз хы тIуащIэм дыхьащ.

Нартхэ ящыщ зым къеджэри хы тIуащIэм дишащ.

Хы тIуащIэм дишар къиукIри и шыр къиутIыпщыжащ Батрэз.

ЕтIуанэми къеджащ.

ЕтIуанэри къиукIащ.

Ещанэми ар кърищIащ.

– Мыбы дыIэщIэухэнущ, – жари нартхэр зэрыгъэщтащ. Зэрыгъащтэри, къеджа щхьэкIэ, хы тIуащIэм дыхьэжаIакъым.

– Фи ужь сикIынщ, си адэр зыукIар къызжефIэмэ, – яжриIащ Батрэз нартхэм, хы тIуащIэм къыдэкIыжри.

– Уи адэр зыукIар Пщымарыкъуэщ, – къэхэшащ нартхэр.

И адэр зыукIам и цIэ къыщраIуэм, Батрэз нартхэ я ужь икIыжащ.



# МывопцIэр зыхуэфащэр

Лъэпщ мывопцIищ хасэм ихьащ: «Зыхуэфащэм естынщ», – жери. «Сэ сылIщ» жызыIэ къэнакъым хасэм къемыкIуалIэ: Сосрыкъуи, Бэдынокъуи, Ашэ и къуэ Ашэмэзи.

Хасэм яхыхьэри, Лъэпщ жиIащ:

– Хэт хуэвгъэфащэрэ мывопцIэр? Зи цIэ къифIуэращ зэстынур. Зы мывопцIэр изот шууищэ езыгъэпсыхыфам. Хэт зэрихьа апхуэдэ лIыгъэ?

Сосрыкъуэ и цIэ ираIуащ, Бэдынокъуэ и цIи жаIащ, Ашэ и къуэ Ашэмэзи, Албэч и къуэ Тотрэши, Къанж и къуэ Щэуеи – зи цIэ кърамыIуа къэнакъым.

– Иныжьыр хигъащIэри, Сосрыкъуэ мафIэ къихьащ, – жаIащ. – МывопцIэр Сосрыкъуэ хуэфащэщ.

– Бэдынокъуэ чынтыр хигъэщIащ: Бэдынокъуэщ мывопцIэр зыхуэфащэр.

– Ашэ и къуэ Ашэмэз Лъэбыцэжьей и шыбз гуартэр къихуащ: мывопцӀэр зыхуэфащэр Ашэ и къуэ Ашэмэзщ.

Хасэр зэгурымыӀуэ щыхъум, Насрэн ЖьакӀэ и псалъэ къыхилъхьащ:

– МывопцӀэр зыхуэфащэр Хъымыщ и къуэ Батрэзщ: лІыгъэ дэслъэгъуащ – и закъуэ япэуври шууищэ иригъэпсыхащ.

– Дауэ зэрыхъуар? – еупщӀащ нартхэр Батрэз.

– Си щакӀуэхьэращ зи фӀыщӀэр, – къажриӀащ Батрэз. – ЗекӀуэ сежьауэ, хьищэ си ужь къихьащ. Хьищэр къыщежэм, си щакӀуэхьэм щӀитхъуащ, хьищэр иришажьэри губгъуэм ихьащ. «Къелынукъым, си хьэм сыхэкӀыжащ», – жысӀэри сыгузэващ, сакӀэлъежьэрэ сыплъэмэ – си хьэр къапэтӀысауэ солъагъу. Хьищэр зыр зым и ужь иувауэ зэрохь, зэкӀэлъхьэужь щыхъум, си хьэм къигъазэри хьищэр зырызурэ илӀащ. Абдеж къыщызгурыӀуащ: шууищэ уи ужь къихьэмэ, зэкӀэщӀэчи, уапэлъэщынущ. Шуищэ си ужь къихьэгъати, аращ есщӀар.

– ЛІыгъэ уиӀэщ, мывопцӀэр уэращ зыхуэфащэр, – жери Лъэпщ мывопцӀэр Батрэз къритащ. – ЕтӀуанэр зэстынур нэхъ бэшэчыращ. Хэт хуэвгъэфащэрэ? – къеупщӀащ нартхэм.

Сосрыкъуи, Бэдынокъуи, Ашэмэзи, Тотрэши, Щэуеи я цӀэ къраӀуэурэ хасэр зэгурымыӀуэ щыхъум, Тхьэгъэлэдж псалъэ къахилъхьащ:

– Хъымыщ и къуэ Батрэз нэхъ бэшэч срихьэлӀакъым. ЛІы гуп жэщибл-махуиблкӀэ хъуэхъу Ӏэнэ дыпэрысати, къытщхьэщыта фӀэкӀ Ӏэрэ жьэрэ зэхуихьакъым. ЛІы гупыр хъуэхъу Ӏэнэм жэщибл-махуиблкӀэ дыпэрысауэ дыщытэджыжым, Хъымыщ и къуэ Батрэз мэрэмэжьей Ӏэгубжьэ ирифри къыддэшэсыжащ.

– Дауэ зэрыхъуар – къыджепӀэркъэ! – ягъэщӀэгъуащ хасэм.

– ЗекӀуэ дежьауэ гъуэгум дыщепсыхати, ди тхьэмадэм псыхьэ сигъэкӀуэгъащ, – жиӀащ Батрэз. – Псы къызэрысхьын сиӀэтэкъыми, сыгузавэурэ зы фэ нэдыжь къыспэщӀэхуащ. Фэ нэдыжьыр къасщтэри, псыхъуэм сыдыхьащ. Псы къызогъахъуэри йожыж, къызогъахъуэри – йожыж, из схуэщӀыркъым. СелӀэлӀапэурэ зымащӀэ къыщӀэзгъэлъащ, ар къахуэсхьри нартхэ сакъыхыхьэжащ. Фэ нэдыжьым и гугъу щыхуэсщӀым, ди шу пашэм жиӀащ:

– Мыр цӀыху нэгъущ, цӀыхум и ныбэм изми, и гум зигъэнщӀыркъым – аращ емыкӀу къезыгъэхьыр.

«Ныбэ щхьэкӀэ емыкӀу къэсхьынкъым, зыхуэзгъэшэчынщ», – жысӀащ а махуэм.

– МывопцӀэр пхуэфащэщ, – жери Лъэпщ етӀуанэ мывопцӀэри Батрэз иритащ. – Ещанэр естынщ нартхэ Гъуд къалэ щыфкъутэм зи фӀыгъэ нэхъ къывэкӀам. Хэт и цӀэ къифӀуэн?

Нартхэ Гъуд къалэ къыщащтэм Бэдынокъуи, Ашэмэзи, Тотрэши, Щэуеи ящӀыгъуатэкъыми, я цӀэ къраӀуакъым. Сосрыкъуи зиущэхуащ, Гъуд къалэ къыдаха фӀыгъуэм я нэхъ щӀагъуэр нартхэ зэрафӀихьар ищӀэжырти.

Тхьэгурымагъуэм и псалъэ къыхилъхьащ хасэм:

– Гъуд къалэ къэфщтэн мурад щыфщӀам си деж чэнджэщакӀуэ фынэкӀуа?

– ДынэкӀуащ, – жаӀащ нартхэм.

– ВжесӀар фщӀэжрэ?

– ДощӀэж, дауэ дымыщӀэжынрэ: Батрэз топым ивгъэтӀысхьи, къалэм дэвдзэ къыджепӀащ.

– Къалэм щыдэвдзэм, сыт Батрэз ищӀар? – къеупщӀащ тхьэгурымагъуэр нартхэм.

– Къалэ куэбжэр къафӀыӀуихащ.

– Батрэз къалэ куэбжэр къафӀыӀуимыхатэмэ, къалэм фыдыхьэфынут?

– Дыдыхьэфынутэкъым, – заумысыжащ нартхэм.

– Хэтщ жыфӀа Гъуд къалэ къывэзыгъэщтар, хэт зи фӀыщӀэр?

– Хъымыщ и къуэ Батрэзщ! – жаIащ нартхэм.

– Абы щыгъуэм ещанэри Батрэзщ зыхуэфащэр, – жери Лъэпщ ещанэ мывопцIэри Хъымыщ и къуэ Батрэз къритащ.

# Батрэз и хъуэхъу

Батрэз санэхуафэм кIуащ. Хъуэхъубжьэ ятурэ, хъуэхъубжьэр Сосрыкъуэ къылъысауэ ирихьэлIащ Батрэз. Гъуд къалэ къэзыщтар езырауэ жиIэри, Сосрыкъуэ хъуэхъуащ.

Хъуэхъубжьэр къыщылъысым, Батрэз жиIащ:

– Сосрыкъуэ тхьэгъэпцIщ. Сосрыкъуэ Гъуд къалэ дыхьакъым. Гъуд къалэ дыхьар сэ вжесIэнщ.

– КъыджепIэркъэ! – жаIащ нартхэм.

– Гъуд къалэ дыхьар сэращ, – жиIащ Батрэз. – Шыуанышэу зызгъэшщ, топ пащIэм зрезгъадзэри Гъуд къалэ сыдэпкIащ, мывэ сэреиблыр къэскъутэри Гъуд къалэ къэсщтащ. Ар мыпэжмэ, мо кIадэм ит санэр ирежэщI.

Нартхэр еплъурэ, санэр жэщIащ.

– Шыуанышэу дауэ зызгъэшын, топ пащIэми дауэ зрезгъэдзэн? – жиIащ Батрэз итIанэ. – Мывэ сэреиблыр си джатэмкIэ кIуэцIрыскъутыкIри къалэм сафIыдыхьащ. Ар мыпэжмэ, мо кIадэм ит санэр къырекI.

Батрэз ар щыжиIэм, кIадэм ит санэр къикIри, нартыжьхэр зэбгрилъэсыкIащ.

# Батрэз зэраукIар



Батрэз яукIын мурад ящIащ и жагъуэгъухэм. ЯукIын мурад ящIа щхьэкIэ, лIыгъэшыгъэкIэ пэлъэщынутэкъым, хутыкъуауэ къапэщIэхуэртэкъым.

НэжьгъущIыдзэм ечэнджэщащ:

– Батрэз и укIыкIэ хъунур къыджеIэ, – жари.

Батрэз зекIуэ ежьауэ къэтти, нэжьгъущIыдзэм къажриIащ:

– И анэм деж фыкIуи, Батрэз къаукIауэ жефIэ.

Батрэз и анэм щхьэкIуэ хуагъэкIуащ:

– Уи къуэр щыIэжкъым, къаукIащ, – жари.

– КъаукIакъым, – къажриIащ Батрэз и анэм. – Си пащхьэ ирамыукIыхьмэ, си къуэм шэ хэзэгъэнукъым.

– Дыщыуащ, уи къуэра хъункъым зекIуэм къыщаукIар, – жари щхьэкIуэр дэкIыжащ.

Батрэз и жагъуэгъухэр зэщэр арати, и укIыкIэ хъунур зрагъэщIащ.

ЗекIуэ къикIыжри Батрэз и унэ ихьэжащ, пхъэ гъуэлъыпIэм игъуалъхьэри зиукъуэдиящ. Батрэз щыжейкIэ и зы нэр къаплъэ хабзэти, шабзэ къиштэри и анэр щхьэщытIысхьащ:

– Уи нэр изощI, уи нитIри зэтепIи, жей, – жери.

И нитIри зэтрипIэри Батрэз Iурихащ.

Батрэз жейм хилъэфа нэужь, и жагъуэгъухэр унэм къыщIыхьэри я бийр кIапсэлэрыгъукIэ пхъэ гъуэлъыпIэм ирапхащ, езыхэр унэм икIыжри пщIантIэм кIийгуо макъ къыщаIэтащ. КIий-гуо макъым къызэщигъэури Батрэз къыщылъэтащ, пхъэ гъуэлъыпIэр и щIыб зэрипхауэ. Бжэблыпкъыр хиудри Батрэз унэм къыщIэжащ, и анэри бжэщхьэIум къытеуващ – къэхъуар ищIакъым. И анэр бжэщхьэIум къыщытеувэм, Батрэз шабзэшэр тракIутащ. Абдеж къыщаукIащ Батрэз. И анэр бжэщхьэIум къытемыхьатэмэ, Батрэз шэ хэзэгъэнутэкъым.

# Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр

**БэрэтIинэ** – Мята.

ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшыжа удз лъэпкъыгъуэщ. Ди щIыпIэхэм узыщыхуэзэ бэрэтIинэхэр илъэс зыбжанэкIэ къокI, лъабжьэжь ящI. Я лъагагъыр *см* 30-40-100-м нос. Зэрызэщхьым къыщинэмыщIауэ, абыхэм зэрызэщхьэщыкI щытыкIэхэри яIэщ. Медицинэм къыщагъэсэбэп. Адыгэхэри куэд щIауэ ироIэзэ, щIэгъэуэным халъхьэ.

**БэрэтIинагъуэ** – Мята полевая.

Илъэс куэдкIэ къэкI удз лIэужьыгъуэщ, бэрэтIинэ лъэпкъыгъуэм щыщщ. И лъагагъыр *см* 20-40-м нос, ипкъ гъуэплъыфэ къызыщIэлъадэхэр занщIэу докIей. Тхьэмпэ къыпидзэхэр хуэхъурей щIыкIэщ, дзэ цIыкIу яIэщ. Гъэгъа пшэплъыфэ мащIэхэр и щхьэкIэм къыпедзэ июным къыщыщIэдзауэ сентябрым къихьэху. Удзым мэ дахэ къыкIэрех. КъэкIыгъэм лъабжьэжь кIыхьхэр ещI. МэкъупIэхэм, псыхъуэхэм, щIыпIэ псыIэхэм, къуэхэм къыщыкIыу ухуозэ. Адыгэхэр куэд щIауэ ироIэзэ. КъэкIыгъэм хэлъ дагъэр, эфирыр медицинэм, парфюмерием къыщагъэсэбэп.

**БгырыпхиIэ** – Жостер слабительный.

Жыг цIыкIущ, и пхъафэр щхъуафэщ, щхъуафэ-фIыцIафэщ. Жыгыпкъым тет къудамэхэмрэ къудамэхэм ятет тхьэмпэ хъурей кIыхьхэмрэ зэпэщIэтщ. Гъэгъа фагъуэ-щхъуантIафэхэр тхьэмпэхэмрэ къудамэ цIыкIухэмрэ я зэхуакум, Iэрамэ цIыкIухэу майм – июным ирихьэлIэу къыпедзэ. Бжьэм фо къыхах.

Пхъэщхьэмыщхьэ къыпыкIэхэр хъурей цIыкIухэщ, хъуа нэужь, фIыцIафэщ. Мэз лъапэхэм, чыцэхэм къыщокI. Паркхэм, мэз Iэрысэхэм щыхасэ, хущхъуэ, иIэгъэ къыхахын папщIэ. Адыгэхэм, абазэхэм жыг пхъафэм, пхъэщхьэмыщхьэм иIэгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхах.

**БгъэдахэщIудз** – Люпин.

ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэша удз лъэпкъыгъуэщ. Ди щIыпIэм, Iэрысэу мыхъумэ, езыр-езыру къыщыкIыркъым. БгъэдахэщIудзхэм яхэтщ зы гъэкIэ, нэхъыбэкIи къэкI лIэужьыгъуэхэр. Япкъхэр занщIэу докIей *м* 1-1,5-м нэскIэ, я тхьэмпэ хъурей, кIы кIыхь зиIэхэр 5-9-уэ зэхэтщ. Удз щхьэкIэм гъэгъа мэ дахэ къызыкIэриххэр, Iэрамэ кIыхьу зэхэту, гъэмахуэм къыпедзэ. ЛIэужьыгъуэхэр зэрызэщхьэщыкI щытыкIэхэм хохьэ гъэгъахэм я фэри.

Ди къэралым къыщагъэкI зи гъэгъахэр хужьыфэ, пшэплъыфэ, къащхъуафэ бгъэдахэщIудзхэр. Куэду щыIэщ Украинэм, Белоруссием, Прибалтикэм, Азербайджаным. Ар вагъэм щIрагъэубыдэ, щIыр игъэпшэрын папщIэ. Iэщым щрагъэшхи къохъу. Бгыщхьэхэм, щIыпIэ щIыIэтыIэхэм нэхъыфIу къыщокI.

**Бгъэн** – Тростник обыкновенный.

Илъэс зыбжанэкIэ къэкI удзщ. И лъагагъыр *м* 2-4-м нос, лъабжьэжь гъум-кIыхьхэр ещI. Бгъэным и бзийхэм *см* 20-30 я кIыхьагъщ, *см* 1-1,5-рэ я бгъуагъщ. ГъэмахуэкIэм гъашэ щхъуэ-гъуабжафэ къыдедз. Псыхъуэхэм, щIыпIэ псыIэхэм, гуэл Iуфэхэм, псынащхьэхэм куэду къыщокI. Удзыр цIынэ щIыкIэ, пасэу пыбупщIмэ, мэкъу хьэлэмэт, силосыпхъэфI мэхъу. Адыгэхэм куэд щIауэ бгъэным унащхьэ, н. псэуалъащхьэхэр ирагъэбыдэ.

**БегъымбарIэпэлъ** – Наперстянка.

ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшыжа удз лъэпкъыгъуэщ. Кавказым бегъымбарIэпэлъу лIэужьыгъуитху къыщокIри, псори илъэс бжыгъэкIэ мэпсэу, лъабжьэжь быдэ ящI. Гъэгъахэр инхэщ, Iэрамэ кIыхьу зэхэту, удз щхьэкIэхэм къапедзэ, къапщIийхэр, удзыр зыхуэдэ лIэужьыгъуэм елъытауэ, плъыжьхэщ, пшэплъыфэхэщ, гъуэжьхэщ, гъуэжь-хужьыфэхэщ. Зи къапщIийр плъыжь бегъымбарIэпэлъ лIэужьыгъуэр цIыхухэм къагъэкI, КъухьэпIэ ЕвропэмкIэ кърашауэ, адрейхэр езыр-езыру ди щIыпIэхэм къыщокI. Мэзхэм, бгыщхьэхэм уащрохьэлIэ. ЛIэужьыгъуэ псори хущхъуэу къагъэсэбэп.

**БжакIэ** – Костер пестрый.

Зи лъагагъыр *см* 60-70 хъу, илъэс куэдкIэ къэкI удзщ. Ипкъхэр занщIэу докIей, и бзийхэр бгъузэ-кIыхьщ, лъабжьэ цIыкIу куэд ещI. Шакъафэ къызыщIэлъадэ и гъашэр июным и кIэм, июлым къыдедз, жылэхэр августым мэхъури, сентябрым полъэлъыж. Бгыщхьэхэм, Къущхьэхъум щыIэ мэкъупIэхэм, хъупIэхэм къыщокI, Iэщым фIыуэ яшх. БжакIэр куэду къыщыкI щIыпIэхэр адыгэхэм мэкъупIэфIу ялъытэ. Удзым протеину процентиТ 9-10-м нэс хэлъщ.

**БжэмышхлъэщI** – Торица обыкновенная.

Зы гъэкIэ фIэкI къэмыкI удз лIэужьыгъуэщ, и лъагагъыр *см* 30-40 мэхъу. Гъэгъа *мм* 5-8 нэхъ зи мыинагъхэр и щхьэкIэм гъатхэм, гъэмахуэм къыпедзэ. И тхьэмпэхэр кIыхьщ, пагуэщ, и лъабжьэр инкъым. Губгъуэхэм, гъуэгубгъухэм, псэупIэхэм я гъунэгъуу, пшахъуалъэ щIыпIэхэм къыщокI. Iэщым яшх.

**Бжэндэхъу** – Василёк.

ЛIэужьыгъуэ куэду гуэшыжа удз лъэпкъыгъуэщ. Бжэндэхъу лIэужьыгъуэхэр я гъэгъахэм я щытыкIэкIэ, я жылэхэмкIэ, я тхьэмпэхэмрэ пкъыхэмрэ зэрыгъэпсамкIэ, н. зэтохуэ. Ахэр зэрызэщхьэщыкI щытыкIи теплъи яIэщ. Ди щIыпIэм уащыхуозэ гъитIкIэ, нэхъыбэкIэ къэкI бжэндэхъухэм. Ахэр къыщокI мэкъупIэхэм, хъупIэхэм, дыгъафIэ джабэхэм, мэз лъапэхэм, хуейхэм, гъурцхэм яхэту. Бжьэхэм фо къыхах.

**Бжэндэхъупэж** – Василёк синий.

Удз лIэужьыгъуэщ. Зы гъэкIэ е гъитIкIэ къокI. ЗанщIэу докIей, и пкъым *см* 30-60 и лъагагъщ, цы щабэ тетщ, къудамэ къытокIэ. И тхьэмпэхэр бгъузэщ, *см* 5-10 я кIыхьагъщ. Къудамэ щхьэкIэхэм гъэгъа къащхъуэхэр, щхьэ цIыкIуу зэхэту, гъэмахуэм къапедзэ. КъэкIыгъэм лъабжьэ ищIхэр инкъым, псыгъуэщ. Сэхураным ещхь и жылэ цIыкIухэр гъэмахуэкIэм, бжьыхьэм мэхъу. Бжэндэхъупэжым ущрохьэлIэ губгъуэхэм, щIыжьхэм, жыг хадэхэм, куэншыб идзыпIэхэм.

**Бжэнкъурэ** – Головчатка гигантская.

Илъэс бжыгъэкIэ къэкI удз лъагэщ. Къудамэ куэд къызытемыкIэ ипкъ кумылэншэр *м* 1,5-2-кIэ докIей. Щхьэуэ зэхэт гъэгъа хужьыфэхэр июным - июлым къудамэ къэс къыпедзэ. Лъабжьэ гъум-кIыхь ещI. И тхьэмпэхэр инщ, лэдэх яIэщ, цы ятетщ.

Бжэнкъурэм куэду ущыхуозэ бгыщхьэхэм щыIэ, удз лъагэ къыщыкI мэкъупIэхэм. Iэщым яшхыркъым, мэкъум и бэвагъыр егъэмащIэ. Ауэ силосу иплъхьэмэ, Iэщым фIыуэ яшх. Бжьэхэм фо къыхах.

**ХЬЭКЪУН Барэсбий**

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ



**ЕкIуэкIыу:** 2. «Щихухэр иджыри …» - Къэрмокъуэ Мухьэмэд и повесть цIэрыIуэ. 3. «Куэсэ … умыщI» — псалъэжь. 5. Пхъэ уадэшхуэ. 6. Къэбэрдей тхакIуэ, усакIуэ, журналист. 8. Сабийхэм папщIэ ИлъэсыщIэм унэм щагъэув жыг. 10. «Шы … лъэ псыгъуэм бгъукIэ зыпезгъэхыурэ унэм нызохулIэ» — Хэку зауэшхуэм хэкIуэда уэрэдус Къэжэр Индрис и уэрэд цIэрыIуэм щыщ. 12. « … хиса жыгыр мэгъу» — псалъэжь. 14. ЩоджэнцIыкIу Алий и «НыбжьыщIэ хахуэ» поэмэм хэт лIыхъужь. 16. НэгъуэщI унагъуэм и сабийр зыпI цIыхубз.

18. Пасэу хъу хадэхэкI. 20. Хэку зауэшхуэм лIыгъэ щызезыхьа адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ. 22. КIыщокъуэ Алим и поэмэ. 23. Унагъуэ псэущхьэ ерыщ, щхьэзыфIэфI. 24. БгитI зэхуаку. 28. Былым егъэзыпIэ. 29. НэгъуэщIым и хьэпшып щэхуу зыгъэкIуасэ. 30. Зиусхьэн лъэпкъ. 31. Жыг къэтIэпIам и нэщэнэ. 37. ЩоджэнцIыкIу Алий и поэмэ цIэрыIуэм хэт Мадинэ фIыуэ илъагъу щIалэр. 38. Мыжыджэр, течыгъуей. 39. Хэку зауэшхуэм офицеру хэта къэбэрдей тхакIуэ Къардэн ... 40. Япэ адыгэ усакIуэхэм ящыщ. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и зы уэрамым. 43. Литературэ тхыгъэ мыин. 44. « ... Iэрымылъхьэм гуащэр щумыгъэгугъ» — псалъэжь. 46. Къэбэрдейм и иужьрей пщы уэлий. 48. ЛIым и щыгъыным иIэ «гъэпщкIупIэ», языныкъуэ фызхэм къатIэщIыну яфIэфIу. 51. А унэцIэр зэрахьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэми цIыхубэ тхакIуэми. 52. Мэш хьэуазэ. 54. СССР-м и цIыхубэ артист, дуней псом къыщацIыху дирижёр Темыркъан Юрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ IутIыж Борис, Олимп чемпион Къардэн Мурат сымэ я къуажэ. 55. Унагъуэ къэс щызэрахьэ хьэпшып.

**Къехыу:** 1. ЩIэпхъаджагъэ зылэжьам и тезырыр щрихьэкIыу щыта мащэ куу. 3. Губгъуэм къыщрахьэлIэж гъавэр япэщIыкIэ щызэтракIутэ щIыпIэ. 4. Шым, Iэщым я фэр изых бадзэжь. 5. Уафэм къех псыIэгъэ. 7. « ... си шакъалъэу, къалэм хуэфащэ сиIатэм, ди текIуэныгъэм и усэр дыщэпскIэ уафэм истхэнт» — КIыщокъуэ Алим и усэ. 9. ЦIыху залым, гущIэгъуншэ. 11. Пасэрей адыгэм и зауэлI джанэ. 13. Латвием и къалащхьэ. 15. Къум нэщIыжьым мафIэншэу къина нартхэм ящыщ зы. 17. Бгы ... 19. Теунэ Хьэчим, Сокъур Мусэрбий, ХьэкIуащэ Андрей, Къэжэр Пётр сымэ я къуажэ. 21. Черкесск дэт адыгэ театрым зи цIэр зэрихьэ артист гъуэзэджэ. 25. Адыгэ таурыхъхэм узыщрихьэлIэ фызыжь хьилэшы. 26. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэу щыта, РСФСР-м и цIыхубэ артист. 27. Кавказым щыщ лъэпкъ. 28. КIэщIэлъадэ-кIэщIэжыж, унафэщIым и хьэр псафэ хуэзышэну хьэзыр цIыху. 32. ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и роман. 33. « ... вы бжьакъуэм къокI» — псалъэжь. 34. АбыкIэ сабий гъыринэр ягъэудэIу. 35. Бахъсэн районым хиубыдэ къуажэ. 36. Пхъэм къыхэщIыкIа бжэмышхышхуэ. 41. ЩэкI кIапэ. 42. Нартыху гъэлыгъуа хьэжыгъэ. 45. Бжэгъу кIыхь, и кIапэ лъэныкъуэм фIэгъэнапIэ иIэу. 47. Зи нэхэр зэблэплъ. 49. Зи щхьэгъусэм къыбгъэдэкIыжа цIыхубз. 50. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар адэжь щIэинщ. 53. Къэбэрдей тхакIуэ, усакIуэ, критикхэм ящыщу цIыхуиплIым зэреджэ цIэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

**ІУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный журнал

На кабардинском языке

**Учредители:** Министерство по средствам массовой информации, общественным и религиозным организациям Кабардино-Балкарской Республики (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Хабас Бештоков,
Борис Гаунов (ответственный секретарь), Адам Гутов,
Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Афлик Оразаев, Хамиша Тимижев, Сафарби Хахов

Корректор – **Марина Жекамухова**
Компьютерный набор и верстка – **Зарета Князева**

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00087 от 31.10.2013г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 11.12.13. Формат 70х108 $^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 13,8.
Уч-изд. л. 11,8. Тираж 2000 экз. Заказ № 189
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Тетраграф»
360051, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкІэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр Іэмал имыІэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыІэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркІэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщІыпІэ щытрадзэмэ, «Іуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Іэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкІэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Ленинам и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, епщыкІузанэ къат, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 47-35-32 (жэуапыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 47-32-94 (бухгалтерие). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫІЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иІэу къыщІэкІмэ, абы теухуауэ фыщыщІэупщІэ хъунущ: Ленинам и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, ООО «Тетраграф».